ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# Р У Х С Т А У Æ Г

## 1 (2011)

Дзæуджыхъæу 2011

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ,***
***Исахъты Людмилæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ,***
***Хабæты Риммæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ***

© СО РИПКРО

# НОМЫРЫ ИС:

## ФÆЛТÆРДДЗИНАД: БАФÆЗМ ÆЙ


ÆЦÆГ ЗОНДАМОНÆГ ÆМÆ НЫФСДÆТТÆГ УЫД ........ 8

ЙÆ ЦАРД СКЪОЛÆЙÆН СНЫВОНД КОДТА ........ 12

**Гасанты Валерий**

МÆН ДÆР ИУ РУХСТАУÆДЖЫ ТЫХХÆЙ РАДЗУРЫН ФÆНДЫ ........ 13

СКЪОЛАДЗАУТЫ ЗÆРДÆТЫ ИРОН ФАРН ТАУЫ ........ 16


## АХУЫРГÆНДЖЫТЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ


АХУЫРГÆНÆГ, МЕТОДИСТ, ПОЭТ ........ 17

БЫЦЕНТЫ СВЕТЛАНÆ ........ 18


## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН


**Хæдарцаты Азæ.**

ДЫУУÆ НЫХАСЫ КЪОСТАЙЫ ТЫХХÆЙ ........ 19

**Дзодзыккаты Зæидæ.**

МАДÆЛОН ÆВЗАГ АМОНЫНЫ МЕТОДИКÆЙЫ НОГ ДОМÆНТÆ ........ 22

**Цопанты Ритæ.**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ СТИЛИСТИКÆ ........ 26

**Цгъойты Хазби.**

ФЫДÆЛТÆ, БИНОНТÆ, ХÆСТÆДЖЫТÆ, ХÆЛÆРТТÆ (ЦЫБЫР ДЗЫРДУАТ) ........ 32

**Уалыты Татьянæ.**

ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА СЫВÆЛЛÆТТÆН ........ 33

**Асаты Наталья.**

«ИРОНИЧЕСКИЙ УДАЧНИК» ИРОН АЛÆМÆТЫ АРГЪАУЫ ........ 36


## ПЕДАГОГОН ИНСТИТУТЫ КАФЕДРÆ ЮНЕСКО – СКЪОЛАЙÆН


**Куыдзойты Анжелæ.**

МЕТОДИКОН АМЫНДТЫТÆ 11-ÆМ КЪЛАСЫ ЧИНЫГМÆ ........ 44

**Дзодзыккаты Зæидæ.**

КЪÆЛИНДАРОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН ИРОН ÆВЗАГÆЙ 6-ÆМ КЪЛАСÆН ........ 51

## АХУЫРГӔНӔДЖЫ МЕТОДИКОН ӔВӔРӔНМӔ

**Уалыты Татьянӕ.**
МЕТОДИКОН АМЫНДДЗИНӔДТӔ КАДӔГ «НАРТЫ РАВЗӔРД» БАЦАМОНЫНӔН ........ 57

**Хозиты Эльвирӕ.**
РЕКОМЕНДАЦИТӔ СКЪОЛАДЗАУТЫ ТЕТРӔДТЫ ӔМӔ КЪЛАСЫ ЖУРНАЛТЫ РАСТ ФЫССЫНӔН ........ 59

ДЗЫРД, ХЪУЫДЫЙАД ӔМӔ ТЕКСТ ӔВЗАРЫНЫ ФӔТК ........ 61

## СЕМИНАРТӔ ӔМӔ ГОМ УРОКТӔ

**Джериаты Мӕдинӕ.**
ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 11-ӔМ КЪЛАСЫ «ЛӔГДЗИНАД ДЗЫХЫ НЫХӔСТӔЙ НӔУ» ........ 65

**Къадзаты Мӕдинӕ.**
ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙЫ УРОК 10-ӔМ КЪЛАСЫ «ФӔЛГОНЦТЫ СИСТЕМӔ РОМАНЫ. АДӔМЫ ФӔЛГОНЦ УАЦМЫСЫ» ........ 68

**Саухалты Валентинӕ.**
ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 7-ӔМ КЪЛАСЫ «ӔРВОН ДИССӔГТӔ» ........ 70

**Хъайттаты Ларисӕ.**
ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙЫ УРОК 10-ӔМ КЪЛАСЫ «НӔМЫГ КУЫ АТӔХЫ, УӔД ФЫЦЦАГ МАДЫ ЗӔРДӔЙЫЛ СӔМБӔЛЫ» ........ 74

**Хадаты Фузӕ.**
ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК «КУЫСТ – ЦАРДӔН ФӔРӔЗ, КУЫСТӔН АРГЪ КӔНЫН ФӔРАЗ» ........ 75

**Майрӕмыхъуаты Фатимӕ.**
ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 10-ӔМ КЪЛАСЫ «ХУРӔЙ ТЫХДЖЫНДӔР НИЦЫ ИС» ........ 77

## ДИДАКТИКОН ӔРМӔГ УРОКМӔ

ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОКТЫ БЫНӔТТОН ӔРМӔГӔЙ ПАЙДА КӔНЫНЫ МАДЗӔЛТТӔ ........ 82

ТЕКСТЫ ОРФОГРАФИОН АНАЛИЗ ........ 83

ТЕКСТТӔ ХӔСЛӔВӔРДТИМӔ (ИРОН ӔВЗАГ ЧИ НӔ ЗОНЫ, УЫЦЫ СКЪОЛАДЗАУТИМӔ КУСЫНӔН) ........ 85

## ИРОН ӔВЗАГ РАЙДАЙӔН СКЪОЛАЙЫ

**Дзытиаты Эммӕ.**
ХЪОМЫЛАДОН КУЫСТЫ НЫСАНИУӔГ КӔСЫНЫ УРОЧЫ ........ 89

**Гæззаты Татьянæ, Чернышева Наталья.**
ИНТЕГРАТИВОН УРОК 2-æм КЪЛАСЫ «ХÆДЗАРОН ЦÆРÆГОЙТЫ ДУНЕЙЫ» (ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ÆРДЗЗОНÆН ........ 92

**Челдыты Викæ.**
АБЕТÆ АХУЫР КÆНЫНЫ УРОК «МЫР ÆМÆ ДАМГЪÆ Б,б» ........ 94

## ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ

**Джанайты Ларисæ.**
РЕКОМЕНДАЦИТÆ РÆВДАУÆНДÆТТЫ РАЗАМОНДЖЫТÆН ........ 97

**Джанайты Ларисæ.**
ЗЫМÆГ ........ 98

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

**Кцойты Маринæ.**
ФÆСУРОКТЫ КУЫСТЫ АХАДЫНДЗИНАД ÆМÆ ЙÆ ХУЫЗТÆ........ 100

**Цæллагкаты Светланæ.**
«ЛÆГÆН ЙÆ НАМЫС У ЙÆ МÆТ...» (ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ ЮБИЛЕЙЫ КАДÆН) ........ 102

**Санаты Альбинæ, Дзодзыккаты Идæ.**
«ИРОН ЧЫЗГ, ДÆ ФАРН БИРÆ УÆД!» ........ 104

**Хадаты Фузæ.**
ВИКТОРИНÆ «КУЫД ЗОНЫС КЪОСТАЙЫ?» ........ 107

ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ ........ 107



## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!

*Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты куыст комкоммæ баст у Уæрæсейы Федерацийы ахуырадимæ, УФ æмæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады амындтытимæ.*

*2011 азы институты архайд арæзт у, республикæйы æппæт ахуырадон куыстуæтты чи кусы, уыдоны профессионалон цæттæдзинад фæрæвдздæр кæнынмæ. Æмбарæм, ацы нысан къухы бафтынæн нæ кæй хъæуы, нæхи ахуыртæ, нырыккон домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм æмвæзадмæ сисын, ног ахуырадон технологитæй парахатæй пайда кæнын.*

*Нырыккон ахуырады райрæзтмæ хъус даргæйæ, сæйрагдæрыл нымайæм:*

*– ахуыргæнджыты цæттæдзинад фæрæвдздæр кæнынæн ног уæлæмхасæн ахуырадон программæтæ цæттæ кæнын;*

*– уæлæмхасæн профессионалон ахуырад цæмæй алы ахуыргæнæгмæ дæр хæццæ кæна, уый тыххæй ног ахуыры хуызтæ цæттæ кæнын, зæгъæм, телекоммуникативон мадзæлтты бындурыл дистантон ахуыртæ аразын æмæ æнд.;*

*– архайын ахуырады ног фæзындтæ «Наша новая школа», Ног ахуырадон стандарттæ (ФГОС) республикæйы ахуырадон системæйы фæлварыныл;*

*– сæ куыст бафæзминаг кæмæн у, уыцы ахуыргæнджытыл æнцой кæнын, сæ фæлтæрддзинад сын парахат кæнын.*

*Æрæджы нæ институты скъолаты разамонджытæн арæзт æрцыдысты ахуыртæ программæ «Нырыккон ахуырадон менеджмент»-ы бындурыл. Программæ арæзт у, скъолаты разамонджытæм цы ног квалификацион домæнтæ ис, уыдонмæ гæсгæ.*

*Институты кусджытæ активонæй архайынц, ахуырады райрæзтæн æххуыс чи у, уыцы мадзæлтты. Афтæ, февралы нæ республикæйы цыд Æппæтуæрæсейон конкурс «Воспитать человека»-йы финал, æмæ институт архайдта уыцы ахсджиаг мадзалы. Конкурсы архайджытæн бацæттæ кодтам республикæйы хуыздæр ахуыргæнджыты хъомыладон куысты æрмæджыты æмбырдгонд «Лучшее от лучших», институты кусджыты цæттæгонд методикон амындтытæ.*

*Институты куысты иу къабаз у ацы журнал дæр. Йæ фæрцы уæ размæ хæссæм нæхи æнтыстытæ дæр. Уырны нæ, æхсызгонæй сыл кæй сæмбæлут.*



*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***

## ИРОН ÆВЗАГ

*Нæртон ныхæстæй алкæйы цымыдис, -*
*Цæмæй сæ у бæрæчеттон нæ арм?*
*Нæ æвзаджы цы сой æмæ цы мыд ис,*
*Хъызт боны дæр кæй фæтавы йæ хъарм?*

*Цæмæй уыди фыдæлты къона талынг,*
*Цы дзаума уыд хъуывгъан кæнæ къæлæт?*
*Цæмæн хъуыди фæрныг сасир æд арынг,*
*Кæнæ гæзæн хъæд, дзомс æмæ æлæт?*

*Цы уыд кæфой, цы дзаума уыди сивыр,*
*Кæнæ бæстон быд къуту æмæ куыф?*
*Цы уыд, цæмæн хъуыд, базон-базон, ливыр,*
*Цы уыд куыси, цæмæй къахт уыд йæ хуылф?*

*Зæгъ-ма, цы сты хъуылæг æмæ йæ бæрдын,*
*Кæнæ æлхуый, уæдæртт æмæ сынæг?*
*Цы хъæдæй уыд фатдзæгъдæнæн та йе 'рдын,*
*Лæджы уæнгтæй кæцы хуыйны сынæг?*

*Зæгъ-ма мын, зæгъ: къуызымоны ад зоныс,*
*Кæнæ хæлтъамæ, зормæтæ, æмыс?*
*Цæкуы, къæлуа, хатгæ, кæнæ хомыс,*
*Æвæццæгæн сæ нал хъуыды кæныс.*

*Дæлтъурыл-иу хæбизджынтæ куыдæй фыхт,*
*Кæнæ хæлтъамæ, бур арыд кæрдзын?*
*Дзæрна, быламыхъ, сир æмæ хуырхон цыхт –*
*Сæ нæмттæ уæ куы ферох уой, тæрсын…*

*Хъайтыхъты Азæмæт*

# ФÆЛТÆРДДЗИНАД: БАФÆЗМ ÆЙ

## ÆЦÆГ ЗОНДАМОНÆГ ÆМÆ НЫФСДÆТТÆГ УЫД



Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты ’хсæн ис, йæ куыстмæ сфæлдыстадон цæстæй чи кæсы, ахуыргæнæджы куыст стыр бæрнондзинадимæ чи ’ххæст кæны, ахæмтæ. Уыдонæй иу уыд Бирæгъзæнджы скъолайы ахуыргæнæг ***Гæбуты Зарæ.***

«Йæ алы урочы дæр æвæрд ис йæ зæрдæйы тафс», – ахæм хатдзæг скодта Зарæйы удуæлдай фæллойы тыххæй Айларты Зарæ. Уыцы тафс нæ бафиппайæн нæ уыд, зындис йæ урочы алы эпизоды дæр, ахуыргæнæгæн йæ алы сныхасы дæр. Æнæ уымæй уæвæн нæй хорз урокæн.

Зарæ нæ зыдта хуымæтæджы уроктæ дæттын. Йæ æрмдзæф бæрæг дардта: йæ уроктæ уыдысты æрмæгæй хъæздыг, методикон æгъдауæй арæхстджын цæттæгонд. Йæ бирæ зонындзинæдты æмæ хъæздыг методикон æвæрæнты фæрцы алывæрсыгæй æргом кодта ахуыры темæ. Уый бæрц та кæцæй зоны, афтæ йын куыд æнтысы, зæгъгæ йыл æнæ бадисгæнгæ нæ уыд. Уæлдай æргом здæхта ирон адæмон сфæлдыстадмæ, зыдта бирæ æмбисæндтæ, таурæгътæ, кадджытæ, базон-базонтæ, арæхстджынæй сæ баста æндæр адæмыхæттыты уацмыстимæ æмæ афтæмæй хъæздыгдæр кодта йæ уроктæ.

Зарæ хорз зонгæ уыд уырыссаг æвзаг æмæ литературæ амоныны методикæимæ дæр, ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктæ фæхъæздыгдæр кодта раззагдæр куысты хуызтæй.

Гæбуты Зарæ пайда кодта алыхуызон методтæй, урочы алы хуызтæй, арæзта литературон изæртæ, викторинæтæ, литературон-музыкалон композицитæ. Дзæвгар рæстæг Зарæ уыд скъолайы методиугонды сæргълæууæг. Æрыгон ахуыргæнджытæн фыста методикон амындтытæ: «Лирикон уацмыс равзарыны методикæ», «Нывмæ гæсгæ куысты методикæ», «Ирон æмбисæндтæ æмæ базон-базонтæ ахуыр кæныны методикæ» æмæ æнд. Зарæ уыд Алагиры районы методиугонды активон архайæг. Йæ фæлтæрддзинадимæ зонгæ кодта республикæйы ахуыргæнджыты, курсыты рæстæг сын касти лекцитæ. 1997 азы Гæбуты Зарæ ссис ирон æвзаджы ахуыргæнджыты республикон æркасты лауреат, лæвæрд ын æрцыд нæ республикæйы Сгуыхт ахуыргæнæджы ном.

Стыр хъыгагæг, абон Гæбуты Зарæ не ’хсæн нал ис. Фæлæ йæ фæстæ ныууагъта рæсугъд фæд, арфæйы ныхæстимæ йæ мысынц абон дæр ма йæ ахуыргæнинæгтæ, уæлдайдæр та, йе сфæлдыстадон къахвæдтыл чи ацыд, сæ уарзон хъомылгæнæгмæ гæсгæ ахуыргæнæджы дæсныйад чи равзæрста, уыдон – 30 адæймагæй фылдæр. Уыдонæй иу – йæ чызг Къадзаты Мæдинæ – æнтыстджынæй кусы Мызуры астæуккаг скъолайы.

Уæ размæ уын хæссæм Гæбуты Зарæйы æмбырдгонд æрмæджытæ. Уырны нæ, дидактикон фæрæзы хуызы сæ кæй спайда кæндзыстут уæ урокты.

*Ныхасы темæ: «**Дур**».*

**1-аг:**

*«Уазал дурæн кувын æз».*

Дуртæ… тигъджынтæ… тымбылтæ… урс, цъæх, бур хъуынатæ. Не стут, мыййаг, хæзна кæнæ налхъуыт-налмас. Хуымæтæг уирагтæ, дойнæгтæ, тугултæ. Чи уын банымайдзæн кæронмæ уæ нымæц?! Æниу-ма нымады дæр кæй цæсты стут – цы уæ ис æгомыг дуртæй уæлдай схонæн? Кæддæр нæ фыдæлтæ, Иры уæрæх сойджын мæр быдыртæй хохы цъасмæ æрбафтгæйæ, федтой æмæ базыдтой фыццаг хатт дурты бирæ хуызтæ. Афтæмæй не ’взаджы фæзындис *къæй, чыс.* Райдыдтой бæстыхæйттæ амайын дур æмæ хылычъыйæ: хæдзар, мæсыг, гæнах, фидæрттæ æмæ æхгæнæн быруйы систæ. Агъуысты мидæг-иу къæйæ æхгæд уыдысты цар æмæ астæрд, уирагтæ уыд къонайы дæлтъурæн.

Хæдзар йæхæдæг, стæй, мидæгæй дуртæй афтæ æхххæст кæм уыд, уым хаста дуры ном, хæдзары зæд дæр – БЫНАТЫ БЫНДУР (Бынаты хицау). Бæстыхæйтты дуртæ-иу арæх аив карст уыдысты нывæфтыдæй. Уыдон ныр дæр фидауын кæнынц Цымыти, Лисри, Тырсыгомы хъæуты.

Дурæй арæзт цыдысты кусæн дзаумæттæ: фæхт, æлхой, уæдæртт, сигæц, æхсон…

Зæххы куысты дурæй пайда кодтой похци ласгæйæ, хъуыди дур куырды дæр. Дуртæ сты рухс кувæндæттæ: Зджыды – Аларды, Уыналы – Тхост, Доныфарс – Хурымад.

Ирон лæджы дур мæрдты дæр нæ уадзы. Чъырдурæй алантæ æхгæдтой къахт ингæны бавæрæн. Хæхты ингæнтæ амадтой къæйдурты кæрстытæй. Тугултæй арæзт сты зæппæдзтæ. Дурæй арæзтой цырт.

Фæлгæсæн дурæй-иу сæ цæст ахастой дардыл, хъахъхъæдтой сæхи знаджы æрбалæбурдæй. Фæлæ-иу сæм чи æрбалæбурдта, уымæн-иу дур сси тасуадзæн хæцæнгарз. Æргом рацæуыны фадат кæй ныхмæ нæ уыд, уыдоныл къæдзæхдуртæй уагътой егъау дуртæ – лæгæй, бæхæй сæ мур кодтой.

Мæсыг. Æрбалæбурджытæ-иу ыл æрхъула кодтой, зæгъгæ, уæд ахæм хъуыддагæн рагацау æмбырдгонд уыд дурты цæнд. Мæсыджы уæллаг уæладзыгæй æхстой уырдыгмæ дуртæ, æмæ додойаг кодтой фыдгулты сæртæ. Дурæй ма хæцыдысты дурæлвасæнæй пайда кæнгæйæ.

Дуры амæттаг-иу фæцис, дзыллæ марыны тæрхон кæмæн рахастой, уый дæр. «Æвзæрыл дуртæ бакал æмæ дзы фервæзай», – зæгъы рагон æмбисонд.

Чызджытæ сæ сæрæндзинад æвдыстой тыччытæй хъазынæй. Лæппутæ дуртæ æппæрстой уæхсгой къухæй, сæ къуыпныхтæ сæрæй дæр.

Æрхоны раз теуайы хуызæн дур ис. Хъахъхъæдуры цур – мæкъуылы хуызæн.

Таурæгъты-иу адæймаг дур фестади: «Тыхосты таурæгъ», «Асанайы кадæг», Къостайы «Лæскъдзæрæн».

Дуртæ дыууæ дихы кодтой: хорзæмбæлæг æмæ æвзæрæмбæлæг. Стыр Дыгурмæ хæстæг Цæгаты хъæды Къулала дур рæствæндаг кодта.

Фæрæскъæты Худисæн дур фæллад иста. Кадджын дурыл нымад у урс

дзæнхъа дур æмæ цæртхуынкъ дур. Уыдон хъахъхъæнынц цæстдзыдæй. Къæдзæхы къæрт – хуынкъыл фыййæуттæ скъæрдтой сæ фос.

Дуртæй иутæ сылтæ сты, иннæтæ – нæлтæ. Адæмы уырнынадмæ гæсгæ арвæй æрхаудзæн Ахара-дур, æмæ хъаймæт æрцæудзæн.

Дур æнгом баст у Нарты кадджытимæ. Уыдис сæм фыдрохгæнæн дур. Лæцы алы дурæн дæр ис йæхи ном: ам бадт Уырызмæг, иннæ дур – кусартгæнæн, ай та – бæхбæттæн, иннæ – кадæвзарæн.

Уæлдай арæхдæр нæртон дуртæ хæссынц Сосланы ном. Сослан – дур, дурæй равзæрд. Лæцы – йæ бадæн дур, Мацутæйы – дур-саргъ, фалдæр – Сосланы гæппгæнæн. Астаны фидæртты цур – Сырдоны дур.

(Токаты Асæх)

**2-аг:**

*Дуртæ бирæ сты, фæлæ сæм ис иумæйаг миниуджытæ, æмхуызондзинад:*

1. Сау хохæй – сау дур, урсæй – урс.
2. Дур куыд у, йе скъуыддзаг дæр афтæ.
3. Хъæдæй дæр – иунæг, дурæй дæр – иунæг.
4. Æфсæйнаг – дурæй цыргъдæр, фæлæ йæ дур сæтты.
5. Уый дурæнвидар у.
6. Дымгæ дурæй цы ратона? Ницы.
7. Дурдзæвдæй бады.
8. Дурдзæвдæй хъусы.
9. Дурзæрдæ.
10. Дурты бын æй куы бакæнай, уæддæр нæ фесæфдзæн.
11. Дуры гуыбынæй дон рауадздзæн.
12. Дуры гуыбынмæ дзурæгау.
13. Дуры æмбай фæцæр.
14. Дурхалæн æвзаг.
15. Дуры гуыбынæй гуырд.
16. Дуры гуыбынмæ.

**3-аг:**

*Ирон адæммæ бирæ ис дуримæ баст æлгъыстытæ:*

1. Дур йæ гуыбыны.
2. Дур дыл æрфæлдæхæд.
3. Дур æрзайæд де ’взагыл.
4. Дур дæ æркъуырæд
5. Дурдзæф фæуæд.
6. Дур æруайæд де ’фсæртыл.
7. Дурты бын дæ баныгæнæнт.
8. Дуртæ дæ бадомæнт.
9. Мæныйас дур дæ æркъуырæд.
10. Цавд дур фест
11. Дурадзагъдæй фæсырд у.
12. Дурæнкъуыст фæу.

**4-æм:**

*Дурты кой ис:*

1) зайæгойты ’хсæн: дурвæткъуы, хъæдур;

2) нæмтты: Дудури, Дури, Дурми, Дургурел, Дуртула, Дурмисхал, Урдур;

3) хъæуты нæмтты: Хъахъхъæдур, Дур – Дур, Ставддуртæ.

Нæй, æнæ дуртæй нæй ирон цард! Уый немæ уыд нæ царды. Аргъ дæр ын тынг кодтой: куыройы фыдæн – хъуг, стыр къæйæн – гал, фæтæн дурæн – фыс, мæсыджы сæры къæйæн – бæх.

«Хатгай – æгæсты дзуаппмæ куы нæ æвдæлы,
Кæнæ куы вæййы сæ ныхас канд дзулыл,
Уæд, æвæццæгæн, фембæлы
Дуртимæ дзурын», – фыста поэт Дзаболаты Хазби, æмæ мах дæр адзурæм, дурыл арæзт нывкарстæй нын Едзиты Сослæнбег уæларвон фарнæй цы хайджын сфæлдыстад ныууагъта, ууыл.

«Хуымæтæг дур, дæ хуылфмæ уддзæф
Цы дæсны бауагъта – зæгъ нын!
Цымæ кæй рагбæллиц, кæй къухдзæф
Ыссис æнæмæлæт зæххыл?»

Цæрукъаты А.

**5-æм:**

*Викторинæ:*

1. Дуримæ баст æмдзæвгæтæ.
2. Ирон фысджытæ дурыл кæм дзурынц?
3. Дуримæ баст æмбисæндтæ.
4. Дуримæ баст æлгъыстытæ.
5. Дуримæ баст сæрмагонд нæмттæ.
6. Дуртимæ баст зайæгойты нæмттæ.
7. Цы хуыйнынц чызджыты хъазæн дуртæ?
8. Нартмæ цавæр дуртæ уыд?
9. Йæхи дурæй цы хæлы?

*Ныхасы темæ: «**Адæймаг**».*

Ацы дунейæн
Йе скаст – Адæймаг.
Уæд нын амондджын!
Уæд нын арфæйаг!

*Бекмæрзты А.*

Зынг тыхджын у.
Уымæй тыхджындæр – дон.
Дон тыхджын у.
Уымæй тыхджындæр – зæхх.
Зæхх тыхджын у.
Уымæй тыхджындæр – АДÆЙМАГ.

*Хъайттаты С.*

Æфсæн куы фæхауы къæрттытæ –
Лыстæг муртæ куы фесты ’хсон.
Æппæтæй фидардæр ды куы дæ,
О адæймаг! Цæрæд дæ ном!

Цы дæ, цымæ? Цæмæй арæзт дæ?!
Æндонæй фидардæр – дæ конд.
Цæрæд нын мин азты дæ хъæстæ.
Лæджы цот, хурæмдых – дæ зонд.

*Хæмыцаты Ю.*

*Адæймаг*

| | |
|---|---|
| аразæг | халæг |
| куыстуарзаг | магуса |
| хæларзæрдæ | саузæрдæ |
| рæстуд | фыдуд |
| æргомдзырд | комдзæуæг |
| барон | æгъатыр |
| æнæхин | хин, гадзрахат |
| æфсармджын | æнæфсарм |
| рæдау | чъынды |
| хæлар | знаг |
| ныфсджын | æнæныфс |
| рæвдз | уæзбын |
| уæндон | нæуæндаг |
| сабыр | налат, фыдуаг |
| цæстуарзон | æдзæстуарзон |
| æрхъуыдыджын | æнæрхъуыды |
| бæллиццаг | фауинаг |
| уæздан | къæйных |
| хъаруджын | æдых, æнæхъару |
| фæзминаг | фауинаг |
| цæсгомджын | æдзæсгом |
| райдзаст | æрхæндæг |
| хæрзгæнæг | æвзæргæнæг |

**Сочинени**
**«Нæ хъæуы кадджындæр лæг».**

***Пълан:***

I. Разныхас.
1. Цавæр миниуджытæ ис адæймагмæ?
2. Адæймаг кадджын цæмæй у?
3. Иумæйаг афæлгæст нæ хъæуы нымад лæгтыл.

II. Сæйраг хай.
1. Нæ хъæуы нымаддæр адæймаг:
а) фæллойуарзаг;
æ) æгъдауджын;
б) хæрзгæнæг;
в) æрхъуыдыджын.
2. Хъæуы ’хсæн ын цы аргъ ис?

III. Кæронбæттæн.
1. Дæхицæн дзы кæцы миниуджытæ райсдзынæ?

*Æмбисæндтæ:*

– Дæ астæу куы нæ æртасын кæнай, уæд, уырдыг лæугæйæ, зæххæй ницы сисдзынæ.

– Лæппуйы дзураг æмæ чызджы худаг ницæмæн хъæуынц.

– Зивæггæнаджы гуыл хомæй баззад.

– Магусайæн йæ худ дæр уæззау уаргъ у.

– Æвзæр уæвынæй æнцондæр ницы ис.

– Æвзæр йæ ныййарджыты дæр нæ хъæуы.

– Æрæджиау чи схъæздыг, уымæй дæхи дард лас.

– Чъынды æфсин кæрдзыны «баппа» хоны.

– Тæппуд зын уавæртæй тæрсы.

– Нæуæндаг йæ ауонæй дæр тæрсгæ кæны.

– Давæг йæхионтыл дæр нæ ауæрды.

– Иу ныхас дыууæ хатты ма кæн.

– Фæллад бæлццоныл йæ тых ничи æвзары, фыдлæг йеддæмæ.

– Лæгæн мад куы нæ уа, уæд æй хур дæр фаг не ’ндавы.

– Зон дæхи æмæ адæмы дæр базонай.

– Хуры хъармæй зæрдæйы хъарм – æхсызгондæр.

– Барын хорз у, фæлæ æгæр барын та худинаг æмæ амæлæт у.

– Æгъдау кæм ис, уым æнæгъдау лидзæг кæны.

– Мæгуыр у уыцы лæг, йæ æфсарм сыгъдæг кæмæн нæу.

– Уæздан лæг хъал нæ вæййы.

– Адæм айдæн сты, дæхи сæм цы хуызæнæй равдисай, афтæмæй дæ равдисдзысты.

– Хорз лæг йæ адæмы ’хсæн хорз ном ныууадзы.

– Хорзыл бирæ уаргъ ис.

– Хорзы ном хæссыныл бирæ фыдæбон ис.

– Лæгæн йæхи хорзæй равдисынæн мин азы дæр фаг не сты. Æвзæрæй равдисынæн иу бон дæр æгæр у.

– Зондджын лæг цардæн йæ хъæздыгдзинадмæ нæ бæллы, фæлæ йæ рæсугъддзинадмæ.

– Хъуыддæгтæ лæггæнæг не сты, лæг у хъуыддаггæнæг.

– Цард зындон нæу, фæлæ лæгау цæрын зын у.

– Раст лæг рæстдзинадæй нæ тæрсы.

## ЙÆ ЦАРД СКЪОЛÆЙÆН СНЫВОНД КОДТА



Бирæ азты Алагиры скъола-интернаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй фæкуыста, Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт ахуыргæнæг ***Царахаты Софя***.

Софяйы тыххæй фыст æрмæджытæм кæсгæйæ, цæстыты раз сæвзæры ирон сæрæн сылгоймаг, йæ цард скъолайæн, æхсæнадæн чи снывонд кодта, ахæм адæймаг. Софя куыста ахуыргæнæгæй, ахуыры хайады сæргълæууæгæй, скъолайы директорæй. Фæстаг азты та ирон æвзаг æмæ литературæ амыдта Алагиры скъола-интернаты хъомылгæнинæгтæн. Кодта активон æхсæнадон куыст, æххуыс кодта къулы газеты редколлегийæн, разамынд лæвæрдта æрыгон поэтты къордæн, фысджыты юбилейтæм цæттæ кодта сæрмагонд литературон изæртæ, равдыстытæ, викторинæтæ æмæ æнд.

Хицæн ныхасы аккаг сты Софяйы методикон амындтытæ. Йæ кæддæры фыст фиппаинæгтæ абоны методикæимæ æмдзу кæнынц, дзуапп дæттынц ным рыккон домæнтæн. Бафиппайæн ис, абоны ахуырты дæр ахадгæ кæй сты, парахатæй сæ пайдагæнæн кæй ис. Софя районы газетмæ цы æрмæджытæ фыста, уыдонæй иуимæ уæ зонгæ кæнæм нæ журналы фæрстыл.

«Урок хъуамæ ма хицæн кæна грамматикæйы æлхъывд раиртæстытæ бацамонынæй, литературæйæ текст бакæсынæй æмæ радзурынæй. Темæмæ гæсгæ, куыд гæнæн уа, афтæ урочы æрмæджытæ хъуамæ улæфой рæстæджы ногдзинæдтæй, рæзгæ фæлтæры зонгæ кæной нæ адæмы хъуыддæгтимæ, æвзæрын сæм кæной уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ, фæллоймæ, рæстдзинадмæ, удыхъæды рæсугъд æнкъарæнтæм.

Раст зæгъын хъæуы, фысгæ куыст тынг зæрдиагæй цæттæ кæнын хъæуы. Скъоладзауы аразын хъæуы афтæ, цæмæй царды ахсджиагдæр хъуыддæгтæм хъусдарын зона, æмæ сæйрагдæр цы у, уый иртасынил архайа. Ракæндзынæн ахæм хабар.

Иуахæмы 7-æм къласы фыстам сочинени «Нæ уынг», зæгъгæ, ахæм темæмæ гæсгæ. Хъуамæ алчидæр ныффыстаид йæ уынджы тыххæй. Цалдæр азы рацыд уæдæй нырмæ, фæлæ ма абон дæр нæ рох кæнын иу сывæллоны куыст. Йæ фыд тамако æмæ нозтмæ æмхиц уыд. Мæнæ цалдæр хъуыдыйады йæ фысгæ куыстæй: «Алагиры цæрæм. Нæ уынг тынг рæсугъд у. Фæлæ уынджы рæсугъддзинад хæдзары рæсугъддзинадæй аразгæ дæр у. Адæймаг уынгмæ дæр йæ хæдзарæй рацæуы. Æз та нæ хæдзары тамакойы фæздæг æмæ загъды хъæр йеддæмæ ницы фенын, фехъусын. Ехх æмæ алы уынджы дæр Андиаты Сосланы хуызæн спортсмен куы цæрид, уæд дзы иу тамакодымæг æмæ расыггæнаг дæр нæ уаид. Тынг мæ фæнды ахуыр кæнын. Хъуамæ суон ахуыргонд адæймаг, кæд мæ мады зæрдæ дæр барухс уаид. Уый мæ бон куы бауа, уæд нæ уынгæн дæр хорз лæвар у. Йæ лæппутæй иу царды стыр фæндагмæ ацы уынгыл араст».

Ацы рæнхъытæ бакæсгæйæ, бæрæг у, æвзонг лæппуйы зæрдæйы стыр маст кæй абухы, фæлæ йын йæ рæсугъд бæллицтæ йæ фидæнмæ фæндаг кæй рухс кæнынц. Уый та йæ амонд у. Æмæ ахуыргæнæг йе скъоладзауты зæрдæйы уаг афтæ куы зона, уæд семæ кусын æнцон у.

Мадæлон æвзаг арфдæр базонынæн стыр ахъаз сты литературон изæртæ, чиныгкæсджыты конференцитæ, фысджытимæ фембæлдтæ, ног чингуытыл афæлгæстытæ.

Арæзт ма нæм æрцыд фольклорон къорд. Цæвиттон, дард хæххон хъæутæй нæм цы скъоладзаутæ ис, уыдон сæ хъæуты ацæргæ хистæртыл æрзылдысты æмæ æрæмбырд кодтой аргъæуттæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ, æцæг чи уыд, ахæм фыдæлтыккон хабæрттæ. Фыстой, сæ буц хистæртæ сæ куыд дзырдтой, афтæ, уымæ гæсгæ сты цымыдисаг, се 'взаг у лæгъз æмæ рæсугъд.

Рæхджы нæм литературон изæр уыдзæн, æмæ уым дзургæ журналы иу фарс уыдзæн ирон фольклор. Дзурдзысты сæ, чи сæ æрæмбырд кодта, уыцы скъоладзаутæ. Уый фæстæ уыцы æрмæгæй сараздзыстæм альбом, кæцы зæрдылдарынæн баззайдзæн не скъола-интернаты.

Не 'взаг нæ хæзна у, æмæ йын æмдыхæмзондæй дæлæмæ ма æруадзæм йæ нæргæ кад».

*Гасанты Валерий,*
Æппæтирон фæсивæдон цæдисы уæнг



## МÆН ДÆР ИУ РУХСТАУÆДЖЫ ТЫХХÆЙ РАДЗУРЫН ФÆНДЫ

«Дуне хæрзгæнджытыл æнцайы». Ацы æмбисонд нæм æрхæццæ рагæнустæй. Æмæ куыд нæ! Ахæм адæймæгты фæрцы цард кæны рæсугъддæр, зæрдæ – рухсдæр, зонд та – кæрдагдæр. Уымæн æмæ уыдон сæ зæрдиаг куыстæй фарн хæссынц дзыллæтæн.

Кæстæрты аивады табуйаг хорзæхæй схайджын кæнынил йæ уды арфæй

архайдта Мытылаты Хадизæт. Алагиры, æвæццæгæн, ахæм адæймаг нæ разындзæн, ацы фæрныг сылгоймаджы ном фехъусгæйæ, йæ зæрдæйы æхсызгон æнкъарæнтæ кæмæн нæ сæвзæра, хорзæй йæ чи нæ æрымыса.

Ивгъуыд æнусы 50-æм азты райдианы уый иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Дзæуджыхъæуы музыкалон училище. Къодах йæ фыццаг цæфæй бæрæг у. Афтæ Хадизæт йæ ахуыры æнтыстытæй æмæ аивадмæ тырнындзинадæй бæрæг дардта йе 'мбæлтты æхсæн. Училищейы 2-æм курсы студент уæвгæйæ йæм æрхауд Цæгат Ирыстоны радиойы адæмон инструментты оркестры музыкант уæвыны бар. Уым кусгæйæ йæ зонындзинæдтæ фидар кодта практикон æгъдауæй. Урс базыр зырнæджытау, кæрæдзийы фæдыл атахтысты йæ ахуыры азтæ. Дарддæр йæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæ кæм равдиса, ууыл Хадизæты бирæ хъуыды кæнын нæ бахъуыд. Йæ амондæн, республикæйы Культурæйы министрады разамынд сфæнд кодта Алагиры сывæллæтты музыкалон скъола байгом кæнын. Ацы арфæйаг хъуыддаг кæмæн бабар кæной, зæгъгæ, ахæм фарст сæ размæ куы сæвзæрд, уæд æрæнцадысты Мытылаты Хадизæтыл. Æнцон ын нæ уыд, уæлдайдæр фыццаг азты. Музыкалон скъолайæн уал радих кодтой æртæ чысыл уаты культурæйы хæдзары агъуысты. Музыкалон инструменттæй та сæм уыд æрмæстдæр иу домбрæ, балалайкæ, баян æмæ фортепиано. Ног скъолайы хабар уайтагъд айхъуыст Алагиры цæрджытыл. Бирæ ныййарджыты бафæндыд, цæмæй сæ сабитæ ам ахуыр кæной. Фæлæ скъолайы уавæртæ къуындæг уыдысты, æмæ уал райстой 20 сывæллоны. Хадизæты уыцы иу рæстæг бахъуыд ахуыргæнæг уæвын дæр. Музыкалон скъола кæд цалдæр хатты йæ бæстыхæйттæ ивта, уæддæр йæ куыст нæ мынæг кодта. Хадизæт зæрдиагæй бацархайдта скъолайæн дæсны ахуыргæнджытæ бацæттæ кæныныл.

Азтæ куыд цыдысты, афтæ ахуырдзауты нымæц фылдæрæй-фылдæр кодта. Се 'хсæн бирæ ис ахæмтæ, йæ цард аивадимæ чи сбаста. Нæ республикæйы æмæ Уæрæсейы уæлдæр аивадон скъолатæ каст фæугæйæ, фæстæмæ ахуыргæнæндонмæ чи æрыздæхт, æмæ дзы абон дæр чи фæллой кæны, уыдон дзæвгар сты. Сæ иу – Сопойты Тамарæ. «Хадизæт уыд уæздан, фæлмæн адæймаг, хъомылгæнæг. Куы хъуыд, уæд нын-иу уайдзæф дæр бакодта. Дзырдта нæм не 'ппæтмæ дæр уарзон номæй – «мæ къонатæ». Домдта нæ æгъдау æмæ хорз ахуыр. Æз дзурын, ацы скъола фыццаг каст чи фæци, уыдоны номæй. Йæ ном махæй, йæ хъомылгæнинæгтæй, рох нæ уыдзæн», – зæгъы Сопойты Тамарæ.

Мытылаты Хадизæт йæхицæй æмæ йæ дæлбар ахуыргæнджытæй домдта куыстмæ бæрнон цæстæй кæсын, стæй ахуырдзаутæн, куыд гæнæн ис, афтæ афоныл сæ курдиаты æууæлтæ рахатын. Зæрдиагæй йæ фæндыд, цæмæй скъола суа æцæг аивады артдзæст, канд кæстæр фæлтæрæн нæ, фæлæ ма хистæртæн дæр. Æмæ уый йæ къухы бафтыд. Кусын дзы райдыдта Культурæйы университет. Цы фембæлдтытæ дзы арæзта, уым архайдтой Ирыстоны зындгонд артисттæ, музыканттæ, нывгæнджытæ æмæ фысджытæ. Уæдæ скъолайы сфæлдыстадон къордтæ районы æмæ республикæйы хъæуты цы концерттæ æвдыстой, уыдоны фæрцы цас цындзинад æрхастой адæмæн, уый хуымæтæг ныхæстæй зын зæгъæн у.

– Мытылаты Хадизæт уыд, йæ адæмы зæрдæйæ чи уарзта, ахæм адæймаг,- зæгъы адæмон сфæлдыстады республикон центры хайады сæргълæууæг, Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæг Гæбуты Зоя. Нæ республикæйы ахæм бæрæгбон, аивадон конкурс нæ уыд, стæй нæй, Алагиры аивæдты скъолайы ахуырдзаутæ кæм нæ фæархайынц. Ахуыргæнæндоны цы аивадон къордтæ ис, уыдонæй æрмæст адæмон интрументты оркестр дæр бирæ хорз ныхæсты аккаг у. Цæгъдынц дзы ахуыргæнджытæ æмæ ахуыргæнинæгтæ. Сæ арæхстдзинад, се 'рмдзæф бæрæг вæййы кæддæриддæр. Уырны мæ, Хадизæт цы фидар æгъдау сæвæрдта скъолайы, уый кæй нæ фæлæмæгъ уыдзæн. Хадизæты хорз хъуыддæгтæ нæ зæххыл фарн æфтауæнт. Йæ ном та никуы уыдзæн рох...

80-æм азты кæрон Хадизæтæн районы разамынд радта раздæры райкомы бæстыхай. Хадизæт æй йе 'мкусджытимæ бавнæлдта цалцæг кæнынмæ æмæ йæ цыбыр рæстæгмæ цæхæр скалын кодта. Тыргъты фæзынд гауызтæ, кълæсты – ног музыкалон инструменттæ, рудзгуытыл – аив æмбæрзæнтæ, сæ тæрхæджытыл та – дидинджытæ. Ахæм уавæртæй куыд нæ хъуамæ барухс уыдаиккой ахуыргæнджыты æмæ ахуырдзауты зæрдæтæ.

1989 азы скъола сси Аивæдты скъола. Музыкалон хайадæй уæлдай ма дзы фæзынд нывкæнынады æмæ хореографийы хайæдтæ. Цы сывæллæттæ дзы ахуыр кæны, уыдон фæархайынц республикæйы æмæ Уæрæсейы конкурсты. Свæййынц дзы уæлахиздзаутæ. Хадизæты фæрцы фæсивæдæй бирæтæ ацыдысты рæсугъд фæндагыл.

Йæ хорз куысты кой айхъуыст Мæскуы, Ленинград, Саратов æмæ Ростовмæ. Йæ фæлтæрддзинадимæ базонгæ уæвыны тыххæй йæм цалдæр хатты ссыдысты Дагестаны, Тбилисы стæй Вильнюсы аивадон скъолаты разамонджытæ. Æмæ йын скодтой хорз аргъ.

Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæг Мытылаты Хадизæт абон не 'хсæн нал ис, фæлæ Алагиры цы аивады артдзæст сарæзта, уый хæссы йæ ном. Йæ хорз хъуыддæгты фарн ын дарддæр хæссынц ахуыргæнджытæ. Семæ – сæ сæргълæууæг, Цæгат Ирыстоны сгуыхт ахуыргæнæг Икъаты Эльзæ.

– Хадизæт йæ цард нывонд кодта аивадæн æмæ рæзгæ фæлтæры хъомыладæн. Мах æй никуы ферох кæндзыстæм. Йæ хорздзинæдтыл ын æфтаудзыстæм æртывæрæй. Кусы нæм хорз ахуыргæнджытæ: Сопойты Фатимæ, Толпарты Беллæ, Реуазты Надеждæ, Мытылаты Зæлинæ (Хадизæты чызг), Æгъуызарты Татьянæ, Толпарты Маринæ, Мзокты Виолæ æмæ иннæтæ. Нæ къухы æфты бирæ æнтыстдзинæдтæ. Зæгъæм, нæ раздæры ахуырдзау Гагкайты Дианæ каст фæци Краснодары культурæ æмæ аивады академи. Ныр та дзы ахуыргæнæгæй кусы. Петербурджы аивæдты академийы та ахуыр кæны Гасситы Иринæ. Уæдæ Андиаты Тимуры ном бирæтæн у зонгæ. Йæ конд нывтæ Ирыстоны æмæ Уæрæсейы аивадиртасджыты дисы бафтауынц. Равдыстытæ йын уыд Дзæуджыхъæуы стæй Мæскуыйы. Ис нæм хъæздыг музей. Фенæн дзы ис, скъолайы истори æмæ сфæлдыстадон цард ирдæй чи æвдисы, ахæм æрмæджытæ: фыстæджытæ, къамтæ, нывтæ, альбомтæ стæй стендтæ. Абон нæм чи ахуыр кæны, уыцы фæсивæд цæмæй сфæлдыстадон куыстмæ разæнгард кæной, уый тыххæй нын тынг ахъаз у.

Аивæдты скъолайы коллектив раздæрау сабиты зæрдæты тауы сфæлдыстады фæрныг мыггаг. Æмæ æнтыстыты фæндагыл уæлахизтæм цæуæд!

# СКЪОЛАДЗАУТЫ ЗÆРДÆТЫ ИРОН ФАРН ТАУЫ



Ирон æвзаг æмæ литературæйы астæуккаг кары ахуыргæнджытæй иу у Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг, Колыты Аксойы номыл премийы лауреат Къадзаты Людмилæ. Ацы скъоламæ кусынмæ бацыд университет каст фæуыны фæстæ æмæ уæдæй абонмæ ирон æвзаг, ирон фарныл ахуыр кæны скъоладзауты.

Къадзаты Людмилæ ахуыргæнæджы хæстæй сæйрагдæрыл нымайы рæзгæ фæлтæрмæ, райгуырæн зæхмæ, мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын. Уыдонæн та къухы бафтæн ис, арф, мидисджын куыст кæнгæйæ.

Йæ уроктæй иу – «Ирыстоны разагъды лæгтæ» – скъоладзауты йæ хъæздыг æрмæгæй сразæнгард кодта бынæттон æрмæг дарддæр ахуыр кæнынмæ, Ирыстоны ном дардыл чи айхъуысын кодта, уыдоны царды хабæрттæ хуыздæр базонынмæ.

Урочы эпиграф «Уарз дæ бæстæ, уарз дæ хъæстæ» æвзаргæйæ, скъоладзаутæ кæнынц хатдзæг, йæ бындуры арф хъуыды æвæрд кæй ис. Уыцы уарзондзинад адæймагæй домы алыварсы дунемæ бæрнон цæстæй кæсын, æрдз хъахъхъæнын, нæ фыдæлты истори базонынмæ тырнын, ирон адæмон сфæлдыстад æмæ литературæ хорз зонын æмæ æнд.

Стыр æргом здæхт æрцыд урочы, ирон æвзаджы райрæзтмæ æвæрæн чи бахаста, йæ удуæлдай фæллойæ нæ адæмæн кад чи скодта, уыцы рухстауджытæм, ахуыргæндтæм. Ахуырдзаутæ урочы ссардтой Æгъуызаты Иуанейы, Колыты Аксойы, Æлборты Барысбийы рухс нæмттæ. Ныхас цыд се сфæлдыстадыл, ирон æвзаджы райрæзтмæ цы æвæрæнтæ бахастой, уыдоныл.

Хицæн ныхас цыд Мамсыраты Темырболат æмæ Хетæгкаты Къостайы иузæрдион фæллойыл. Скъоладзаутæ сын бакастысты се 'мдзæвгæтæ, радзырдтой хуымæтæг адæмы æмæ ахуыргæндты мысинæгтæ ацы разагъды лæгты тыххæй.

Стыр цымыдисдзинад сæвзæрын кодтой ахуырдзаутæм Плиты Иссæйы хæстон фæндæгтимæ баст хабæрттæ. Ирыстоны адæм сæрыстыр сты сæ хъæбатыр гуырдæй, йæ ном ын хъуамæ зона алы сывæллон дæр, уымæн та хорз æххуыс сты Иссæйы сгуыхтдзинæдтыл дзурæг къаннæг мысинæгтæ, ныхас сыл цыд урочы. Скъоладзаутæ базыдтой, Иссæ канд хъæбатыр хæстон кæй нæ уыд, фæлæ ма цыргъзонд, ныфсхаст æмæ дзырдарæхст адæймаг дæр.

Йе стыр курдиаты руаджы зæххы къорийыл ироны ном айхъуысын кодта зындгонд дирижер Гергиты Валерий. Ахуырдзаутæ бæстон радзырдтой йе сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон куысты тыххæй.

Ирон дзырдыл æнувыд чи у, мадæлон æвзагæн абон стыр лæггад чи кæны, уыдонæй иу у фыссæг, ирон æвзаг æмæ нæ фарны æгъдæуттыл зæрдиаг ауыдæг Цгъойты Хазби. Хазбийы чиныг «Арвы дуар» у ахуырдзауты уарзондæр чингуытæй иу. Урочы пайдагонд æрцыд чиныджы хъæздыг æрмæгæй, сывæллæттæ стыр цымыдисæй байхъуыстой æрвон диссæгты тыххæй æрмæджытæм, сæхи арæзт презентацийыл æнцой кæнгæйæ дзы равзæрстой цалдæр.

Урочы кæрон скъоладзаутæ байхъуыстой ахуыргæнæджы фæдзæхстмæ: Ирыстоны разагъды лæгтæн аккаг фæдонтæ суæвын, сæ хъæбатырдзинад, зонд æмæ фарн дарддæр хæссын.

# АХУЫРГÆНДЖЫТЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ

### АХУЫРГÆНÆГ, МЕТОДИСТ, ПОЭТ



***Хадыхъаты Фатимæ*** – ахуыргæнæг, методист, поэт, хъæздыг миддунейы хицау. Йе 'мдзæвгæты æвдисы уарзондзинад райгуырæн Ирмæ, æргом кæны йæ бæллицтæ, зæрдæйы хъарм æмæ хъыг, йæ ахаст дунемæ. Фатимæйы уацмыстæ рæзгæ фæлтæрмæ гуырын кæнынц рæсугъд æнкъарæнтæ, сидынц царды раст фæндæгтæм.

### Мæ гыццыл Ир

Мæ гыццыл Ир, дæ цæрайæ цæрын.
Дæ рыст – мæ рыст, дæ цин та у мæ цин.
Ӕдзухдæр мæ дæ хорздзинад фæнды,
Мыггагмæ дæр дæ урс хæхтæм кæсин.

Ирон дæн æз, Ирыстойнаг, æмæ сæрыстыр дæн,
Кæй дæн Аланты байзæддаг, кæй сын хæссын сæ фарн.
Ирон ныхас куы нæ хъусон – мæхимидæг тыхсын.
Ирыстоны цытæ цæуы, æз дардæй дæр фæрсын.
Ӕз не 'фсæдын дæ зарджытæй, дæ фæндыры цагъдæй.
Ирон куывдæй мын адджындæр дунейы динтæй нæй.
Дæ Терчы уад мæ зæрдæйæн æхцондзинад хæссы,
Йæ уылæнтæм кæсынæй дæр æз никуы бафсæдын.
Мæ гыццыл Ир, дæ цæрайæ цæрын.
Дæ рыст – мæ рыст, дæ цин та у мæ цин.
Цæрын дæр мæ æрмæстдæр ам фæнды.
Мæлын дæр æз дæ зæххыл бакомин.

### Бибо

Отеллойы хъыг бахсыдта мæ зæрдæ,
Чермены æфхæрд басыгъта мæ риу,
Эдипы мастæй бакуырм дæн. Бынтондæр
Мæхи æнкъарæн сурæттимæ с `иу.

Ӕз зонын уарзын, фæлæ зонын маст дæр.
Ӕз базыдтон рæвдыд æмæ æфхæрд.
Мæн чидæртæ хуыцæуттимæ дæр барстой,
Кæмæн та уыд мæ сонт рæдыд æгъгъæд.

Чи цин кодта мæ уæлахизтыл, хорзыл,
Чи агуырдта мæ къахдзæфтæм быцæу.
Уæддæр мæ сыгъдæг удæй зонын, –
Мæ сурæттæм мын нæй æрхæссæн фау.

Мæ фæлгонцтæ мæ бадомдтой...
Мæ цардæй куы нæ у раппæлын мæ бон.
Уæддæр уыдтæн хуыздæр амондæй хайджын,
Ӕмæ цæугæйæ – нæй мæнмæ фæсмон.

**Этюд**

Хур райдзаст бахудт,
Мит фелвæста малусæг.
Ууыл мит атад,
Æмæ разынди зæххы буар.
Зæххæй рантыст цъæх кæрдæг.
Цъиутæм басидт æхсæрдзæн,
Æмæ фегом и арвы дуар,
Арвы цъæхад ныйирд и.
Цъиуты зарæгмæ
Бæласыл къуыбар ыннæрсти,
Къуыбар аскъуыд,
Æмæ разынди сыфтæр.
Цард мæлæтыл уæлахиз у,
Æмæ зымæджы уалдзæг
Кæддæриддæр ивдзæн.

## БЫЦЕНТЫ СВЕТЛАНÆ



***Быценты Светланæ*** – Беслæны 7-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг.

Ахуыргæнæджы куыстæй уæлдай ма Светланæ æнтыстджынæй кæны сфæлдыстадон куыст дæр. Йæ уацмыстæн бæрзонд аивадон тых кæй ис, уымæн æвдисæн, дæлдæр цы æмдзæвгæтæ мыхуыр кæнæм, уыдон.

**Мæ сабидуг**

Мæ фыны дысон рагуалдзæджы федтон:
Мæ сабидугмæ уазæгуат уыдтæн.
Бæгъæмвадæй цы къуыбыртыл згъордтон,
Æз цингæнгæйæ уыдоныл зылдтæн.

Цыма нæ хæдзар уым лæууыд кæддæрау,
Нæ дыргъдоны та дидин калдта бал,
Йæ хæрздæфмæ йæм тахтысты, сæкæрау,
Мыдыбындзыты æнæаскъуыйгæ хал!

Кæддæр мæхи цы цæугæдоны надтон,
Хуыдта ныр уый хъæр сабидугмæ мæн.
Цыма знон уыд, ме 'мбæлттыл куы калдтон
Йæ сатæг донæй. Цы амонддзын уыдтæн!

Æз уым сахуыр дæн худын, хъазын, зарын,
Уым нæууытыл фæкафыдтæн мæ фаг, –
Мæ зæрдыл сæ æппынæдзухæй дарын.
Мæ разы уыд æнæбасгæрст фæндаг.

Æз уыцы дуг æнкъардæй ныр фæмысын,
Мæ зæрдæйы рыст нал фæуадзы мæн…
Мæ сагъæсты мæхимидæг фæтыхсын:
Мæ сабидугмæ нал ис ныр цæуæн!

**Куывд**

Хуыцау, лæууын сæркъулæй та дæ разы,
О, айс мæ куывд, æз дын лæгъстæ кæнын:
Мæ Иры зæхх зындзинæдтæн фæразы,
Мæ бæллиц у мæхи зæххыл цæрын.

Хуыцау, мæ Ирæн ратт цæрæнбон, амонд,
Уадз хъуыса дард йæ фæндыры хъæлæс!
Йæ хуымæй-иу цы бæркад райса фарон, –
Фæкæн æй ац' аз ноджыдæр дæс-дæс!

Мæ Иры-иу сæрæнгуырдтæ куыд гуыра,
Хъуытазхъæлæс чызджытæй ма уа цух!
Знаг нæ раз йæ зонгуытыл куыд быра,
Нæ рæсугъд хæхтыл хур кæса æдзух!

Хуыцау, сæуæхсид райсомæй куы скæсы,
Фæуæд нын уый рухс удрæвдыдæн фаг!
Мæ Иры зæрдæ рухс бæллиц цы схæссы, –
Æвдисæд-иу æй рагуалдзæджы цард!

# АХУЫРГӔНДТӔ – СКЪОЛАЙӔН

***Хæдарцаты Азæ,***
филологон наукæты доктор,
профессор

## ДЫУУӔ НЫХАСЫ КЪОСТАЙЫ ТЫХХӔЙ

1886 азы куадзæны бон Гæздæнты Мæхæмæты хæдзары æрæмбырд бирæ уазджытæ. Фынгыл куыд æрбадтысты, афтæ кæстæртæй чидæр æрбадзырдта, Къоста æрбацыд, зæгъгæ.

– Мидæмæ йæ ракæнут, – æмдзырд фесты хистæртæ. Фынгыл бадджытæ иуыылдæр сыстадысты, нуазæн æм авæрдтой. Фæстæдæр ын йæ цæрæнбоны тыххæй гаджидау рауагътой, æмæ уæд чидæр сдзырдта:

– Къоста та ногæй цыдæр ныффыста.

Хистæртæ йын балæгъстæ кодтой, радзур-ма нын æй, зæгъгæ. Уæд бынтон æнæнхъæлæджы Къоста базарыд, францусаг революцион гимн «Варшавянкæ»-йы мелодийыл цы ног зарæг ныффыста, уый.

Оххай-гъе! Не знаг нæ былмæ фæтæры,-
Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм...
Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры, -
Гъе-мардзæ, исчи! – бынтон сæфт кæнæм!

Зарæгæн йæ фæстаг ныхæстæ ныззæлланг кодтой. Адæм æгуыппæгæй аззадысты, ногæй, зæрондæй сæ цæссыг калд, къæсæрæй кæрæдзи сæрты кастысты, афтæмæй хъæрæй куыдтой сылгоймæгтæ.

Стæй сæхиуыл фæхæцыдысты адæм, æмæ арфæтæн, нуазæнтæн, гаджидæуттæн кæрон нал уыди. Ӕмæ куыннæ! Ахæм диссаджы зарæг сæ хъустыл никуыма æрцыд, сæ зæрдæйыл никуыма сæмбæлд.

«Додой» уыди Къостайы сфæлдыстады тæмæн. Ныхасæй, мелодийæ зæрдæ агайдта, гуырын дзы кодта тохы монц, æхсар, æнæуынондзинад тыхгæнæгмæ.

Йæ хъуыдымæ гæсгæ ацы æмдзæвгæ хæстæг лæууы ахæм æмдзæвгæтæм, куыд «Салдат» æмæ «Ӕнæ хай». Фæлæ «Додой»-ы поэт æргомдæр сиды тохмæ, адæмы чи сыстын кæна, уымæ. Уыимæ æмдзæвгæйæн йæ формæ у æнахуыр зæрдæмæдзæугæ. Уый уыди, ирон поэзийы чи нæма ’рцыд, ахæм диссаджы æмдзæвгæ, æмæ у сæрмагонд иртасæн куысты аккаг. Уæвгæ «Ирон фæндыр» æнæхъæнæй дæр у диссаджы фæзынд. Бар-æнæбары адæймаджы зæрдæ æхсайы Нары хъæумæ.

Адæймаг æм куы фæцæйхæццæ кæны, уæд йæ цæстыты раз сыстынц диссаджы рæсугъд хæххон нывтæ. Фæлæ уыцы рæсугъд æрдзы фарсмæ адæймаг рагон хæххон царды æвдисæнтæ куы ауыны – чысыл тъæпæнсæр хæдзæрттæ æмæ зæронд мæсгуыты хæлддзæгтæ, – уæд йæ зæрдæ бынтон ныммæгуыр вæййы. Куыд цардысты ам, хохы цъуппыл, адæм, цæмæй

цардысты, куы нæ йæм фæндаг нывыл уыди, куы нæ хæхтæн сæхи мидæг исты царды фæрæз уыди?!

Æмæ адæймаг дисыл бафты, Къостайы æнахуыр æрттиваг курдиат ацы хæхты ’хсæн кæй сæвзæрди, ууыл.

Ам райгуырдис Къоста 1859 азы 15 октябры Хетæгкаты Леуаны хæдзары. Ам арвыста йæ сывæллоны бонтæ, ам фыццаг хатт фехъуыста ирон адæмон зарджытæ æмæ таурæгътæ, ам федта мæгуыр хæххон адæмы цард, ам сын фыццаг хатт фехъуыста сæ хъæрзын.

Фæстæдæр рацыд быдырмæ, ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы, Стъараполы, Бетъырбухы.

Йæ зæрдæмæ хæстæг райста уырыссаг прогрессивон культурæ æмæ революцион демократты идейæтæ. Бамбæрста йæ æмæ йæ «Ирон фæндыр»-ы амонæнтыл æмбарын кодта йе ’мбæстон адæмæн – фæллойгæнæг адæймаг уæззау уавæры кæй уыди, æмæ тох кæнын кæй хъуыд хуыздæр царды сæрвæлтау. Ацы сагъæстæ кодта йе ’мдзæвгæтæ æмæ поэмæты, йæ прозæ æмæ йæ драмæйы, йæ публицистикæ æмæ йæ цымыдисаг аивадон нывты.

Къоста фыста дыууæ æвзагыл: иронау æмæ уырыссагау, æмæ дыууæ æвзагыл дæр мæгуыр адæмæн нывондæн хаста йе стыр курдиат:

Я смерти не боюсь... Холодный мрак могилы
Давно манит меня безвестностью своей,
Но жизнью дорожу, пока хоть капля силы
Отыщется во мне для родины моей!

Къоста ницы бæлвырд ныууагъта, йæ поэтикон дæсныйады бæрзæндтæм куыд схызтис, уый тыххæй, йæ фыстæджыты цы хицæн хъуыдытæ ис, уыдоны йеддæмæ. Бынтон æм ницы фыст баззад йæ эстетикон принципты тыххæй. Уыдоныл уыд ныхас кæнæн æрмæст йе ’мдзæвгæтæн сæхимæ гæсгæ. Кæддæр Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты Къостайы архив куы æвзæрстон, уæд сæмбæлдтæн, Къостайы заманы цы æмдзæвгæты æмбырдгонд рацыд, «Гæлæбу», зæгъгæ, гъе уый къухфыстыл. Чиныджы сыфты кæрæттыл уыдис бæрæг кæйдæр фыстытæ. Зонгæ уыди афтид йе ’рмдзæф нæ, фæлæ, ранæй-рæтты йæ хъуыдыйæдтæ, йæ ныхæстæй дæр. Бирæ йæм фæкастæн, стæй йæ Ардасенты Хадзыбатырмæ равдыстон. Æмæ уæд бамбæрстам: нæ разы уыди, кæддæр Къостайы къухы чи уыд, уыцы «Гæлæбу». Ацы хъуыдытæ уыдысты агургæ æмæ æнæаргæ æрмæг Къостайы эстетикон принциптæ раиртасынæн. Уыцы фыстытæй бæрæг у, Къоста ныхасы тыхæн куыд стыр аргъ кодта, уый. Рæсугъд ныхасæн хъуамæ йæ хъуыды, йæ апп дæр уой рæсугъд æмæ раст, уый нæй, уæд афтид мæлгъæвзаг афтидæй баззайы. Уый уыдис тох, «сыгъдæг аивад» кæй хуыдтой, уый теорийы ныхмæ.

«Гæлæбу»-йы æмдзæвгæтæм гæсгæ, Къоста амыдта: æмдзæвгæты хъуамæ уа рифмæ дæр æмæ ритм дæр, æнæ уыдон нæй æмдзæвгæ, кæд сæйраг нæдæр рифмæ у, нæдæр ритм, уæддæр.

Къоста бахахх кодта ахæм дзырдтæ: «д’ æмбæлттæ», «дæ знаг» æмæ фæнысан кодта – фыссын сæ хъæуы: «де ’мбæлттæ», «де знаг».

Байаты Гаппо æмæ Къубалты Алыксандры æмдзæвгæты ныхмæ Къоста бафыста: «Чепуха», «Экая чушь!», «Возмутительно глупо!» æмæ æндæр ахæм ныхæстæ. Байаты Гаппо йе ’мдзæвгæйы уалдзæгхæссæг хоны гæлæбуйы æмæ дзы афтæ зæгъы: «Ды скъæрыс д’ æфсæдтæ». Къоста бахахх кодта ацы рæнхъ æмæ йæ бакомкоммæ ныффыста: «скъæрынц фос!»

Къоста агуырдта, цæмæй æмдзæвгæйы æвдыст уа царды æцæгдзинад, цæмæй царды æцæгдзинад йæхæдæг йæхи уырнинаг кæна, иу цау кæнæ архайд иннæимæ æнгом баст куыд уа, композицион æгъдауæй аив куыд уа, афтæ.

Ацы хъуыдытæ цæуынц йæ прогрессивон дунембарынадæй, поэты хæс æмæ нысан куыд æмбæрста, уымæй. Уыдон та æвзæрдысты æмæ фидарæй – фидардæр кодтой æмдзæвгæйæ æмдзæвгæмæ.

Зæгъæм, Байаты Гаппойы æмдзæвгæйы фыст уыди:

Хæдзар, хæдзар,
Цæй адджын дæ,
Мадау хæлар
Цæмæн фæдæ
Дæ ирон цотæн?

Къоста цыппар рæнхъы бакомкоммæ фæнысан кодта, уый хорз у, зæгъгæ, фæлæ фæстаг рæнхъы ныхмæ ныффыста: «Æндæр никæмæн?» Стæй ууыл дæр нæ ныллæууыд, фæлæ дзы ныффыста: «кæмæндæриддæр». Дарддæр æмдзæвгæйы автор сиды ирон фæсивæдмæ, цæмæй уарзой сæ хæдзæрттæ, ома, дам, лæгæн йæ хæдзар у йæ царды бындур. Уыцы цыбырзонд хъуыдыйæн Къоста ахæм аргъ скодта: «идиотство». Къостайæн йе ’гас царды мидæг йæ зæрдæйы кæрон дæр никуы ’рцыдис, цæмæй йæхицæн къуырфбын цард сарæзтаид. Уый нæ, фæлæ ма Цæлыккаты Аннæмæ афтæ фыста, ома йæ царды сæйрагдæр нысаныл адæмы цард фæхуыздæр кæнын чи нымайа, æрмæст ахæм адæймагимæ ссардзæни йæ амонд. Аннæйæн йæ фыдмæ дæр афтæ фыста, ома кæд дæ чызджы хорз, хъæздыг цард æнхъæл дæттынмæ хъавыс, уæд æй бакъуылымпы кæн, цæмæй мæнæн ма сразы уа. Адæмæн амонд кæм нæ уа, уыцы ран йæхицæн дæр амонд нæ агуырдта Къоста, æмæ йæм уымæн æбуалгъ фæкастысты, ныхас кæуыл цæуы, уыцы рæнхъыты авторы лыстæг цинтæ. «Осетинская маниловщина» – афтæ ныффыста Къубалты Алыксандры æмдзæвгæйы ныхмæ. Æмдзæвгæйы автор фыссы зæхкусæджы тыххæй, заргæ, дам, æрбацæуддзæн быдырæй, йæ сау цæсгом æмæ йæ сау къухтæ ныхсдзæн æмæ кæсдзæн æфсинмæ:

«Ратдзæн нын чъиритæ, ратдзæн нын цъæх арахъхъ...
Мæгуыр лæг бахæрдзæн, баназдзæн, схуысдзæн.
Райсом йæ цъæх цухъхъа йæ уæлæ æрбакæндзæн,
Ныхасмæ рацæудзæн адæмы фенынмæ,–
Адæмæй фехъусдзæн къорд зондджын ныхæстæ».

Ахæм дзæбæх æнцад-æнцой цард сын куы уыдаид, уæд ма Ирыстоны зæхкусджыты цы хъуыдаид! Фæлæ уый уыдис æнæуд ныв, цардæн йæ тæф дæр кæмæ нæ хæццæ кодта, ахæм ныв. Царды сæрты кæсгæйæ йæ фыста автор, æмæ Къостайы «Хъуыбады»-йы, «Чи дæ»-йы æмæ æндæрты цы хæххон адæмы хъæлæс хъуыст, уый йæм хъуысгæ дæр нæ кодта. Ноджы ма «Гæлæбу» сывæллæттæн фыст кæй уыд, уый сæ ферох, æмæ сын æй Къоста сæ зæрдыл æрлæууын кодта ахæм пародийæ:

«Сау галтæ сау адæм сау зæххыл ласынц,
Цъæх нæууыл цъæх цухъхъаджынтæ цъæх арахъхъ ныуазынц».

Æмæ ма къæлæтты фыссы: «Прибавь еще и это в свой сборник для детей».

Бынтон æнæуынон та йын уыдис натурализмы тæваг. Къубалты Алыксандры æмдзæвгæтæй иу æвзаргæйæ, Къостамæ уæлдай хъыг фæкастысты, ног бинонты царды тыххæй афтæ кæм фыста:

«Амонд иунæг æхсæв федта...
Цардæн иунæг æхсæв циу?»

«Æхсæвы» сæрмæ Къоста бафыста: «къуыри» (гораздо приличнее)». Цардамонд уый æмбæрста уæрæхдæр.

Уыцы æмбырдгонды сыфтыл цы фыстытæ и, уыдонæй бæрæг у, Къоста æвзагмæ цы цæстæй касти, уый. Къоста фыста, ницæмæн хъæуы æнæхъуаджы, зынæмбарæн инверситæ, зæгъæм, «боны хорз» «хæрзбоны» бæсты æмæ æндæр ахæмтæ. Аллегори та хъуамæ уа афтæ æнцон æмбарæн, æмæ дзы уæле фыссын куыд нал хъæуа, аллегори у, зæгъгæ, Къубалты Алыксандры æмдзæвгæйы сæрмæ куыд фыст ис, афтæ.

Алыксандры æмдзæвгæтæм гæсгæ Къоста фыссы антитезæйы тыххæй дæр. Зæгъæм, «тавыс хъæлдзæджы, мæгуыры» бæсты растдæр уыдаид: «тавыс хъæздыджы, мæгуыры». Ахæм антитезæйæ бæрæг дары Къостайы социалон зондахаст. Ацы срастгонды фæстæ æмдзæвгæйы апп бынтон æндæрхуызон кæны, æвдисы, мæгуыры дæр æмæ хъæздыджы дæр хур æмхуызон кæй тавы, фæлæ сæ хъысмæт, сæ царды уавæртæ иу кæй не сты. Ам зыны къласон антагонизм.

Уырыссаг ӕвзагӕй иронмӕ куы тӕлмац кӕнай, уӕд ӕй хъӕуы зӕгъын, иронау ӕмбӕрстгонд куыд цӕуа, афтӕ, уымӕн ӕмӕ зынӕмбарӕн сты ахӕм тӕлмацгонд ныхӕстӕ: «маст уый адӕмыл нӕ зоны», «ивыс сидзӕрӕн йӕ мад» ӕмӕ ӕндӕр ахӕмтӕ. Ӕмӕ «Ирон фӕндыр»-мӕ Къостайы тӕлмацгондӕй чи бацыд, уыцы ӕмдзӕвгӕтӕ сты ирон ӕвзагмӕ ивд. Иуӕй-иутӕ сӕ ахӕм хъуыдыйыл дӕр ӕфтауынц, цыма Къостайӕн йӕхи фыст сты.

Къоста у парахат зӕрдӕйы хицау. Ӕрмӕст ирон адӕмы царды кой нӕ кӕны. Йӕ царды фӕндӕгтӕ йӕ акодтой бирӕ адӕмыхӕттытӕм, ӕмӕ-иу кӕмдӕриддӕр сӕмбӕлд мӕгуыр ӕмӕ хъӕздыг адӕмыл, раст ӕмӕ зылыныл, ӕмӕ сси стыр интернационалист. Йе 'мдзӕвгӕ «Я не пророк»-ы ис ахӕм дыууӕ рӕнхъы:

Весь мир – мой храм,
любовь – моя святыня,
Вселенная – отечество мое...

Къоста ӕндӕр куы ницы ныффыстаид йӕ интернационалон зондахаст ӕвдисынӕн, уӕддӕр ӕй ацы базырджын ныхас ахастаид ӕппӕт дунейы сӕрты. Ацы дыууӕ рӕнхъы фӕдыл Къоста 1899 азы фыста Цӕлыккаты Юлианӕмӕ: «Эту мысль я высказал, когда писал это стихотворение, с глубоким убеждением, что я уже достиг моим духовным самовоспитанием такой высоты... И часто потом я искренно переживал блаженство сознания такого успеха... Но удивительна сама жизнь наша, частная, субъективная! Требования ее почти на 99% идут вразрез этой величайшей конечной цели всякого «подобия божьего»...

Къоста кӕд ӕндӕр дуджы фыссӕг уыди, уӕддӕр йе сфӕлдыстады ахадындзинад ӕнӕкӕрон бирӕ у мах заманы дӕр. Къостайы «зӕрдӕйы сагъӕстӕ», Къостайы поэтикон скъола сӕ куыст кӕнынц абон дӕр.

***Дзодзыккаты Зӕидӕ,***
фил. наук. доктор, ЦИПУ-йы ирон ӕмӕ иумӕйаг ӕвзагзонынады кафедрӕйы профессор

## МАДÆЛОН ÆВЗАГ АМОНЫНЫ МЕТОДИКÆЙЫ НОГ ДОМÆНТÆ

Уӕрӕсейы адӕмты ӕвзӕгтӕ амоныны хъуыддаджы скъолаты размӕ абон лӕууы дыууӕ бӕрнон хӕсы. Фыццаджыдӕр, хъуамӕ зынгӕ ивддзинӕдтӕ хаст ӕрцӕуа, мадӕлон ӕвзагыл дзурын чи зоны, уыдонӕн арӕзт методикӕмӕ, стӕй хицӕн методикӕ хъуамӕ фӕзына, ирон ӕвзаг чи нӕ зоны, уыцы скъоладзаутимӕ кусынӕн. Нӕ уацы ныхас цӕудзӕнис фыццаг хуызы методикӕйы хицӕндзинӕдтыл, ома йӕ мадӕлон ӕвзагыл дзурын чи зоны, уыдонӕн ӕй дарддӕр амоныны мадзӕлттыл. Ацы методикӕ раздӕр ахуырдзаутӕй ӕппӕты тынгдӕр домдта грамматикӕйы фӕрстытӕ ӕмӕ орфографийы ӕгъдӕуттӕ ахуыр кӕнын. Ныхасы рӕзтыл куыст та арӕхдӕр цыдис изложенитӕ ӕмӕ нывӕцӕнтӕ фыссыны, стӕй цауты ӕмӕ предметты тыххӕй хи хъуыдытӕ дзурыны хуызы. Ивгъуыд азты арӕзт чингуыты цы фӕлтӕрӕнтӕ ис, уыдоны арӕхдӕр фенӕн ис хицӕн хъуыдыйӕдтӕ. Цы баст тексттӕ сӕ ис, уыдоны темӕтӕ та искуы-иуӕй фӕстӕмӕ хи республикӕ кӕнӕ крайӕ дарддӕр нӕ ахизынц, стӕй ма арӕх текстты мидис сывӕллӕттӕн цымыдисаг нӕ вӕййы, ногӕй сӕ ницы уыйбӕрц базонынц. Уыцы ӕуууӕлтӕ бахынцгӕйӕ,

нырыккон скъолаты размæ æвæрд æрцыдис дыккаг бæрнон хæс дæр – ахуырдзауты арæхстдзинад ныхас кæнынмæ, кæсын æмæ фыссынмæ хъæугæ æмвæзадмæ хæццæ кæнын.

Методикæ ныхасмæ йæ хъус тынгдæр кæй аздæхта, уымæ гæсгæ зынгæ ивддзинæдтæ хъуамæ хаст цæуой ахуырты теоретикон бындурмæ дæр æмæ скъолаты программæтæм, ахуыргæнæн чингуытæм æмæ методикон амынддзинæдтæм дæр.

Куыд зонæм, афтæмæй программæ хъуамæ уа ахуырадон-хъомыладон куыстæн разамынд дæттыны фæрæз, æмæ дзы уа цалдæр хайы: авторты концепци кæм зына, мадæлон æвзаг амоныны нысан æмæ хæстæ кæм уой, ахæм разныхас; ахуыры мидис къæпхæнтыл дихгонд кæм уа, ахæм сæйраг хай; ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм цы домæнтæ æвæрд цæуынц, уыдоны ранымад.

Ног методикæйы домæнмæ гæсгæ ахуырдзаутæ хъуамæ ахæм зонындзинæдтæ райсой, цæмæй сæ хъуыдытæ æмбарын кæнын фæразой ахуыры, æхсæнадон царды æмæ сæ хæдзæртты уæвгæйæ, цæмæй программон æрмæг лæвæрд уа уыциу домæнтæм гæсгæ, бæрæг дзы уой ныхасы сферæтæ, йæ темæтæ æмæ уавæртæ; ныхасмæ хъусыны æмæ йæ æмбарыны (аудированийы), дзурыны, кæсыны æмæ фыссыны арæхстдзинæдтæ; хъæугæ зонындзинæдтæ æвзагæй æмæ уыдонæй пайда кæныны арæхстдзинæдтæ; иумæйаг-ахуырадон æмæ сæрмагонд ахуырадон арæхстдзинæдтæ.

Программæйы домæнтæ рауагъдонты цæттæдзинадмæ хъуамæ æппæт къæпхæнты дæр уой иу уагыл æмæ бæрæг кæной ахуырдзауты ныхасы хъæд, æвзагон æмæ социалон-культурон зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ.

Мадæлон æвзаг амонгæйæ, раздæры хуызæн нæ рæстæджы дæр æнцой кæнын хъæудзæнис иумæйаг-дидактикон æмæ æвзагон принциптыл.

Уæрæх зындгонд принциптæй уæлдай ма ( 8; 15) нæ рæстæджы æргом аздахыны аккаг сты иуцалдæр принципы. Сæ иумæ гæсгæ, ахуырдзауты æргом тынгдæр аздахын хъæуы, национ дунембарынад цы у, уымæ, стæй национ этикон нормæтæ æмæ национ культурæйы хæзнатæн аргъ кæнынмæ. ( 10; 14). Иннæ принцип та у хи адæмы культурæ ахуыр кæнгæйæ ма æндæр адæмты культурæтæм дæр æргом здахын (13; 14).

Стыр ахадындзинад ис, мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвæрд у, уымæн дæр. Цæмæй йæ скъоладзаутæ зæрдиагæй ахуыр кæной, уый тыххæй ахуыргæнджыты пайда кæнын хъæуы куысты алыхуызон формæтæ æмæ методтæй, техникон фæрæзтæй, хъæзтытæй æмæ æнд.

Уæлдæр цы сæйрагдæр методикон домæнты кой уыди, уыдонмæ гæсгæ ныр цалдæр азы дæргъы сæ куыст арæзтой Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджытæ дæр, ирон æвзаджы ног программæтæ ( иронау чи дзуры, стæй чи нæ дзуры, уыдонæн арæзт) æмæ чингуытæ фысгæйæ.

Иронау дзурын чи зоны, уыдонæн арæзт программæйы хæстæ сты:

а) скъоладзаутæм æвзагон зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ сæвзæрын кæнын, ома сын фонетикæ, дзырдарæзт, грамматикæ æмæ стилистикæйæ зонындзинæдтæ раттын;

æ) ахуырдзаутæм коммуникативон арæхстдзинæдтæ сæвзæрын кæнын, ома сæ сахуыр кæнын текстмæ кæнæ хицæн хъуыдыйæдтæм хъусыныл æмæ сæ бындурыл хæстæ æххæст кæныныл, стæй кæсыныл, ныхас кæныныл æмæ фыссыныл;

б) мадæлон æвзаг ахуыр кæныны нысан бамбарын кæнын;

в) хи адæмы æгъдæутты мидис бамбарын кæнын, уырыссаг æмæ æндæр адæмты культурæтæн аргъ кæныныл ахуыр кæнын.

Ирон æвзаджы мидис æнгом баст у ахуыры хæстимæ. Ног программæ домы, цæмæй ахуырдзаутæ зоной:

– фонетикæ, лексикæ, фразеологи, морфемикæ, морфологи, синтаксис æмæ стилистикæйы æмбарынæдтæ;

– мадæлон æвзаджы ахадындзинад;

– мадæлон æвзаджы истори, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты тыххæй иумæйагæй.

Уымæй уæлдай скъоладзаутæн амынд цæудзысты графикæ, орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ дæр.

Программæ домы, цæмæй æвзагон æрмæг зынæмбарæн ма уа æмæ æнцой кæна наукон бындурыл.

Алы къласы программæ дæр арæзт у æртæ хайæ. Уыдонæй фыццаг дыууæ сты сæйрагдæр. Сæ иу у «Æвзагон зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ», иннæ та – «Ныхас кæныны зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ». Фыццаг хайы фæрстытæ раздæрау кълæстыл дих кæнынц скъоладзауты кармæ гæсгæ.

Æппæт къласты программæты дæр ис 3-аг хай. Уым нымад цæуынц сæйраг домæнтæ ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм.

Æвзаджы темæты фæстæ цæуы коммуникативон арæхстдзинæдты хай, кæцыйы амынд сты коммуникативон сферæтæ æмæ ныхасы темæтæ. Раздæр уагъд программæты хуызæн алы къласы фæстæ дæр лæвæрд сты фæлхат кæныны темæтæ, стæй сæйраг домæнтæ ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм.

Райдиан къласты амынд ныхасы темæтæ баст сты æхсæнадон-цардыуагон, ахуырадон-фæллойадон сферæтимæ æмæ æрдзимæ. Се ’хсæн ис ахæмтæ: «Афæдзы афонтæ», «Мæргътæ æмæ фос – нæ лымæнтæ», «Мæ райгуырæн бæстæ», «Скъола», «Хи дарыны æгъдæуттæ», «Фæллой – царды цин». Иннæ къласты ма сферæтыл бафтыдысты æхсæнадон-культурон æмæ æхсæнадон-политикон. Уыдонæй дæр программæйы амынд цæуынц, зæгъæм, мæнæ ахæм темæтæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон», «Ирыстон æмæ Уæрæсейы хъайтартæ», «Къостайы райгуырæн бон», «Ирон бæрæгбонтæ», «Ахуырад æндæр бæстæты» æмæ æнд.

Ног программæмæ гæсгæ кафедрæйы кусджытæ бацæттæ кодтой ахуыргæнæн чингуытæ дæр, фыццаг къласæй иуæндæсæмы онг. Чингуыты æрмæг скъоладзаутæн фадат ратдзæн, цæмæй сæхи сфæлтæрой мадæлон æвзагыл æдæрсгæйæ дзурыныл, текстты, куыд æмбæлы, афтæ кæсыныл æмæ фысгæ куыстытæ æххæст кæныныл.

Чингуыты автортæ бацархайдтой, цæмæй фæлтæрæнты текстты уа Ирыстон, Уæрæсе æмæ æндæр бæстæты тыххæй ахсджиаг æмæ цымыдисаг информаци. Текстты бындурыл ахуырдзаутæ хъуамæ сæххæст кæной ахæм хæслæвæрдтæ:

1. Текст бакæсын æмæ йын æрхъуыды кæнын сæргонд.

2. Текст бакæсын æмæ йæ баххæст кæнын.

3. Текстæн скæнын пълан æмæ йын йæ мидис уыцы пъланмæ гæсгæ радзурын.

4. Текст бакæсын æмæ дзуапп раттын фæрстытæн.

Чингуыты ма ссарæн ис æндæрхуызон фæрстытæ дæр. Арæхдæр ахæм фæрстытæ фæлтæрæны вæййы 1-2-йы бæрц.

Мадæлон æвзаджы чингуыты фыццаг хатт уроктæ лæвæрд цæуынц блоктæй, ома иу темæйæ баст цæуынц цалдæргай уроктæ. Зæгъæм, 5-æм къласы чиныджы уалдзæджы темæимæ баст сты ахæм дæлтемæтæ: «Уалдзыгон хурмæ», «Уалдзæг, зæрдæ дæм райы», «Куыстуарзаг ләппутæ». Дæсæм къласы чиныджы та «Удварны културæ»-йы темæйæн йæ дæлтемæтæ сты: «Адæймаджы ном кад æмæ радимæ хæссын», «Сылгоймаджы æфсарм, æгъдау æмæ аивдзинад».

Урокты къордты мидæг æрмæг арæхдæр уæрст цæуы ахæм уагыл: фыццаг урочы ахуыргæнæг райдайы æвзаджы ног темæ æмбарын кæнын, стæй ма уыцы урочы кусы скъоладзауты ныхасы хæрзхъæддзинадыл дæр. Иннæ урокты сывæллæттæ æххæст кæнынц фæлтæрæнтæ рацыд темæйæ, фæлхат æй кæнынц, хъусынц аудиотекстмæ, архайынц диалогон æмæ монологон ныхас аразыныл, кæсынц, фыссынц.

Фыццаг хатт мадæлон æвзаджы чингуыты уроктæн ис дыгай темæтæ – иу æвзагæй, иннæ та у ныхасы темæ.

Ног чингуыты уроктæ-иу арæхдæр райдайдзысты дзургæ фæлтæрæнтæй – скъоладзауты дзуæппытæй, хъуыдыйæдтæ

кæнæ текст кæсынæй, йе та текстмæ хъусынæй.

Мадæлон æвзаджы урокты раздæр аудиотексттæм фаг хъусдард нæ уыдис, афтæмæй та уый у ахсджиаг куысты хуыз, арæх дзы пайда кæнынц фæсарæйнаг æвзæгтæ амонгæйæ дæр. Уæлдай стырдæр ахадындзинад ын ис, литературон æвзаг диалектты æмæ æндæр æвзаджы тæвагæй бахъахъхъæнын куы фæхъæуы, уæд уыцы уавæры.

Скъоладзауты аудиотексттæм хъусынил æмæ сын сæ мидис æмбарынил ахуыр кæнгæйæ, методистты хъуыдымæ гæсгæ, пайда кæнын хъæуы дыууæ хуызы фæлтæрæнтæй – цæттæгæнæн æмæ, ныхасмæ хъусыны домæн кæм вæййы, ахæмтæй (4: 77). Цæттæгæнæн фæлтæрæн уый тыххæй хъæуы, цæмæй ахуырдзаутæ рагацау бамбарой, цы текстмæ кæнæ хъуыдыйадмæ хъусдзысты, уый фонетикон, грамматикон æмæ лексикон миниуджытæ. Ныхасимæ баст фæлтæрæнты сæйраг хæс у аудиотексты мидис æмбарын кæнын, текстыл æнцойгæнгæйæ, хæслæвæрдтæн дзуапп дæттынил фæлтæрын.

Аудиотекстимæ кусыны фæстиуджытæ бæрæг кæныны сæйраг хицæндзинад уый мидæг ис, æмæ уыциу æрмæджы бындурыл скъоладзауты ис фæлтæрæн дæр æмæ сын сæ зонындзинæдтæ бæрæг кæнæн дæр.

Æвзаджы мырты системæмæ хауы интонаци дæр. Хъæлæсы уаг раст ахсынил фæлтæрынæн дæр аудиотексттæм хъусын кæнын у тынг æхххуыс.

Чингуыты авторты бацархайдтой аудиотексттæм алыхуызон хæслæвæрдтæ раттынил. Зæгъæм:

1). Байхъусут хъуыдыйæдтæм æмæ зæгъут, цавæр уæлæмхасæн æрмæг ма ис дыккаг хъуыдыйады, фыццагимæ абаргæйæ?

2). Хъуыдыйæдтæм байхъусут æмæ зæгъут, уымæй размæ цы текстмæ байхъуыстат, уый мидисимæ дзы кæцы нæу баст?

3). Текстмæ байхъусут æмæ йын сæргонд æрхъуыды кæнут.

4). Текст адих кæнут хæйттыл æмæ æнд.

Чысыл нæу чингуытæ аив фæлгонц кæныны ахадындзинад дæр. Мадæлон æвзаджы чингуытæ афтæ фæлгонц кæнын хъæуы, цæмæй сæ нывтæ æмæ къамтæ æвзæрын кæной рухс æнкъарæнтæ, сабиты разæнгард кæной ахуырмæ. Ног чингуыты цы нывтæ ис, уыдон дзуапп дæттынц программæйы темæтæн кæнæ хицæн тексты мидисæн. Уыдон конд сты скъоладзауты кармæ гæсгæ.

Сæрмагонд ныхасы аккаг у, фæлтæрæнты текстты ирон адæмы культурæмæ цымыдисдзинад кæй æвзæрын кæнынц, уый. Ахæм темæтæ сты:

«Ирон адæмы культурæ», «Нарты кадджытæ», «Нарты кадджыты темæ ирон нывкæнынады» æмæ а.д.

Фæлæ ма кафедрæйы арæзт чингуытæ сывæллæттæн фадат дæттынц Уæрæсе æмæ æндæр бæстæты цæрæг адæмты культурæйы тыххæй базонынæн дæр. Зæгъæм, 5-æм къласы чиныджы сывæллæттæ иронау бакæсдзысты А.С.Пушкин æмæ М.Ю. Лермонтовы сфæлдыстады, зындгонд уырыссаг нывгæнджытæ æмæ музыкантты тыххæй, фæлтæрдзысты уыдоны сфæлдыстады тыххæй иронау дзурынил. Кæнæ, зæгъæм, спортимæ баст текстты дæр æмбæлынц цалдæр къласы чингуыты. Æвдæм къласы йæ дæлтемæтæ сты: «Ирыстоны спорт» æмæ «Дунеон спорт». Æмæ ахæм дæнцæгтæ бирæ æрхæссæн ис.

Ног чингуытæм фыст æрцыдысты методикон амынддзинæдтæ дæр. Адоны тематикон пълантæй уæлдай ис амынддзинæдтæ темæтæ ахуыр кæныны тыххæй.

Программæ, ахуыргæнæн чингуытæ æмæ методикон амынддзинæдтæ зынгæ фæрогдæр æмæ фæмидисджындæр кæндзысты мадæлон æвзаджы ахуыргæнджыты куыст.

**Литературæ:**


1. Абрамова А.М. Образование в политике и политика в образовании. //Вестник высшей школы. – М.:1992. – №1.
2. Войтова С.А. Социальная культура и роль образования в ее формировании: Автореф. дис. ...д-ра филол. наук. – СПб.,1997.

3. Гез Н.И.Обучение аудированию: текст лекций по курсу «Методика обучения иностранным языкам». – М.,1979.

4. Девкин В.Д. Специфика разговорного текста. Языковые средства в функциональном аспекте: Межвуз.сб.науч.трудов. – М,1988.

5. Дейк ван Т.А. Язык, познание, комуникация. – М.,1989.

6. Дейк ван Т.А., Кинч В. Стратегии понимания связного текста. //Новое в зарубежной лингвистике. – М.,1988. – Вып. XXIII.

7. Дидактика средней школы. – М.,1982.

8. Жинкин Н.И. Речь как проводник информации. – М.,1982.

9. Залевская А.А. Вопросы теории и практики межкультурных исследований //Этнокультурная специфика языкового сознания: Сб.статей /Под ред. Н.В.Уфимцевой. – М.,1986.

10. Лейтес Н.С. Умственные способности и возраст. – М.,1971.

11. Материалы Международной научно-практической конференции «Русский язык и языки народов России: функциональное и структурное взаимодействие». Владикавказ: Ремарко, 2001.

12. Материалы II Международной научной конференции «Полилингвальное образование как основа сохранения языкового наследия и культурного разнообразия человечества». – Владикавказ, 2008.

13.Тарасов Е.Ф., Сорокин Ю.А. Национально-культурная специфика речевого и неречевого поведения // Национально-культурная специфика речевого поведения /Под ред. А.А.Леонтьева. – М.,1997.

13. Текучев А.В.Методика русского языка в средней школе. – М.: Просвещение, 1980.

15. Филатов В.М. и др. Методика обучения иностранным языкам в начальной и основной общеобразовательной школе.– Ростов-на-Дону, 2004.

***Цопанты Ритæ,***
фил. наук. доктор, ЦИПУ-йы ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады кафедрæйы профессор

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ СТИЛИСТИКÆ

## Синонимтæ

Синонимтæ сты ахæм дзырдтæ (æнгом дзырдбæстытæ), сæ нысаниуджытæ æмхуызон кæнæ хæстæг кæмæн сты.

Дыууæ æмæ фылдæр синонимон дзырды (загъд вæййынц æмхуызон ныхасы хæйттæй), æнгом дзырдбасты (фразеологизмы) аразынц *синонимон рæнхъ: бархийæ – барвæндæй – фæндонæй; цæлхдур æвæрын – фæндаг æхгæнын – къах дарын.*

Ахæм рæнхъы фыццаг дзырд (дзырдбаст) вæййы, арæхдæр кæмæй пайда кæнæм, ахæм; хуыйны *доминантæ*: *хæссын – лухын, кусын – фыдæбон кæнын, бæрзонд – дæргъындзæг, хъæлдзæг – хуруд, уарзон – удлæууæн, дзых æхгæнын – дзых къæпп кæнын, хурмæ хæссын – хурмæ калын.*

Синонимон рæнхъ арæзт куы уа дзургæ æмæ хуымæтæг ныхасы дзырдтæй, уæд доминантæ вæййы дзургæ ныхасæй ист: *къæбæргæнæг – сасирцæгъдæг; чыр-чыр*

*кæнын – пыр-пыр кæнын – мыр-мыр кæнын.*

Амонынц лексикон, фразеологион æмæ грамматикон синонимтæ.

### 1. Лексикон синонимтæ

Лексикон синонимтæ адихгæнæн ис æртæ къордыл: абсолютон (кæнæ логикон), идеографион (кæнæ семантикон) æмæ семантикон-стилистикон.

Абсолютон синонимтæ æмхуызон вæййынц сæ мидис æмæ сæ стилистикон æууæлтæй: *лингвистикæ – æвзагзонынад – æвзагиртасынад; куатæ – раздарæн; преверб – разæфтуан, уарын – къæвда.* Абсолютон синонимтæ æвзаджы бирæ нæ цæрынц: дзырдтæй сæ иу свæййы уæлдай, æвзагæн уæзы хос, уымæ гæсгæ ферох вæййы кæнæ бацæуы зæронд дзырдты къордмæ. Зæгъæм, ирон æвзаджы ахæм «уæлдай» дзырдтæ (дзырдбæстытæ) систы: *тæфлас – тæфæйласæг, аэроплан – тæхæн машинæ, хъæрдамгъæ (хъæлæсон), боны чиныг (боныг).*

Идеографион синонимтæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц сæ иумæйаг нысаниуæджы фæлгъуызтæй: *пайда – æфтиаг; æнусон – незаманон – фыдæлтыккон; æлхъивын – æлвасын; къахдзæф кæнын – санчъех кæнын; мигъ – æврагъ – асæст.*

Идеографион синонимтæ тексты мидæг кæрæдзийæ баивæн вæййы, уымæн æмæ сæ нысаниуджытæ кæрæдзимæ хæстæг сты, иннæрдыгæй та, сæ мидис бынтон æмхуызон кæй нæу, уый тыххæй сæ алкæд кæрæдзийы бæсты сæвæрæн нæ вæййы. Зæгъæм, официалон раныхасы сидæнæн пайда кæнынц дзырд «æмбал»-æй: *Зынаргъ æмбæлттæ!* Йæ бæсты йын нæй бавæрæн йæ синонимтæй искæцы: *лымæн, хæлар, æрдхорд.* Сидæн *Зынаргъ хæлæрттæ* æмбæлы публицистикон текстты, ныхас арæзт куы вæййы, зæгъæм, фæсивæдмæ. *Дзыллæ* æмæ *адæм* дæр алкæд кæрæдзийæ баивæн нæ вæййы: *Мæнæ хорз адæм!*-ы бæсты нæй зæгъæн *Мæнæ хорз дзыллæ!*

Семантикон-стилистикон синонимтæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц нысаниуæджы фæлгъуызтæй æмæ стилистикон æууæлтæй: *æппарын – зыввытт кæнын; дзурын – лæхурын; бæрзонд – уæлмонц; æрттиваг – цæхæркал.* Ацы синонимон рæнхъыты дыккаг дзырдтæн ис стилистикон нысаниуджытæ: иутæ сты дзургæ ныхасы дзырдтæ, ныллæг æнкъарæнджын-экспрессион ахуырстимæ, иннæтæ та – чиныгон, бæрзонд ахуырстимæ.

Дзырдты ’хсæн синонимон бастдзинад, иуæй, вæййы æвзаджы системæйы, иннæмæй та, исты контексты дзырдтæн фæзыны ног нысаниуджытæ, стæй ног семантикон бастдзинæдтæ, æмæ афтæмæй равзæрынц ног синонимтæ. Контексты руаджы цы синонимтæ фæзынынц, уыдон хуыйнынц контекстуалон: *давын – къахын, хæрын – сæрфын, афицер – пъагонджын.*

Æвзаджы цас фылдæр синонимтæ уа, уыйбæрц нымад у хъæздыгдæрыл, æвзаджы гæнæнтæ вæййынц уæрæхдæр, йæ бон свæййы цыфæнды вазыгджын функцитæ дæр æххæст кæнын. Синонимтæ фадат дæттынц хъæугæ æвзагон иуæгтæ æвзарын ныхасы уавæртæм гæсгæ.

Синоними нымад у универсалон æвзагон фæзындыл, æмбæлы æвзаджы æппæт æмвæзты дæр. Уымæ гæсгæ «ныхасы фæрæзты синонимикæ нымад у стилистикæйы сæйраг проблемæйыл» (А.И. Ефимов. Стилистика художественной речи. Разд. «Синонимика и приемы ее использования»).

Синонимтæ зонын æмæ, куыд сæ пайда кæнын хъæуы, цæмæн, уый амонын æххуыс у ныхасы культурæ бæрзонд кæнынæн. Сæ хæстæ уæлдай ирдæй разынынц аивадон литературæйы. Синонимтæй ныхасы (тексты) спайдагæнæн ис ахæм хæстимæ: 1) цæмæй уыцы иу дзырд æнæ сæрмагонд хæс фæлхат ма цæуа; 2) æцæгдзинады предметтæ æмæ фæзындты æууæлтæ бæстондæр, лыстæгдæр хуызы амынд цæуой: иу синоним иннæйы мидис баххæст кæны, бамбарын кæны, фæтыхджындæр кæны. Иумæйагæй хъуыды бæлвырддæргонд цæуы; 3) ныхас уа ирд, нывæфтыд *(Батадтæн, бахус дæн уæ мæтæй* (Г.С.); 4) ныхмæвæрд предметтæ, фæзындтæ, уавæртæ цæстуынгæйæ амынд цæуой *(Уыдон къухтæ не сты, фæлæ дзæмбытæ).*

Синонимтæ æвæрд вæййынц а) иу хъуыдыйады фæрсæй-фарсмæ *(Мах иууылдæр æмхуызон, æмсæр адæм, хор æмæ донау иумæ сæвзæрдыстæм* (Г.С.); æ) кæрæдзийы фæдыл æвæрд хъуыдыйæдты *(Ехх, цы фарны дзырд у – фидæн, / ехх, цы хæзна ном у – сом!* (Хъ.Æ.); б) тексты алы хæйтты *(Уæд сакстæй иу дæргъæлвæст лæппу æрæмбырд кодта, йæхионтæм сызгъæринæй цы дзаумæттæ баззад, уыдон, йæ уæлæ сæ æрцауыгъта æмæ рахызти сурмæ. Йæ размæ фæци иу туринаг æмæ йæ фæрсы:*

*– Гъей, дæргъындзæг, дæ лыстæг къубалыл уыйбæрц сызгъæрин цы монцæн хъæуы?* (Дж.Ш.)

Синонимтæй куыд семантикон-структурон фæрæзæй пайда кæнынц тексты (вазыгджын синтаксисон æнæхъæны) хæйттæ бæттынæн: ***Хъæддзау*** *фæзылд* ***лæппумæ****, йæ къух æм фелвæста:*

*–* ***Куыдзы хъæвдын****, кæмæй хъазыс?*

***Лæппу*** *йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, фæлæ афæлурс. Æмæ уæд* ***лæг*** *йæ къух æруагъта, фырмæстæй йæ цæсгом туджы авдылд.*

*–* ***Æдылы къоппа****! Дæ гуыбын фæрыстаид сæгуыты дзидзайæ! – сирвæзт ма йæ дзыхæй, æмæ лæппуйы иуварс асхуыста.*

*– Мæ лæппуйы гуыбыны мæт дæ цы бацыд, уый бæрæг дын нæй,* ***хорз лæг****? – кæцæйдæр февзæрд* ***дзыцца****.*

*Умар бахудт йæ* ***мадмæ****. Хъæддзау хъуырхъуыргæнгæ йæ фæд-йæ фæд фæраст, фæстæмæ дæр нал фæкаст.*

*– Кæцæй фæзынд, кæ, ацы* ***бирæгъ*** *та?* (М.С.)

Æвзаг адæмæн лæвæрд у цæттæйæ. Фæлæ цардимæ иумæ уый ивы, рæзы: æвзæрынц ног æвзагон мадзæлттæ, дзырдтæн сæ мидис алы ’гъдауæй уæрæхдæр кæны (нысаниуæджы ног фæлгъуызты, стилистикон дихкæнынады, синонимон дзырдты руаджы).

Аивадон литературæйы синонимтæ æвæрд æрцæуынц кæрæдзи фæстæ, цæмæй аивадон ныв ирддæр æмæ цæстуынгæдæр суа, уый тыххæй. Иу синоним иннæйы тыхджындæр фæкæны, æмæ дзы рауайы **градаци** (лат. *gradatio* – сындæггай бæрзонд кæнын). Градаци аразынц абарстытæ, эпитеттæ, метафорæтæ æмæ аивадон ныхасы æндæр ирдгæнæн фæрæзтæ дæр: *Пылы базыг дæр асæтдзæни уый. – Гъе уый дын лæг! Тыхы къуыбар! Дæлимон!* (Дж.Ш.)*; Хæрзбон, Мæ цæстырухс, мæ удлæууæн, мæ уарзон* (Рост).

## 2. Фразеологион синонимтæ

Фразеологион синонимты рæнхъытæ аразынц, сæ мидис хæстæг кæнæ æмхуызон кæмæн у, ахæм æнгом дзырдбæстытæ. Рæнхъы уæнгтæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц нысаниуæджы фæлгъуызтæй, сæ стилистикон æууæлтæй æмæ, кæм пайдагонд цæуынц, уымæй: *цæст дарын – цæстытæ нæ исын – цæстытæ ныццæвын; зæрдæ æвæрын – ныфс æвæрын; хурмæ хæссын – хурæргом кæнын – мæрдтæ хурмæ калын; зæрдæмæ цæуын – зæрдæйы ныххауын – зæрдæйы дидинæг уæвын; зæрдæ рухс кæнын – хуртæ-мæйтæ худын – зæрдæ хурварс абадын; зæрдæ æхсайын – зæрдæ дзурын*.

Синонимон рæнхъ саразынц дзырд æмæ фразеологизм: *нæ хъусын – коммæ нæ кæсын, мæт кæнын – мæтæй мæлын, нымудзын – дзырд хæссын, хъыг кæнын – зæрдæ фæрчытæ хауы, зонын – уæны кæсын, уарзын – арты судзын, хъуыды кæнын – хъуыдыты аныгъуылын*. Дзырдимæ абаргæйæ, фразеологизм предмет, архайд æвдисы нывджындæрæй.

Фразеологион синонимтæ хицæн кæнынц сæ стилистикон ахуырстæй, стæй сæ равзæрдæй. Иутæ сты иумæйаглитературон, иннæтæ та – чиныгон æмæ дзургæ ныхасмæ ахæсгæ.

Фразеологизмтæн вæййы варианттæ, уыдон дæр æвзаджы сты цæттæйæ: *къухтæй исын – къухæй исын; был къуырын – былтæ къуырын.*

## 3. Грамматикон синонимтæ

Грамматикон синонимтæ хонæм, сæ грамматикон нысаниуджытæ æмхуызон кæмæн сты, ахæм алыхуызон параллелон грамматикон формæтæ. Зæгъæм, грамматикон синонимтæ сты: 1) хуымæтæг

хъуыдыйӕдтӕ амад мивдисӕгон ӕмӕ амад номон зӕгъинӕгтимӕ *(Лӕппу кусын райдыдта – Лӕппу куысты сӕргъы ӕрлӕууыдис)*; 2) хуымӕтӕг мивдисӕгон ӕмӕ амад номон зӕгъинӕгтимӕ *(Ӕз суазал дӕн – Мӕнӕн уазал у)*; 3) хуымӕтӕг хъуыдыйад иртӕстгонд фӕрссагми кӕнӕ фӕрссагмион здӕхтимӕ ӕмӕ домгӕвазыгджын хъуыдыйад (*Скъолайӕ сӕ хӕдзармӕ цӕугӕйӕ, Гӕбилы бахизын хъуыдис суадоныл, цӕугӕдоны сӕр нарӕг хидыл* (Дз.К.). – *Гӕбилы, скъолайӕ сӕ хӕдзармӕ куы цыдис, уӕд бахизын хъуыдис суадоныл, цӕугӕдоны сӕр нарӕг хидыл)*. Ахӕм синонимон баивд фӕзыны тексты (хъуыдыйады) стилыл: нал ын вӕййы ӕлвӕст, цыбыр арӕзт. Фӕрссагмитӕй арӕхдӕр пайда кӕнынц чиныгон ныхасы.

Синонимон къордтӕ аразынц ӕндӕр грамматикон формӕтӕ дӕр: 4) номдар ӕддагбынатон хауӕны ӕмӕ номдар бынаты фӕсӕвӕрдтимӕ *(доныл – доны сӕр – доны уӕлӕ)*; 5) разӕвӕрд «ӕд» номдаримӕ ӕмӕ хуызӕнон хауӕны номдар *(ӕд чиныг – чиныгимӕ)*; 6) вазыгджын хъуыдыйӕдты алы хуызтӕ *(Мит рауарыдис, ӕмӕ бӕстӕ урс адардта; Мит кӕй рауарыдис, уый тыххӕй бӕстӕ урс адардта; Мит рауарыдис: бӕстӕ урс адардта)*; 7) иувӕрсыг ӕмӕ дывӕрсыг хъуыдыйӕдтӕ *(Зӕгъ-ма, мӕ хъӕбул, куыд цӕрдзыстӕм дарддӕр* (Хъ.А.). – *Зӕгъ-ма, мӕ хъӕбул, куыд цӕрдзыстӕм мах дарддӕр)*; 10) ӕнӕцӕсгомон ӕмӕ ӕбӕлвырдцӕсгомон хъуыдыйӕдтӕ *(– Ам дымӕн нӕй. – Ам нӕ дымынц)*; 12) мивдисджыты алыхуызон формӕтӕ (транспозици) *(– Тагъд мӕ разӕй ацу. – Мӕ разӕй куы ацӕуис!; Нӕ хӕхбӕсты лӕппу фӕсивӕдӕй хистӕрты фарсмӕ фынгыл мачи рабадтаид* (Хъ.М.). – *Нӕ хӕхбӕсты лӕппу фӕсивӕдӕй хистӕрты фарсмӕ фынгыл ничи рабаддзӕнис)*. Фыццаг хъуыдыйады ис домӕн, бардзырд, дыккаджы та уыцы домӕн бӕллиццаг здӕхӕны руаджы фӕлмӕндӕрӕй ӕвдыст цӕуы.

**Фӕлтӕрӕнтӕ**

*1-аг фӕлтӕрӕн.* Ссарут синонимтӕ, бацамонут сын сӕ хуызтӕ (лексикон, фразеологион, грамматикон).

1. Ехх, цы фарны дзырд у – фидӕн,
ехх, цы хӕзна ном у – сом!
Хъуамӕ сомы аккаг суӕм,
Фидӕнӕн нӕ тугӕй фидӕм (Хъ.Ӕ.).
2. Сусӕны судзгӕ-уыраугӕ хур
Хъӕууынгты зилы ӕгуыппӕгӕй (Х.К.).

3. Кӕмдӕр сыхӕгты уасӕг йӕ базыртӕ ныууыгъта. Ӕнхъӕлдӕн, уый та йӕхи гоппойы къӕхты къупп-къупп ссыди. 4. Йӕ сабиты цины аргъ не сты хурӕй, денджызӕй. 5. Кӕд йӕхи хъӕбултӕй дӕр лӕгау лӕгтӕ рахъомыл уаид. 6 Кӕстӕр лӕппуйӕн ӕнахуыр хъазӕн ӕрбаласта, ӕмӕ йыл цӕст нал хӕцы. 7. Бузныг йӕ хӕлӕрттӕй: цух ӕй нӕ уадзынц. 8. Ӕхсӕвӕй, бонӕй йӕ уӕлхъус бадти йӕ рагон лымӕн. 9. Уалынмӕ Езейыфырты къухмӕ бахаудис. Йе ’рдхорд ын йе ’фсургъы барц ӕрцахста. Бӕргӕ йыл не ’ууӕндыд. Фӕлӕ, Гиппократы ард чи бахордта, ууыл нӕ фӕтых и. 10. Сатӕг уддзӕф рудзынгӕмбӕрзӕнтӕ фӕйнӕрдӕм аппӕрста ӕмӕ уаты рӕбынты хъазы. Лӕг йӕ риуы дзаг сулӕфыд: – Бузныг, уадымс, ӕгайтма фӕзындтӕ (М.С.).

*2-аг фӕлтӕрӕн.* Ныффыссут лӕвӕрд дзырдтӕн сӕ синонимтӕ. Бацамонут сын сӕ хицӕнгӕнӕн ӕууӕлтӕ.

Фыдыбӕстӕ – …; Ирыстон – …; хӕдзар – …; мад – …; фыд – …; фыды фыд – …; мады мад – …; сывӕллон – …; чызг – …; зӕнӕг – … .

Цӕуын – …; згъорын – …; худын – …; хӕрын – …; дзурын – …; къахдзӕф кӕнын – …; уигъын – … .

Ӕввонгхор – …; фӕлмӕн – …; рӕсугъд – …; сӕрбӕрзонд – …; мӕстыгӕр – …; циной – …; хорз – ... .

*3-аг фӕлтӕрӕн.* Нысангонд дзырдтӕ баивут сӕ синонимтӕй. Зӕгъут, куыд аивдзӕнис уый фӕдыл хъуыдыйӕдты мидис. Бамбарын кӕнут, цӕмӕй хицӕн кӕнынц кӕрӕдзийӕ синонимон дзырдтӕ (нысаниуӕджы фӕлгъуызтӕй, стилистикон ахуырстӕй).

1. Цы хуызӕн у, цы, Госӕзи! *Хӕрзконд, рӕсугъд, куыстуарзон* (К.А.). 2. Ӕппӕлгӕ куы кодтай, уымы ӕфсинтӕ ахуыргонд

сты æмæ *дыдæгътæ* уа, цымгæфых уыдон хуызæн ничи сфыцдзæн. 3. Нæ *зæронд мад* цæмæн иунæгæй бады? Цом, базонæм æй. *Сабыр*, хъуызæгау æрбацыдысты æмæ дын æнцад кастысты се *стыр мадмæ* (Н.к.). 4. *Сылгоймæгтыл* стыр куыст ис: *афтид сывæллæттæ* хæссын æмæ уыдон хъомыл кæнын йæхи æмæ *дзыллæйы* пайдайæн, уымæй *стырдæр куыст* ма цы и! (Т.Х.). 5.Ох, ох, лæппутæ! *Сылæй* хæрзтæ куыннæ вæййы! (Б.Г.). 6. Мад фыр *худæгæй тыппыртæ кодта*. *Цот* куы бамбæрстой, хъуыддаг куыд рауад, уый, уæд уыдон дæр се рагъы нуæрттыл атылдысты. *Хорз* куы фæхудтысты, уæд сæ сæхимæ схуыдтой, кусарт сын акодтой (Хъ.А.). 7. *Æнамонд цъæхзæнгойджынтæ, къуыбырхъустæ*, ме стуры уæны стджытæ уæ *хурхыты ныццæхгæрмæты уæнт* (Куыдз.Б.). 8. Дыууæ лæппуйы дарæс фæсуртæ сты, фæлæ уæрыкк чи балхæдта, уый нырма зыбыты лæцъирæг уыди (Г.Ал.). 9. Къæвдайы сæх-сæх хъуысти хатæнмæ (Г.Ал.). 10. Æцæг æцæгæлон хæдзары афтæ ныхджын никуы уыд, фæлæ йæм ныр йæ къæйных митæ дæр æвзæр нал кастысты (Г.Ал.).

Дзырдтæ æххуысæн: *бакастджын, гуырвидауц, зæрдæисгæ, куыстæмхиц, куыстарм, чъиритæ, хæбизджынтæ, дывæлдæхтæ, æнæсым, æнæстыф, дыцъарыгтæ, къæбæргæнæг, фыдæбон, нана, æна, гыцци, æрмæст, дзыцца, адæм, лыстæджытæ, егъаудæр, фаг, сылтæ, зæйц, зæнæг, фæчыр-чыр кæнын, бирæгътæ, хъуыры, нынныхсын, ныффидар уæвын.*

*4-æм фæлтæрæн.* Бацамонут синонимты стилистикон æууæлтæ.

Нард – хæрзхуыз – тыппыр – дæнгæл – тæнджын – сæвджын – гуыбынджын – бæзджын; нæй – стæм уæвын –дзаг уæвын – фæвæййын; лæг – нæлгоймаг – нæлбикъ – нæлыстæг; коммæгæс – æнæзивæг – уисæнгæнæг; чызг – гыгы – гыкъына – дзыкъы-мыкъы; тыхджын – хъаруджын – богал; Ирыстон – Иры дзыхъхъ – Иры кæвдæс; мады мад – дзыцца; Хуыцау – Уæллаг; бынтæ – тугвæллой; хъысмæт – ныхыдзуар; рæсугъд – уацфидауц; æнæзонд – тутсæр.

*5-æм фæлтæрæн.* Бацамонут градаци аразæг дзырдтæ.

1. Цуанон йæ цæст дæр нæ ныкъулы. Нæй йын фæивгъуийæн, фæцудæн, фæрæдийæн. Уæд бабын, фесæфт, бацарæфтыд. Тæхуды, сырдæн йæ сахъат къахыл æрцу… Æмæ куы ферра уа. Фæлтау уал фæхурх уæд. Уыйфæстæ схъиуæд æмæ рæдувæд (М.С.). 2. Уый аппары йæ нымæты йæ къæхты бын. Æрхуыссы йыл. Æрфæлдæхы. Æрæнцайы (Б.Г.). 3. Уæд Уастырджи куы ныццæвы йæ цъæх бæхы, – / Зæрдæхъыгæй фæраст вæййы, фæтар вæййы (Б.Г.).

4. Фæци дæ рай, æрцыд дæ рад:
Æнхъæлцау мацæмæй у разæй,
Кæд афтид у, уæддæр у цард,
Æмæ йыл хæц, быхс ын, фæраз æй!..
(Нафи)

5. Бырсы, цæуы, лæгæрды хъал дон,
Тæрсынц йæ уылæнтæй зынг, дур…
Фæзынди мæй бæрзонд йæ сæрмæ;
Тæмæнтæ калы, ’рттивы дон;
Ызгъоры, уайы, ’мæ йæ хъæрмæ
Сæдæ хъæлæсæй зары ком (Ниг.).

6. Рæсугъд сæм ракæсæд уæлвонгæй / Нæ хурзæрин, нæ хуры цæст (Ниг.).

7. Хицæн хæдзæртты исбон азæй-азмæ руайы, æвзийы, æмпылы, æхсæнады фæллæйттыл та æфты аргъæутты бæркæдтау (А.И.).

*6-æм фæлтæрæн.* Бацамонут синонимон фразеологион здæхтытæ. Саразут цалдæримæ хъуыдыйæдтæ.

Цæсгом хæрын; цæсгом ныддарын; къæрттæй цъула не ’ппарын; зæрдæ хæрын; зæрдæ кæрчытæ хæрынц; цæстытæ туджы зилын; мæстæй тъæппытæ хауын; маст хъуырмæ ссæуы; зæрдæ фæрчытæ хауы; æвзаг аныхъуырын; дзых сæхгæнын; дзых æркъæпп кæнын; размæ схойын; топпы кæсæнæй кæсын; маргзæрдæ дарын; арсы хъуыны мæлдзыг.

*7-æм фæлтæрæн.* Бамбарын кæнут æнгом дзырдбæстыты мидис, ныффыссут сын синонимтæ.

Цæст дарын, зул цæстæй кæсын, цæсты фæныкъуылдмæ, цæсты гагуыйау хъахъхъæнын, цæстæй хай ма уæд,

цæстмæ дарын, цæстытæ ныуурс сты, цæсты фæрдыг, цæстмæ митæ, цæст уарзын, цæсты æфтауын, цæстытыл уайын, цæст нæ ныкъулын, цæстмæ кæсын, цæсты зулæй кæсын, цæстытæ ныццæвын, цæст нæ исын, цæст æрæвæрын, цæсты æфтын.

*8-æм фæлтæрæн.* Сбæрæг кæнут синонимон фразеологизмтæн сæ хицæнгæнæн æууæлтæ.

Иу хæдзары хуызæн цæрын – иу бинонты хуызæн цæрын; ныфс фесæфын – ныфс атæхын – ныфс ахуыссын; зондæй фæцух уæвын – зондæй фæчиуын; цард нывонд кæнын – цард нывонд хæссын; цæлхдуртæ æвæрын – дур фæлдахын – фæндæгтæ лыг кæнын – къах дарын; кард æмæ фыд уæвын – гæды æмæ куыдзы цард кæнын; хуыртæ æхсæдын – гæлæмытæй хъазын – зæрдæйы дон уадзын; сæрыл хаст уæвын – уд нывонд кæнын; туг хъазын – туг æмæ æхсыр уæвын; æвзаг суадзын – дзых не 'хгæнын.

*9-æм фæлтæрæн.* Баивут нысангонд дзырдтæ фразеологизмтæй.

1. Дыууæ хæлар лæппуйы **кæрæдзи æнгæс тынг уыдысты**. 2. Æрыгон сылгоймаг **алцæмæ дæр хорз арæхстис**: хуыйынмæ, чъиритæ кæнынмæ, фæндырæй цæгъдынмæ. 3. Ныртæккæ арæзтад **у афтид**, фæлæ уый рæстæгмæ у. 4. Мæхæдæг дæр æй **не 'мбарын**, йæ фарстæн ын дзуапп цæуылнæ радтон. 5. Сывæллонæн **«ма кæ» зæгъæг** куы **нæ уа**, уæд фыдуаг кæны. 6. Мæ ног æмбалимæ базонгæ дæн Дард Скæсæны æмæ йæ **хорз базыдтон**. 7. Лæг **удуæлдай куысты руаджы** йæ цард сарæзта.

Æххуысгæнæг æнгом дзырдбæстытæ: *иу мады зæнæджы хуызæн; кæрæдзи халдих уæвын; дыууæ къухы хуызæн; сыгъзæрин къухты хицау; сæр нæ ахсын; рохтæ суадзын; хи фæнд тæрын; дымгæ æхситт кæны; йæ уазал смаг цæуы; æхсæв, бон нæ иртасгæйæ.*

*10-æм фæлтæрæн.* Баивут дзырдтæ сæ синонимон фразеологизмтæй.

Тагъд – цæсты фæтъæбæртмæ (цæсты фæныкъуылдмæ), хъæр кæнын, мæгуыр, тыхсын, маст, æнкъард уæвын, æдзынæг кæсын, мæлын, тæрсын, хæлæг кæнын, бын кæнын, æнæгъдау, æнæхъæнæй, хъуыды кæнын.

*11-æм фæлтæрæн.* Баивут хуымæтæг хъуыдыйæдтæ синонимон вазыгджын хъуыдыйæдтæй. Зæгъут, куыд фæзыны уый тексты стилыл.

1. Фæндзай фысыл фидыдæй йæ афтид армæй рарвыста Бадила. 2. Мæ хуыздæр æвдисæнтæ та цæугæ не 'ркодтой, æвæццæгæн, Бадилайы тасæй, æфсæрмæй. 3. Куыдзау мæм фæсидт, æмæ æрбазгъордтон мæ фæцахуырæй. 4. Уыдон æгомыг сты, æвдисæнтæн дын нæ бæззынц. 5. Сахуыр дыл сты æгас хæдзарвæндаг, хионы хуызæн дæ уарзынц. 6. Фæззæг не 'ккой. Йæ фæстæ зымæг къæсæрæй æрбакæс-æрбакæс кæны. Нæ дын уадиссаг хуымгæнд хатын, нæ хосгæрст. Цы æркæрддзынæ, цы æрæссивдзынæ? 7. Хур æмбисы онг ныссагъди фæсрагъ. Кæмттæ талынг кæнын райдыдтой (Б.Ч.).

***Цгъойты Хазби,***
газет «Рæстдзинад»-ы
бæрнон редактор

# ФЫДÆЛТÆ, БИНОНТÆ, ХÆСТÆДЖЫТÆ, ХÆЛÆРТТÆ (ЦЫБЫР ДЗЫРДУАТ)

Абоны фæлдурæджджын рæстæг цард куыд тагъд ивы, афтæ фæлурс кæнынц адæмы æхсæн хæстæгдзинады æнкъарæнтæ дæр. Иуæй-иуты мулчы æмæ стыр бынаты цур ничиуал хъæуы, ницы сæ æндавы, сæ зæрдæты сæрæй кæсынц сæ хæстæджытæм, хæлæрттæм, зонгæтæм, сæхимæ æнкъарæн нæ уадзынц. Ахæм уагæн фидæн нæй, æмæ дзы нæ кæстæрты хъахъхъæнын хъæуы. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, мыхуыргонд цæуы ацы цыбыр дзырдуат дæр. Уадз æмæ кæстæртæ зоной, сæ хæстæджытæй сын чи куыд бавæййы, стæй иронау æмæ уырыссагау куыд хуыйнынц, уый.

Фыдæлтæ – предки.
Æрвадæлтæ – однофамильцы.
Æрвад – родич.
Хæдзарвæндаг – родословная.
Мыггаг – фамилия.
Мыггагон – родовой.
Мыггаджы сæр – родоначальник.
Бинонтæ – семья, семейство.
Бинойнаг – супруга, жена.
Ныййарæг – родитель.
Ныййарджытæ – родители.
Фыд, баба – отец, папа.
Мад, æна, дзыцца, гыцци – мать, мама.
Стыр фыд, дада, æда – дедушка; отец отца, отец матери.
Стыр мад, нана, дытта – бабушка, мать отца, мать матери.
Мады зæнæг – родные братья и сестры.
Фыды фыд – дедушка, дед; отец отца.
Фыды мад – бабушка, бабуля, мать отца.
Мады фыд – дедушка, дед, отец матери.
Мады мад – бабушка, бабуля; мать матери.
Мады ’рвад – родственник со стороны матери; дядя.
Мады ’рвадæлтæ – семейство отца матери и ее девичья фамилия.
Лæг, мой, цардæмбал, къай, сæры хицау – муж, супруг, мужчина по отношению к женщине, с которой он состоит в браке.
Ус, усай, цардæмбал, къай, сывæллæтты мад – жена, супруга, замужняя женщина (по отношению к своему мужу).
Фырт, лæппу – сын, отрок.
Чызг – дочь.
Æфсымæр – брат; сын в отношении к другим детям одних родителей.
Хо – сестра; дочь в отношении к другим детям одних родителей.
Фыды æфсымæр – дядя, брат отца.
Мады æфсымæр – дядя, брат матери.
Фыды хо – тетя, сестра отца.
Мады хо – тетя, сестра матери.
Хицау – свекор, отец мужа.
Æфсин – свекровь, мать мужа.
Усгур – жених.
Сиахс – зять, муж дочери или сестры.
Чындздзон – девушка на выданье.
Чындзаг, усаг, къайаг – невеста.
Чындз, ностæ – невестка, жена брата или жена сына, сноха, жена сына по отношению к его отцу.
Чындзы цæгат – свояки.
Каис, усы фыд – тесть, отец жены.
Каис, усы мад – теща, мать жены.
Къайаг – жених, невеста.
Усы æфсымæр – шурин, брат жены.
Æмсиахс, усы хо – свояченица; сестра жены.
Хурæргом хæдзар – дом мужа невестки.
Æмсиахс, усы хойы лæг – свояк; муж свояченицы.
Тиу, лæджы æфсымæр – деверь, брат мужа.
Ходыгъд, лæджы хо – золовка, сестра мужа.
Файнуст – невестка; жена одного брата по отношению к жене другого брата.

Цæгат – родительский дом замужней женщины.

Цоты цот – внуки, внучата; – сыновья и дочери сына или дочери.

Фырты фырт – внук, сын сына.

Фырты чызг – внучка, дочь сына.

Чызджы фырт – внук, сын дочери.

Чызджы чызг – внучка, дочь дочери.

Хæрæфырт – племянник или племянница, сын или дочь сестры или женщины одной фамилии.

Цардхæрæфырт – племянник или племянница родословной.

Æфсымæры лæппу – племянник, сын брата.

Хойы лæппу – племянник, сын сестры.

Æфсымæры чызг – племянница, дочь брата.

Хойы чызг – племянница, дочь сестры.

Хион – родной, свой.

Хæстæгдзинад – родство.

Хæстæг, хæстæджытæ – родня.

Хæстæг кæнын – роднить, родниться.

Номæвæрæг – кум, кума, крестный отец или крестная мать в отношении к истинным родителям и их детям.

Æмгар – сверстник, одного возраста.

Æрдхорд – побратим.

Æфсымæргонд – названый брат.

Хæлар – друг, приятель.

Хогонд – названая сестра.

Идæдз – вдова или вдовец.

Идæдз лæг – вдовец; мужчина, у которого умерла жена.

Идæдз ус – вдова; женщина, у которой умер муж.

Сидзæр – сирота; мальчик или девочка без матери или без отца.

Мадæй сидзæр – сирота, мальчик или девочка без матери.

Фыдæй сидзæр – сирота, мальчик или девочка без отца.

Бынтон сидзæр – круглая сирота, мальчик или девочка без матери и отца.

Сидзæргæс – вдова, мать сирот.

Сидзæрты хицау – вдовец, отец сирот.

Фыды ус – мачеха, неродная мать, жена отца.

Мады лæг – отчим, неродной отец, муж матери.

Лæджы чызг – падчерица; дочь мужа.

Лæджы лæппу – пасынок; сын мужа.

Усы чызг – падчерица; дочь жены.

Усы фырт – пасынок; сын жены.

***Уалыты Татьянæ,***
фил. наук. кандидат, АКЗУИ-ы
ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы сæргълæууæг

## ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА СЫВÆЛЛÆТТÆН

Хетæгкаты Нафирæт æмæ Хæблиаты Сафары чиныг «Къостайы кадæг»-ы ис фыссæджы сабийы бонты тыххæй ахæм цау. «Къоста æмæ Дауыт æрæгвæззæджы хъомы рад хизынмæ ацыдысты уæлвæзмæ. Къоста иу ранмæ бауад. Кæсы, æмæ иу мыст æхсæр æхсыны йæ уæрмы раз. Лæппу йæ лæдзæгæй зæхх акъахта æмæ дзы диссаджы æвæрæнтæ ссардта. Æхсæр акъæрцц кæны, æмæ – аппæй йæ тæккæ дзаг.

– Мæнæ диссаг, ацы ран æхсæр æвваххс куы нæ зыны, уæд сæ кæцæй хъуамæ æрбахастаид? – дзуры Къоста Дауытмæ.

– Кæс-ма, мыст куыд зонджын у æмæ йæхицæн зымæгмæ æвæрæнтæ куыд кæны.

Æхсæртæй сæ дзыппытæ айдзаг кодтой. Уæд Къоста афтæ зæгъы:

– Фæуадзæм-ма йын дзы, тæригъæд у.

Дауытмæ худæг фæкасти:

– Мыстæн та цы тæригъæд кæныс. Къæбæры дыууæ басылыхъхъы куы бахордта.

– Дадайы карды фистон дæр бахордта, фæлæ йæ уæддæр уазал зымæджы æххормагæй куыд ныууадзæм.

Къоста æмæ Дауыт мыстæн сæ кæрдзынтæ ныммуртæ кодтой æмæ йын сæ йæ хуынчъы ныввæрдтой, æхсæртæй дæр ма йын ныуугътой.

Искæй хъыг æмæ мæт, уæлдайдæр та сывæллæтты, зæрдæмæ арф исын уыд гыццылæй фæстæмæ дæр Къостайы сæйрагдæр миниуæг.

Йæ уарзон ахуыргæнæг В.И.Смирновмæ уæззау операцийы фæстæ Бетъырбухæй фыста: «Ацы егъау æмæ æнкъард рынчындоны бирæ сæдæ хъæрзæг адæмты æхсæн мæ зæрдыл дæ сывæллæтты хуызæн тынг ничи лæууы! Куыд æхсызгонæй арвитин æз уыдонимæ ацы бæрæгбæттæ... Фæлæ, æвæццæгæн, мæ хъысмæт нæу ахæм амондджын уæвын. Суанг мæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ нæ федтон мады рæвдыд æмæ бинонты цин, æмæ уый фæдыл ныртæккæ дæр сывæллæтты цин æмæ хъыг мæ зæрдæмæ афтæ тынг исын, æмæ йын зæгъæн дæр нæй».[2]

Къостайæн кæй нæ бантыст банкъарын «священной радости ликующего детства», æвæццæгæн уымæн «цыдæр уæздан уарзт æмæ зæрдæмæхъаргæ æрхæндæг зæлтæ хъуысы, сывæллæттæн цы уацмыстæ ныффыста, уыдонæй».[3]

«Сывæллæттимæ куыд хъæлдзæг вæййын, афтæ никæимæ, уыдоныл куыд сагъæс кæнын, афтæ никæуыл» чи фыста йæ фыстæджы, уыцы стыр поэт тынг хорз зыдта, ирон сывæллонæн ахуырмæ фæндаг зын кæй уыд, уый. Æнæзонгæ йын нæ уыд, хъæууон скъолаты ахуыргæнæн æрмæгæй иунæг дамгъуат æмæ дины чингуытæ йеддæмæ кæй ницы уыд, уый дæр. Уыдон та фаг ахъаз нæ уыдысты сывæллæтты ахуырадон æмæ хъомыладон рæзтæн.

Йæ фыццаг радзырд «Дзæбидырдзуан» ныффыста 1893 азы.

Сæрмагондæй рæзгæ фæлтæрæн фыст кæй уыд, ууыл дзурæг у, мыхуыры журнал «Детское чтение»-йы кæй рацыд, уый дæр.

Ирон скъола æмæ сывæллæтты уæззау уавæр истæмæй фæрогдæр кæныны тыххæй фыссæг сфæнд кодта ирон æвзагыл чиныг саразын Д. Ушинскийы «Русское слово»-йы хуызæн. Йæ ном ын схуыдта «Мæ лæвар Иры сывæллæттæн». Хъыгагæн, Къостайы арæзт чиныг æбæрæг аххосæгты тыххæй йæ цæргæйæ нæ рацыд мыхуыры. Æрхæццæ нæм æрмæстдæр чиныджы къухфыст. Æмдзæвгæтæ хицæн хайæ бацыдысты йæ зындгонд «Ирон фæндыр»-мæ (1899). 1936 азы поэты цалдæр æмдзæвгæйы та рацыдысты ахæм сæргондимæ: «Гино-гино-гис» («Гино», «Зæрватыкк», «Дзывылдар», «Æрра фыййау», «Кæмæн цы...», «Уасæг», «Фыдуаг», «Скъолайы лæппу», «Цъиу æмæ сывæллæттæ», «Марходарæг»). «Мæ лæвар Иры сывæллæттæн» мыхуыры фæзынд æрмæстдæр 1939 азы, поэты 80 азы бонмæ, Къостайæн йæхи конд орнамент æмæ нывгæнæг В. Лермонтовы аив нывтимæ. Хаст æм æрцыдысты æмдзæвгæтæ æмæ баснятæ: «Уалдзæг», «Сæрд», «Фæззæг», «Зымæг», «Гино», «Зæрватыкк», «Дзывылдар», «Æрра фыййау», «Уасæг» (уырыссаг адæмон сфæлдыстадæй ивд), «Фыдуаг», «Скъолайы лæппу», «Кæмæн цы...», «Цъиу æмæ сывæллæттæ», (Порецкийæ тæлмац), «Марходарæг», «Рувас æмæ зыгъарæг», «Уайдзæф», «Саг æмæ уызын», «Бирæгъ æмæ хърихъупп», «Халон æмæ рувас», «Булкъ æмæ мыд», «А-лол-лай», «Сидзæргæс», «Хъуыбады», «Хъазтæ», «Лæскъдзæрæн», «Фсати».

Къостайы сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæ фæстæдæр ирон æмæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй хицæн чингуытæй рацыдысты: «Æмдзæвгæтæ» – 1939 азы (Мæскуыйы рауагъдады), «Сывæллæттæн»-1946, «Зæрватыкк» – 1948, «Зæрватыкк» – 1949, «Снег сияет горный» – 1950 (Мæскуыйы), «Избранные стихи» – 1952 (Бацæттæ йæ кодта Ю.Н Лебединский), «Сывæллæттæн» – 1964, «Фыййау» – 1966, «Кæмæн цы...» – 1966,

«Цъиу æмæ сывæллæттæ» – 1972, «Мæ лæвар сабитæн» – 1977 (Цхинвал).

Уымæй уæлдай ма поэты æмдзæвгæтæ мыхуыргонд цыдысты йæ уацмысты æмбырдгæндты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Мæскуыйы æмæ бирæ æндæр горæтты уагъд журналты, альманахты æмæ газетты.

Къоста йæ сабийы бонты цы федта æмæ бавзæрста хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр, цæмæй фæцух, цæмæ бæллыд, уыдон уæлдæр ранымад æмдзæвгæты рæдауæй схай кодта Иры сывæллæттæн. Бафтыдта ма сæм: йе 'ппæт дæснызинад, зæрдæйы фæндиæгтæ. Фыссæг рæзгæ фæлтæрæн дзуры фыдыуæзæджы рæсугъд æрдзы тыххæй («Сæрд», «Уалдзæг»), æвдисы адæмы уæззау хъизæмайраг царды фадæттæ уыцы æрдзы хъæбысы («Зымæг», «А-лол-лай»), сæ зæрдæты сын гуырын кæны сæрибармæ, ахуырмæ, царды бæрзæндтæм тырнындзинад («Скъоладзау»). Ахуыр сæ кæны хæларзæрдæ, фæлмæнзæрдæ уæвынил, фæллой уарзынил, хи дарыны æгъдæуттыл, зындзинæдтæй нæ тæрсынил, æрдз уарзынил.

Поэт сывæллæттæн цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдон Л.П.Семеновмæ гæсгæ дихгонд цæуынц ахæм темæтыл:

– æмдзæвтæтæ сывæллæтты тыххæй: «Скъолайы лæппу», «Лæгау», «Фыдуаг», «Кæмæн цы?»...

– æмдзæвгæтæ æрдзы тыххæй: «Сæрд», «Фæззæг», «Зымæг», «Зæрватыкк», «Дзывылдар», «Гино».

Фæлæ Къоста рæзгæ фæлтæрæй не 'мбæхста царды зындзинæдтæ, гыццылæй сæ ахуыр кодта цæлхдуртæ иуварс кæнынил. Уымæ гæсгæ 3-аг къордмæ ахæссæн ис адæмы зын цард æвдисæг уацмыстæ: «А-лол-лай», «Сидзæргæс», «Хъуыбады», «Мæгуыры зарæг», «Мæгуыры зæрдæ» æмæ йæ радзырд «Дзæбидырдзуаны».

Л.П.Семенов Къостайы сывæллæттæн фыст æмдзæвгæты тыххæй афтæ фыста: «....Они отличаются четкостью и грациозностью образов, в этих поэтических жемчужинах сквозит» безграничная любовь Коста к детям, его приветливая усмешка, глубокая наблюдательность. Такие стихи должны нравиться детям и легко им запоминаться».[4]

Æцæгæй дæр афтæ кæй у, уымæн æвдисæн ирон саби хæрз чысылæй кæй базоны æмæ бауарзы æмдзæвгæтæ: «Гино», «Скъолайы лæппу», «Уасæг», «Фыдуаг», «Лæгау» æмæ æндæртæ. Зæгъæм, æмдзæвгæ «Гино». Сывæллон йæ къахыл цæуынхъом куы фæвæййы, уæд хæдзары гæдыйæ диссагдæр ницы фены, фæхъазы дзы, йæ царм ын фæивазы. Фæлæ ма уæддæр гæды уымæй хъаруджындæр вæййы. Сабийæ йæхи атоны æмæ къонайыл йæхицæн «хъарм фæлмæн кæрц»-ы мидæг фæфынæй кæны. Сывæллон та йын зæрдиагæй фæхъусы йæ «аргъæуттæм».

Æмдзæвгæ «Фыдуаг»-ы лæппу кæрдзынил кæуы æмæ йæ нæ фæнды, исчи йæм хъуса, кæнæ кæса. Уымæн æмæ йæм кæрдзынил кæуын худинаг кæсы. Æцæг лæг суæвын кæй фæнды, уый хъуамæ хъаруджын, хъæбатыр, ныфсджын уа, стонг æмæ уазалæн дæр быхса.

Афтæ æппæт æмдзæвгæты дæр хæрз цыбыр, æнæ уæлдай ныхас, рæсугъд арæзт æмæ зæрдæмæхъаргæ рæнхъыты поэт дзуры йæ зæгъинæгтæ. Уымæн афтæ фыста В.Корзун дæр: «Все свое поэтическое мастерство вкладывает Коста в эти маленькие стихотворения. Поражает многообразие тематики, умение в нескольких строчках просто, сжато, в доступной для детского понимания форме высказать многое и значительное».

Къостайæ сывæллæттæ никуы уыдысты рохы, суанг тынг зын уавæрты куы уыд, уæддæр. Мæнæ куыд фыста дард Херсонæй Цæлыккаты чызджытæм: «Сывæллæттимæ дæр дугъы уайын, хъазын пурти къуырынæй...», «... Мæ фысымтæм ис 7 сывæллоны. Байуæрстон сын кърандæстæ æмæ тетрæдтæ, ахуыр сæ кæнын. Изæры къардиуы былыл фæзарæм, райсом та балхæндзыстæм пурти æмæ къуырынæй дæр хъаздзыстæм».

Æрмæстдæр сывæллæтты тынг чи уарзы, сæ миддуне сын хорз чи зоны, сæ фидæныл сын чи тыхсы, ахæм адæймаджы зæрдæйæ рацæудзысты уæлдæр загъд

рæнхъытæ. Ахæм уыд сывæллæтты уарзон фыссæг Хетæгкаты Къоста.

**Литературæ:**

1. Корзун В.Б. Творчество Коста Хетагурова для детей//Вопросы детской литературы. М., 1955 – с.156.

2. Къоста. Уацмысты æмбырдгонд 3 томæй. 3 том. – Орджоникидзе, 1956.- ф.277.

3. Семенов Л.П. Коста Хетагуров о детях /Избранное. – Орджоникидзе, 1964.

4. Семенов Л.П. Избранное. – Орджоникидзе, 1964 – с.22.

5. Хъантемыраты Риммæ. Ирон сывæллæтты литературæйы рæзты историйы иуæ фæрстытæ //Осетинская филология. Выпуск 3. – Владикавказ, 1999. – ф.138

***Асаты Наталья,***
фил. наук. кандидат,
ЦИПУ-йы ирон литературæйы
кафедрæйы доцент

## «ИРОНИЧЕСКИЙ УДАЧНИК» ИРОН АЛÆМÆТЫ АРГЪАУЫ

***«Цæргæсы знаг хоны уызын».***
***Джыккайты Шамил***

Ирон алæмæты аргъауы богал-хъайтары æндæр хуыз – «иронический удачник» – цавæрдæр аххосæгтæм гæсгæ (кæнæ æнæ уыдонæй) æмбæхсы йæ бæгъатырон миниуджытæ. Уыимæ ма йæхи равдисы æдылыдзæф, зивæггæнаг æмæ ницæйаг адæймаджы хуызы: «Фæныкгуыз», «Хæлын Барæджы аргъау», «Æртæ æфсымæры», «Авдсæрон урс уæйыг æмæ кæфхъуындары аргъау», «Мæликк», «Æрæджиау æмæ йæ авд æфсымæры аргъау», «Ссæдз фырты аргъау» æмæ æнд.

Ацы аргъæутты сæйраг архайæг (кæстæр æфсымæр) йæ хистæр æфсымæрты фервæзын кæны мæлæтæй, аккаг устытæ сын ссары, диссаджы хæзнатæ сын самал кæны, уыдон та йыл гадзрахатæй рацæуынц, æмæ йæ дæлзæхы ныууадзынц. Фæлæ ахæм зын уавæрты кæд бахауы кæстæр æфсымæр, уæддæр цæттæ у адæмы сæрвæлтау йæ цард нывондæн æрхæссынмæ, æмæ йын уыдон дæр се ‘ххуысы хай нæ бавгъау кæнынц. Дæлзæхх цæрæг адæмы кæфхъуындарæй фервæзын кодта æмæ цæргæсы фæрцы йæ райгуырæн бæстæмæ фæхæццæ ис.

Хистæр æфсымæртæ сты тæппуд, æдых, хæлæггæнаг, хинæйдзаг, æгъатыр. Кæстæр æфсымæр та у бынтон æндæрхуызон. Ацы æвæрццæг фæлгонцы æвдыст цæуы æцæг ирон хохаг нæлгоймаджы адæмон идеал.

Патриархалон бинонты æхсæн хистæр кæстæрæн уыд уынаффæгæнæг канд хæдзары нæ, фæлæ ма адæмы æхсæн дæр. Æгъдаумæ гæсгæ кæстæр лæггад кодта хистæртæн. Мæнæ куыд бадзуры Чермен Тылаттаты хистæртæм:

*Мыггаджы уа, хъæубæсты, йе – хæдзары, –*
*Æгъдауджын хистæр цалынмæ дзы уа,*
*Йæ кæстæрты ‘хсæн цалынмæ йын кад уа,*
*Уæдмæ сæ хъуыддаг арæзт у, сæ цард*
*Цæудзæн нывыл…*

Хистæры раз кæстæрæн ныхасы бар дæр нæ уыд, уыимæ кæстæр æхххæст кодта хистæры æппæт бардзырдтæ дæр:

*Фыдæй фыртмæ ирон дзыллæйæн баззад*
*Цыт æмæ намыс хистæрæн. Цы ис*
*Рæсугъддæр уыцы хорз æгъдауæй! Хистæр*
*Ныхас кæны, йæ разæй ма дзур ды;*
*Куы зæгъа цума, – баххæст æй кæ уайтагъд;*
*Фæндагыл ис, – йæ разæй макуы хиз,*
*Йæ разæй ма сбад бандоныл; йæ куыстæй*
*Куы 'рыздæха, – йæ дзабыртæ йын ралас,*
*Йæ къæхтæ йын хъæрмуст донæй æрыхс;*
*Фæрс-иу æй зондæй, кæн æххæст йæ*
*фæдзæхст,*
*Æмæ уыдзæн уæ дыууæйæн дæр кад…*

Фæлæ лæггад дыууæрдæм у: «Несмотря на то, что глава семьи ведал в доме всем и повелевал всеми, его власть была ограничена определенными нормами семейного и общественного быта, правилами внутрисемейного этикета».[1] Æвæццæгæн, аргъæутты дæр хистæр æфсымæртæм ахæм цæстæнгас хъуамæ уаид, фæлæ, цы аргъæуттæ равзæрстам, уыдонæй иуы дæр нæй «первое правило патриархальной жизни, по которому сын подчиняется отцу, и младший – старшему».[2] Уымæй уæлдай ма аргъаугæнæг худы хистæр æфсымæрты ницæйагдзинадыл æмæ сæ нымайы «узурпаторами коллективной собственности, нарушителями родовых традиций, преступными эгоистами».[3] Кæстæртимæ ахастыты сæхи дарынц диктаторты хуызы, сты æгæрон цытуарзаг, сæ уд, сæ дзæцц – хицауиуæг кæнын. Ахæм ахаст, Е.М. Мелетинскийы хъуыдымæ гæсгæ, баст у **минораты** æгъдауимæ. «Причина идеализации младшего брата заключается в ущемлении его прав в эпоху разложения патриархально-родового уклада, когда наследство достается старшим братьям. Отсюда в сказках мотив предательства старшими братьями младшего»[4].

Хистæр æфсымæртæ æгъдау æрмæст сæхи пайдайæн æмбæрстой, афтæмæй та «…старший не должен был безрассудно пользоваться своей властью, действовать вопреки интересам семьи, а тем более злоупотреблять ею. Нарушение этого правила приводило к падению авторитета, к игнорированию его распоряжений».[5]

Раст афтæ рауади Тылаттаты хистæр Даккойы хабар дæр. Чермен ын адæмы раз раргом кодта йæ ницæйагдзинад:

*Лæг лæг куы уа, – хæларзæрдæ, цæстуарзон,*
*Рæстылдзæуæг, уæд уымæн ратт æгъдау, –*
*Фæлæ ды стигъæг, удхор куы дæ, бирæгъ,*
*Лæгæн йæ рихи худинаггæнæг!*

Уымæ гæсгæ хистæр йæ алы ныхасыл æмæ йæ алы хъуыддагыл дæр хъуамæ лыстæггай хъуыды кæна: «Малейшее злоупотребление своей властью, своим правом, какое-нибудь деспотическое отношение ведет к полному падению его авторитета. Вот, что кладет печать величайшей осторожности даже на каждое его слово и на все отношения его к младшим, вот чем ограничена его власть. Следовательно, все отношения исключительно основаны на взаимном уважении и признании прав личности в каждом, а соответственно тому и известных общественных, семейных прав, установленных, присвоенных каждому народным нравственным кодексом».[6]

Иуæй-иу аргъаугæнджытæ хъайтары ахæм уагахаст афтæ æмбарын кæнынц: лæппуйæн мад кæнæ хо кæй нæй, уымæ гæсгæ хæдзары «æфсиниуæг» кæнын кæстæр æфсымæрмæ хауы, уый та, хохæгты

[1] Булах А.М. Женщина в скифо-сармато-аланском мире. – Владикавказ, 2008. – С. 145.
[2] Пфаф В.Б. Народное право осетин // Сборник сведений о кавказских горцах. – 1. – Тифлис, 1876. – С. 184.
[3] Мелетинский Е.М. Генезис образа героя волшебной сказки / Известия АН СССР, отд. лит. и языка. – Т. XVI. – Выпуск I. – С. 137.
[4] Мелетинский Е.М. Герой волшебной сказки: происхождение образа. – М., 1958. – С. 150.
[5] Булах А.М. Женщина в скифо-сармато-аланском мире. – Владикавказ, 2008. – С. 145-146.
[6] Кокиев С. Записки о быте осетин // Сборник материалов по этнографии, издаваемый при Дашковском этнографическом музее. – Выпуск 1. – М., 1885. – С. 75.

æмбарынадмæ гæсгæ, нæлгоймаджы аккаг куыст нæу. Уымæ гæсгæ йыл йæ хистæр æфсымæртæ дæр не 'рвæссынц, сæ сæрмæ йæ нæ хæссынц: «Цардысты æмæ уыдысты иу хъæуы æртæ æфсымæры. Дыууæ хистæры æрхастой устытæ. Кæстæр уыд Фæныкгуыз. Фæныкæй-иу кæрдзынтæ куы раластой, уæд-иу гуылыл йæхи ныццавта æмæ-иу æй ахордта» («Фæныкгуыз»). «Райсом адæм æмбырд кæнын куы байдыдтой, уæд мæгуыр лæджы фырттæ дæр цыдысты æмæ нæ уагътой сæ кæстæр æфсымæры:

– Ды та кæдæм цæуыс, æвзæр? – загътой. – Чи дæ бауадздзæн уыдон фенынмæ?! Ды нын изæрмæ цæхдæттæ æмæ кæрдзынтæ сцæттæ кæн не 'рцыдмæ» («Мæгуыр лæджы æртæ лæппуйы аргъау»).

Мæнгæй нæ фæзæгъынц: «Фыдлæг æвзалыйæ уæлдай нæу: куы нæ дæ судза, уæд та дæ чъизи скæндзæни»[7]. Гæдиаты Секъа йæ аргъæуттæй иуы фыссы: «Хъæздыгдзинад æмæ хистæрад, уарзондзинад иуæй-иу лæджы зæрдæ афтæ схъал кæны, æмæ нал фервæссы Хуыцауы сконд мæгуырдæр исдзинадыл, йæ зæрдæ бæрзонд арвы милтыл йæхи асæрфы, мæлæт ферох кæны, йæ намыс фесафы; дунейы царды адджын бæллондзинæдтæ йæ хъæбысы æрбакæны, фæлæ, уæу-уау, уыдон иу цæстыфæныкъуылды бæрц йеддæмæ не сты»[8].

Иугæр хистæр æфсымæртæ ахæм зæрдæ дардтой сæ кæстæрмæ, уæд уый дæр, йæ мæгуыры бон зонгæйæ, хæдзары бадти, хæдзары куыстытæ кодта: «Если в животе пусто, что толку от того, что если папаха надета набекрень».[9]

Фæстæдæр кæстæр æфсымæр йæ лæгдзинад куы равдисы, æмæ йæ хистæр æфсымæртæй лæгдæр куы разыны, уæд æм хæлæг кæнын райдайынц. Хорз лæгæн кæддæриддæр вæййы знæгтæ æмæ хæлæггæнджытæ. Æппæт адæм кæй уарзынц, ахæм адæймаг нæ уыд, нæй æмæ нæ уыдзæн.

«Æрæджиау æмæ йæ авд æфсымæры» аргъауы хистæр авд æфсымæры удæгасæй баныгæдтой сæ кæстæр æфсымæры æрмæстдæр уымæн, æмæ тарстысты: «Æрæджиауы кад айхъуысдзæн бæстыл, æмæ æндæр кой нал уыдзæн, уый раз мисхалы бæрц дæр нал ахаддзысты авд æфсымæры». Афтæмæй та Æрæджиау, тасы ран уæвгæйæ, фервæзын кодта йæ авд æфсымæры уæйыгæй. Бузныг зæгъыны бæсты «тар хъуыды бацыди сæ сæры авдæн дæр. Мигъ æрбадт се 'рфыджы…

Куыд уыдаид, цы уыдаид, хæйрæг сæ зонæг, фæлæ сфæнд кодтой æбуалгъ фæнд: Æрæджиауыл, сæ мадызæнæг, сæ ирвæзынгæнæгыл марыны фæнд».

Цæмæн рауади афтæ? Хæрзгæнæг бузныджы бæсты фыдбылызы цæмæн бахауд? Аргъауон хъайтары фæлгонц амад у æмткæй адæмон идеалмæ гæсгæ. Хайджын у тохгæнæг лæджы хуыздæр миниуджытæй, рæсугъд у йæ удварны хъæздыгдзинадæй: «Хæсты – сгуыхт, куысты – ерысон, адæмæн – хæлар»[10]. Иугъæдондзинад хорз у, фæлæ адæм се 'ппæт иухуызон кæм не сты, уым йе знагæн йæ фыдвæндтæ сæххæст кæнынæн ацы миниуæг хъæугæ рæстæджы ахъаз фæуыдзæн.

Йе 'ууæндаг зæрдæ фæсайдта Æрæджиауы дæр, фæлæ йæ бæхы фæрцы фыдбылызæй фервæзт æмæ рараст ис йæ райгуырæн къонамæ. Фæндагыл хъуыдытæ кæны, æмæ йæ **мидмонологы** раргом вæййынц йæ сагъæстæ: «Уæдæ ма ахæм ми искуы æрцыдаид? Цы цæсгомæй мæм ракæсдзысты ныр мæ авд æфсымæры? Куыд бакæнон, цы бакæнон? Уый бæрц мыл чи схатти, уыдон мæн цæрын нал бауадздзысты, цы фæндтæ фæкæнон, уæддæр сæ мæхи бахизын нæ бафæраздзынæн: æддагон

---

[7] Анахарсисы цыргъзонд ныхæстæ // Мах дуг. – 2009. – №4. – Ф. 221.

[8] Гæдиаты Секъа. Лæджы хъæздыгад цас хъал кæны // Гæдиаты Секъа. Уацмыстæ / Чиныг сарæзта, текстæ бацæттæ кодта æмæ йын фиппаинæгтæ ныффыста Мамиаты Надинæ. – Дзæуджыхъæу, 1991. – Ф. 472.

[9] Гамзатов Расул. Мой Дагестан / Перевод с аварского Владимира Солоухина. – Махачкала, 1975. – С. 39.

[10] Джыккайты Шамил. Æнахуыр мастисæг // Джыккайты Шамил. Арт æмæ æртхутæг: радзырдтæ. – Дзæуджыхъæу, 2007. – Ф. 158.

знагæй истæмæй ирвæздзынæн, фæлæ иу цары бын кæимæ цæрай, уыдоны фыдæхæй нæй хи баиргъæвæн. Ноджы æвзæрдзинад, мæнгард ми уæлахиз куы кæна, уæд цæрæн нæй зæххыл».[11]

Æрæджиауы мидмонолог аргъаумæ хъусджыты зæрдæтæ нынкъуысын кæны. Уый сабийау æууæнды адæймагыл, æххæст кæны фыдæлтыккон рæсугъд æгъдæуттæ, – уыдон æхсæн – хистæр æфсымæртæн кад æмæ лæггад кæнын. Царды фæзиланты нæма бахауд, æмæ йæ нæма уырны, æддагон æргом знагæй æвзæр фæлмæнтæдзураг æфсымæр тæссагдæр кæй у.

Аргъауы кæрон Æрæджиау йе ‘фсымæртæн цы тæрхон рахаста, уый æвдисы хъайтары æнæуынондзинад тæппуд æмæ ницæйаг адæммæ, суанг йæ мадызæнæг куы уой, уæддæр. Æфсымæрхорыл царды иу хъуыддаджы дæр æууæнк нæй:

Цы мæгуыр у, æууæнк кæуыл нæй, уый!

Уый фæдыл Джусойты Нафи йæ чиныджы афтæ фыссы: «Æууæнк кæм нæй, уым нæй адæймаг дæр, уым ис сырды психологи æмæ сырдон æхсæндзард… Нал ис, зæгъгæ, æууæнк адæймагæй адæймаджы ‘хсæн, уæд нал ис адæймаг, уæд йæ зæрдæ æмæ йæ зонды фæуæлахиз сырдон райдиан»[12].

Иугæр афтæ у, уæд фыдгæнæг алы хатт дæр баййафы карз æфхæрд.

Уыимæ ма ирон алæмæты аргъæутты арæх æмбæлынц кæрæдзиуыл гадзрахатæйцæуæг æфсымæртæ дæр. «Ханы фырт»-ы аргъауы кæстæр æфсымæр ногъайагыл куы фæтых ис, уæд ын йæ хæзнатæ зæлдаг синагыл хистæр æфсымæртæм æруагъта къæдзæхæй. Фæллой хистæрты къухмæ куыддæр бахауд, афтæ зæлдаг синаг алыг кодтой æмæ сæ кæстæр æфсымæры айнæг къæдзæхыл ныууагътой, сæхæдæг сæ хæдзармæ рафардæг сты.

Алæмæты аргъауы арæх фæзыны реализмы æууæлтæ, уæлæнгай, примитивистон психологизм. Вæййы афтæ дæр, æмæ хистæр æфсымæртæ сæ кæстæры уæнгхъуаг дæр фæкæнынц. «Бæстысæрытыхы фырт Дзамболаты аргъау»-ы дыууæ хистæр æфсымæры катай кæнынц: «Хъæумæ куы схæццæ уæм, уæд нæ адæм фæрсдзысты, кæм уын уыди утæппæт бæхрæгъæуттæ æмæ фос, зæгъгæ. Куы сын зæгъæм, мах хъæды æмбæхстыстæм, адон та Дзамболат байста не знæгтæй, уæд ныл худдзысты. Фæлтау æй амарæм. Йæ хъама йын æрбахизæны æрæвæрæм æмæ ныхъхъæр кæнæм: «Цавæр фынæй у? Знæгтæ нын нæ фос фæтæрынц!» Хуыссæгхъæлдзæгæй фæгæпп кæндзæн, хъамайыл æрхаудзæн æмæ фæмард уыдзæн».

Æфсымæртæ афтæ бакодтой, æмæ Дзамболаты æрдæгмардæй хъæды астæу иунæгæй ныууагътой. Фæлæ Дзамболат уæнгхъуагæй дæр нæ фесæфт.

Мах федтам, ирон алæмæты аргъауы хистæр æфсымæртæ сæ кæстæр æфсымæры цардмæ куыдфæндыйы цæстæй куыд кæсынц, уый. Ахæм хъысмæт ма вæййы кæстæр сиахсæн дæр. «Канон развития мотива воцарения предполагает в качестве активного субъекта, как правило, «низкого героя».[13] Уыимæ, вæййы афтæ дæр, æмæ «Такое «низкое» обличье героя может быть и ритуальной маскировкой, и тайным признаком особой магической силы, и выражением особого статуса или временной трансформацией прекрасного божественного героя, и непосредственным выражением низкого социального положения».[14]

Тынг æнæрвæссонæй кæсынц кæстæрмæ æлдар, йæ хæстæджытæ æмæ йе ‘мсиæхстæ дæр: «Чызг рацыди æмæ йæ цæстытæ бацъынд кодта æмæ сбадти йæ (мæгуыр лæджы фырты) цуры. Паддзах рацыди йæ сиахсы уынынмæ. Йæ кæстæр сиахсы

[11] Ирон аргъæуттæ / Аразджытæ: Брытъиаты С., Берозты А. – Орджоникидзе, 1954. – 86 ф.

[12] Джусойты Нафи. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – Ф. 258-259.

[13] Кобахидзе Е.И. «Воцарение» в осетинской волшебной сказке // Материалы региональной научной конференции (Четвертые Минаевские чтения по археологии, этнографии и музееведению Северного Кавказа). – 2000. – С. 70.

[14] Мелетинский Е.М. Введение в историческую поэтику эпоса и романа. – М., 1986. – С. 46.

куы федта, уæд смæсты æмæ загъта йæ искæйуæттæн:

– Акæнут сæ дыууæйы дæр æмæ сæ бакæнут кæркдоны» («Мæгуыр лæджы æртæ лæппуйы аргъау»); «Чызг разылд æмæ йæ нуазæн æрæвæрдта мыгуыр лæджы лæппуйы раз.

Адæм тынг ныххудтысты, паддзахы чызг мæгуыр лæппуйæ куыд мой кæны, зæгъгæ.

Паддзахы ус куыннæ смæсты уыдаид.

Адæм куы ацыдысты куывдæй, уæд ус мæстæй фæрынчын ис…» («Æхсарджын чызг»).

Кæстæр сиахс йæхицæн цардæмбал агуры: «Здесь дело идет о человеке, о друге, с которым предстоит прожить отпущенный богом срок»[15]. Хистæр сиæхсты бæллиц та у бынат æмæ фæллой – цæттæ цард искæй хардзæй. Ахæм адæм та кæддæриддæр æдзæттæ сты æппæтæй дæр, хин æмæ кæлæнæй дарддæр. Царды сæм хæрзиуæгыл нымад у хицауы бынат бацахсын.

Уыимæ ма хистæр сиæхстæ сæ кæстæрмæ ахæм фау хæссынц, æмæ мæгуыртæй, дæлдæртæй у, уыдон та сæхи уæздæттыл нымайынц. Цымæ сæ нымадæй уæздандзинад цы у? Ныртæккæ цы дзырдуæттæ ис, уым ис бакæсæн:

«уæздан»: 1. Человек благородного сословия, дворянин, уздень;

2. Благородный, благовоспитанный, учтивый, вежливый, изысканный, изящный;

«уæздандзинад» – благородство, учтивость…»[16].

Ахæм уавæры та æхсæнады «раст лæгæн, царды йæхи гуылы бын æндзарынмæ чи нæу, искæй мæт, йæхи мастау, кæмæ хъары, уымæн цæрын зын у. Уый æййафы æфхæрд хæлæф æмæ кæрæф адæймæгтæй, эгоисттæй. Уый уымæн æмæ раст лæг æмæ эгоизмæй хъæстæ лæгæн сæ царды уаг æндæр æмæ æндæр у: уыдон кæрæдзийы ныхмæ æвæрд сты сæ царды уаг æмæ сæ идеалтæй, сæ бæллицтæй»[17].

Раст афтæ рауайы аргъауы дæр. Аргъауы дыккаг хайы антитезæ хъайтар /хистæр æфсымæртæ (кæнæ сиæхстæ)/ бынтон æндæрхуызон у: «иронический удачник» равдисы, ницæйагыл æй чи нымадта, уыцы æфсымæртæй кæнæ сиæхстæй йæм фылдæр хъару кæй ис, уый. Фæлæ уæддæр нæ ивы йæ бызгъуыртæ, йæ бинойнагимæ раздæрау кæркдоны цæры, фæлæ знагимæ тохгæнгæйæ, йæхи рацаразы æмæ æцæг богал-хъайтары хуызæн дары йæхи.

Фылдæр хатт сиахс йæхæдæг дæр паддзахы фырт вæййы. Фæлæ мæгуыр бинонты фырт кæнæ къулбадæг усы фырт куы вæййы, уæддæр æххæст вæййы цавæрдæр æнахуыр миниуджытæй. Фæлæ аргъауон хъайтар мæгуыр йæ уавæртæм гæсгæ вæййы, æнæуый та – «сæрыстыр мæгуыр лæг»[18]. Ирон хъайтарон зарджытæй иуы хъæбатыр Тылаттаты Черменмæ йæ мад куы бадзуры:

*Мæгуырæй мын сæрыстыр дæ. Цом, цом,*
*Уæдæ хуырхимæ уазал къæбæр бахæр.*

Чермены зæрдæ куыд нæ барухс уыдаид йæ мады ныхасæй, æмæ йæм уæд афтæ бадзуры:

*Гъе уый мæнæн хæрзаддæр у мыдæй.*

Раст ахæм цæстæй кæсынц мæгуырдзинадмæ Брытъиаты Елбыздыхъойы трагеди «Амыран»-ы мæгуыр фыййау Бесæйы бинонтæ дæр. Уыдоны нымадæй, мæгуыр, йæ хæдзары оммены бар æмæ йæ дзаг фынгыл дзидзайы хай кæмæ нæ хауы, уыдон сты. Чабæхан йæ «хъæздыг» сыхæгтæн афтæ зæгъы: «Мах гуыбыны цæстæй никуы акастыстæм цардмæ! Æццæй, лæппу?» Уыцы фарстæн Цопан æвиппайды радта фидар дзуапп: «Никуы!»[19]

---

[15] Тедеев Г.А. Огненное колесо: исторический роман. – Владикавказ, 2008. – С. 284.

[16] Абаев В.И. Историко-этимологический словарь осетинского языка в 4-х томах. – Том 4. – Л., 1989. – С. 103.

[17] Джусойты Нафи. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – Ф. 182.

[18] Джусойты Нафи. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – Ф. 33.

[19] Брытъиаты Елбыздыхъо. Амыран // Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ / Чиныг мыхуырмæ бацæттæ кодта æмæ йын фæсныхас ныффыста Джыккайты Шамил. – Дзæуджыхъæу, 2002. – Ф. 221.

Ахæм хъуыдыйыл хæст сты Секъайы уацмысты хъайтартæ дæр. Азауæн йæ мад амоны ног дуджы зонд: «Амонд æрмæст хъæздыгады кæй ис, уый базон æмæ иудадзыг дæ зæрдæйы фæдыл ма цу». Ацы хъуыды Азаумæ раст нæ кæсы, æмæ быцæу кæны фыдæлты зондæй, рагон мыггагон царды зондæй: «Адæм иудадзыг гуыбыны тыххæй нæ цæрынц!»

Мæгуыр лæппуйæн паддзах йæ чызг æмæ йæ паддзахад раттыны фæнд куы скæны, уæд лæппу «сознательно отвергает такие подарки судьбы, предпочитая оставаться незнатным. Это выглядит на первый взгляд достаточно парадоксально, поскольку активность героя приводит порой едва ли не к революционным изменениям данного миропорядка, оказывая влияние на его пространственную и временную организацию. Однако усилия сказочного героя неадекватны конечным результатам: он почти всегда возвращается в тот мир, который вольно или невольно оставил ради подвигов и приключений, и более того – в ту же социальную среду, которая символизировала начальный пункт его движения к богатству и знатности, оставаясь в том же социальном статусе, каким бы он ни был».[20]

Мæгуыр бонзонаг у. Уымæ гæсгæ æдзух йæ зæрдыл дары, фыдæлтæй нæм цы зондамындтæ æрхæццæ, уыдон: «Фагæй фылдæрмæ ма бæлл», «Дæ исбонмæ æфтæуттæ кæн сыгъдæг къухæй», «Цы дæм ис, уый фагыл нымай», «Дæ хъысмæтæй разы у», «Бынтæ скæн сыгъдæг фæллойæ», «Мулкыл ма ууæнд»[21] æмæ а.д.

Иууыл ирдæй мæгуыр лæппуйы æвæрццæг миниуджытæ рабæрæг вæййынц хъæддаг хуыимæ тохы, знаджы æфсæдтимæ хæсты æмæ йæ рынчын каисæн диссаджы хостæ агургæйæ («Мæгуыр лæджы æртæ лæппуйы аргъау», «Æхсарджын чызг»).

Куыд федтам, афтæмæй «иронический удачник» бирæ хæттыты равдисы, былысчъилтæ йыл чи кæны, уыдонæй йæм фылдæр лæгдзинад кæй ис, уый. Фæлæ уый йæхицæн ном кæнгæйæ нæ кæны цæстмæ митæ, нæу цурон лæг. Æрмæст йæхи «æмбæхст» миниуджыты æххуысæй пайда кæны. «В Бомбее есть сад, который вечно прекрасен. Он не увядает и не сохнет, хотя кругом сушь и жара. Оказывается, под садом – скрытое от глаз озеро, которое поит деревья прохладной живительной влагой. Идея не та вода, которая с грохотом мчится по камням, разбрасывая брызги, а та вода, которая незримо увлажняет почву и питает корни растений».[22]

Аргъауы кæрон кæстæр сиахс фæхуды йæ æнæрвæссон, цытуарзаг æмæ схъæл æмсиæхстыл: «Бацыди лæппу хæдзармæ. Паддзах æрхаста хæринæгтæ, нуазинæгтæ, æмæ хорз фæцæл кодтой уыдон. Кæстæр сиахс фæрсы паддзахы:

– Де сиæхстæ сæ худтæ цæмæн къул дарынц?

Паддзах ын загъта:

– Фырхъалæй.

Уый йын загъта:

– Гъа-ма, адон сын сæ хъустыл фен, кæддæра уыдонæй сты æви нæ?

Паддзах райста хъусты гæппæлтæ æмæ сæ федта хъустыл.

Загъта йын кæстæр сиахс:

– Хуыйы игæртæ дæм куы ‘рхастой, уæд сын сæ æз радтон уыдонæн, æмæ сын ралыг кодтон сæ хъустæ.

Уый сын куы фенын кодта хъустæ, уæд паддзах йæ паддзахдзинад уымæн радта» («Мæгуыр лæджы æртæ лæппуйы аргъау»). «Æхсарджын чызджы» аргъауы кæсæм: «Лæппу кайысы фæрсы:

– Уæдæ, паддзах, де сиæхстæй чи куыд сысгуыхт, уый ацы адæмæн радзур.

Паддзах загъта:

– Фыццаг дыууæ хатты дыууæ хистæры сысгуыхтысты, ныр та – ды.

Уæд лæппу йæ дзыпмæ нывнæлдта,

[20] Кобахидзе Е.И. «Воцарение» в осетинской волшебной сказке // Материалы региональной научной конференции (Четвертые Минаевские чтения по археологии, этнографии и музееведению Северного Кавказа). – 2000. – С. 71-72.

[21] Анахарсисы цыргъзонд ныхæстæ // Мах дуг. – 2009. – №4. – Ф. 217-219.

[22] Гамзатов Расул. Мой Дагестан / Перевод с аварского Владимира Солоухина. – Махачкала, 1975. – С. 31.

æмæ сын сæ хъустæ æмæ сæ чъылдымы гæрзытæ систа. Дыууæ хистæр сиахсы мардау фесты.

Лæппу загъта:

– Нырæз цæуын мæ хæдзармæ, æмæ мын бар раттут.

Паддзах ын бар радта, æмæ лæппу стыр лæвæрттимæ ацыди йæ фыды къæсмæ, паддзахы чызджы дæр йемæ ракодта».

Уый фæдыл ахæм кавказаг æмбисонд ис: «Орел, который не улетает от высоких скал на широкие просторы долины, – плохой орел. Орел, который не возвращается с широких просторов долины на высокие скалы, – плохой орел».[23]

Раст афтæ бацагуры йæ хæдзармæ фæндаг аргъауон хъайтар дæр. Фæлæ ныр, йæ фыды хæдзарæй цы сонтзæрдæ æмæ æвæлтæрд лæппу-лæг рацыд, уый нал у. Уый «æрыздæхт бынтон æндæр адæймагæй – сырæзт, сбæрзонд йæ дунембарынад»[24]. Цы бирæ тухитæ, хъизæмæрттæ æмæ фыдæбæттæ бавзæрста, уыдоны йæ архайдау бонæй-бонмæ тыхджындæр кодтой йæ хъуыды æмæ йæ зæрдæ: «Все, что нас не убивает, делает нас сильнее».

В.Я. Пропп йæ чиныджы фыссы: «Парадигма воцарения героя отмечается несколькими структурно-композиционными, сюжетно завязанными между собой звеньями. Основными из них становятся «трудные задачи», решая которые герой демонстрирует свою «хоризматичность», брак с царевной в виде награды герою за его подвиги и собственно воцарение героя (то есть получение им права на власть), которое сопровождается умерщвлением либо старого царя (в случае возвращения героя в свои пределы), либо тестя (в случае невозвращения)».[25]

Ирон алæмæты аргъауы хъайтармæ паддзахы чызджы курынвæнд æнæнхъæлæджы æрцæуы. Уымæй ирон аргъау хицæн кæны европæйаг аргъæуттæй. Е.И. Кобахидзе йæ уацы афтæ фыссы: «Изучение как уже опубликованных, так и не обработанных текстов осетинских волшебных сказок, записанных в разное время в течение 19-20 вв., и рассмотрение концовок более 35 вариантов их сюжетных типов позволило выделить ряд существенных особенностей, отличающих воцарение в осетинской волшебной сказке от воцарения в классической европейской волшебной сказке. Прежде всего, обращает на себя крайняя непопулярность в осетинских волшебных сказках мотива воцарения в чистом виде: возникающие по ходу сказочного повествования возможности воцарения предоставляются герою как бы «по пути», «заодно», с достижением иных, «настоящих», целей, провозглашаемых в начале или в середине сказки».[26]

Ирон алæмæты аргъæутты иннæ хъайтартау «иронический удачник» дæр фæпайда кæны диссаджы æххуысгæнджыты (бинойнаг, зæронд ус, бæх) æмæ диссаджы дзауматы (сæрвасæн, айдæн, хæсгард) æххуысæй. Фæлæ сæйраг сты хъайтары «рæстæгмæ æмбæхст» бæгъатырон миниуджытæ: «Æххæст геройтæ уыдон свæййынц, иугæндзон стыр хъуыддæгтæ кæй аразынц, балцы кæй цæуынц, бирæ кæй фенынц æмæ кæй бавзарынц, уыдæтты фæрцы».[27]

Ирон аргъауы «иронический удачник», Цæгат Кавказы иннæ адæмты аргъæутты хъайтарау, типологион æгъдауæй у скæсæйнаг-славяйнаг аргъауы хъайтары æнгæс – Незнайка æмæ Иванушка-дурачок.

### Литературæ:

1. Абаев В.И. Историко-этимологический словарь осетинского

[23] Гамзатов Расул. Мой Дагестан / Перевод с аварского Владимира Солоухина. – Махачкала, 1975. – С. 74.

[24] Джусойты Нафи. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – Ф. 125.

[25] Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. – Л., 1986.

[26] Кобахидзе Е.И. «Воцарение» в осетинской волшебной сказке // Материалы региональной научной конференции (Четвертые Минаевские чтения по археологии, этнографии и музееведению Северного Кавказа). – 2000. – С. 71.

[27] Джыккайты Шамил. Нæртон лæг æмæ нæртон намыс // Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн: зонадон уацтæ æмæ эссе. – Дзæуджыхъæу, 1996. – Ф. 78.

языка в 4-х томах. – Том 4. – Л., 1989.

2. Анахарсисы цыргъзонд ныхæстæ // Мах дуг. – 2009. – №4. – Ф. 221-225.

3. Брытъиаты Елбыздыхъо. Амыран // Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ / Чиныг мыхуырмæ бацæттæ кодта æмæ йын фæсныхас ныффыста Джыккайты Шамил. – Дзæуджыхъæу, 2002.

4. Булах А.М. Женщина в скифо-сармато-аланском мире. – Владикавказ, 2008.

5. Гамзатов Расул. Мой Дагестан / Перевод с аварского Владимира Солоухина. – Махачкала, 1975.

6. Гæдиаты Секъа. Лæджы хъæздыгад цас хъал кæны // Гæдиаты Секъа. Уацмыстæ / Чиныг саразта, текстт бацæттæ кодта æмæ йын фиппаинæгтæ ныффыста Мамиаты Надинæ. – Дзæуджыхъæу, 1991.

7. Джусойты Нафи. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009.

8. Джыккайты Шамил. Æнахуыр мастисæг // Джыккайты Шамил. Арт æмæ æртхутæг: радзырдтæ. – Дзæуджыхъæу, 2007.

9. Ирон аргъæуттæ / Аразджытæ: Брытъиаты С., Берозты А. – Орджоникидзе, 1954.

10. Кобахидзе Е.И. «Воцарение» в осетинской волшебной сказке // Материалы региональной научной конференции (Четвертые Минаевские чтения по археологии, этнографии и музееведению Северного Кавказа). – 2000.

11. Кокиев С. Записки о быте осетин // Сборник материалов по этнографии, издаваемый при Дашковском этнографическом музее. – Выпуск 1. – М., 1885.

12. Мелетинский Е.М. Введение в историческую поэтику эпоса и романа. – М., 1986.

13. Мелетинский Е.М. Генезис образа героя волшебной сказки / Известия АН СССР, отд. лит. и языка. – Т. XVI. – Выпуск I.

14. Мелетинский Е.М. Герой волшебной сказки: происхождение образа. – М., 1958.

15. Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. – Л., 1986.

16. Пфаф В.Б. Народное право осетин // Сборник сведений о кавказских горцах. – 1. – Тифлис, 1876. – С. 184.

17. Тедеев Г.А. Огненное колесо: исторический роман. – Владикавказ, 2008. – С. 284.

# ПЕДАГОГОН ИНСТИТУТЫ КАФЕДРÆ ЮНЕСКО – СКЪОЛАЙÆН

***Куыдзойты Анжелæ,***
фил. наук. кандидат, Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон æвзаджы теорийы кафедрæйы сæргълæууæг

## МЕТОДИКОН АМЫНДТЫТÆ
## 11-æм къласы ЧИНЫГМÆ

### Темæ «Ирыстоны индустри» (3 сахаты)

#### 7-æм ахуыр

Ахуыргæнæджы ныхас. Цыбыр беседæ нæ республикæйы индустриалон куыстуæтты тыххæй; алы куыстуæтты кусджыты социалон уавæры тыххæй; республикæйы экологион уавæры тыххæй.

*38-æм фæлт.* Текст бакæсыны фæстæ æрдзурын йæ мидисыл; сбæрæг кæнын, ногæй дзы цы базыдтой æмæ зындгонд цы информаци уыдис, уый. Публицистикон стилы сæйраг миниуджытæ бамбарын кæнын. Иннæ хæстæ сæххæст кæныны фæстæ тексты ссарын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ, раиртасын, цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты æмæ цавæр ныхасы хæйттæй загъд æрцыдысты, уый; стæй ахуыргæнинæгтæн раттын кæнын хъуыдыйады æмхуызон уæнгты тыххæй æмбарынад.

*40-æм фæлт.* Абзацтæ кæрæдзи фæдыл: 3, 2, 1, 5, 4, 6.

*42-æм фæлт.* Текстæн пълан саразын фæрстыты хуызы. Ацы хæс аивæн ис æмæ саразæн æндæр пълан – тезисты хуызы.

*43-æм фæлт.* – хæдзармæ куыст.

#### 8-æм ахуыр

*44-æм фæлт.* Текст фыццаг хинымæр бакæсын хъæуы, цæмæй ахуыргæнинæгтæ цухгонд дамгъæтæ базоной, уый тыххæй. Текст бакæсыны фæстæ бафæрсæн ис, цавæр ног информаци дзы райстой, цавæр зонгæ информаци дзы ссардтой; цы ма бафтауиккой ахуыргæнинæгтæ ацы текстмæ, цавæр аспекттыл ма æрлæууæн ис æ.а.д.

*45-æм фæлт.* Цухгонд дамгъæтæ цы дзырдты ис, уыдонæн сæ растфыссынад бамбарын кæнын хъæуы; æрдзурын æрхæцæн нысæнтты æвæрдыл.

*46-æм фæлт.* Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ сæхæдæг дæр æрхæссой дæнцæгтæ æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтимæ æмæ бамбарын кæной, бæрæггæнæнтæ æмхуызон кæнæ алыхуызон цæмæн сты, уый.

*47-æм фæлт.* сæххæст кæныны размæ бафæрсын хъæуы, куыд æмбарынц термин «иртæстгонд уæнгтæ», цы хуызы иртæстгонд вæййынц дзырдтæ кæнæ дзырдбæстытæ хъуыдыйады мидæг æмæ цавæр хæстæ æххæст кæнынц.

*48-æм, 49-æм фæлт.* – хæдзармæ куыст.

**9-æм ахуыр**

*51-æм фæлт.* Иртæстгонд æрцыдысты сидæнтæ æмæ бавæргæ дзырдтæ æмæ конструкцитæ. Æрныхас кæнын хъæуы сæ бынатыл хъуыдыйады мидæг æмæ, семæ цы æрхæцæн нысæнтты æвæрд баст у, ууыл.

*52-æм фæлт.* Фыццаг æй сæххæст кæнын хъæуы дзургæйæ, ахуыргæнæджы æххуысæй, стæй та – тетрæдты.

*53-æм фæлт.* Ныхас цæуы сидæныл.

*56-æм, 57-æм фæлт.* – хæдзармæ куыст:

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ ЧИНЫГ 11-æм КЪЛАСÆН

**7-æм ахуыр**

### Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Ирыстоны индустри.

***38**. Бакæсут текст, сбæрæг ын кæнут йæ стиль. Бамбарын кæнут уæ хъуыды.*

*Рафыссут дыккаг абзац, æрхæцæн нысæнттæ æвæргæйæ; бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.*

*Фæбæрæг кæнут бæттæгтæ æмæ зæгъут, цавæр функцитæ æххæст кæнынц ацы хъуыдыйæдты.*

Социалон-экономикон райрæзтæн.

Хуссар Ирыстоны экономикæйы министрады специалисттæ кæуыл бакуыстой, ацы аз промышленносты райрæзты уыцы программæ фæахъаз уыдзæнис товарон продукцийы рауагъд дыууæ хатты фæфылдæр кæнынæн. Æфтиаджы бæрц рауайдзæн 4090 мин сомы. Бюджетон хæрдзтæ дыууæ хатты фæфылдæр уыдзысты. Арæзт æрцæудзæнис 100 кусæн бынаты, мызды бæрц 40-59% фæфылдæр уыдзæнис.

Хицауад кæй сфидар кодта уыцы уынаффæмæ гæсгæ Уæрæсейы цалдæр регионы фæлхасгæнджыты ссаргæйæ бæгæныйы дыргъты дæтты суар «Бæгъиатæ»-йы заводтæ «Эмальпровод» æмæ хъæды комбинатæн бафæдзæхстæуыд куысты æнтыстдзинад фæфылдæр кæнынæн мадзæлттæ саразын Уымæй уæлдай экономикæйы министрад кусы арæзтадон управлени «Промстрой» (туаггуыры станцæ) Цхинвалы хуыйæн фабрик æмæ Къуайсайы æрзæткъахæн управлени ногæй кусын кæй фæрцы райдайдзысты ахæм фадæттыл Куыд зонæм афтæмæй Хуссар Ирыстоны архайынц республикæйы социалон-экономикон райрæзты цыбырæмгъуыдон æмæ даргъæмгъуыдон программæтæ.

«Рæстдзинад», 7 апрель 2007 аз

***39.** Рафыссут текстæй хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ. Сбæрæг кæнут, æмхуызон уæнгтæ цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты æмæ цавæр ныхасы хæйттæй загъд æрцыдысты.*

***40**.Абзацтæ кæрæдзи фæдыл раст равæрут æмæ бакæсут текст æмхуызон уæнгты тыххæй. Алы абзацæн дæр равзарут хъæугæ дæнцæг.*

1) Афтæмæй, æмхуызон уæнгтæн ис ахæм иумæйаг миниуджытæ: се ‘хсæн вæййы бабæтгæ бастдзинад (кæрæдзиимæ баст вæййынц бабæтгæ бæттæгтæй кæнæ æрмæст интонацийæ); баст вæййынц хъуыдыйады уыцы иу уæнгимæ.

2) Æмхуызон вæййынц хъуыдыйады æппæт уæнгтæ дæр: сæйрат, зæгъинаг, æххæстгæнæн, бæрæггæнæн, фадатон дзырдтæ.

3) Æмхуызон хуыйнынц хъуыдыйады ахæм уæнгтæ, бабæтгæ ахастытæй баст чи æрцæуы, æмæ хъуыдыйады мидæг æмхуызон синтаксисон функцитæ чи æххæст кæны.

4) Сæйратæй фæстæмæ, иннæ æмхуызон уæнгтæ вæййынц уыцы иу хъуыдыйады уæнджы дæлбар.

5) Æмхуызон уæнгтæ арæхдæр загъд вæййынц уыцы иу ныхасы хайæ, фæлæ хатгай загъд æрцæуынц алыхуызон ныхасы хæйттæй дæр.

6) Æмхуызон уæнгтæ цы хъуыдыйæдты ис, уыдоны æмбæлынц ахæм æрхæцæн нысæнттæ: къæдзыг, стъæлф къæдзыгимæ, тире, дыстъæлф:

а) æрмæст интонацийæ цы хъуыдыйады уæнгтæ баст сты, уыдоны æхсæн æвæрын хъæуы къæдзыгтæ;

æ) даргъгонд æмхуызон уæнгтæ (уæлдайдæр сæ мидæг къæдзыгтæ куы уа, уæд) хицæнгонд цæуынц стъæлф æмæ къæдзыгæй;

б) ныхмæвæрды ахастытæ цы æмхуызон уæнгты æхсæн ис, уыдон хицæнгонд цæуынц тирейæ;

в) иугай иугæнæг æмæ дихон бæттæгтæй цы æмхуызон уæнгтæ баст сты, уыдоны æхсæн къæдзыг нæ хъæуы;

г) ныхмæвæрды бæттæгтæй цы æмхуызон уæнгтæ баст сты, уыдоны æхсæн æвæрын хъæуы къæдзыг;

гъ) къæдзыг æвæрын хъæуы, фæлхатгæнгæ бæттæгтæй цы æмхуызон уæнгтæ баст сты, уыдоны æхсæн дæр;

д) иугæнæг дзырд æмхуызон уæнгты разæй куы лæууа, уæд йæ фæстæ æвæрын хъæуы дыстъæлф;

дж) иугæнæг дзырд æмхуызон уæнгты фæстæ куы лæууа, уæд йæ разæй æвæрын хъæуы тире.

*Дæнцæгтæ:*

1) Иууылдæр байгомыг стæм: æз дæр, Мухтар дæр, шофыр дæр (Гаглойты Ф.).

2) Ма кæ, ма райсут уæ гæрзтæ,
Артæй бахизут уæ хъæстæ,
Хæстæн ма кæсут йæ коммæ,
Хæстæн ‘рæхгæнут йæ рæстæ!
(Дзугаты Г.)

3) Райсомы тæнæг фæлм йæхи систа хæхты цъуппытæй, фыдæлтыккон мæсгуыты ихсыд фæрстæй, кæмтты нарджытæй (Цæгæраты М.)

4) Стæй сценæмæ алырдыгæй тæхын байдыдтой дидинджытæ: сырхытæ, цъæхтæ, урсытæ... (Цæгæраты М.)

5) Нырмæ кæм уыдтæ, раздæр мын цæуылнæ æрыхъуыстай мæ сидт æмæ мæ хъаст? (Цæрукъаты Ал.)

6) Нæ карды комыл сæм хастам нæ бархъомыс; топпы хъæрæй сын æмбарын кодтам нæ сæрибар хъæлæс... (Нафи)

7)Уый дзургæ ницы кодта, фæлæ сæргуыбырæй æлвæста йæхимæ къæбæл (Нафи)

8) Бирæ фос нæ, фæлæ иу-дыууæ стуры, фондз-æхсæз фысы кæнæ сæгъы дарæн дæр куыд нæ уыдзæн! (Дзесты К.)

9) Цыдæриддæр бавзæрста фыдцард æмæ тухийæ, æфхæрд æмæ схуыстæй, уыдон ныр йæ цæстытыл уадысты (Мамсыраты Д.)

10) Куы ‘рбады уый изæрыгон, куы авæры уæрагыл йæ хъæлдзæгдар рæуæг фæндыр (Барахъты Г.)

***41.****Рафыссут хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ. Зæгъут, цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты, куыд баст сты кæрæдзиимæ? Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.*

Зæрæмæджы ГЭС: куыстытæ
фæрæвдздæр сты.

<...> Акционерон æхсæнад «Зæрæмæджы ГЭС»-ы генералон директор Коцты Петр куыд зæгъы, афтæмæй ивддзинæдтыл дæр кусынц, æмæ арæзтæдтæ дæр цæуынц, раздæр цы пълан сфидар кодтой, уымæ гæсгæ. Ома, ацы азы кæрон уал дзы сцæттæ уыдзæнис ГЭС, æмæ йæ тых хæццæ кæндзæн 33 МВт-мæ. Æмæ æрмæст уыцы куыстытæн уæлæмхасæн дихгонд æрцыд 150 милуан сомы. Дыккаградон куыстытæ та ахицæн кæндзысты 2009 азмæ, æмæ æртыккаградон та – 2010 азмæ. Уæд ГЭС-ы тых хъуамæ схæццæ уыдаид 352 МВт-мæ, фæлæ донмарæны бæрзæнд 39 метры нæ, фæлæ 79 метры кæй уыдзæн, уымæ гæсгæ йæ тых дæр фæфылдæр уыдзæн – 372 мегаватты суткæмæ.

Æмæ, цæмæй куыстыты график хæлд ма цæуа, уый тыххæй арæзт æрцыд оперативон штаб. Йæ сæргъы – Уæрæсейы акционерон æхсæнад «ГидроОГК»-йы разамонæг Валентин Стафиевский. Уый ам, ГЭС-ы арæзтады, дыккаг хатт уыдис. Оперативон штабы фæархайынц арæзтады

разамонджытæ, стæй специалисттæ дæр. РЦИ-Аланийы Хицауады ‘рдыгæй та ГЭС-ы хъуыддæгтыл йæ арм дары сæрдары хæдивæг Дзантиаты Сергей. <...>

«Рæстдзинад», 10 апрель 2007 аз

***42.****Тексты мидисмæ раттут фæрстытæ æмæ сæ ныффыссут. Фæрстытæм гæсгæ радзурут тексты мидис; уæ ныхасы пайда кæнут æмхуызон уæнгтæй.*

***43****.Аив литературæйы уацмыстæй рафыссут хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ:*

1) æмхуызон уæнгтæ баст сты интонацийæ, хицæнгонд цæуынц къæдзыгтæй;

2) æмхуызон уæнгтæ баст сты иугай иугæнæг бæттæгтæй;

3) æмхуызон уæнгтæ баст сты фæлхатгæнгæ дихон бæттæгтæй;

4) æмхуызон уæнгтæ къайгай баст сты бæттæгтæй;

5) æмхуызон уæнгтимæ ис иугæнæг дзырд.

### 8-æм ахуыр

**Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгтæ.**
**Ирыстоны индустри.**

***44.*** *Бакæсут текст æмæ фæрстытæн дзуæппытæ раттут.*

Ирыстоны индустри...ы сæйраг бынат ахсы х...зджын мета...урги дыккаг бынаты ис машинæ...разæн хай æрты...аг бынаты электроэнергетик... .

Цæгат Ирыстон-Аланийы индустриалон куыст...æттæн сæ фы..дæр сты нæ сæйраг сахар Дзæуджыхъæуы у...лдайдæр мета...ургион æмæ машинæ...разæн куыстуæ...æ. Республикæ йæ географион уавæрмæ гæс...æ ис ахс...иаг бынаты ауылты цæуынц Уæрæсе æмæ Фæ...кавказ чи бæ...ы, ахæм дыууæ сæйраг а...томобилон фæнда...ы.

Ирыстоны фыццаг электростанцæ арæзт æрцыдис нудæсæм æнусы, мин астсæдæ нæуæдз æвдæм азы, Алагиры районы, Нузал æмæ Мызуры ’хсæн. Уый электрон тых лæвæрдта Садоны æрзæткъахæнтæн. Дыууынæм æнусы райдайæны Ирыстоны уыдис дыууын электростанцæйæ фылдæр, уыдонæн се стырдæр – Дзæуджыхъæуы ГЭС. Уыцы азты Хуссар Ирыстоны дæр хъæутæн электрон тых дæттын райдыдта Стыр Леуахийы доныл арæзт ГЭС. Фæстæдæр, мин фарастсæдæ æртын цыппæрæм азы, фыццаг рухс радта Джызæлдоныл арæзт ног электростанцæ. Фыццаг хатт нæ бæстæйы фæзындис, дон, æртæсæдæ дыууадæс метры бæрзæндæй кæлгæйæ, турбинæ кæм кусын кодта, ахæм ГЭС. Арæзтады идейæйы автор уыдис Баймæтаты Цыппу, хæдахуыр инженер æмæ механик. Кæд ныртæккæ Цæгат Ирыстоны дзæвгар фылдæр электростанцæтæ ис, уæддæр уыдон куыстуæттæн фаг электрон тых нæ дæттынц. Республикæйы тынг хъæуы Зæрæмæджы электростанцæ, ног, тыхджын.

Фыццаг машинæтæаразæн куыстуæттæ Ирыстоны фæзындысты нудæсæм æнусы. Мин фарастсæдæ цыппæрæм азы æфсæнвæндаджы æрмæдзтæй арæзт æрцыдис стыр куыстуат – Дзæуджыхъæуы вагæттæцалцæггæнæн завод. Цæгат Ирыстоны æдæппæтæй ис æртын дыууæ машинæаразæн куыстуаты, уыдонæй дыууын æхсæз – Дзæуджыхъæуы, æхсæз та – республикæйы районты. Уыдон уадзынц алыхуызон продукци: прибортæ, радиотехникæ, транспортон, арæзтадон, химион продукци æ.а.д. Мин фарастсæдæ нæуæдз æхсæзæм азы Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы, ногæй кусын райдыдтой заводтæ «Электровибромашинæ», «Эмальпровод» æмæ механикон завод.

Цæгат Ирыстон-Аланийы рæзты æппæты ахъаззагдæр сты металлургион куыстуæттæ. Уыдоны фæрцы Ирыстоны фæзындысты æмæ рæзынц æрмæст заводтæ æмæ фабриктæ нæ, фæлæ ма хæххон поселоктæ дæр. Мин астсæдæ фæндзайæм азы Садоны райдыдтой æрзæт къахын, уæд арæзт æрцыдис Алагиры æвзист æмæ здыйы завод. Мин фарастсæдæ фыццæгæм азы Дзæуджыхъæуы кусын райдыдта цинк æмæ здыйы завод. Фыццаг дунеон хæсты размæ уый афæдзмæ лæвæрдта æртæ мин

астсæдæ æхсæз килограммы æвзист, дыууæ мин фарастсæдæ фæндзай тонны цинк, мин æртæсæдæ цыппор фондз тоннæйы зды. Ацы куыстуат – завод «Электроцинк» – абон у республикæйы æппæты стырдæр. Дыууынæм æнусы астæу арæзт æрцыдысты заводтæ «Победит», «Магнит» æмæ «Кристалл», Хуссар Ирыстоны байгом ис Къуайсайы цинк æмæ здыйы завод. Æппæт ацы куыстуæттæ, сау æмæ хуызджын згъæртимæ архайгæйæ, æмткæй райсгæйæ сты Ирыстоны металлургион комплекс. Йæ продукци æрвыст цæуы æрмæст нæ бæстæйы алы кæрæттæм нæ, фæлæ ма фæсарæнтæм дæр: Швейцаримæ, Словакимæ, Гуырдзыстонмæ, Нидерландтæм, Кипрмæ.

Ирыстоны кæнынц хъæды куыст дæр: тулдз, бæрз, тæрс, нæзы хъæдæрмæгæй аразынц хæдзары дзаумæттæ, паркет, целлюлозæ, гæххæтт. Республикæйы ис хъæды хæдзарæдтæ, зындгонд у фабрикæ «Дзæуджыхъæу – Казбек». Цалдæр чысыл хъæдфадæн заводы æмæ хæдзарыдзаума уадзæн куыстуаты ис Хуссар Ирыстоны дæр.

Дзæуджыхъæуы, Алагиры, Æрыдоны, Беслæны, Хъæдгæроны, Зилгæйы æнтыстджынæй кусынц кирпич, агуыридур, асфальт æмæ арæзтадон конструкцитæ аразæн заводтæ.

Рог промышленносты куыстуæттæй æппæты стырдæр у Мæздæджы рудзынгæмбæрзæнтæ уадзæн фабрикæ «Мæздæггаг нывæфтыдтæ». Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны заводтæ абон дæр, раздæрау, æрвитынц Уæрæсейы алы горæттæм диссаджы минералон дæттæ: «Тиб», «Зæрæмæг», «Бæгъиатæ» æмæ æндæртæ.

*1) Цавæр факттимæ баст сты ацы нымæцтæ: 312; 1934; 32; 1901; 1996; 1850; 1950?*

*2) Цавæр индустриалон куыстуæттæ ис Хуссар Ирыстоны?*

*3)Цæмæй хицæн кодта йæ рæстæджы Джызæлдоны ГЭС?*

*4) Цы зонут ацы ГЭС-ы арæзтады идейæйы авторы тыххæй?*

*5) Цавæр индустриалон куыстуæттæ ис Дзæуджыхъæуы? Республикæйы районты та?*

***45.** Рафыссут тексты фыццаг абзац, хъæугæ дамгъæтæ æмæ æрхæцæн нысæнттæ æвæргæйæ.*

***46.**Рафыссут текстæй хъуыдыйæдтæ æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтимæ; скæнут сын синтаксисон анализ.*

***47.**Бакæсут раиртæст æмæ ссарут иртæстгонд уæнгтæ 44-æм фæлтæрæны тексты.*

«Хъуыдыйады искæцы дзырды мидис чи фембарын, фæбæлвырд кæны, йе та хъуыдыйадмæ уæлæмхасæн хъуыды чи бахæссы æмæ иннæ уæнгтæй интонацийæ кæй рахицæн кæнæм, уыдон хуыйнынц иртæстгонд уæнгтæ. ... Хъуыдыйады уæнгтæ фылдæр хатт иртæстгонд æрцæуынц, цы дзырдимæ баст сты, уымæн йæ фæстæ куы фæлæууынц, уæд.

Миногми йæ дæлбар дзырдтимæ аразы миногмион здæхт. Уый феххæст кæны бæрæггæнæны функци. Ирон æвзаджы бæрæггæнæн бæрæггæнинаг дзырдæн фылдæр хатт фæлæууы йæ разæй. Уымæ гæсгæ иртæстгонд миногмион здæхтытæ ирон æвзаджы арæх не сты. ... Фæлæ бæрæггæнинаг дзырды фæстæ æвæрдæй миногмион здæхт хицæн кæнæм къæдзыгæй: Æз дæн ходон цуанон Тедо, **уæ куывдмæ хуынд** (Хъ.А.).

Миногонтæй загъд иртæстгонд бæрæггæнæн фæлæууы бæрæггæнинаг дзырды фæстæ: Уым бæрз бæлас, **урсзæнг, дондзаст**, зади (Н.).

Иртæстгонд цæуынц куыд даргъгонд, афтæ æнæдаргъгонд æмхасæнтæ дæр: Чысыл Анигол, **бындзыты æлдар**, хизынмæ уырдæм раскъæрдта йæ кусæг адæм (Б.Г.).

Иртæстгонд цæуынц фæрссагмион здæхтытæ: Дон æй раласта, **дуртæ æмæ къæдзæхтыл хойгæ** (М.Д.).

Абарстон здæхт иртæстгонд цæуы, логикон цавдимæ йæ куы фæзæгъæм æмæ

йæ æрлæудтытæй куы рахицæн кæнæм, уæд: Банызта æмæ былæй, **рагъæй дур æрхауæгау,** асхъиудта (С.Л.).

Бæлвырддæргæнæг уæнгтæ фæбæлвырддæр, фембарын кæнынц хъусынгæнинаджы кæцыдæр хай: Ам, **зæххыл**, дзæнæт æрцыд? (Дж.Ш.)

(Джусойты Н.Г., Дзодзыккаты З.Б., Цопанты Р.Г. Нырыккон ирон æвзаг. Дзæуджыхъæу, 2005).

***48.** Рафыссут текстæй (44-æм фæлт.) хъуыдыйæдтæ иртæстгонд уæнгтимæ:*

*а) фæрссагмион здæхтытимæ; æ) æмхасæнтимæ; б) бæлвырддæргæнæг уæнгтимæ.*

***49.** Рафыссут тексты фæстаг абзацæй дзырдтæ бæрæггонд орфограммæтимæ. Бамбарын кæнут дзырдты растфыссынад. Æрхæссут дæнцæгтæ ахæм орфограммæтимæ æмæ сæ ныффыссут.*

***50**.Равзарут дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ.*

Ахъаззагдæр, вагæттæцалцæггæнæн, зындгонд, арæзтадон; куыстуæттæй, æрмæдзтæй, æрзæткъахæнтæн, кæрæттæм.

**9-æм ахуыр**

**Бавæргæ арæзтытæ. Сидæн. Ирыстоны индустри.**

***51**.Бакæсут уацмыстæй скъуыддзæгтæ. Зæгъут, цавæр дзырдтæ иртæстгонд æрцыдысты æмæ цæмæн?*

Бафæлладтæн... О Хуыцау, æркæс
Иры хъыгтæй басыгъди мæ зæрдæ.

(Джыккайты Ш.)

Кæнын æмгъуыдтæ, о мæгуыр мæ бон,
Цæрын ныфсытæй: ралæууа кæрон
Нæ тыхстытæн, ыстæй уыдзæни рад –
Æнтыстытæ, уæлахизтæ, сæрфат...

(Хъодзаты Æ.)

Бибыцмæ, дам, æртæ бæлоны уыд –
йæ зонд,
йæ ныфс,
стæй йе ‘нæкæрон хъару...

(Ходы К.)

Бексолтан куы нæ раныхас кодтаид, уæд ма, чи зоны, исты загътаин.

(Æгъуызарты Æ.)

Макæй раз макуы у къæмдзæстыг,
Макуы дæр мæм уайдзæфгæнгæ скæс;
Уадзын дын, мæ хорз фæдон, мæ фæстæ –
Кады ном зынаргъдæр бынæн æз.

(Бестауты Г.)

***52**.Баххæст кæнут таблицæ хъæугæ дæнцæгтæй.*

| Бавæргæ дзырдты хуызтæ сæ арæзтмæ гæсгæ | Бавæргæ дзырдты хуызтæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ | Дæнцæгтæ |
|---|---|---|
| бавæргæ дзырдтæ | хъусынгæнинаджы æцæгдзинад æвдисæг | |
| | дызæрдыг, гуырысхо æвдисæг | |
| бавæргæ дзырдбæстытæ | æнкъарæнджын аргъ дæттæг | |
| | ныхас кæмæй цæуы, уый æвдисæг | |
| | Ныхасмæ хъус æрдарыны тыххæй загъд | |
| бавæргæ хъуыдыйæдтæ | уæздандзинады (этикеты) формулæтæ | |
| | арфæтæ, сомытæ, æлгъыстытæ | |

*Дæнцæгтæ*: гормон, мæ фыдбылызæн, чи зоны, æвæццæгæн, мæ хур акæнай, чысыл ма бахъæуа, тæхуды, æнхъæлдæн, мæнмæ гæсгæ, бауырнæд дæ, дам, дæхи загъдау, табуафси, бафæрсын аипп ма уæд, хатыр, хъыг дæм ма фæкæсæд, хъыг дын ма уæд, зæгъгæ, мæ мады стæн.

***53.** Базонут, цæуыл цæуы ныхас? Æрхæссут дæнцæгтæ æмæ сæ ныффыссут.*

1) Фæлæууы кæнæ хъуыдыйадæн йæ разæй, кæнæ та хъуыдыйады мидæг.

2) Хъуыдыйады мидæг алы хатт дæр хицæнгонд цæуы къæдзыгæй (хъуыдыйады

астæу куы уа, уæд æй дыууæрдыгæй хицæн кæнæм къæдзыгтæй).

3) Загъд вæййы дзырдæй кæнæ дзырдбастæй.

4) Æвдисы, дзурæджы ныхас цы предметмæ, адæймагмæ арæзт вæййы, уый.

5) Ахæм ролы вæййынц адæймæгты, æнæуд предметты, æрдзы фæзындты нæмттæ, хæстæгдзинад, кар, дæсныйад, æнкъарæнтæ æмæ æнд. æвдисæг дзырдтæ.

6) Кæддæриддæр вæййы номон хауæны формæйы.

7) Йæ мидис ын тыхджындæр кæнынц хайыгтæ **о, гъе, уæ, гъей.**

***54.*** *Ссарут скъуыддзæгты сидæнтæ, раттут сын характеристикæ сæ арæзт æмæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд сидæнтимæ.*

1) – Мæ бон бакалд, Хъицо, не ‘нæзондæй теуайау кæрæдзи куы бабын кодтам, – нырдиаг кодта Хъанцау. Хъицо йæ сæр уыцырдæм азилæгау кодта æмæ йæ фæлурс былтæ базмæлыдысты.

– Хъанцау, уарзыс мæ?

– Уарзын, Хъицо, уарзын...

– Уæдæ мæм дæ къух ратт...

– Гъа-ма, ме ‘нæмаст сыхаг, гъа, – ныхъхъæрзыдта Хъанцау, æмæ удисæг дыууæ лæджы кæрæдзи къухтыл куы ныххæцыдысты, уæд хур скаст. (Хъайтыхъты А.)

2) – Уæ фæндаг раст, лæппутæ!

– Дæ хъуыддаг раст, – зæгъгæ йын уыдон дæр арфæ ракодтой.

– Кæдæм цæут, мæ хæдзæрттæ? – Уастырджи сæ бафарста. (Гæдиаты С.)

3) Сырд дын фæхъæр ласта:

– Гъæ дзæгъæлхæтæг!

‘Гас мын кæй баззадтæ

Абон дæхæдæг! (Хетæгкаты Къ.)

4) – Гъе фыдæбоны гуырд Кодзырон, айс мæ саулохаг æд саргъ, æд идон. Айс дыууæ æстдæсы æвзаргæ стуртæй, рауæлдай мын кæн дæ фæринк, – дзуры йæм сæрыстырæй Бæдту (Беджызаты Ч.)

5) – Мауал æнхъæлмæ кæсæм, – Сæрæби йе ‘фсымæрмæ разылд.

– Куыд дæ фæнды, афтæ. Уæд та, Сæрæби, далыс уадзиккам. Нæхи тыххæй кусарт кæнæм? (Агънаты Г.)

6) Чындз йæ цæстытæ бацъынд кодта.

– Мæ хуры чысыл, Алымæт, рауай-ма ардæм, рауай!... Дæ разы та дæ къухтæ рыджы куы счъизи кодтай! (Коцойты А.)

7) -Байриай, хорз лæг!

– Хуыцауы хорзæх дæ уæд, мæгуыр лæг! (Ирон таурæгътæ)

8) – Фесæф, джауыр! – фæхъæр ыл кодта Кико. – Кæд нын сси сылгоймаг уынаффæгæнæг? Уæд бæсты сæфт куы ‘рцыди! Æз сымах фæрсын, хорз адæм: цы тæрхон кæнæм уæйгæнæгæн – æхсын æви ауындзын? (Ирон таурæгътæ)

***55.*** *Рафыссут 54-æм фæлтæрæнæй фыццаг скъуыддзаг. Равзарут алы хъуыдыйад дæр схемæмæ гæсгæ. Фæбæрæг кæнут орфограммæтæ, бамбарын кæнут дзырдты растфыссынад æмæ æрхæцæн нысæнтты æвæрд.*

***56.*** *Равзарут дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ.*

Уынаффæгæнæг, уæйгæнæг, хæдзæрттæ, сыхаг.

***57.*** *Скæнут дзырдтæн морфологион анализ.*

Нырдиаг кодта, ныхъхъæрзыдта, базмæлыдысты, æхсгæ кæнæм, уынаффæ кæнут.

***Дзодзыккаты Зæидæ,***
фил. наук. доктор, ЦИПУ-йы ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады кафедрæйы профессор

# КЪÆЛИНДАРОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН ИРОН ÆВЗАГÆЙ 6-ÆМ КЪЛАСÆН
## (Иронау дзурыныл чи ахуыр кæны, уыдонæн)

### 1-аг четверть

| № | Темæ | Дæлтемæ | Къуы-ритæ | Сах. | Фонетикон æрмæг | Лексикæ. Фразеологизмтæ | Лексикологи | Дзырдуат | Морфологи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Скъола | 1)Дæ бон хорз, не скъола.<br>2) Аныхас кæнæм ахуыры тыххæй.<br>3)Нæхи цæттæ кæнæм ирон æвзаджы урокмæ.<br>**( Кæсыны 1-аг урок)**<br>4)Ирон æвзаджы урочы.<br>5)Цавæр бæрæггæнæнтæ исæм?<br>6)Мæ ахуыргæнæг, фæмысын дæ арæх!<br>**(Кæсыны 2-аг урок)**<br>7)Куыд пайда кæнæм нæ рæстæгæй?<br>8)Цавæр чингуытæ кæсæм?<br>9-10)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 3-аг урок)** | | 10 | Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ раст дзурын | | Антонимтæ зæрдыл лæууын кæнын | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын | |
| 2 | Къостайы бæрæгбон | 11)Нæхи цæттæ кæнæм Къостайы тыххæй дзурынмæ.<br>12)**(Кæсыны 4-æм урок)**<br>13)Къостайы царды фæндæгтæ.<br>14)Цавæр адæймаг уыди Къоста?<br>15)Мивдисджыты нысаниуджытæ Къостайы æмдзæвгæты.<br>**(Кæсыны 5-æм урок)**<br>16) «Ирон фæндыр» - нæ уарзон чиныг.<br>17)Къоста, сæрыстыр стæм дæуæй!<br>18)Бакæсæм, радзурæм, ратæлмац кæнæм.<br>**(Кæсыны 6-æм урок)**<br>19-20)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 7-æм урок)** | | 10 | 1)Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ раст дзурын.<br>2)Хъуыдыйæдтæ раст хъæлæсы-уагæй дзурын | | Фразеологизмты æмбарынад, сæ ивынад | Мивдисæджы разæфтуантæ, сæ нысаниуæг | Æрмæст иууон кæнæ бирæон нымæцтæ кæмæн ис, ахæм номдартæ |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | Фæззæг | 21)Фæззæг, æгас нæм цу!<br>22)Сывæллæттæ хистæртæн æххуыс кæнынц фæззыгон куыстыты.<br>23)Æрдз фæззыгон.<br>**(Кæсыны 8-æм урок)**<br>24)Куыд бæркадджын дæ, фæззæг!<br>25)Хъæздыг фæззæг.<br>26)Фæззæгæн зæгъæм фæндараст!<br>**(Кæсыны 9-æм урок)**<br>27)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм? | | 7 | 1)Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ раст дзурын.<br>2)Хъуыдыйæдтæ раст хъæлæсы-уагыл дзурын | 1)Фразеологизмты синоними<br>2)Тексты дзырдтæн сæ синонимтæ амонын | | Мивдисæджы разæфтуантæ, сæ нысаниуджытæ | Хъуыдыйады уæнгты морфологион ахаст |

| Синтаксис | Стилистикон куыст | Дзурын | Ныхасмæ хъусын | Кæсын | Фыссын | Кæсыны текстæ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ | | 1)Хъусынгæнинаг сæрды каникулты тыххæй<br>2)Этикетон диалогтæ<br>3)Текст хи ныхæстæй дзурын | Текст кæнæ хъуыдыйадмæ байхъусын æмæ дзы бæрæг дзырдтæ фæлхат кæнын | Текст аив, тагъд æмæ æмбаргæ каст кæнын | Дзырдуатон диктант (8-9дзырды) | Аивадон æмæ фольклорон текстæ |
| Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ | | 1)Хъусынгæнинаджы текст дзурын<br>2)Нывæн æрфыст кæнын<br>3)Диалогтæ аразын | Хъуыдыйадмæ бафтауын йæ мидисимæ баст æндæр хъуыдыйад | Текст аив, тагъд æмæ æмбаргæ каст кæнын | Ævзагон темæимæ баст дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ текстæй фыссын | |
| Бæттæгтæй баст хъуыдыйады уæнгтæ | 1)Тексты стиль бæрæг кæнын<br>2)Текст æмæ йæ хæйттæн сæргæндтæ хъуыды кæнын | Тексты сæйраг хъуыды зæгъынмæ арæхсын | | Текст аив æмæ æмбаргæ каст кæнын | Хъусынгæнинаг фыссын зонын.<br>Ævзагон темæйæ дзырдтæ дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ фыссын зонын | |

## 2-аг четверть

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 4 | Ирыстоны истори | 28)Чи уыдысты нæ рагфыдæлтæ?<br>29)Мæсгуытæ – рагон цауты æвдисæнтæ.<br>30)Нæ рагфыдæлты бæстæйы.<br>**(Кæсыны 10-æм урок)**<br>31)Цы базыдтам нæ рагфыдæлты тыххæй?<br>32)Нæ фыдæлты цард хæхбæсты.<br>33)Хæстон фидар.<br>**(Кæсыны 11-æм урок)**<br>34) Рагон сахар Тæтæртупп.<br>35)Хæххон адæмы архитектурæ.<br>36-37) Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 12-æм урок)** | | 10 | 1)Дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ раст интонацийæ кæсын | | Ног дзырдты нысаниуджытæ контекстмæ гæсгæ бæрæг кæнын | Дзырдтæ фæсæфтуантæ *дон-,джын-,* *-он*-имæ | Здæхгæ номивджытæ |
| 5 | Улæфты рæстæг | 38)Фæллад уадзын, хи ирхæфсын, исты архайын.<br>39)Куыд æрвыстой зындгонд адæм сæ уæгъд рæстæг?<br>40)Алы хъуыддаг дæр уарзы лæмбынæгдзинад<br>(**Кæсыны 13-æм урок)**<br>41) Алкæйдæр фæфæнды йæ фæллад уадзын<br>42)Куыд æрвитынц скъоладзаутæ сæ уæгъд рæстæг?<br>43)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>(**Кæсыны 14-æм урок)** | | 6 | Дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ раст кæнын | | Дзырдты нысаниуджытæ иртасын | Ног дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Бæлвырд номивджытæ |
| 6 | Зымæг | 44) Сырхуадул зымæг.<br>45)Къахдзоныгътыл бырын зоныс?<br>46)Митын лæджы зарæг.<br>(**Кæсыны 15-æм урок)**<br>47) Карз зымæг<br>48)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 16-æм урок)** | | 5 | Дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ раст кæсын | | Дзырдтæ æмæ фразеологизмтæн синонимтæ агурын | Дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Æбæлвырд номивджытæ, сæ тасындзæг |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Хъуыдыйады уæнгты бастдзинады фæрæзтæ | Текстæн сæргонд кæнын, æндæр сæргондæй йæ ивын | 1)Текст бакæсыны фæстæ йæ лæмбынæг дзурын<br>2)Хи радзырд аразын | Текстмæ байхъусыны фæстæ йын йæ сæйраг мидис зæрдыл бадарын | Текст лæмбынæг бакæсыны фæстæ йын йæ мидисæй фæрстытæн дзуапп дæттын<br>2)Радзырды мидис радзурын | Хъуыдыйæдтæ хъæугæ æрмæгимæ фыссын | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Амад номон зæгъинаг | Хъусынгæнинаджы тексты миниуджытæ зонын | 1)Тексты темæмæ гæсгæ хи хъуыдытæ дзурын<br>2)Искæй царды тыххæй дзурын | Текстмæ байхъусыны фæстæ йын йæ мидисæй фæрстытæ раттын | Диалогон ныхас кæсын<br>2)Æмдзæвгæтæ аив кæсын | 1)Дзырдуатон диктант фыссын<br>2)Дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын<br>3)Темæйæ цыбыр радзырд фыссын | |
| Домгæвазыгджын хъуыдыйад бæттæг дзырдтæ *куыд, куыдæй*-имæ. | Аргъауы тексты миниуджытæ зонын | Текстмæ байхъусыны фæстæ йæ радзурын пъланмæ гæсгæ | Текстмæ байхъусыны фæстæ йын йæ сæйраг цаутæ зæрдыл бадарын | 1)Текст аив æмæ æмбаргæ каст кæнын<br>2)Текст фæцыбырдæр кæнын | Ног дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын | Аивадон æмæ фольклорон литературæ (алыхуызон жанртæ) |

## 3-аг четверть

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | Уырыссаг культурæ | 49)Цы хонæм культурæ?<br>50)Уырыссаг литературæйы ирддæр стъалытæ.<br>51)Кавказаг мотивтæ Пушкины поэзийы<br>**(Кæсыны 17-æм урок)**<br>52) Нывкæнынады дуне.<br>53)Цæуыл дзурынц нывтæ?<br>54)Ахорæнты сусæгдзинæдтæ.<br>**(Кæсыны 18-æм урок)**<br>55)Музыкæйы уацары.<br>56)Дзурæм музыкæйы хуызты тыххæй.<br>57-58)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 19-æм урок)** | | 10 | Хъуыдыйæдтæ æмæ дзырдбæстытæ раст интонациимæ дзурын | | Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ синонимтæй ивын | | Миногонты бæрцбарæнтæ |
| 8 | Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон | 59)Сæ фæрцы стæм æдас.<br>60)Нæлгоймæгты бæрæгбон.<br>61)Æфсады службæ кæнын у кадджын хæс.<br>**(Кæсыны 20-æм урок)**<br><br>62-63)Фыдыбæстæ кæнæ мæлæт.<br>64-65)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 21-æм урок)** | | 7 | Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ раст интонацийæ кæсын | | Дзырдтæ синонимтæй ивын | Дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Хауæнтæ æмæ амад нымæцонтæ фæлхат кæнын |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Уалдзæг | 66)Нæ уарзон уалдзæг.<br>67)Поэттæ зарынц уалдзæджы тыххæй.<br>68)Уалдзыгон нывтæ.<br>**(Кæсыны 22-æм урок)**<br>69)Цы нысан кæнынц уалдзыгон мæйты нæмттæ?<br>70)Агурæм уалдзæджы аккаг дзырдтæ.<br>71)Æппæт дунейы сылгоймæгты бæрæгбон.<br>**(Кæсыны 23-æм урок)**<br>72)Нæ зынаргъ нанаты, мадæлтæ æмæ хоты бæрæгбон ралæууыди.<br>73)Нæ лæвæрттæ нæ мадæлтæн.<br>**(Кæсыны 24-æм урок)**<br>74-75)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 25-æм урок)** | | 7 | Хъуыдыйæдтæ раст интонацийæ дзурын | | Омонимты æмбарынад | Дзырдтæ аразыны мадзæлттæ фидар кæнын | 1.Фæрсдзырдты бæрцбарæнтæ<br>2.Фæсæвæрдтæ *хуызæн, æнгæс, уæлдай*. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Хъуыдыйæдты уæнгтæм гæсгæ æвзæрст зæрдыл лæууын кæнын. | Адæймаджы фæлгонцы æрфыст. | 1.Нывы тыххæй фæрстытæ дæттын.<br>2. Бæрæг темæмæ хи хъуыдытæ радзурын. | Текстмæ байхъусыны фæстæ ранымайын бæрæг дзырдтæ. | 1.Текст лæмбынæг бакæсгæйæ бæрæг бынæттæ ссарын. | 1.Темæйæ радзырд фыссын<br>2.Хуызæгмæ гæсгæ хъусынгæнинаг фыссын |
| | 1.Диалогон ныхасы миниуджытæ.<br>2.Фыстæджы тексты хицæндзинæдтæ. | Тексты мидисæй фæрстытæ раттын. | 1. Текстмæ байхъусыны фæстæ йын йæ мидис иу хъуыдыйадæй равдисын.<br>2. Текстмæ байхъусыны фæстæ бæрæг фарстæн дзуапп ратын. | Текстмæ байхъусыны фæстæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>2.Диалог цæсгæмттæм гæсгæ кæсын. | 1.Амынд дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>2.Текстæй бæрæг рæнхъытæ фыссын |
| Синтаксисæй рацыд æрмæг фидар кæнын. | Тексты фæлхатгонд дзырдты стилистикон хæс бæрæг кæнын. | 1.Литературон персонажты æрфыст.<br>2. Хуызæгмæ гæсгæ диалог аразын. | 1. Текстмæ байхъусын æмæ йæ фыст хуызимæ барын. | 1.Тексты пълан раст кæнын.<br>2.Диалог цæсгæмттæм гæсгæ кæсын. | Чысыл радзырдтæ фыссын<br>2.Бæрæгбоны фæдыл арфæтæ фыссын |

## 4-æм четверть

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 10 | 1-æм Майы бæрæгбон | 76) Майы бæрæгбоны равзæрд<br>77)Цард фæллойæ фидауы<br>78)Цæй æмæ куыстафон ма бадæм æнцад!<br>**(Кæсыны 26-æм урок)**<br>79)Майы бæрæгбон<br>80)Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 27-æм урок)** | | 5 | Хъуыдыйæдтæ раст интонацийæ кæсын | | Синонимтæ æмæ антонимтæ фидар кæнын | Дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Дзырдтæ ныхасы хæйттæм гæсгæ æвзарыны фæтк фидар кæнын |
| 11 | 9-æм майы бæрæгбон | 81)Хъæбатыр цæргæстæ<br>82) Нæ уæлахиздзаутæ<br>83) Хæстон мысинæгтæ<br>**(Кæсыны 28-æм урок)**<br>84)Æрцыд салдат йæ дард балцæй<br>85) Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br>**(Кæсыны 29-æм урок)** | | 5 | Хъуыдыйæдтæ раст интонацийæ кæсын | | Тексты æнкъарæнджын дзырдтæ бæрæг кæнын | Дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Дзырдтæ ныхасы хæйттæм гæсгæ æвзарыны фæтк фидар кæнын |
| 12 | 15-æм майы бæрæгбон | 86) Ирон æвзаг, дæу нын ныууагътой хуры цот<br>87)Куыд баст сты æвзаг æмæ истори?<br>88) Ды мæнæн зынаргъ дæ, мæ фыдæлты хъæлæс!<br>**(Кæсыны 30-æм урок)**<br>89)Зындгонд ахуыргæндты хъуыдытæ ирон æвзаджы тыххæй<br>90) Куыд сахуыр кодта Вс. Миллер ирон æвзаг?<br>91)Стыр адæймаг æмæ стыр ахуыргонд Абайты Васо<br>**(Кæсыны 31-æм урок)**<br>92) Уый иугай дуртæй самадта мæсыг<br>93-94) Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?<br><br>**(Кæсыны 32-æм урок)** | | 9 | Хъуыдыйæдтæ раст интонацийæ кæсын | | 1.Фразеологизмтæй рацыд æрмæг фидар кæнын<br>2.Дзырдты нысаниуджытæ бæрæг кæнын<br>3.Æрбайсгæ дзырдтæ тексты агурын | Дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Миногонты æмæ фæрсдзырдты бæрцбарæнты арæзт зæрдыл лæууын кæнын |
| 13 | 1-æм июны бæрæгбон | 95) Сабиты уарзон бæрæгбон<br>96)Сывæллæттæ сты нæ фидæн<br>97) Чи ауды сабитыл?<br>**(Кæсыны 33-æм урок)**<br>98)Сывæллæтты цард раздæр æмæ нæ рæстæджы<br>99) Цы зонæм<br>æмæ цæмæ арæхсæм? | | 5 | Хъуыдыйæдтæ раст интонацийæ кæсын | | | Лæвæрд дзырдты арæзт бæрæг кæнын | Бæрæг дзырдты райдайæн формæ амонын |

# АХУЫРГÆНÆДЖЫ МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНМÆ

***Уалыты Татьянæ,***
фил. наук. кандидат, АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг

**Методикон амынддзинæдтæ кадæг «Нарты равзæрд» бацамонынæн.**

Нарты кадджытæй иуæй-иутæ скъоладзаутæн æгæр вазыгджын сты. Ахуыргæнæджы хъæуы ахсджиаг мадзæлттæ агурын, цæмæй сын сæ мидис æнцондæрæй æмæ арфдæр бамбарын кæна.

Зæгъæм, куыд хуыздæр сахуыр кæнæн ис кадæг «Нарты равзæрд». Æрмæг хъусынмæ уæззау кæй у, сюжеты æппæт цаутæ бахъуыды кæнын скъоладзаутæн сæ бон кæй нæма вæййы, уымæ гæсгæ йæ адихгæнæн ис, æнцонæй кæй бамбарой, ахæм хæйттыл. Хæйттæм гæсгæ саразæн ис текстæн схемæ. Уый æххуыс у алы хайæн дæр йæ сæйраг хъуыды бæлвырддæр раиртасынæн, цауты цыд бамбарынæн, сюжет фæд-фæдыл дзурынæн.

Ахуыргæнæг аив бакæсы тексты фыццаг хай «Хуыцау агуры зæххы аккаг адæм». Уый фæстæ сывæллæттæм ратты фæрстытæ:

а). Фыццаг цавæр адæмыхæттыты сфæлдыста Хуыцау?

æ). Цæмæн-иу фесæфта Хуыцау уыцы адæмыхæттыты?

Фæрстытæн дзуапп дæтгæйæ, ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты ‘хсæн рæзы баст ныхас.

Фыццаг хайы сæйраг хатдзæг равдисæн ис компьютерыл схемæйы хуызы: Хуыцау агуры зæххы аккаг адæм.

1-аг хайы схемæ:

| Уадмерытæ | Къамбада | Гамерытæ | Гуымирытæ | Уæйгуытæ |
|---|---|---|---|---|
| Зæххæн уæззау | Æгæр ставд | Æгæр тыхджын | Æгæр гыццыл | Тыхгæнæг. Зондæй къуымых. Фыдуынд |

Куыд уынæм, афтæмæй 1-аг хайы сæйраг хъуыдытæн зæгъæн ис афтæ: зæххы аккаг нæ разындысты, Хуыцау фыццаг кæй сфæлдыста, уыдон, уымæн æмæ уыдысты æгæр ставд, æгæр тыхджын, æгæр уæззау, зондæй къуымых, гуырымыхъ, фыдуынд, тыхгæнæг.

2-аг хай «Нартæ – зæххы аккаг адæм» бакæсыны фæстæ скъоладзаутæ беседæйы руаджы ссарынц дзуапп ахæм фæрстытæн:

а). Чи разынд зæххы аккаг адæм?

æ). Цавæр хорз миниуджытæ уыди нартмæ? Зæххы аккаг цы миниуджыты тыххæй разындысты, уыдон дæр та нысангонд æрцыдысты схемæйы (компьютерыл).

Нартæ – зæххы аккаг адæм.

Нарты æртæ мыггагыл ныхасгæнгæйæ, радзурæн ис Геродоты таурæгъ скифты равзæрды тыххæй: «Скифты паддзах Таргитайæн уыдис æртæ фырты. Лæппутæй

2-аг хайы схемæ:

| Алæгатæ - зондхæсджытæ (къус) | | Борæтæ – бæркаддæтджытæ (гутон) | | Æхсæртæггатæ – æфсæддонтæ | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Зондджын | Ныфсхаст | Кусаг | Хин | Тых-джын | Дзырд-дзæугæ | Хъæба-тыр | Рæ-сугъд |

Текст скъоладзаутæ куыд бамбæрстой, цавæр æнкъарæнтæ сæм сæвзæрын кодта, уый сбæрæг кæнынæн беседæйы, баст ныхасы фæрцы иу хъуамæ йæ фыды фæстæ суыдаид паддзах. Уыцы рæстæджы уæларвæй æрхауд æртæ сызгъæрин дзаумайы: гутон æфсондзимæ, хæстон фæрæт æмæ къус. Фыццаг сæ федта хистæр лæппу. Æввахс сæм куы бацыди, уæд арт суагътой. Астæуккаг æфсымæрæн дæр дзаумæттæ райсын йæ бон нæ бацис. Афтæмæй сызгъæрин дзаумæттæ фесты кæстæр лæппу Калаксаисы. Дыууæ хистæр æфсымæры сразы сты паддзахдзинад уымæн раттыныл».

Ахуыргæнæг ма скъоладзаутæн бамбарын кæны, скифты æхсæнад дихгонд кæй цыд бæркадхæсджытæ, æфсæддонтæ æмæ дингæнджытыл. Ахæм дихдзинад уынæм нарты кадджыты дæр.

3-аг хай «Нарты фыдæл – Уæрхæг» бакæсыны фæстæ ахуыргæнæг сывæллæтты ‘ргом здахы ахæм сæйраг проблемон хъуыдымæ: нарты Уæрхæг æцæг зæххы аккаг разынди æви нæ? Скъоладзаутæ йын нымайынц йæ миниуджытæ, йæ арæхстдзинад æмæ йын уыдонмæ гæсгæ ссарынц йæ бынат нарты равзæрды схемæйы.

сывæллætты æркæнын хъæуы, сæ бон бамбарын кæй бауа, ахæм хатдзæгтæм:

а). Зæххы аккаг чи у æмæ чи нæу?

æ). Цавæр хъуамæ уа, зæххыл чи цæры, уыцы адæймаг?

Уадз æмæ сабитæй алчи дæр йæхицæн равзара, зæххы аккаг чи уыди, уыцы нæртон адæмы миниуджытæй, цæмæй уыдон дæр Ирыстоны зæххæн аккаг хъæбултæй хъомыл кæной. «Недостаточно заучивать слова, недостаточно понять даже мысли и чувства, в них заключенные, нужно чтобы эти мысли и чувства стали внутренне определяющими личность», – зæгъы зынгæ уырыссаг ахуыргонд А. Н. Леонтьев.

Афтæмæй урочы баиу сты ахуырадон æмæ хъомыладон функцитæ, кæцытæн ис стыр нысаниуæг сывæллæтты дарддæры рæзты.

3-аг хайы схемæ

| Нарты фыдæл – Уæрхæг | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Кусæг | Хуымгæнæг | Хорз цуанон | Адæмуар-заг | Хорз хистæр | Æрдзуарзаг | Хъæбатыр |

***Хозиты Эльвирæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ
литературæйы кафедрæйы методист

# РЕКОМЕНДАЦИТÆ СКЪОЛАДЗАУТЫ ТЕТРÆДТЫ ÆМÆ КЪЛАСЫ ЖУРНАЛТЫ РАСТ ФЫССЫНÆН

## 1. Скъоладзауты тетрæдты нымæц

***Ирон æвзагæй*** тетрæдты нымæц хъуамæ уа: 2- 4 кълæсты – 2 кусæн тетрады, 1 тетрад контролон куыстытæн;

5-9 кълæсты – 2 кусæн тетрады, 1 тетрад контролон куыстытæн, 1 тетрад та сфæлдыстадон куыстытæн;

10-11 кълæсты та – 1 кусæн тетрад, 1 тетрад контролон æмæ сфæлдыстадон куыстытæн.

## 2. Домæнтæ тетрады фыссынмæ

Райдайæн æмæ астæуккаг скъолаты ахуырдзаутæ пайда кæнынц хуымæтæг тетрæдтæй (12-18 сыфы). Хистæр кълæсты (10-11 къл.), куыд кусæн тетрадæн, афтæ контролон æмæ сфæлдыстадон куыстыты тетрæдтæн, равзарæн ис ставддæр тетрад.

Ирон æвзаджы кусæн тетрады æддаг цъарыл аивæй фыссын хъæуы:

*Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы 5-æм «А» къласы ахуыргæнинаг Бæдтиаты Мæдинæйы ирон æвзаджы тетрад*

Контролон куыстыты тетрæдтыл фыссæм:

*Алагиры 5-æм скъолайы 7-æм «А» къласы ахуыргæнинаг Калоты Чермены контролон куыстыты тетрад ирон æвзагæй*

Сфæлдыстадон куыстыты тетрæдтыл фыссæм:

*Ногиры 1-æм скъолайы 8-æм «А» къласы ахуыргæнинаг Плиты Фатимæйы сфæлдыстадон куыстыты тетрад ирон æвзагæй*

Райдайæн скъолайы ахуырдзауты тетрæдты æддаг цъæрттыл аивæй фыссы ахуыргæнæг йæхæдæг, 5-æм къласæй уæлæмæ та скъоладзаутæ сæхæдæг фыссынц сæ тетрæдты цъæрттыл.

Тетрады фысгæйæ, сырх хаххæй фалдæр хизæн нæй, æнæмæнг хъусдард хъуамæ цæуа сырх рæнхъæй фыссынмæ дæр.

Урочы райдайæны нымæцæй уæлдай тетрады нысангонд цæуынц куыстыты хуызтæ. Зæгъæм: *Къласы куыст; Хибарæй куыст* æмæ а.д. Хæдзармæ лæвæрд фысгæ куыст æххæст кæнгæйæ, фыссæм нымæц æмæ *Хæдзармæ куыст*.

Къласы куыстыты тетрæдты, хæслæвæрд æххæстгæнгæйæ, бæрæг кæнын хъæуы фæлтæрæнты номыртæ дæр.

Контролон æмæ сфæлдыстадон куыстыты тетрæдты нымæцы бынмæ фыссæм: *Контролон диктант; Сфæлдыстадон диктант; Контролон изложени; Æвзаргæ изложени; Изложени грамматикон хæсимæ; Сочинени* æмæ а.д.

Контролон æмæ сфæлдыстадон куыстыты тетрæдты æххæстгонд цæуынц рæдыдтытыл куыстытæ дæр. Рæдыдтытыл куысты урочы котролон кæнæ сфæлдыстадон куысты бынмæ фыссæм нымæц æмæ *Рæдыдтытыл куыст*.

Ирон æвзаджы куыстыты тетрæдты нымæц æмæ мæй фыст цæуынц æфтæ:

*Тъæнджы мæйы 10-æм бон.*
*Къласы куыст.*
*Фæлтæрæн 344-æм.*

Фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ, фыссын райдайын хъæуы сырх рæнхъæй.

Нымæц æмæ фысгæ куыстыты ’хсæн рæнхъ уадзæн нæй.

Хæдзармæ куысты фæстæ фæуадзын хъæуы 2 рæнхъы æмæ дарддæр фыссын 3-аг рæнхъæй.

Тетрæдтæ ахуыргæнæг бæрæг кæны сырх пастæйæ. Контролон куыстытæ

бæрæггонд цæуынц иннæ урокмæ. Æнæмæнгæй контролон куыстыты тетрад æвдыст цæуы ныййарджытæм, хæдзармæ дæр сæ ис раттæн.

Рæдыдтытæ раст кæнæн ис зул хаххæй. Контролон куыстытæ бæрæг кæнгæйæ, ахуыргæнæг ххх кæны рæдыд, йæ сæрмæ йын фыссы раст вариант. Бæрæггæнæнтæ хаст цæуынц журналмæ.

***Ирон литературæйы*** тетрæдты нымæц: 5-9 кълæсты – 1 тетрад, 10-11 кълæсты – 2 тетрады (1 кусæн тетрад, 1 тетрад сфæлдыстадон куыстытæн - сочиненитæн).

Ирон литературæйы тетрады æддаг цъарыл аивæй фыссын хъæуы:

*Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы 5-æм «А» къласы ахуыргæнинаг Бæдтиаты Мæдинæйы ирон литературæйы тетрад*

Сфæлдыстадон куыстыты тетрæдтыл фыссæм:

*Ногиры 1-æм скъолайы 10-æм «А» къласы ахуыргæнинаг Абайты Хетæджы сфæлдыстадон куыстыты тетрад ирон литературæйæ*

### 3. Скъоладзауты фысгæ куыстытæ бæрæг кæныны фæтк

Ирон æвзаджы кусæн тетрæдтæ бæрæггонд цæуынц:

1-5 кълæсты – алы урочы фæстæ дæр, скъоладзаутæй алкæмæн дæр;

6-9 кълæсты алы урочы фæстæ дæр бæрæггонд цæуынц æрмæст лæмæгъ скъоладзауты тетрæдтæ, тыхджындæр скъоладзауты кусæн тетрæдтæ та бæрæг кæнæн ис къуыри иу хатт;

10-11 кълæсты дæр алы урочы фæстæ бæрæггонд цæуынц æрмæст лæмæгъ скъоладзауты тетрæдтæ, иннæ скъоладзауты тетрæдтæм та æркæсын æмбæлы мæйы дæргъы 2 хатты.

Ирон литературæйы кусæн тетрæдтæм 5-9 кълæсты каст цæуы мæй дыууæ хатты, 10-11 кълæсты та – мæй иу хатт.

Райдайæн кълæсты, диктант, изложени кæнæ сочиненийы урок скæнгæйæ, рæдыдтытыл куысты урок дыууæ бонæй дарддæр ахæссæн нæй, – ахуырдзаутæм уый бæрц цымыдис нал фæкæсынц сæ бæрæггæнæнтæ. 5-8 кълæсты та рæдыдтытыл куысты урокæн къуыриййæ фылдæр æмгъуыдгæнæн нæй. 9-11 кълæсты ахуырдзауты фысгæ куыстыты хæрзхъæддзинад сбæрæг кæнынæн æмæ сæ урочы равзарынæн амынд цæуы 10 боны æмгъуыд.

Фысгæ куыстытæ раст кæнгæйæ, ахуыргæнæг рæдыдтыты хуызтæм гæсгæ сырх хаххы æдде æвæры нысантæ: *I* – орфографион рæдыд, *V* – пунктуацион рæдыд; *г* – грамматикон рæдыд. Изложенитæ æмæ сочиненитæ бæрæггæнгæйæ, 5-11 кълæсты орфографион æмæ пунктуацион рæдыдтытæй уæлдай ма сырх хаххы æдде нысан *н*-йæ бæрæггонд цæуынц ныхасы рæдыдтытæ дæр.

Рæдыдтытыл куыстæн æвæрд цæуы хицæн бæрæггæнæн.

### 4. Къласы журналы фыссыны æгъдæуттæ

Къласы журнал у паддзахадон документ. Иуæрдыгæй, журнал у скъоладзауты зонындзинæдты æвдисæндар предметæй, иннæрдыгæй та дзы æвдыст цæуы, предметæй ахуыры программæ куыд æххæстгонд цæуы, уый.

Къласы журналмæ гæсгæ базонæн ис: ахуырты цыд тематикон пълантæм гæсгæ, хæдзармæ куыст; ахуыргæнинæгты зонындзинæдты æмвæзад. Уымæй уæлдай ма дзы бæрæггонд цæуынц скъоладзауты цухгонд бонтæ дæр.

Предмет амонынæн цы сахæтты нымæц лæвæрд цæуы, уымæ гæсгæ рагацау бæрæггонд æрцæуынц журналы сыфтæ дæр. Зæгъæм, кæд программæмæ гæсгæ предметæй къуыри иу бон йеддæмæ урок нæ вæййы, уæд предметæн ныууадзын фæхъæуы 2 сыфы, къуыри 2 урокæн – 3 сыфы, къуыри 3 урокæн –5 сыфы, къуыри 4 урокæн – 6 сыфы, къуыри 5 урокæн – 8 сыфы, къуыри 6 урокæн – 9 сыфы.

Журналты фыссын хъæуы аив, æнæрæдыд, иу хуыз пастæйæ (кърандасæй фыссæн дзы нæй). Предметты нæмттæ журналы фыссын хъæуы гыццыл дамгъæйæ. Ахуыргæнæджы мыггаг, ном, фыды ном фыст цæуынц æххæстæй.

Журналы галиуæрдыгæй фыссын хъæуы

нымæц, бон дыууæ урочы бæрæг кæнын хъæуы хицæнтæй (дыууæ хатты).

Журналы рахиз фарсыл фыст цæуынц нымæц, урокты темæтæ æмæ хæдзармæ куыст. Зæгъæм:

| Нымæц | Урочы темæ | Хæдзармæ куыст |
|---|---|---|

Урок æндæр ахуыргæнæг куы фæамоны, уæд æй фæнысан кæнын фæхъæуы афтæ:

| Нымæц | Урочы темæ | Хæдзармæ куыст |
|---|---|---|
| | | Дзырд «замена» (ивд) æмæ ахуыргæнæджы къухæвæрд. |

***Фиппаинаг.*** Журналы темæтæ бæрæг кæнгæйæ, кæсын хъæуы программæмæ. Æвзагæй дæр æмæ литературæйæ дæр иумæйаг темæ программæйы дихгонд æрцæуы хицæн дæлтемæтыл. Журналы фыссын фæхъæуы, иумæйаг темæ нæ, фæлæ дæлтемæ, ома ацы урочы куыст цæуыл цыд, уыцы æрмæджы сæргонд. Зæгъæм: *Миногон* нæ, фæлæ *Миногон куыд ныхасы хай*; *Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ* нæ, фæлæ *Хъуыдыйады æмхуызон уæнгты æмбарынад; Хетæгкаты Къоста «Фатимæ»* нæ, фæлæ *Уарзондзинады мотивтæ Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ»-йы; Сочинени* нæ, фæлæ *Сочинени Коцойты Арсены радзырд «Æмбæлттæ»-м гæсгæ* æмæ а.д.

## ДЗЫРД, ХЪУЫДЫЙАД ÆМÆ ТЕКСТ ÆВЗАРЫНЫ ФÆТК

### Орфографион æвзæрст

1. Ныхасы хай.
2. Дзырды кæцы хайы (морфемæйы) ис орфограммæ.
3. Радзурын, цавæр æгъдаумæ гæсгæ фыссын хъæуы дзырд.
4. Ссарын дзырды растфыссынад бæлвырдгæнæн дзырдтæ кæнæ ранымайын фиппаинæгтæ.

### Фонетикон æвзæрст

1. Дзырд уæнгтыл адих кæнын. Уæнгтæн сæ хуыз сбæрæг кæнын: гом, æхгæд.
2. Цавдон уæнг ссарын.
3. Дзырды хъæлæсонты æмæ æмхъæлæсонты ивддзинæдтæ.
4. Бацамонын мыртæ æмæ дамгъæты нымæц.
5. Хъæлæсонтæн сæ хуыз сбæрæг кæнын: тыхджын, лæмæгъ.
6. Æмхъæлæсонтæн сæ хуыз сбæрæг кæнын: зылангон, æзылангон, сонорон.

### Морфемикон æвзæрст

1. Цавæр ныхасы хай у дзырд; йæ формæ (ивгæ, æнæивгæ).
2. Рахицæн кæнын дзырды кæрон æмæ быныдур.
3. Сбæрæг кæнын бындуры хуыз: аразгæ, æнæаразгæ, дихгæнгæ, æнæдихгæнгæ.
4. Рахицæн кæнын уидаг, ссарын æмуидагон дзырдтæ. Бацамонын уидаджы кæрæдзи ивæг дзырдтæ.
5. Разæфтуан рахицæн кæнын.
6. Фæсæфтуан рахицæн кæнын.
7. Иугæнæг хъæлæсон рахицæн кæнын.
8. Дзырды графикон схемæ саразын.

### Дзырдарæзтон æвзæрст

1. Бамбарын кæнын дзырды лексикон нысаниуæг.
2. Абарын дзырды арæзт æмуидагон дзырдтимæ.
3. Рахицæн кæнын дзырды хæйттæ.
4. Дзырдарæзтон мадзал сбæрæг кæнын.

### Номдары æвзæрст

1. Иумæйаг нысаниуæг.
2. Райдайæн формæ (иууон нымæц, номон хауæн).

3. Иумæйаг/сæрмагонд.
4. Хауæн æмæ йæ нысаниуæг.
5. Нымæц.
6. Синтаксисон функци.

**Миногоны æвзæрст**

1. Иумæйаг нысаниуæг.
2. Райдайæн формæ (ииуон нымæц, номон хауæн).
3. Миниуæгæвдисæг / ахастæвдисæг.
4. Бæрцбарæн.
4. Хауæн.
5. Нымæц.
6. Синтаксисон функци.

**Фæрсдзырды æвзæрст**

1. Иумæйаг нысаниуæг.
2. Хуыз нысаниуæгмæ гæсгæ.
3. Бæрцбарæн.
4. Синтаксисон функци.

**Номивæджы æвзæрст**

1. Иумæйаг нысаниуæг.
2. Райдайæн формæ (номон хауæн, æххæст формæ).
3. Хуыз.
4. Цæсгом.
5. Нымæц.
6. Хауæн.
7. Синтаксисон функци.

**Нымæцоны æвзæрст**

1. Иумæйаг нысаниуæг.
2. Райдайæн формæ.
3. Хуымæтæг / вазыгджын / амад.
4. Бæрцон / рæнхъон / дихон / мурон.
5. Хауæн.
6. Нымæц.
7. Синтаксисон функци.

**Мивдисæджы æвзæрст**

1. Иумæйаг нысаниуæг.
2. Райдайæн формæ.
3. Хуымæтæг / вазыгджын.
4. Хуыз.
5. Цæугæ / æдзæугæ.
6. Здæхæн.
7. Афон.
8. Цæсгом.
9.Нымæц.
10. Синтаксисон функци.

## СИНТАКСИСОН ÆВЗÆРСТЫТÆ

**Дзырдбасты æвзæрст**

1. Дзырдбасты хуыз йæ арæзтмæ гæсгæ (хуымæтæг, вазыгджын).
2. Дзырдбасты хуыз дзырдты бастдзинадмæ гæсгæ (уæгъдибар, æнгом).
3. Сбæрæг кæнын сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ.
4. Домгæ бастдзинады хуыз (æмбаст, æмарæзт, æфтыдад).
5. Дзырдбасты хуыз сæйраг дзырдмæ гæсгæ (номон, мивдисæгон, фæрсдзырдон).

**Хуымæтæг хъуыдыйады æвзæрст**

1. Хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй бакæсын.
2. Хъуыдыйады хуыз загъды нысанмæ гæсгæ (таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн).
3. Хъуыдыйады хуыз æнкъарæнджын ахуырстмæ гæсгæ (хъæрон, æнæхъæрон).
4. Хъуыдыйады хуыз сæйраг уæнгтæм гæсгæ (иувæрсыг, дывæрсыг). Иувæрсыг хъуыдыйады хуыз сбæрæг кæнын.
5. Хъуыдыйады хуыз фæрссаг уæнгтæм гæсгæ (хуымæтæг даргъ, хуымæтæг цыбыр).
6. Цæмæй даргъгонд æрцыд хъуыдыйад? (Фæрссагмион здæхт, миногмион здæхт, æмхуызон уæнгтæ, бавæргæ дзырдтæ æмæ æнд.).
7. Хъуыдыйады грамматикон бындур рахицæн кæнын.
8. Сæйраты къорд равзарын. Цæмæй загъд æрцыд?
9. Зæгъинаджы къорд равзарын. Цæмæй загъд æрцыд?
10. Бацамонын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ.

**Вазыгджын хъуыдыйады æвзæрст**

1. Хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй бакæсын.

2. Цæмæй бæрæг у, вазыгджын хъуыдыйад у, уый?

3. Хъуыдыйады хæйттæ нымæцтæй фæбæрæг кæнын.

4. Цавæр вазыгджын хъуыдыйад у? Цæмæй бæрæг у?

5. Кæд бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад у, уæд:

1) Хæйттæ цавæр бæттæгтæй баст сты?

2) Цавæр ахастдзинæдтæ ис хæйтты ’хсæн? (иугæнæг, ныхмæвæрды, ранымады).

3) Хъуыдыйады хæйттæ хицæн хуымæтæг хъуыдыйæдты хуызæн равзарын.

4) Бацамонын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

6. Кæд домгæвазыгджын хъуыдыйад у, уæд:

1) Ссарын сæйраг æмæ уæлæмхæст хæйттæ.

2) Сбæрæг кæнын уæлæмхæст хайы хуыз.

3) Хæйттæ кæрæдзиуыл цæмæй баст сты? (бæттæгтæ, бæттæг дзырдтæ). Цæмæй бæрæг у?

4) Хъуыдыйады хæйттæ хицæн хуымæтæг хъуыдыйæдты хуызæн равзарын.

5) Бацамонын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

6) Хъуыдыйадæн схемæ скæнын.

7. Кæд æнæбæттæгвазыгджын хъуыдыйад у, уæд:

1) Хæйтты бастдзинады мадзæлттæ ранымайын (интонаци, зæгъинаг-мивдисджыты формæты иудзинад, дзырдты рæнхъæвæрды æмхуызондзинад, фæлхатæнтæ æмæ а.д.)

2) Цавæр ахастытæ ис хæйтты ’хсæн? (бабæтгæ кæнæ домгæ)

3) Хъуыдыйады хæйттæ хицæн хуымæтæг хъуыдыйæдты хуызæн равзарын.

4) Бацамонын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

5) Хъуыдыйадæн схемæ скæнын.

**Тексты иумæйаг æвзæрст**

1.Текст аив бакæсын: йæ хъуыды æмæ йе ’взаджы хицæндзинæдтæм хъус æрдаргæйæ.

2. Тексты иумæйаг æууæлтæй цавæртæн дзуапп дæтты, ома цæмæн у текст? Фыццаг кæнæ фæстаг хъуыдыйады нысаниуæг цавæр у?

3. Тексты темæ, йæ сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын. Тексты темæ æргомгæнæг сæйраг дзырдтæ (æнцойгæнæнтæ) æмæ дзырдбæстытæ рахицæн кæнын.

4.Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын, йæ нысаниуæг ын сбæрæг кæнын (цæуыл дзурæг у йæ сæргонд, темæ æргом кæны æви тексты сæйраг хъуыды). Кæд текстæн сæргонд ис, уæд ма йæ куыд схонæн уаид, ууыл ахъуыды кæнын.

5. Зæгъын, текст цавæр стильмæ ахæссæн ис æмæ цæмæн.

6. Сбæрæг кæнын тексты функционалон хуыз (таурæгъон, æрфыстон, тæрхæттæ). Дзуапп бафидар кæнын.

7. Раиртасын хъуыдыйæдты бастдзинад тексты (цæгон, параллелон), хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл бæттæг грамматикон мадзæлттæ.

8. Сбæрæг кæнын тексты аивгæнæн мадзæлттæ, сæ функционалон нысаниуæг.

9. Бацамонын æнæзонгæ дзырдты нысаниуæг.

10. Банысангонд дзырдтæм синонимтæ, антонимтæ ссарын. Сæ фæлгъуызтæ сын бацамонын.

11.Тексты ссарын 2-3 бирæнысанон дзырды, сæ нысаниуæг сын бацамонын.

12.Кæд тексты синонимтæ, антонимтæ, ахæсгæнысанон кæнæ стилистикон æгъдауæй ахуырст дзырдтæ æмбæлы, уæд сæ ссарын, тексты сын цы функционалон нысаниуæг ис, уый сбæрæг кæнын.

13. Ссарын æрбайсгæ дзырдтæ, диалектон, профессионалон кæнæ зæронд дзырдтæ, фразеологон дзырдбæстытæ. Сæ нысаниуæг сын бацамонын.

14.Текстæн пълан саразын, хи ныхæстæй дзурынмæ (изложени фыссынмæ) йæ бацæттæ кæнын.

15.Тексты бындурыл скæнын фонетикон, морфемикон, морфологион кæнæ синтаксисон æвзæрстытæ.

16.Тексты орфограммæтæ æмæ пунктограммæтæ равзарын. Бацамонын сæ.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Джериаты Мæдинæ,***
Беслæны 4-æм скъолайы ахуыргæнæг

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 11-ÆМ КЪЛАСЫ

*Темæ:* ***«Лæгдзинад дзыхы ныхæстæй нæу»***
(Рацыд æрмæг фæлхат кæнын)
*Урок-иртасæн*

***Урочы нысантæ:***

1. Уацмысы комплексон анализы бындурыл зæрдыл æрлæууын кæнын рацыд грамматикон æрмæг.
2. Скъоладзауты фæлтæрын тексты æууæлтæ иртасыныл, сæ хъуыдытæ раст æмæ аив æргом кæныныл.
3. Æрдзурын æмбисонды хъуыдыйыл: «Лæгдзинад дзыхы ныхæстæй нæу».

***Урочы фæлгонц:*** *интерактивон фæйнæг, киноныв, æмдзæвгæйы текст, прозаикон уацмысæй ист скъуыддзаджы текст.*

***Эпиграф:***

«Сындзын арты куы судза лæг, уæддæр
Нæ уæй кæны йæ ном æмæ йæ фидæн».
*Джыккайты Ш.*

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*Ахуыргæнæг:* Абон нæ ныхасы сæр у лæгдзинад. Хъуамæ æрдзурæм, цы у лæгдзинад, хайджын дзы цавæр адæймаг вæййы, ууыл. Нæ балц райдайдзыстæм нæ адæмы историйыл афæлгæстæй.

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

1. Слайдтæй арæзт киноныв «Ирыстоны трагикон хъысмæт» æвдыст цæуы интерактивон фæйнæгыл.

(Киноныв арæзт у, Ирыстоны трагикон хъысмæт цы нывты æвдыст цæуы, ахæмтæй æмæ уыцы цаутимæ баст уацмыстæй. Нывты æвдыстимæ хъуысынц Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ «Хуымæтæг Ир» – ы рæнхъытæ).

Ацы цæстуынгæ æрмæг фадат дætты Ирыстоны истори æмæ литературæйæ рацыд уацмысты мидисыл афæлгæст скæнынæн, сæ бастдзинад ирон адæмы историимæ равдисынæн.

*Фарст:* Цы ис иумæйагæй ранымад уацмысты мидисы?

*Дзуапп:* Ирон лæг зындзинады дæр йæ цардæй уæлдæр йæ ном кæй æвæрдта, уый.

*Фарст:* Куыд баст сты поэт Джыккайты Шамилы æмдзæвгæйы рæнхъытæ:

*Сындзын арты куы судза лæг, уæддæр*
*Нæ уæй кæны йæ ном æмæ йæ фидæн*

цы нывтæ федтам æмæ нæ зæрдыл цы уацмыстæ æрлæууын кодтам, уыдонимæ?

*Дзуапп:* Адæймаг йæ ном бахъахъхъæныны фæдыл тох кодта, йæ цард нывондæн æрхæсгæйæ.

*2. Ахуыргæнæджы ныхас:*

Адæймагæн цард йæ размæ бирæ фæлварæнтæ æвæры, се ’ппæты дæр æй бахъæуы йæхи равдисын. Алы къахдзæф дæр у удыхъæды миниуджытæ бæрæггæнæг. Бирæтæ ссарынц хъару царды уæззау фæлварæнтæ рæстæй, кад æмæ намысимæ раттынмæ. Уый у стыр лæгдзинад!

Абоны урочы хъуамæ мах сбæрæг кæнæм, уыцы миниуæгæй хайджын цавæр адæймаг вæййы, уый. Равзардзыстæм дыуух уацмысы. Текстты бындурыл нæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм, æвзагæй цы æрмæг рацыдыстæм, уый.

*Фарст:* Цавæр проблемон фарст æвзæры нæ темæйы бындурыл?

*Дзуапп:* Цæмæй бæрæг кæны лæгдзинад?

*Ахуыргæнæг:* Уыцы фарстæн дзуапп раттын у нæ урочы сæйраг хæс. Нæ куысты нын баххуыс кæндзысты, не 'хсæн эксперттæй кæй равзæрстам, уыцы скъоладзаутæ. Ис сыл æвæрд бæлвырд хæс: тематикон æрмæгыл æнцойгæнгæйæ, скæнын хатдзæгтæ æмæ сæ фехъусын кæнын тексты хуызы. Йæ тексты арæзтмæ алкæмæн дæр ис сæрмагонд домæнтæ: спайда кæнын хъæуы сæ функционалон нысаниуæгмæ гæсгæ алыхуызон текстæй.

Раздæр бацамонут, цы тексты хуыз фысдзыстут, уый хицæндзинæдтæ.

Экспертты куыст ахадгæдæр уыдзæн, цы æрмæгыл æнцой кæной, уый фылдæр æмæ алывæрсыгдæр куы уа, уæд. Уымæ гæсгæ урочы равзарынмæ райстам дыуух тексты: поэтикон уацмыс æмæ прозаикон текст. Уыцы дыуух тексты æвзæрын кæнынц быцæйуаг фарст, цавæр, уый та сбæрæг кæндзыстæм, тексты мидисимæ базонгæ уæвгæйæ.

*3. Дзырдуатон куыст:*

– Райхалæм дзырд *«лæгдзинад»* – ы лексикон нысаниуæг.

(«Лæгдзинад» – мужество; æцæг лæгдзинад, лæгдзинад равдыста).

– Морфемикон æвзæрст æй ракæнæм. Цавæр у дзырды бындур? (аразгæ).

– Рахицæн кæнут дзырды æнæаразгæ бындур (лæг).

Хæдзары хъуамæ сбæрæг кодтаиккат, ацы дзырд кæм æмбæлы, ахæм дзырдбæстыты нысаниуæг: *лæджы ном, лæджы кар, лæджы фарн.* Семæ хъуыд хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын.

(Хæдзармæ куыст бæрæггонд цæуы, хъуыдыйæдты орфограммæтæ амонынц, афтæмæй).

*4. 1-аг текстыл куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Куыд æмбарын кæны ацы дзырдбæстыты мидис поэт Хостыхъоты Зинæ та? Байхъусæм ын йе 'мдзæвгæ «Лæджы кар»-мæ.

Хъæбул, фæлæг кæныс, лæджы securмæ фæцæуыс,
Нырма нæма зоныс, нæ, лæджы кар у уæззау.
Дæ рихи адауыс, – лæг дæн, – хæрзаг фæзæгъыс,
Лæджы фарн нæу, мæ бон, фыццаг рихиты сау.
Лæджы фарн зæххы цард йæ уæхсчытыл уромы,
Лæджы ном дунейæн – йæ ныфс æмæ йæ уарзт,
Лæджы ном зæххы цард фыдгæнæгæй дæр зоны,
Дунейы стыр фыдтæ – лæджы номимæ баст.
Мæ сонт хур, ма рацу гадзрахатæй дæ удыл,
Хуыздæрæн макуы райс мæнгард лæджы цæсгом,
**Дæ зæрдæ сахуыр кæн ды сагъæс кæнын, дудын,**
Дæ сусæг цæссыгтыл-иу макуы кæн фæсмон.
**Дæ зæрдæ сахуыр кæн йæ хъармæй тавын хурау,**
**Æмæ дæ рухс цæстыты уалдзыгон бон хæсс,**
Цæмæй кæйдæр цъæх чызг дæ ном мысгæйæ дзура:
«Нæлгоймаг амонд у, нæлгоймаг цин у, ныфс».

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1). Кæимæ ныхас кæны поэт? Цы фæдзæхсы, цæмæ сиды?

2). Цавæр хорз миниуджытæ хъуамæ уа нæлгоймагмæ, Хостыхъоты Зинæмæ гæсгæ? Куыд уыны нæлгоймаджы нысан царды?

3). Интерактивон фæйнæгыл баххæст кæнын куыст: текстæй пайдагæнгæйæ, дзырд *«нæлгоймаг»* – мæ ссарын, адæймаджы хорз миниуджытæ бæрæггæнæг дзырдтæ (*ныфс, тых, уарзт, рæстдзинад, фæлмæнзæрдæ, мæт, сагъæс).*

*2-аг текстыл куыст.*

Бирæ хъæбатыр цаутæ уыд Дауыраты Илитæйы хæстон царды…

– Дикæ, цæй-ма, æрзилæм нæ квадраты арæнтыл, – иу бон та йæм хъæрæй бадзырдта йæ фæстæбадæг æхсæг радист Богомолов. Илитæ йæ сæр разыйы тылд бакодта æмæ загъта:

– Тæхæм!.. Дæлæ уынын мессершмитты къорд. Тагъд фехъусын кæн штабмæ. Уæртæ æртæ мессершмитты сау мигътæй рагæпп ластой æмæ ме ’рдæм тырнынц, хъавынц мæ «Ласточкæ»-йы скъуырынмæ, фæлæ сын не ’нтысы…

Ставд сырх зынджы æвзæгтæ сцырен сты хъæрзгæйæ, нæргæйæ арвыл. Уыдон уыдысты Катюшæты куыст. Фашистты танкты пиллон скалд. Афтæ рауад иу мессершмитты хъысмæт дæр. Дикæйы хæдтæхæг ын йæ пиллон суагъта æмæ зæхмæ афардæг.

– Ныццавтам æй, фашисттыл фæуæлахиз нæ «Ласточкæ»! Уый дын ирон чызг! – цины хъæр кодта Богомолов…

Йæ хæс сæххæст кæныны фæстæ Илитæ йæ хæдтæхæджы базырыл бабаста нæзы бæласы цъупп, афтæмæй æрбатахт Севостополы сæрмæ. Фæлыг кодта бæндæн æмæ, бæласы фæстæ кæсгæйæ, загъта: «Ног азы хорзæх уæ уæд, æрхæссæд уын уæлахиздзинад, севостопойлогтæ!»

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1). Цæмæй хицæн кæнынц сæ арæзтæй дыууæ тексты? (сæ иу – поэтикон, иннæ – прозаикон)

2). Кæй кой кæны автор ацы скъуыддзаджы? (Дауыраты Илитæйы)

3). Чи уыд Илитæ?

4). Дикæйы миниуджытыл дзургæйæ, тексты дзырдтæй кæцытæй спайда кæндзыстæм?

Хæслæвæрд æххæстгонд цæуы интерактивон фæйнæгыл æмæ тетрæдты.

*(Сылгоймаг: хъæбатыр, хæстон, ныфс, сæрæн, узæлаг, зæрдæхæлар).*

– Цавæр хатдзæг скæндзыстæм тексты бындурыл, кæй бон у равдисын лæгдзинад? (Æрмæст нæлгоймаг нæ, фæлæ сылгоймаджы бон дæр).

*Ахуыргæнæг:* Раздæхæм та æмдзæвгæйы текстмæ.

– Цæмæн зæгъы поэт *«лæджы кар у уæззау»,* зæгъгæ?

– Бацамонут ставддæрæй фыст рæнхъыты хъуыды.

– Ссарут тексты, адæм алыхуызон кæй сты, лæджы номимæ фыдракæндтæ дæр баст кæй вæййы, ууыл дзурæг рæнхъытæ.

– Цавæр ныхмæвæрды бæттæгæй фæхицæнгæнæн ис кæрæдзийæ строфайы рæнхъытæ? *(фæлæ)*

– Рафыссут сидæнтæ. Зæгъут, цавæр сидæнтæй пайда кæны автор. Куыд æвдисынц поэты ахаст, ныхас кæимæ кæны, уымæ?

– Цавæр аивгæнæн мадзæлттæ ма æмбæлы тексты?

– Текстæй рафыссут æнцойгæнæн дзырдтæ.

– Дзырдтæм ссарут синонимтæ æмæ антонимтæ, семæ дзырдбæстытæ саразут: *фыдгæнæг, фыдтæ, гадзрахатæй, мæнгард, мысгæйæ, цин.*

– Дзырдтæ морфемикон æгъдауæй равзарут: *фæцæуыс, адауыс, фæзæгъыс.* Цы ис иумæйагæй сæ дзырдарæзты?

– Ссарут разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ. Цавæр лексикон æмæ грамматикон фæрæзтæй арæзт цæуынц?

– Текстæй рафыссут дзырдтæ ахæм орфограммæтæм гæсгæ:

– дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад;

– æмхъæлæсонты ивынад;

– зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты фембæлд;

– вазыгджын дзырдты растфыссынад;

– хайыгты растфыссынад æмæ а. д.

*Ахуыргæнæг:* Байхъусæм нæ экспертты ныхасмæ, цы æрмæг фехъуыстой, уый сæм цавæр хъуыдытæ сæвзæрын кодта, уыдон нын фехъусын кæндзысты нывæцæнты хуызы.

Тeксттæн аргъонд цæуы сæ мидис æмæ функционалон нысаниуæгмæ гæсгæ, цавæр домæнтæн дзуапп дæттынц, уымæ гæсгæ.

*III. Урочы кæронбæттæн.*

– Цавæр хатдзæг скæндзыстæм нæ

урочы равзæрст æрмæджы бындурыл? – Куыд баст у æрмæг нæ урочы темæимæ?

– Цæмæй бæрæг кæны лæгдзинад?

*IV. Хæдзармæ куыст.*

– Хостыхъоты Зинæйы æмдзæвгæйы мидисы бындурыл темæтæй иумæ гæсгæ ныффыссут нывæцæн:

*1). «Уый лæджы ном кадимæ хæссы»* (æрфыстон текст)

*2). «Цавæр хъуамæ уа æцæг лæг?»* (текст-тæрхæттæ)

*3). «Æз лæгдзинад равдисгæ федтон»* (таурæгъон текст)

***Къадзаты Мæдинæ,***
Мызуры скъолайы ахуыргæнæг

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 10-ÆМ КЪЛАСЫ

*Темæ: «**Фæлгонцы системæ романы. Адæмы фæлгонц уацмысы».***
***(Фæрнион Къостайы роман «Уады уынæр» – мæ гæсгæ)***

**Урочы нысантæ:**

1) уацмысы мидисыл æнцой кæнгæйæ, равзарын аивадон фæлгонцтæ;

2) ахуыр кæнын уацмысы царды проблемон уавæртæм хи цæстæнгасæй кæсыныл, хи хъуыдытæ æдæрсгæ дзурыныл;

3) æрдзурын, адæймаг фарнхæссæг дæр æмæ цардхалæг дæр кæй у, ууыл.

**Урочы цыд:**

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

1. Скъоладзауты базонгæ кæнын урочы темæ æмæ хæстимæ.

*II. Рацыд æрмæгыл куыст.*

1. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.

Бацæттæ кæнын Цæрайы фæлгонц (куыст цæуы хицæн сыфтыл):

1. Сурæт (æддаг бакаст) – цæстытæ.
2. Царды фæндаг.
3. Абырджыты ’хсæн.
4. Адæмимæ.
5. Сылгоймагимæ.
6. Йæ мидхъуыдытæ.

2. Литературæйы тетрæдты фыст раззаг урочы эпиграфтæн анализ скæнын, ахъуыды сыл кæнын:

«Адæймаг – æрдзы сфæлдыст алæмæт! Куыд уæздан у зондæй! Куыд æгæрон сты йæ хъарутæ! Куыд аив у конд æмæ уындæй! Куыд бæстон у йæ архайд! Куыд у йæ митæй зæды ’мсæр! Куыд у йæ хъуыдытæй Хуыцауыл баринаг! Уый у арв æмæ зæххы фидауц! Уый у цæрæг удты бæрзонддæр!»

Шекспир (Гамлеты монолог)

«Цард алцæмæн дæр бæззы цæрыны йеддæмæ. Чи загъта, адæймаг сфæлдыстады цъупп у, сфæлдыстады тæккæ бæрзæнд у, уый ма мæ цурмæ æрбацæуæд ныр. Æрбакæсæд-ма мæ цæстытæм, цымæ нæ фефсæрмы уаид?»

Фарнион (Цæрайы хъуыдытæ)

*III. Ног æрмæгыл куыст.*

*1. Слайд* «Арт судзы цырынæй. Мæйдар æхсæв у, чысыл ирдгæ дæр кæны, æмæ Хъасболы цагъд ласы раст зæрдæйы уидæгтæ риуæй».

(Ахуырдзау кæсы рагацау ын хæсгонд сфæлдыстадон куыст «Зарæджы ахадындзинад уацмысы»).

*2. Ахуыргæнæджы ныхас.*

Роман-хъысмæт, афтæ схонæн ис ацы уацмыс. Сымах уе ’ппæты дæр фæнды

базонын сæйраг архайджыты хъысмæт дарддæр.

Тыхджын эмоционалон – психологон зæлынад ис уацмысы кæронæн…

*Слайд* «Хъæды кæрон нæма уыдис. Хур анигуылди. Мæйдар æхсæв…Цæуынц нæ бæлццæттæ, фæлæ сæ фæндаг нæ уынынц…».

*Слайд-схемæ:*

Фæндаг… – æбæрæг…

↙ ↘

ахст адæмы … хæстмæцæуджыты…

– Цæмæн? *(Скъоладзауты хатдзæгтæ)*

– *Ахуыргæнæджы хатдзæгтæ:* Кæронбæттæны фыссæг иу риуыгъдæй нæ лыг кæны сюжеты æппæт æлхынцъытæ. Цардæн йæхийау, дзырдаивад нæ быхсы джиппы уагъд уавæртæ æмæ фæлгонцтæ…

*Слайд*: Фарнион Къоста – реалон цард нывгæнæг, реалистон фæрæзæй пайда кæны, идеализаци нæ кæны йæ адæмы…

– *Хъуыды райхалын.*

*Слайд*: Абырджытæ дæр адæм сты, фæлæ автор уыдоны æмрæнхъ кæй æвдисы?

*Хæс:* иугай дзырдтæ кæнæ дзырдбæстытæй ахæццæ кæн хъуыдытæ:

*Ӕрхыхъæуы цæрджытæ:*

...нымад сты …
…цардис…
…бакуыстой…
…уыдис сын…
…афтæ кастис…
…цардис…
…уыдис сæм…
…цыдис ныхас..
…хъаст нæ хаста…
…нæ цыдысты…
…нæ хастой…

*Дзуæппытæ:*

| | |
|---|---|
| …нымад сты | *сау адæмыл, Хъарадзауты кæвдæсæрдтыл* |
| …цардис | *сабыр, æнæмæтæй* |
| …бакуыстой | *хор* |
| …уыдис сын | *1 хъæуыхицау, 1 писыр* |
| …афтæ кастис | *стырдæр хъæу нæй* |
| …цардис | *300 хæдзары* |
| …уыдис сæм | *къæнцылар, телефон* |
| …цыдис ныхас.. | |
| …хъаст нæ хаста | *худинаг сæм каст* |
| …нæ цыдысты | *æндæр хъæумæ* |
| …нæ хастой | *чындз æндæр хъæуæй* |

– *Автор йæ хъуыдытæ цавæр хъуыдыйадæй балхынц кодта?*

*Слайд*: Афтæ æнæсагъæс, æнæмæтæй изæрты бадтысты зæрæдтæ ныхасы, æмæ сæ лулæтæ дымдтой.

– *Фæсивæды тыххæй цы зæгъы автор?*

*Слайд*: «Фæсивæд æмæ-иу чызджытæ кафыдысты бæрæгбонты фæсхъæу, нæууыл, суанг райсомæй изæрмæ. Чызджытæ-иу сæ уарзон лæппутæн лæвар кодтой къухты кæлмæрзæнтæ. Ныкъуылдтой-иу сæ кæрæдзимæ сæ цæстытæ….»

– *Хъуыды райхал:* Тынг бузныг уыдысты сæ цардæй…

– *Цæвæр таурæгъ хаста зæронд лæг алы изæр дæр?*

– *Куыд- иу æй балхынцъ кодта?*

*Слайд:* адæмы фæлгонц ирддæрæй равдисынмæ нæ автор кæдæм бакодта?

– *Цы уынут ныввы?*

– *Цавæр æгъдæуттæ федтам ам?*

*Слайд:* Дзуары куывд… дзуары бын æгъдау… ануæзтой… бахъæлдзæг сты… зарын… барасыг сты… загъд райдыдта… архайд кульминацимæ ссыд… æнæмæт цард хъуамæ фехæла …

– *Цæй фæрцы?*

– «Мæсыг хи дурæй хæлы». Чидæр ныхас бахаста къæнцылармæ…

– Ӕппæты стырдæр трагеди, æппæты тыхджындæр реалон ахорæнтæй фыст у иу мивдисæджы…*«…абадтысты нуазыныл…»*

– Адæм цы ферох кодтой?

– Дзуары фыдæх…

– Кæм сраст кодтой сæхи Ӕрхыхъæуы цæрджытæ?

– Адæмы хъуыд стыр сæнкъуыст…

– Ӕмæ сæ бирæ нæ бахъуыд æнхъæлмæ кæсын…

*Хæс:* Равзæрын хъарæджы мидис.

*Слайд:* Нывты алкæй дæр – сюжет æвæрд.

Сюжеттæ раргом кæнын.

Адæмы минæвæртты дыууæ дихы акæнæм:

| *<u>æвæрццæг</u>* | *<u>æппæрццæг</u>* |
|---|---|
| Басил | Хъарадзаутæ |
| Асиат | Дзекка |
| Чито | хъæуыхицау |
| Быдзеу | |

*IV. Хатдзæгтæ.*

*Слайд:*

1. Фæрнионæн бантыст ирон зæххусæджы цард æппæтвæрсыгæй равдисын.

2. Æлдарад, хицауад, базарад – уыдон ссæстой адæмы бартæ, нæ сæ уагътой царды рухсмæ, истой сын сæ амонд.

3. Фæрнион реалон нывты æвдисы уыцы фыд рæстæг, реакцион æгъдæуттæ æмæ закъонты зианхæссæг мидис æргом кæны хицæн фæлтæртæ æмæ хицæн удгоймæгты хъысмæттæй

4. Фæрнионы гуманизм у ирд æмæ бæрзонд. Йæ хъарæг дæр æмæ йæ зарæг дæр æвзæрынц адæмы цардæй, сæ сæгъæстæй, адæмы мæтæй.

5. Адæмы фæлгонц аразæг хъуыдыйæдтæ – стихау цыбыр, æлвæст, фидарамад.

6. Адæмы æмæ сæ минæвæртты фæлгонцтæ зæлынц фæдзæхсты хуызæн.

7. Уыдон абон дæр сты иттæг актуалон сæ мидис æмæ проблемæтæй, æвидигæ у сæ аивадон тых.

8. Романы ирдæй зынынц, канд цы рæстæг æмæ адæмы æвдисы, уыдон нæ, фæлæ ма ныры рæстæг æмæ ныры адæм дæр.

***Саухалты Валентинæ,***
Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг,
методист –
***Майрæмыхъуаты Фатимæ***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ: **«Æрвон диссæгтæ»***
*(Фæрсдзырд куыд ныхасы хай)*

***Урочы нысантæ:*** 1. Бацамонын фæрсдзырды æмбарынад.

2. Скъоладзауты фæцалх кæнын фæрсдзырдæй ныхасы мидæг пайда кæныныл.

3. Ахуырдзауты базонгæ кæнын æрвон дунеимæ, æрвон диссæгтæ базонынмæ сæм цымыдисдзинад гуырын кæнын.

***Урочы фæлгонц:*** Презентаци «Стъалыты æмбырдгондтæ».

***Эпиграф:***

Фæнды дæ арв, йе зæхх
Сæ æцæгтæ зæгъой,
Уæд чиныгмæ ыздæх,
Кæн ахуыр, кæн фæллой.
(Хъайтмазты Ас.)

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*** Ахуыргæнæджы ныхас урочы нысанты тыххæй.

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Хъуыдыйæдтæ абарын:*

1) Фæндагыл цæуын.

Фæндагыл *сындæггай* цæуын.

2) Стъалытæ тыбар-тыбур кодтой.

Стъалытæ *æнахуыр* тыбар-тыбур кодтой.

3) Саг йæ сыкъатæ систа æмæ фæцагайдта.

Саг *æвиппайды* йæ сыкъатæ *бæрзонд* систа æмæ *рæвдз* фæцагайдта.

– Цавæр уæлæмхасæн хъуыды бахастой хъуыдыйæдтæм нысангонд дзырдтæ?

– Кæцы дзырдтæй сæм дæттæм фæрстытæ?

– Цавæр фæстытæ сæм дæттæм?

*2. Ахуыргæнæг:* Цы нысан кæны термин ***«фæрсдзырд»?***

Ацы дзырд у вазыгджын, арæзт у дыууæ уидагæй *фæрс* æмæ *дзырд*. *Дзырд* цы нысан кæны, уый алчи дæр зоны, *фæрс* та, æвæццæгæн æмæ, амоны «фарсмæ æвæрд», «дзырды фарсмæ уæвын». Æмбæлы ма термин *«фæрссагми»*-йы дæр.

Ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ иу æвзæгты къордмæ кæй хауынц – индоевропæйаг – уымæ гæсгæ ирон æвзаджы грамматикон сконд арæх абарынц уырыссаг æвзаджы грамматикон скондимæ.

Цы нысан кæны термин *«наречие»* уырыссаг æвзаджы та?

Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй термин *«наречие»* æмбæлд суанг рагон уырыссаг æвзаджы. Рахицæнгæнæн дзы уыд уидаг -*реч*-. Ацы уидаг уыд бирæнысанон, йæ фыццаг нысаниуæг *речь* – ныхас, æмæ ма ноджы *речь* – *мивдисæг* (глагол). Афтæмæй, фæрсдзырд (наречие) æнгом баст у мивдисæгимæ.

Рагон Ромы цæрджытæ та фæрсдзырд хуыдтой *adverbium.* Дзырд *verbium* нысан кодта «мивдисæг», разæфтуан *ad-* – (уырыссагау *«при»*), ома *«приглаголие»*.

Афтæмæй бæрæг у, фæрсдзырдæн ныхасы стыр нысаниуæг кæй ис, æнгом баст кæй у мивдисæгимæ, æмæ мивдисæджы фарсмæ æххæст кæны, миногон номдары фарсмæ цы функцитæ æххæст кæны, ахæмтæ: æвдисы мивдисæджы æууæлтæ, йæ миниуджытæ.

*Ахуыргæнæг:* Йæ рæстæджы А. С. Пушкин дæр бафиппайдта: «Наречие – особенная часть речи: и трудная, и интересная, а еще она *живописует* глагол».

*Ахуыргæнæг:* Куыд æмбарут дзырд «*живописует»*? (*Живописать – писать живо, ярко, образно, выразительно)* Фæлгонцджын, рæвдз, аив фыссын.

Фæрсдзырды уыцы миниуджытæ мах абон хъуамæ раиртасæм аивгонд тексты æмæ, нæ бон цас у, уый бæрц бацархайæм нæхи сфæлдыстадон куыстыты фæрсдзырдтæй спайда кæнынып.

*3. Текстыл куыст.*

Æрфæны фæд.

Иуахæмы дын саг æмæ къамбец куы фæбыцæу уаиккой, арвы кæронæй иннæ кæронмæ тагъддæр чи бахæццæ уыдзæн, зæгъгæ. Æрлæууыдысты иу кæрон.

Саг æвиппайды йæ сыкъатæ бæрзонд систа æмæ рæвдз фæцагайдта. Арвы астæумæ куы бахæццæ, уæд йæ зæрдæ аскъуыд, æмæ йæ мидбынаты æрхауд.

Уалынмæ къамбец дæр рараст æмæ сындæггай иннæ кæронмæ бахæццæ.

Арв æхсæвыгон куы ныттынг вæййы æмæ стъалыты цæхæр куы фесты, уæд йæ бæстастæуыл иу кæронæй иннæмæ ирдæй разыны урсцагъд къуымбилæй фæд. Уый фарсмæ та иу кæронæй бæстастæумæ ис урс мигъы хуызæн æхсырхуыз бындзыгтæ.

Уæдæй фæстæмæ дзурынц, зæгъгæ, дам, уыдон сты саг æмæ къамбецы фæдтæ. Хонынц сæ «Æрфæны фæд».

*Беседæ тексты бындурыл:*

1). Цы базыдтат ногæй текстмæ гæсгæ?

2). Цæуыл нæ ахуыр кæны текст? Цавæр арф хъуыды дзы æвæрд ис?

3). Нæ æмбисæндтæй кæцытæ æвдисынц тексты сæйраг хъуыды?

– Тагъдгæнæгæй бæстонгæнæгæн *хуыздæр* æнтысы.

– Æвзæр тагъдæй хорз сындæг хуыздæр у.

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1). Бацамонын дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ, синонимтæ сæм ссарын: *цæст ахæссын (акæсын), фæбыцæу уæвын (*ам: *схæснаг кодтой), фæцагайын (*ам: *азгъорын), ныттынг вæййы (ныйирд вæййы), цæхæр фесты (цæхæр фæкалы), бындзыгтæ (*ам: *гуппæрттæ, къуыбылæйттæ), Æрфæн* – нысан кæны *«æрвон».*

2). Æнгом дзырдбæстытæ дзы кæцытæ сты?

*Дзуапп:* Цæст ахæссын, йæ зæрдæ аскъуыд, цæхæр фесты.

3). Цæмæн хъæуынц æнгом дзырдбæстытæ? Цавæр функци сын ис тексты?

4). Фæйнæгыл ныффыссын, равзарын сæ растфыссынад, морфемикон æвзæрст

скӕнын: *мидбынаты, бӕстастӕу, урсцагъд, ӕхсырхуыз.*

– Цавӕр фарстытӕн дзуапп дӕттынц?

– Семӕ дзырдбӕстытӕ саразын.

– Цавӕр ныхасы хӕйттӕ сты?

5). Рафыссӕм персонажтӕн характеристикӕ дӕттӕг мивдисджытӕ семӕ баст дзырдтимӕ (аразӕм дзырдбӕстытӕ):

САГ: *ӕвиппайды* йӕ сыкъатӕ систа, *бӕрзонд* систа, *рӕвдз* фӕцагайдта;

*арвы астӕумӕ* бахӕццӕ, *уӕд* йӕ зӕрдӕ аскъуыд, *йӕ мидбынаты* ӕрхауд.

КЪАМБЕЦ: *уалынмӕ* рараст, *сындӕггай иннӕ кӕронмӕ* бахӕццӕ.

– Куыд ӕвдисынц фӕрсдзырдтӕ персонажты удыхъӕды миниуджытӕ? (Сӕ иу тагъдгӕнаг, иннӕ та – сындӕг).

6). Фӕрсдзырдтӕм антонимтӕ ссарын:

*ӕвиппайды* – сабыргай;

*рӕвдз* – сындӕггай

– Цавӕр фӕрсдзырдтӕ ма ӕмбӕлы тексты?

*ӕхсӕвы* (кӕд?), *чысыл* (цас?), *уӕд* (кӕд?), *тагъддӕр* (куыд?), *иу кӕрон* (кӕм?), *бӕрзонд* (куыд?), *рӕвдз* (куыд?), *арвы астӕумӕ* (кӕдӕм?), *уӕд* (кӕд?), *йӕ мидбынаты* (кӕм?), *сабыргай* (куыд?), *ирдӕй* (куыдӕй?) ӕмӕ а. д.

– Нысан кӕнынц: *архайды хуыз, архайды бынат, архайды афон, архайды бӕрц.*

7). Дзырдтӕм синонимтӕ ссарын:

Ирд ӕхсӕвы – мӕйрухс ӕхсӕвы

Фӕцагайдта – азгъордта, атындзыдта.

– Цӕмӕн равзӕрста автор дзырд *фӕцагайдта?* (Саг агайгӕ кӕны, гӕппытӕгӕнгӕ згъоры);

рӕвдз – *тагъд, цырд, схъиудтытӕгӕнгӕ (ӕндӕр стилы);*

ӕвиппайды – *ӕнӕнхъӕлӕджы;*

сындӕггай – *сабыргай, цадӕггай, уӕзданӕй, узгӕ-узгӕ.*

8). Сфӕлдыстадон хӕс. Фразеологон дзырдбӕстытӕ иу дзырдӕй – фӕрсдзырдӕй – баивын.

Цӕсты фӕныкъуылдмӕ – *тагъд*

Йӕ хъӕлӕсыдзаг – *хъӕрӕй*

Арсы хъуыны мӕлдзыг – *гыццыл*

Цӕстытӕ ныссадзын – *лӕмбынӕг* кӕсын.

*Фарст:* Саджы уады тыххӕй куыд зӕгъдзыстӕм?

– *Цыппӕрвадыгӕй* азгъордта.

– Къӕхтӕ йыл базад.

– Базыртӕ йыл базад.

– Бындзы тахт акодта.

– Цӕст ыл нал хӕцы.

– Тагъдгӕнӕгӕн йӕ зӕнг сӕтты.

*Фарст:* Къамбецы цыды тыххӕй та куыд зӕгъдзыстӕм?

– Гӕппӕй дугъ нӕй.

– Тагъд дон фурды не ’ййафы.

– Тагъд чи кодта, уый фӕстейы баззад.

– Карк нӕмыггай уидзы, фӕлӕ йӕхи бафсады.

– *Ӕ*мбаргӕ лӕг зын хъуыддаджы тагъд нӕ кӕны.

– *Ӕ*взӕр тагъдӕй хорз сындӕг хуыздӕр у.

9). Ӕмбисӕндты ссарын фӕрсдзырдтӕ (*Цыппӕрвадыгӕй, фӕстейы, нӕмыггай).*

*4. Ахуыргӕнӕг:* Алы адӕммӕ дӕр ис Ӕрфӕны фӕдимӕ (Млечный путь) баст таурӕгътӕ. Бакӕсӕм сӕ.

*1). Рагон бердзентӕм гӕсгӕ* Ӕрфӕны фӕд баст у мады ӕхсыримӕ. Сылгоймаг-Хуыцау Герӕ йӕ риуы ’хсырӕй хаста Гераклы. Фӕлӕ куы базыдта, Геракл йӕ лӕг Зевсӕн зӕххон сылгоймагӕй кӕй райгуырд, уый, уӕд сывӕллоны асхуыста, ӕмӕ йе ’хсыр арвыл акалд.

*2). Финнаг мифмӕ гӕсгӕ* кӕддӕр зӕххыл зади стыр тулдз бӕлас. Афтӕ стыр уыд, ӕмӕ йӕ аууонӕй Хур ӕмӕ Мӕй нӕ зындысты. Уалынмӕ денджызӕй иу стыр лӕг рацыд ӕмӕ уыцы тулдз акалдта. Йӕ пырхӕнтӕ арвыл ныххӕлиу сты.

*3). Сомихаг таурӕгъмӕ гӕсгӕ* сомихы рагфыдӕл Вахагн ассирийаг адӕмы рагфыдӕл Баршамӕйӕ адавта хъӕмп. Арвмӕ стахт. Куыд лыгъди, афтӕ йӕ хъӕмпӕй бындзыгтӕ фӕкалд. Хонынц сӕ «Дорога соломокрада».

*Ахуыргӕнӕг:* Ирон адӕммӕ та цавӕр таурӕгътӕ ис Ӕрфӕны фӕды тыххӕй?

*Скъоладзаутӕ (рагацау бацӕттӕ кодтой ӕрмӕг)*

1-аг: Иу фыдзӕрдӕ лӕг Ӕрфӕн нӕртон адӕмы артдзӕстӕй цӕхӕртӕ радавта. Голладжы сӕ нывгӕдта ӕмӕ сӕ йе

’ккойы сæхимæ фæцæйхаста. Голладжы бын басыгъд, æмæ цæхæртæ фæндагыл фæкалдысты. Йæ фæд абон дæр ма бæрæг дары. Хуыйны «Æрфæны фæд». Иу изæр дæ цæст арвыл ахæсс æмæ йæ дæхæдæг фендзынæ.

2-аг: Æрфæн – æрвон – Нарты кадджытæм гæсгæ бæхты мыггагæй, уыд Нарты хистæр Уырызмæджы æмбисонды бæхы ном. Уый хонынц зæххон бæхты фыдæл, уымæй, дам, равзæрдысты.

*Ахуыргæнæг:* Ирон адæмы уарзондæр стъалыты гуппар у «Авд хойы» (Созвездие Плеяды).



– *Бакæсæм тагъддзуринаг*:
Бынтон æнафон,
Æнæнтыст фæуой,
Цъæх арвыл кафынц,
Цъæх арвыл симынц
Æнæнтыст хотæ,
Кæсут-ма, авдæй.
Аззæ – сæ хистæр,
Гъе стæй – Уырыззæ.
Уымæй дæлæмæ –
Цицц æмæ Уæрдахъ,
Дæдæкк æмæ Уæдæкк,
Стæй сæ кæстæр – Къæбæда.

– Цавæр фæрсдзырдтæ æмбæлы тексты? (*Бынтон æнафон, дæлæмæ).*

– Тексты ссарын синонимтæ æмæ антонимтæ.

– Куыд æмбарут дзырдбаст «æнæнтыст фæуой»?

– Исты нысан кæнынц хоты нæмттæ? (æрмæст Къæбæда)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр таурæгътæ ссардтат «Авд хойы» тыххæй? *Скъоладзаутæ: (рагацау бацæттæ кодтой æрмæг)*

*1). Башкираг таурæгъмæ* гæсгæ раджы кæддæр иу лæгæн уыди авд чызджы. Сæрæн, рæсугъд чызджытæ уыдысты. Сæ рæсугъддзинадыл сын адæм дис кодтой.

Иу хатт хæхбæсты амбæлдысты зæдты паддзахыл. Чызджытæ дзы фæтарстысты æмæ хæхтæм бæрзонд слыгъдысты. Зæдты паддзах – сæ фæстæ. Куыд сæ фæцæйайййæфта, афтæ, кæрæдзи къухтыл ныххæцгæйæ, арвмæ стахтысты. Уæдæй нырмæ авд стъалыйы хуызы арвыл баззадысты. Хонынц сæ «авд стъалыйы».

*2). Бердзенаг таурæгъмæ* гæсгæ та мах «Авд хойы» кæй хонæм, уыцы стъалыты гуппар кæддæр уыд рæсугъд чызг. Зевс æй кæй бауарзта, уый тыххæй йæ Зевсы бинойнаг Герæ арс фестын кодта.




*3). Рагон уырыссаг адæм сæ таурæгъты* стъалыты гуппар «Авд хойы» хуыдтой Воз, Колесница, Кастрюля, Ковш (Стыр Цолпы).



*4). Монгойлаг таурæгъмæ* гæсгæ та стъалыты гуппар «Авд хойы» сты авд зæронд лæджы («семь старцев»).




*Ахуыргæнæг:* Рагон адæм талынг уыдысты. Æнахуыргонд уæвгæйæ, сæхирдыгонау амыдтой æрвон фæзындтæ. Бакæсæм-ма нæ урочы эриграф. Цавæр зонд нын амоны?

*Хæдзармæ куыст:* Эпиграфы сæйраг хъуыдымæ гæсгæ ныффыссын цыбыр нывæцæн-тæрхæттæ ахæм темæйыл: «Дунейы сусæгдзинæдтæ базонынæн цы хъæуы?»

***Хъайттаты Ларисæ,***
Алагиры 5-æм скъолайы ахуыргæнæг

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 10-ÆМ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ:* ***«Нæмыг куы атæхы, уæд фыццаг мады зæрдæйыл сæмбæлы»***
*(Плиты Грисы æмдзæвгæ «Мад»-мæ гæсгæ)*

**Урочы нысантæ:**

1. Æмдзæвгæйы мидис равзарын.
2. Ныхасы рæзтыл, аив кастыл бакусын.
3. Хъомыл кæнын Фыдыбæстæм, ныййарæг мадмæ уарзондзинад.

**Урочы цыд:**

I. Бацæттæгæнæн рæстæг. *(Ахуыргæнæг дзуры урочы темæ æмæ хæстыл, аив хъæлæсы уагæй кæсы эпиграф).*

*II. Ног æрмæгыл куыст.*

1). Компьютерæй æвдыст цæуы текст, ирон адæм Фыдыбæстæйы Стыр хæсты сæхи куыд равдыстой, уый тыххæй. Скъоладзаутæ кæсынц: «Сæрыстырдзинад, райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнынц П. Павленкойы уыцы фыдæвзарæнты рæстæг загъд ныхæстæ: «Ироны ном цытимæ дзурынц æппæт фронтты дæр, уымæн æмæ ирæттæ сæхи равдыстой хъæбатыр æмæ намысджын хæстонтæй».

*2). Ахуыргæнæг:* Уыцы хъæбатыр æмæ намысджын хæстонтæй иу уыд Плиты Грис дæр. Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг бонты ацыд фронтмæ. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй райста цалдæр хорзæхы. Грис райдайæнæй кæронмæ уыд хæцæг æфсады, бавзæрста адæмы хъизæмар, æвдисæн уыд адæмы лæгдзинадæн.

Æрмæстдæр хæсты цæхæр, хæсты уæззау уаргъ йæхи рагъыл чи бавзæрста, ахæм адæймаг фысдзæн афтæ арф, карз æмæ бæлвырд.

*3). Æмдзæвгæйыл куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Грисыл аст азы куы цыд, уæд амард йæ мад. Сидзæры æнкъарæнтæ æмæ хæсты уæззау нывтæй райгуырд æмдзæвгæ «Мад».

Байхъусæм-ма, куыд æй кæсы нæ республикæйы сгуыхт артисткæ Черчесты Дианæ. *(Хъуысы магнитофоныл фыст æмдзæвгæ «Мад»).*

4). Æмдзæвгæйы анализ (беседæ).

5). Терминологон диктант.

*Фарст:* Ссарут тексты хæсты нывтæ æвдисæг бынæттæ.

*Дзуапп: Арвыл сысыди <u>сау хæсты</u> мигъ,*
*Байдыдта та <u>фæздæгкалæн хæст.</u>*

*Фарст:* Куыд хуыйны ахæм аивадон мадзал? (*Эпитет)*

Цы у эпитет? Цæмæн æхxуыс у? *(Йæ фæрцы тынгдæр бамбарæм лирикон геройы зæрдæйы æнкъарæнтæ).*

– Ныффыссæм термин <u>*эпитет*</u>.

Цавæр аивадон мадзæлттæй ма спайда кодта автор? *(абарст)*

*Дзуапп:*

1. *Мадæн урс-урсид митау иæ сæр…*
2. *Удхор бирæгъты систой сæ сæртæ…*
3. *Уалдзæг хурмæ куыд фæтайы их,*
*Афтæ тади йæ зæрдæниз мадæн.*

– Ныффыссут уæ тетрæдты <u>*абарст.*</u>

*Фарст:* Ноджыдæр-ма дзы цавæр аивадон мадзал ис? (*метафорæ)*

Фыссæм дарддæр нæ терминологон диктант. Æртыккаг термин у <u>*метафорæ*</u> (*Скъоладзаутæ йæ фыссынц тетрæдты).*

– Бакæсæм-ма æмдзæвгæйы фæстаг дыууæ цыппар рæнхъы.

*Фарст:* Кæмæ здæхт у поэты ныхас?

*Фарст:* Куыд хицæнгонд сты ацы дзырдтæ: *Советон Цæдис, адæм?*

*Фарст:* Цавæр дзырдтæ-терминтæ сты?

*Дзуапп:* Сидæнтæ.

*Фарст:* Дзургæйæ та куыд хицæн кæнæм сидæн?

*Дзуапп:* Интонацийæ.

*Ахуыргæнæг:* Фыссæм термин <u>*сидæн*</u>.

Уæ тетрæдты цы терминтæ ныффыстат, уыдон сты *эпитет, метафорæ, абарст, сидæн.* Ацы терминты руаджы æвзаг кæны хъæздыгдæр æмæ аивдæр.

6). Дзырдтæ равзарын:

*Компьютерæй æвдыст цæуы схемæ*

| **Мад** | **Хæст** |
|---|---|
| цардджеттæг<br>фæлмæн<br>адджын<br>хъæбатыр<br>хъахъхъæнæг | цардисæг<br>карз<br>æнæуынон<br>удхæссæг<br>æгъатыр |

– Ацы дыууæ дзырды сты ныхмæвæрд.

Мæнæ цы зæгъы уырыссаг фыссæг А. М. Горький йæ радзырд «Мать изменника» – йы («Сказки об Италии»):

«Мать творит, она охраняет, и говорить при ней о разрушении – значит говорить против неё.

Мать всегда против смерти, рука, которая водит смерть в жилища людей, ненавистна и враждебна матерям.

Мать – зверь столь же умный, безжалостный, как и бесстрашный, если дело идёт о жизни, которую она, мать, творит и охраняет».

– Ирон литературæйы дæр бирæ фысджытæ равдыстой мады фæлгонц сæ уацмысты (ахуырдзаутæ сæ бæрæг кæнынц тестыты хуызы).

*7). Æмбисæндтыл куыст:*

– Нæмыг куы атæхы, уæд фыццаг мады зæрдæйыл сæмбæлы.

– Мады зæрдæ дур халы.

– Мады зæрдæ зонаг у.

– Мады ад – ныфсдæттæг; мады уарзт – тыхдæттæг æмæ а. д.

*III. Урочы хатдзæг.*

*Ахуыргæнæг:*

Царды ис, фидаргонд чи æрцыди, ахæм удварны хæзнатæ, æмæ уыдонæн халæн нæй. Алы адæймагæн дæр йæ хæс у мадæн аргъ кæнын. Ахæм хъуамæ уа йæ ахаст Райгуырæн бæстæмæ дæр. Райгуырæн бæстæ дæр Мад у, фæлæ уый у стыр Мад, уымæн дæр нæй ивæн, уæйгæнæн. Ууыл дзурæг у Плиты Грисы сфæлдыстад дæр. Грисы поэзи æмткæй у лæгдзинад, сæрибар æмæ патриотизмы зарæг.

*Урочы кæрон скъоладзаутæ зарынц зарæг «Мадæлты фæдзæхст».*

***Хадаты Фузæ,***
Дзæуджыхъæуы 50-йæм
скъолайы ахуыргæнæг

## *Темæ:* ***«Куыст-цардæн фæрæз, куыстæн аргъ кæнын фæраз» (Фразеологион дзырдбæстытæ. Æмбисæндтæ)***

*Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куысты урок*

**Урочы нысантæ:**

1. Скъоладзауты базонгæ кæнын фразеологизмтæ æмæ æмбисæндтимæ, ахуыр сæ кæнын уыдонæй пайда кæнын.
2. Ныхасы рæзтыл бакусын.
3. Рæзын кæнын фæллоймæ уарзондзинад, фæллой кæнынмæ тырныдзинад.

**Урочы цыд:**

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

II. Рацыд æрмæгыл куыст.

1. Дзырдуатон куыст.

1). Дзырдтæм синонимтæ ссарын.

Куыст – фæллой

Кусын – фæллой кæнын

Адджын – хæрзад

Иууылдæр – æппæтдæр

Ахъаззагдæр – хуыздæр

2). Антонимтыл куыст.

Кусын – улæфын

Куыстуарзаг – магуса

3). Дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ равзарын:

æнæниздзинад

зæхкусæг

зæрдæмæдзæугæ

4). Хи ныхæстæй радзурын текст «Куыст æмæ дæсныйæдтæ».

2. Бесæдæ тексты бындурыл:

1). Царды мидæг адæймаджы цы кадджын кæны? (Куыст)

2). Тексты сæйраг хъуыды кæцы дзырдты æвæрд ис?

3) Йæ хъуыдымæ гæсгæ цы у?

*Хæслæвæрдтæ:*

1). Тексты ссарут æмбисонд.

2). Зынгæ уырыссаг поэтмæ ис иу æмдзæвгæ куысты тыххæй. Уæ зæрдыл-ма йæ æрлæууын кæнут. Æмхуызонæй сæм исты ис æви нæ? (В.В. Маяковский. «Кем быть?»)

*III. Ног æрмæгыл куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Кæй зæрдæмæ цавæр дæсныйад цæуы?

(Скъоладзаутæ дзуапп дæттынц нывтæм гæсгæ (нывтæ æвдыст цæуынц проекторæй): хæринаггæнæг, ахуыргæнæг, дохтыр, юрист, бухгалтер, шофыр.

*Ахуыргæнæг:* Куыст, фæллойы тыххæй ис бирæ æмбисæндтæ. Уæ зæрдыл дзы æрлæууын кæнут иу-цалдæр (ирон æмæ уырыссаг æмбисæндтæ).

– Ратæлмац сæ кæнут. Ахъуыды кæнут, цавæр ныхасы уавæрты сæ спайда кæндзыстут, ууыл.

1) Чи нæ кусы, уый нæ хæры.
2) Хорз кусæг йæ дзаума рæвдз дары.
3) Кæд кусгæ, уæд – хуызæнæн.
4) Цъырцъырагау магуса ‘мæ кафаг.
5) Æнæ кусгæйæ хорз цард нæй.

*Ахуыргæнæг:* Цъырцъыраджы кой кæм скодтам, уым нæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм, уырыссаг фысджытæй йын йæ кой чи скодта, цавæр уацмысы, уый.

(А. Крылов. Басня «Стрекоза и мура-вей»).

*Ахуыргæнæг:* Текст бакæсут. Ахъуыды кæнут, Хетæг цавæр адæймаг у. (Текст лæвæрд цæуы фæйнæгыл проекторæй).

Хетæг куы иу куысты ныллæууы, куы – иннæ куысты, фæлæ дзы бирæ никуы акусы. Фæстаг куыстмæ та цæугæ дæр нал акодта. Фæлæ дзырдмæ дæр нæ хъусы. Фæнды йын дзур, фæнды йын ма дзур, уæддæр, йæхи куыд фæнды, афтæ бакæны. Дысон та йæ мадæн загъта: «Райсом-иу мæ раджы райхъал кæн. Ног куыстмæ та цæуын. Кæд мæ зæрдæмæ фæцæуа, уæд дзы кусдзынæн, кæннод æндæр куыст агурын хъæуы».

Хетæг цалынмæ куыстмæ цыдис, уæдмæ адæм куыстæй сæ хæдзæрттæм æрцыдысты. Æмæ Хетæг сæ хæдзары куыд бадт, афтæ ма абон дæр бады.

Кусын чи нæ уарзы, уымæ хур дæр æнхъæлмæ нæ кæсы.

– Ссарын тексты æмбисонд.

(Кусын чи нæ уарзы, уымæ хур дæр æнхъæлмæ нæ кæсы)

*Ахуыргæнæг:* Æмбисондæй уæлдай ма ам ис фразеологизм дæр. Зæгъут-ма, цы у фразеологизм. Ссарут æй тексты (зæрдæмæ цæуын).

Таурæгъ «Сомы аргъ» – ы текстыл куыст (чиныджы «Дидактикон æрмæг уроктæм»).

*Хæс:* Бакæсын текст. Дзырдуатыл æнцой кæнгæйæ йын йæ мидис бамбарын кæнын.

*Ахуыргæнæг:* Таурæгъы сæйраг архайæг æмæ Хетæгмæ иумæйагæй исты ис æви нæ?

*Хæс:* Тексты фразеологизмтæ ссарын.

*Дзуапп:*

– Абон-райсом кæны – мæлы
– зæрдæ нæ райы – нæ фæнды
– къух уазал доны нæ тулы – нæ кусы
– бынтæ кæнын – мулк æмбырд кæнын
– бынтæ дымгæмæ ныддарын – мулк ныппырх кæнын
– сырдау ныццæвын – балæбурын
– арты амæттаг кæнын – судзын

Фæрстытæ текстмæ:

1) Цы ‘рцыдис лæгыл? Цæуыл мæт кæны?

2) Куыд бакуыста лæппу æхца?

3) Цавæр лæппу йæ схонæн ис? (магуса, фæлæ куыдфæстæмæ хъуамæ бамбара йæ рæдыд).

*Хатдзæг:*

Беседæ:

1) Цæмæн хъæуынц фразеологизмтæ æмæ æмбисæндтæ?

2) Цæмæй адæймаг нымад уа адæмы ‘хсæн, уый тыххæй цавæр хъуамæ уа?

*Хæдзармæ куыст.*

1. Таурæгъы мидис хи ныхæстæй дзурынмæ бацæттæ кæнын.

2. Ссарын æмæ тетрæдты ныффыссын 5 фразеологон дзырдбасты æмæ 5 æмбисонды фæллойы тыххæй.

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
пед. наук. кандидат,
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ
литературæйы кафедрæйы
хистæр ахуыргæнæг

# ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 10-ӔМ КЪЛАСЫ

*Темæ: **«Хурæй тыхджындæр ницы ис»***
*Грамматикон темæ: лексикæ æмæ фразеологи*

***Урочы нысантæ:*** 1. Раззаг кълæсты лексикæйæ цы æрмæг рацыдысты, уый сфæлхат кæнын. Ӕрдзурын лексикæйы иуæгты текстаразæг нысаниуæгыл.

2. Скъоладзауты зонындзинæдтæ фæпарахат кæнын ирон æмæ алы адæмты мифологон æрмæджытæй æрдзон фæзындты тыххæй.

3. Ныхасы рæзтыл бакусын.

***Урочы фæлгонц:*** 1. Тексттæ. 2. Презентаци «Хур æмæ адæймаг».

***Эпиграф:*** *Зæхх æрдзæн йæ мад у,*
*хур та – йæ фыд.*

**Урочы цыд:**

*Ахуыргæнæг*: Нæ урок арæзт у иу дзырды алыварс. Уыцы дзырд у **«ХУР».**

«Зæххыл Хурæй тыхджындæр ницы ис», – зæгъы ирон æмбисонд. Ӕрдзы цыдæриддæр ис, уымæн йæ рæзæн баст у Хуримæ. Ӕмæ кæд зæхх æрдзæн йæ мад у, уæд хур та йæ фыд у. Уый та уын иннæ ирон æмбисонд.

Зæххыл цыдæриддæр хорздзинадæй ис, уый абарынц Хуримæ. Кæсут-ма: «Хурау худы», «Хуры хуызæн адæймаг», «Хуры хуызæн сывæллон», «Хурау нæ тавы», «Хуры цæстау», «Хуры тынау».

Хуры кой æмбæлы узæлæн ныхæсты: «Ды мæнæн мæ хур дæ», «Мæ хуры хай, рæсугъд чызгай, …» (Къ.), «Мæ хур акæнай, …», «О, мæ хуры хай, рæсугъд чызгай, …» (зарæгæй).

Уыцы хъуыды æвæрд ис Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ «Дыууадæс дзырды» дæр: *«Ирон дзырдтæ мын хуртæ сты…»*, зæгъы поэт, æмæ нымайы фарны дыууадæс дзырды.

*Ахуыргæнæг:* Цы нысан кæны дзырд ***«хур»?*** Цавæр дзырд у? Куыд нæм æрхæццæ? Цавæр уырнæнтæ баст сты ацы дзырдимæ? Ууыл уыдзæн нæ абоны ныхас.

Абайты Васомæ гæсгæ дзырд **«хур»** у рагон ирайнаг, æмæ йæ куыд дзырдтой æмæ дзурынц, уымæ гæсгæ ивта афтæ: **xwara-хор-хур.**

*Ахуыргæнæг:* Куыд амыдтой æрдзон фæзынд – «Хур» – рагон адæм, уый базондзыстæм ацы чысыл тексттæм гæсгæ.

1-аг текст.

Рагон адæм æрвон фæзындтæ бастой адæймагимæ, йæ буары хæйттимæ. Зæгъæм, Африкæйы цæрджытæ Хуры нымадтой, йæ дæлæрмттæй рухс кæмæн цæуы, ахæм адæймагыл. Йæ къухтыл хæрдмæ куы схæцы, уæд бæстæ ныррухс вæййы, æмæ сбон вæййы, куы сæ ’руадзы, уæд та баталынг вæййы, бахсæв вæййы.

2-аг текст.

Рагон китайæгтæ куыд хъуыды кодтой, афтæмæй дуне у, 17 мин азы чи рæзыд ахæм стыр уæйыг (великан). Ӕгæр куы сырæзыд, уæд йæ буары хæйттæ – Арв æмæ Зæхх – кæрæдзийæ фæхицæн сты. Куы амард, уæй йæ галиу цæст Хур фестад, йæ рахиз та – Мæй, йæ хъæлæс та æрвнæрды хуызы баззад.

3-аг текст.

Рагон австрийæгтæм гæсгæ та Хур уыд, бæласыл арвмæ чи схызт, ахæм диссаджы рæсугъд чызг. Йæ рæсугъддзинадæй рухс кæны дуне, йæ хæларзæрдæ та адæмæн хъарм хæссы.

4-æм текст.

Рагон бердзентæм гæсгæ та Æхсæв (Мæй) æмæ Бон (Хур) уыдысты хицæн хуыцæуттæ. Æхсæв уыд сылгоймаг-хуыцау Нюкта, Бон та, ома Хур, нæлгоймаг-хуыцау Гелиос. Мæй арвыл фæцæуы сау бæхтæй ифтыгъд уæрдоны, Хур та, базырджын бæхтæ размæ кæй хæссынц, ахæм сыгъзæрин уæрдоны. Йæ боны балцы фæстæ Хур ныххизы фурдмæ, уым сбады сыгъзæрин бæлæгъы æмæ аленк кæны фæстæмæ скæсæны 'рдæм.

*Ахуыргæнæг:* Ацы таурæгътæй бæрæг у, æрдзы сусæгдзинæдтæ рагон адæммæ цымыдисдзинад кæй гуырын кодтой, æмæ сæ хуымæтæг хуызы бацамонынмæ кæй тырныдтой.

Хуримæ баст таурæгъ ис ирон адæммæ дæр. Байхъусæм æм.

5-æм текст.

ХУР ÆМÆ МÆЙ

Дуне срухс кæнынæн Хуыцау сфæлдыста дыууæ къорийы. Иу дзы хъуамæ уыдаид арвыл боныгон, иннæ та – æхсæвыгон. Дыууæ къорийæ алкæй дæр фæндыд боны цырагъ уæвын: уæд зæххыл уыдаид кадджындæр. Сæ хъаст бахастой Хуыцаумæ. «Ахсæв дыууæйæ дæр бафынæй кæнут. Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ куы хицæн кæной, уыцы сахат уæ арвгæрон раздæр чи фæзына, уый уыдзæн боны рухсдæттæг, иннæ та – æхсæвы», – быцæу ахицæн кодта Хуыцау. Къоритæй иу схуыссыд фæлмæн пакъуы базыл, иннæ та йæ быны сындзытæ бакодта. Фыццаг къори хуыссæгæй бафсæст. Рог æмæ тыхджынæй ссыди арвыл æмæ дунетыл тауын байдыдта йæ хъарм тынтæ.

Æрæджиау райхъал иннæ къори дæр. Скасти арвмæ æмæ федта йемæ ерысгæнæджы. Фефсæрмы, афæлурс, æмæ йæ цæсгом нал бахъæцыд арвмæ ссæуын. Æрмæст фыццаг къори хæхты фæстæ куы фæаууон, уæд уый дæр ссыди арвыл æмæ акаст дунемæ ризгæ тынтæй. Уæдæй фæстæмæ арвыл кæрæдзи ивынц Хур æмæ Мæй.

***Беседæ æмæ хæслæвæрдтæ:***

– Цы базыдтам текстмæ гæсгæ? Куыд амоны ирон æмбисонд Хур æмæ Мæйы фæзынд арвыл?

– Цавæр дыууæ ныхмæвæрд персонажы ис тексты?

– Ссарут тексты, сæ архæйдтытæ, æууæлтæ чи æвдисы, ахæм ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ). Рафыссут сæ.

Зæгъæм:

*иу – иннæ,*

*боныгон – æхсæвыгон,*

*æхсæв – бон,*

*фæлмæн пакъуы баз – сындзытæ,*

*хъарм тынтæ – ризгæ тынтæ,*

*ссыди арвыл – фæаууон,*

*хур – мæй.*

– Цы сты антонимтæ?

– Цавæр у антонимты нысаниуæг тексты?

*(Тексты ныхас цæуы дыууæ ныхмæвæрд æмбарынадыл, антонимтæ æвдисынц сæ миниуджытæ, æууæлтæ).*

– Дзырдтæм æмæ дзырдбæстытæм синонимтæ ссарын:

*сфæлдыста* – сарæзта, скодта

*къори* – тымбылæг

*боны цырагъ уæвын* – бонæй рухс кæнын

*рогæй ссæуын* – рæвдз, æнцонæй

*æрæджиау* – фæстæдæр, байрæджы кæнгæйæ, æппын фæстаг

*ерысгæнæг, ерысгæнджытæ* – ныхмæлæууæг

*фæаууон* – амбæхст, нал зынд

*ризгæ тынтæ* – мæнгæфсон, лæмæгъ тынтæ

*хур* – хурзæрин, хурты хурзæрин.

– Ахъуыды кæнын æмæ зæгъын, цæмæн пайдагонд æрцыд тексты дзырд «сфæлдыста» – йæ? *(Хуыцау сфæлдисæг у).*

– Цавæр лексикон аивгæнæн мадзæлттæ ма æмбæлы тексты?

1). Æнгом дзырдбæстытæ:

*сæ хъаст бахастой*

*æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ куы хицæн кæной*

*быцæу ахицæн кодта*

*хуыссæгæй бафсæст*

*тауын байдыдта йæ хъарм тынтæ*

*йæ цæсгом нал бахъæцыд*

2). Метафорæтæ:

*рог æмæ тыхджынæй ссыди арвыл*

*хъарм тынтæ*

*ризгæ тынтæ*

*3). Бирæнысанон дзырдтæ: зæхх, сахат, ахицæн кодта, бафсæст, рог, дунемæ.*

*4). Омонимтæ: хъаст (хъазт).*

– Цæмæй хицæн кæнынц бирæнысанон дзырдтæ æмæ омонимтæ?

*(Бирæнысанон* дзырдтæ сты ахæмтæ, цалдæр лексикон нысаниуæджы кæмæн ис – комкоммæ æмæ ахæсгæ. Уыцы нысаниуджытæ æнгом баст сты мидисæй.

*Омонимтæ* сты ахæм дзырдтæ, сæ зæлынад æмхуызон кæмæн у, сæ нысаниуджытæ та – алыхуызон).

– Цавæр у лексикон аивгæнæн мадзæлтты нысаниуæг тексты?

– Цавæр лексикон фæрæзтæй баст сты хъуыдыйæдтæ? Лексикон бастдзинады фæрæзтæ ссарын.

(Хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл баст сты цæгон бастдзинадæй. 1-аг абзацы хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттæ:

*дыууæ къорийы – иу дзы, иннæ; дыууæ къорийæ – сæ, Хуыцаумæ – Хуыцау; къоритæй иу – фыццаг къори; хуыссæгæй бафсæст – ссыди арвыл, тауын байдыдта).*

– Цы зонут Нарты кадджытæй Хур æмæ нарты адæмы ’хсæн бастдзинады тыххæй?

(1. Абайты Васо термин «Нарт» ратæлмац кодта, куыд «Хуры цот».

2. Хур у Нарты кадджыты персонажтæй иу. Цæры арвыл, ис ын цалдæр чызджы. Йæ чызг Ацырухс смой кодта нарты Сосланмæ. Кадæгмæ гæсгæ йæ Сослан байста йæ уæларвон курæгæй, Хур æм смæсты æмæ йæм марынмæ рарвыста Балсæджы Цалхы).

Хæс: ирон æвзагмæ ратæлмац кæнын. Текст хи ныхæстæй иронау радзурын.

Солнце – женское лицо. Оно ездит днем по небу на диване, устроенном из звезд.

Солнце любит обходить небо днем, тогда ему веселее, и когда оно окончит свой путь, то придет ночевать ко двору, встретит там брата-месяца и скажет ему: «Ну, братец-месяц, ступай ты на свой черед; обходи небо и смотри на землю, кто там спит, и кто нет, и мне скажи». Если ночью все люди спали, и везде было смирно, то утром солнце взойдет радостное, веселое, и день будет хороший. Если же народ вел себя ночью не смирно, то солнце встанет пасмурное, и днем будет плохая погода.

– Цавæр хатдзæгтæ скæндзыстæм Хуры равзæрды тыххæй?

– Бацамонут æнгом дзырдбæстыты хъуыды. Синонимтæ æмæ сæм антонимтæ ссарут.

Хур ыл ракаст – …;
Хуртæ æмæ дзы мæйтæ кæсынц – …;
Йæ хур æрныгуылд …;
Хурау æй батавта – …;
Хурмæ баззайын – …;
Хур фенын кæнын – …;
Хурæй бафсæдын – …;
Хур бирæ ахæссын – …;
Хур сыл не ’ххæссы – ….

– Дзырд ***Хур***-æй пайдагонд цæуы куыд комкоммæ, афтæ ахæсгæ нысаниуæджы дæр. Зæгъут, цавæр нысаниуæджы æвæрд ис ацы дзырд хъуыдыйæдты:

1). Хур æркаст, нывæнды хохæй хохмæ тын… (Къ.)

2). Гъеныр хæрзбон, мæ хур! Нал мæ уындзынæ… (Къ.)

3). Тæхуды, абон та кæй тавынц
Сæ хъармæй, рухс хурау, фæлмæн, … (К. М.)

4). Хур, ракæс ды, æмæ ныттар уа мæй
Хæлæггæнгæ, æнæуи дæр фæлурс у… (Ш).

– Æрхъуыды кæнут, ацы дзырд комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæджы кæм ис, ахæм хъуыдыйæдтæ. Спайдагæнæн ис ирон литературæйы уацмыты рæнхъытæй.

– *Бацамонын æмбисæндты хъуыды:*

– Хур адæмæн иумæйаг у.
– Адæмы дарæг – хур æмæ сыджыт.
– Хур адæмæн æнæуæрст у.
– Хур йæхимæ халсар ыздахы.
– Хурæй тыхджындæр ницы ис.
– Зæхх æрдзæн йæ мад у, хур та – йæ фыд.
– Хур дæр æппæты æмхуызон нæ тавы.
– Хур бæсты сæры тых у.

*Хæс:* æмбисæндты ’хсæн ссарын синонимонтæ.

– *Бакæсут уырыссаг адæмы æмбисæндтæ хуры тыххæй. Ирон æмбисæндтимæ сæ абарут. Ссарут синонимон æмбисæндтæ.*

– Солнышко на всех ровно светит.
– И сокол выше солнца не летает.

– Солнца не закроешь, а правду не скроешь.

– Солнце встанет, так и утро настанет.

– При солнышке тепло, при матери добро.

– Придет солнышко и к нашим окошечкам.

– От солнца бегать – света не видать.

– На солнышко во все глаза не взглянешь.

– И красно солнышко на всех не угождает.

Хуры ном ирон мифологийы арæх кæй æмбæлы, ууыл дзурæг сты ацы æрмæджытæ:

***1). Хурзæрин*** – Хуры бардуаг. Хурмæ кувгæйæ, ирон лæг дзуры Хурзæрины ном.

Уымæй куры æхцон хуры хъарм, ууыл фæдзæхсы йæхи, цæмæй зæхх бахиза хурвæлтæрæй, хурсыгъдæй.

*– Бацамонын дзырдты нысаниуджытæ, синонимтæ сæм ссарын:*

Бардуаг – æххуысгæнæг

Æхцон – æнцон

Фæдзæхсы – куры, йæ бар кæны

Хурвæлтæр – хур æгæр куы сфæлтæры, æгæр куы скарз вæййы.

Ирон адæммæ ис «Хурхæтæны мæй» – июны мæй.

***2). Хуры быдыр*** – ис ахæм быдыр Нарты кадджыты.

***3). Хорческæ*** – Хуры чызг, хуртæ йæ дæллагхъуыртæй худынц. Уацары уыд базырджын авдсæрон уæйыг Хъæндзæргæсмæ. Батрадз æй суæгъд кæны æмæ йæ йæ фыд Хæмыцы бинойнаг скæны.

*– Ацы тексты дзырд* ***хур****-æй пайдагонд цæуы бирæон нымæцы. Раст у уый? Цæуыл дзурæг у?*

(Адæмы уырныдта, иуæй-иу космосон предметтæ иугæйттæ кæй не сты, æмæ уымæ гæсгæ адæмон сфæлдыстады æмбæлæм: *«Хуртæ æмæ дзы мæйтæ кастис, афтæ рæсугъд уыд», «Хурты хур», «Уæлæрвты ратæх-батæх кæны»).*

*Хæс:* Ирон æвзаджы дзырдтæн ис, куыд лексикон, афтæ грамматикон нысаниуджытæ дæр.

Дзырд *Хур*-ы формæ аивæм. Морфологион æгъдауæй йæ равзарæм.

*Хурæй тыхджындæр ницы ис.*

1. Хурæй – номдар, йæ райдайæн формæ – хур.

2. Сæрмагонд номдар – астрономион ном.

3. Иртæстон хауæны æвæрд.

4. Иууон нымæц.

5. Йæ синтаксисон функци – æххæстгæнæн.

***4). Хурхортæ*** – Хур иудадзыг хæрам тыхты ныхмæ кæй у, уымæ гæсгæ йæм уыдон бахъав-бахъав кæнынц бахæрынмæ. Хонынц сæ Хурхортæ. Уыдон æй бирæгъты хуызы арвыл сурынц æмæ сурынц. Куы йæ баййафынц, уæд æй хæрын байдайынц, фæлæ сæ адæм сæ хъæр-хъæлæбайæ, топпы гæрæхтæй фæтæрсын кæнынц, асурынц сæ. Æмæ та Хур йæ цалхы дзагæй Арвыл стулы. Хурхортæ уæлахиз куы фæкæнынц, уæд боныгон вæййы хурдалынг.

***5).***

ÆРТХУРОН

Æртхурон у Ногбоны гуыдын. Æфсинтæ йæ егъау хурдзалхы хуызæн уæрæх ныззилынц. Скæнынц æй Ног азы, цæмæй сæ къонайы Арт æмæ Хуры иудзинад фидар уа. Хур у цардæттæг, æмæ сæ минæвар æдзухдæр сæ къонайы куыд уа, цардыхос сын куыд хæсса, уый нысанæн. Хуымæтæджы йын не скувынц: «Бур Æртхурон, уæларвмæ цæуыс, нæ хорз хабар нын фæхæсс, хорз æмæ дзæбæхтæ нæм æрхæсс». Хуымæтæджы йæ бур нæ хонынц, хуымæтæджы йæ Хуры хуызæн нæ кæнынц.

Æртхуроны æвæрд ис бинонты фидæн. Йæ хуылфы-иу ын бакодтой æвзист æхца, хоры нæмыг, фыды мур æмæ æндæртæ. Скувыны фæстæ-иу æй, бинонтæ цал уыдысты, уал дихы куы акодтой, уæд-иу йæ карсты кæмæн цы разынд, уымæ гæсгæ цинæнхъæл уыд йæ фидæнæй: æхцаимæ – уыдзæн æхцаджын, нæмыгимæ – хорджын, фыды муримæ – фосджын …

(Цгъойты Хазби)

*Беседæ æмæ хæслæвæрдтæ:*

– Цавæр дыууæ дзырдæй арæзт у дзырд «Æртхурон»?

– Цæуыл дзурæг у уый?

– Текстæй рафыссут вазыгджын дзырдтæ, сæ арæзт сын бацамонут.

*(Æртхурон, Ногбон, хурдзалх, царддæттæг, цардыхос, цинæнхъæл).*

***б).***

Æртхурон нæ фыдæлтæ хуыдтой, Ног азы Ног хурæн цы дзадджын гуыдын кодтой (нæ цард дæр афтæ дзадджын уа, зæгъгæ), уыцы хурдзалх стыр чъири.

Хæдзары хистæр-иу скуывта Арт æмæ Хуры зæд Æртхуронмæ:

«О, Æртхурон!
Хурты хурон,
Бур Æртхурон!
Хуыцауы минæвар дæ,
Æмæ йæм нæ дзæбæхдзинæдтæ фæхæсс,
Махæн та æнæниз цард
Æмæ бирæ хорздзинæдтæ æрхæсс,
О, Бур Æртхурон!
Мæнæ дæ кувинаг гуыдын куыд дзадджын у,
Афтæ дзадджын æмæ адджын
Скæн нæ мæгуыр бинонты цард дæр».

(Чеджемты Æхсар)

*Хæс:* ссарын, дзырд «хур» кæм æмбæлы, ахæм вазыгджын дзырдтæ: *Хурзæрин, Æртхурон (Хурыгуыдын) Хорческæ, Хурхортæ, хурсыгъд, хурвæлтæрд, хуртуан, хурæнгæс, хурбадæн, хурдзалх, хурдалынг, Хурхæтæн.*

*Хæдзармæ куыст:* бацæттæ кæнын нывæцæн-тæрхæттæ «Хур – царды фæдисон».

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ
# УРОКМÆ

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ БЫНÆТТОН ÆРМÆГÆЙ ПАЙДА КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

1. Дзырдбæстытæ аразæг дзырдтæ кæрæдзиуыл бæтгæйæ, ныффыссут Ирыстоны хъæуты нæмттæ. Скæнут хатдзæг хъæуты нæмтты растфыссынады тыххæй.

*Даргъ къох, ставд дур, комы кæрон, дæллаг хъæу, хъæды кæрон, бирæгъы зæнг, дзуары хъæу, урс дон, æрра дон, хуры хъæу, нарты хъæу, зын цъар.*

Ирыстоны картæйыл равдисут, цы хъæуты нæмттæ ныффыстат, уыдон: кæцы комы, районы ис хъæу.

2. Цæуыл дзурынц зæронд дзырдтæ? (темæ: «Архаизмтæ»)

1). Темæйыл кусгæйæ, хорз у скъоладзауты бæстæзонæн музеймæ ахонын. Кæд музеймæ ацæуын къухы не 'фты, уæд та урочы спайда кæнын хъæуы рагон царды уаджы нывтæй, равдисæн сæ ис компъютерыл, проекторыл, интерактивон фæйнæгыл (зæронд хæдзары дзаумæттæ ис бирæ скъолаты музейты дæр).

2). Ахуыргæнæг амоны зæронд дзырды нысаниуæг, æвдисы, цы предметы ном у, уый, скъоладзаутæ та сын сæ нæмттæ фыссынц тетрæдты. Дыккаг урочы сын хъуамæ бацамоной сæ нысаниуæг.

3). Сныв кæнут, уæ нанатæ æмæ дадатæ хæдзары цы рагон дзаумæттæй фæпайда кæнынц, уыдон.

4). Бакæсут дзырдтæ. Цæмæй бæрæг у, архаизмтæ кæй сты, уый? Синонимтæ сæм ссарут.

*Къæрта, æрчъитæ, куыси.*

3. Ныффыссут сочинени ахæм темæмæ гæсгæ: «Ацы рагон дзаума нæ бинонтæн тынг зынаргъ у» (пирæн, æлхуый æмæ уæдæртт, хъуылæг, авдæн, хъæдын къус, хъæдын цæхдарæн, хъæдын уидыг, къонайы рæхыс, æртæкъахыг фынг æмæ а.д.).

Фысгæйæ фæбæрæг кæнут, дзаумайы тыххæй цы зонут, уый: кæд фæзынд хæдзары, чи йæ скодта, цы зонут дзаума скæнæджы тыххæй æмæ а. д.

4. *Темæ:* Сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартæ.

*1). Фæсæфтуан –* ***аг-*** *æй пайда кæнгæйæ, ныффыссут, ранымад хъæуты цæрджыты нæмттæ. Зæгъæм: Джызæл – джызæйлаг, Хъобан – хъобайнаг.*

Заманхъул, Хæтæлдон, Саниба, Цъæй, Црау, Бирæгъзæнг.

*Куыд фыст цæуынц цæрджыты нæмттæ? Цавæр фонетикон фæзындыл æрдзурæн ис ног арæзт дзырдты бындурыл?*

5. Бакæсут ирон мыггæгтæ. Цы зæгъæн ис сæ равзæрды тыххæй?

Мыггæгтæ рафыссут хицæн къордтæй:

1) адæймаджы нæмттæй равзæргæ мыггæгтæ,

2) цæрæгойты нæмттæй арæзт мыггæгтæ,

3) буары хæйтты нæмттæй арæзт мыггæгтæ,

4) хицæн предметтæ æмæ фæзындты нæмттæй арæзт мыггæгтæ.

*Æлбегатæ, Цæргæстæ, Фратæ, Сабантæ, Фидаратæ, Саукъуыдзатæ, Хъулатæ, Саулохтæ, Æмбалатæ, Æрсойтæ, Абысалтæ, Базыратæ, Зæгæлатæ, Пухатæ, Дзиуатæ, Хъуысатæ, Сидахъатæ, Хъазитæ, Къубалтæ, Бирæгътæ, Хъантемыратæ, Хæтæгатæ, Елхъанатæ, Бæтæгатæ.*

6. Чи хуыздæр зоны йæ фыдæлты нæмттæ? Уæхимæ бафæрсут уæ фыдæлты нæмтты тыххæй.

*Таблицæйы ныффыссут уæ ныййарджыты, дадаты æмæ нанаты мыггæгтæ, нæмттæ, фыды нæмттæ.*

| Куыд мын бавæййы? | Йæ мыггаг, ном, фыды ном |
|---|---|
| Мæ мад | |
| Мæ мады мад | |
| Мæ мады мады мад | |
| Мæ мады фыд | |
| Мæ мады фыды фыд | |
| Мæ фыд | |
| Мæ фыды мад | |
| Мæ фыды мады мад | |
| Мæ фыды фыд | |
| Мæ фыды фыды фыд | |

## ТЕКСТЫ ОРФОГРАФИОН АНАЛИЗ

*1-аг текст*

Мигътæ фæхыл сты.

Мигъты къуыбылæйттæ æддæг-мидæг ауадысты æмæ арвы цæсгом ахгæдтой. Æрбаталынг. Арв ныннæрыд, гæрах кæны.

Арсен сарайы пецы фарсмæ бады æмæ дзуры йæ кæстæр хо Ингæйæн:

– Арвыл мигътæ фæхыл сты. Кæрæдзи куы ныццæвынц, уæд сæ цæстытæ цæхæр акалынц. Бæстæ уымæй ныррухс вæййы. Мигътæ кæуынц. Сæ цæссыг згъалынц хæдзæрттыл, бæлæстыл.

(Айларты Ч.)

***Тексты æмбæлынц ахæм орфограммæтæ:***

1. Сæрмагонд номдарты растфыссынад: *Арсен, Ингæ.*

2. Дзырдты растфыссынад дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ*: къуыбылæйттæ, хæдзæрттæ; æддæг-мидæг; ныннæрынц, ныццæвын, ныррухс; цæссыг; вæййы.*

3. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты растфыссынад*: мигътæ, ахгæдтой.*

4. Вазыгджын мивдисджыты растфыссынад: *æддæг-мидæг ауадысты, гæрах кæны, фæхыл сты, цæхæр акалынц, ныррухс вæййы.*

5. Вазыгджын дзырдты растфыссынад: *æддæг-мидæг, цæсгом, цæссыг.*

6. Ивгъуыд афоны мивдисджыты кæрæтты растфыссынад: *ахгæдтой.*

8. Цыбыргонд номивджыты растфыссынад: *йæ кæстæр, сæ цæстытæ, сæ цæссыг.*

9. Разæфтуанты растфыссынад: *ауадысты, ахгæдтой, æрбаталынг, ныннæрыд, фæхыл, ныццæвынц, акалынц, ныррухс,*

10. Фæсæвæрдты растфыссынад: *пецы фарсмæ.*

***Тексты орфограммæты классификаци (рæдыдтытыл куыстæн)***

| Дзырд | Орфографион æгъдау | Дæнцæг |
|---|---|---|
| *къуыбылæйттæ* | *къуыбылой+тт+æ; о-æ* | *хæдзæрттæ* |
| *ныннæрынц* | æмхъæлæсонты растфыссынад *ны-* | *ныццæвын, ныррухс* |
| *мигътæ* | æмхъæлæсонты ивынад | *ахгæдтой, уарзтон* |
| *ахгæдтой* | *ахгæ-д- той* | *хордтон* |
| *æддæг-мидæг* | бындур дывæр кæныны фæрцы арæзт ваз. дзырд | *рауай-бауай, дыгъал-дыгъул* |
| *гæрах кæны* | вазыгджын мивдисæг | *фæхыл сты* |
| *æрбаталынг* | *æрба- талынг* | *акалынц, ауадысты* |
| *згъалынц* | æ, ы **з**, **с**-йы разæй | *сты, змис* |
| *цæсгом* | вазыгджын дзырд | *цæст+гом* |

11. Хъæлæсонтæ **æ, ы –** йы растфыссынад æмхъæлæсонтæ **з, с**-йы разæй: *згъалынц, сты.*

12. Здæхгæ номивджыты растфыссынад: *кæрæдзи*.

*2-аг текст*

Хæрæг æмæ бæх.

*(Аргъау)*

Иу лæгмæ уыд хæрæг æмæ бæх. Иу хатт фæндагыл иумæ фæцæйцыдысты. Хæрæгыл уыдис бирæ хæссинæгтæ. Бафæллад æмæ дзуры бæхмæ:

– Мæ уаргъ æгæр уæззау у, æмæ мын дзы иу чысыл айс, кæннод æй нæ фæхæццæ кæндзынæн бынатмæ.

Бæхыл кæд уаргъ нæ уыд, уæддæр нæ баххуыс кодта йе 'мбалæн.

Уалынмæ хæрæг бастад, йæ уаргъ нал фæрæзта, зæххыл адаргъ æмæ ныммард.

Уæд хицау бæхыл сæвæрдта хæрæджы уаргъ дæр æмæ ма ноджы йæ саргъ дæр.

Цæуы бæх уæззау уаргъимæ æмæ йæхи мидæг хъуыды кæны: «Хорз нæ бакодтон: хæрæгæн куы баххуыс кодтаин, уæд нæ ныммардаид, стæй мæнæн дæр æнцондæр уыдаид».

***Тексты æмбæлынц ахæм орфограммæтæ:***

1. Дзырдты растфыссынад дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ: *иу хатт, хæссинæгтæ, бафæллад, уæззау, кæннод, фæхæццæ, уæддæр, баххуыс, зæххыл, ныммард.*

2. Нымæцон **иу**-ы растфыссынад йæ фæстæ æвæрд дзырдтимæ: *иу хатт, иу чысыл, (иу бон, иу ахæмы, иу цалдæр, иу чидæр, иу дзæвгар, иу дзырдæй).*

3. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты растфыссынад: *уаргъ, саргъ, фæрæзта, хæссинæгтæ.*

4. Вазыгджын мивдисджыты растфыссынад: *уæззау у, фæхæццæ кæндзынæн, баххуыс кодта, хъуыды кæны, æнцондæр уыдаид.*

5. Ивгъуыд афоны мивдисджыты кæрæтты растфыссынад: *сæвæрдта, бакодтон.*

6. Мивдисджыты ивгъуыд афоны бæллиццаг здæхæны цæсгомон кæрæтты растфыссынад: *баххуыс кодтаин, ныммардаид, уыдаид.*

7. Цæсгомон номивджыты цыбыр формæты растфыссынад: *мæ уаргъ, æмæ мын дзы, кæннод æй нæ фæхæццæ кæндзынæн, йæ саргъ.*

8. Здæхгæ номивджыты растфыссынад: *йæхи мидæг (фæлæ йæхинымæр (ы) – фæрсдзырд).*

9. Хайыгты растфыссынад: *нал фæрæзта, нæ ныммардаид; мæнæн дæр, хæрæджы уаргъ дæр, æмæ ма ноджы.*

10. Разæфтуанты растфыссынад: *фæцæйцыдысты, бафæллад, фæхæццæ, баххуыс, адаргъ, ныммард, сæвæрдта, бакодтон, баххуыс.*

11. Бæллиццаг здæхæны кæрæтты растфыссынад: *ныммардаид, уыдаид.*

***Тексты орфограммæты классификаци (рæдыдтытыл куыстæн)***

| Дзырд | Орфографион æгъдау | Дæнцæг |
|---|---|---|
| *хæссинæгтæ* | дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ | *бафæллад, уæззау, кæннод, фæхæццæ, баххуыс, зæххыл* |
| *уæддæр* | вазыгджын дзырдтæ | *куыддæр* |
| *ныммард* | ны+мард | *ныууад, ныххауд, ныллыгъд* |
| *уаргъ* | зылангон æмхъæлæсонтæ | *саргъ, фæрæзта, хæссинæгтæ,* |
| *фæхæццæ кæндзынæн* | вазыгджын мивдисджытæ | *баххуыс кодта, хъуыды кæны, æнцондæр уыдаид* |

# ТЕКСТТÆ ХÆСЛÆВÆРДТИМÆ
## (ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ кусынæн)

**1-аг текст**

Чи у хуыздæр?

Талынг къæбицы æрæмбырд сты халсартæ æмæ сæхицæй æппæлын райдыдтой.

Къабуска чыргъæдæй радзырдта:

– Мæнæй хъæздыгдæр нæй: ракæсут-ма, цал къабайы мыл ис!

– Мах та стæм се 'ппæтæй адджындæр, – разарыдысты къоппæй тымбыл цæхæратæ.

– Мæнæй уæздандæр нæй, – загъта ставд пъамидор æмæ фæсырх.

– Мæ фындз та у æппæтæй даргъдæр! – рахъæр кодта уырыдзы.

– Чи у махæй тæфгæнагдæр? – бафарстой хъæбæр булчъытæ.

– Мæнæй гуыбынджындæр нæй, – ратылд къуымæй уæззау нас.

– Махæй хæрзаддæр æмæ пайдадæр ничи у, – базмæлыдысты тæсчъы морæ картæфтæ.

Къæбицы дуар байгом. Хæдзары æфсин рамбырд кодта халсартæ æмæ сæ рахаста. Иутæй хъæрмхуыпп скодта, иннæтæй – чъиритæ, аннæтæ та æркарста æмæ сæ фынгыл æрæвæрдта. Алчидæр дзы йæ бынат ссардта.

(Айларты Ч.)

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæм синонимтæ ссарын: *сæхицæй æппæлын райдыдтой, хъæздыгдæр, уæздандæр, тæфгæнагдæр, гуыбынджындæр.*

2. Рахицæн кæнын разæфтуантæ: *æрæмбырд, радзырдта, фæсырх, бафарстой, ратылд, байгом, æркарста, ссардта.*

4. Ахъуыды кæнын, цавæр сæргонд ма раттæн ис текстæн.

5. Фæстаг абзац уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

**2-аг текст**

Кæй къухтæ сты рæсугъддæр?
(индийаг аргъау)

Цæугæдоны цур бадтысты æртæ хъæздыг сылгоймаджы æмæ сæ къухтæй æппæлыдысты:

– Ракæсут-ма, цы рæсугъд къухтæ мын ис! – загъта фыццаг сылгоймаг.

– Æмæ мæнæн та?! – загъта дыккаг.

– Мæнæн та мæ къухтæ сты дунейы æппæтæй рæсугъддæр, – загъта æртыккаг сылгоймаг.

Уалынмæ сæ размæ æрбацыд мæгуыр æххормаг ус. Хъæздыг сылгоймæгтæ сæ ныхас фæуагътой æмæ мæгуыр усы фæрсынц:

– Хорз ус, зæгъ-ма, кæй къухтæ сты рæсугъддæр?

Мæгуыр ус сæм дзуры:

– Æз дыууæ боны ницы бахордтон, иу дзулы къæбæр ма мын авæрут, æмæ уын уæд дзуапп ратдзынæн.

Хъæздыг устытæ йыл сæ къухтæ ауыгътой:

– Ницы нæм ис. Дæ фæндаг раст!

Доны раз дарддæр бадти зæхкусæг ус, йæ къухтæ хурмæ ныссау сты. Зæхкусæг ус йæ хызынæй систа йæ фæстаг дзулы къæбæр æмæ йæ радта мæгуыр усæн. Мæгуыр ус разылд хъæздыг сылгоймæгтæм æмæ сын загъта:

– Кæсут! Мæнæ ацы сылгоймаджы къухтæ сты æппæтæй рæсугъддæр дунейы.

Хъæздыг сылгоймæгтæ фæсырх сты.

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæм синонимтæ ссарын: *хъæздыг, загъта, уалынмæ, мæгуыр, ницы бахордтон, дзулы къæбæр, дзуапп ратдзынæн, сæ къухтæ ауыгътой, дунейы, фæсырх сты.*

2. Тексты ссарын синонимтæ æмæ антонимтæ.

3. Дзырдтæ морфемикон æвзæрст ракæнын: *ракæсут, æрбацыд, фæуагътой, бахордтон.*

4. Текстæн пълан бацæттæ кæнын.

5. Банысангонд хъуыдыйæдтæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

**3-аг текст**

Пыл.

Слон – самое большое животное на земле. Слоны живут в Африке и в сырых тропических лесах Азии. У них тяжелое и сильное тело. Слон легко перемещается по дремучим лесам, а толстая шкура хорошо защищает его от веток и колючек.

Пыл уарзы сыгъдæгдзинад. Уый арæх йæхи фæнайы цæугæдætты, – афтæмæй сыгъдæг кæны йæ буар.

Ацы цæрæгой хæры бæлæсты сыфтæртæ, кæрдæг, алыхуызон зайæгойтæ, фæлæ æппæтæй фылдæр уарзы къалиутæ. Уыдон тоны йæ даргъхæтæл фындзæй, афæлдахы æнæхъæн бæлас дæр.

Бирæ бæстæты пыл нымад у хæдзарон цæрæгойыл. Уый цæры адæймаджы фарсмæ æмæ йын пайда хæссы: уæз ласы, æххуыс ын кæны фæндæгтæ æмæ хидтæ аразынмæ.

(ж. «Ногдзау»-æй)

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Дзырдтæ морфемикон æвзæрст ракæнын, семæ дзырдбæстытæ саразын*: тыхджын, бæзджын, сыгъдæгдзинад, хæдзарон.*

2. Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæм синонимтæ ссарын: *стырдæр, уымæл хъæдты, адæймаджы фарсмæ, пайда хæссын.*

3. Текстæй рафыссын номивджытæ (местоимения) семæ баст дзырдтимæ. Кæцы хауæнты (падежи) æвæрд сты?

4. Фыццаг абзац ирон æвзагмæ ратæлмац кæнын.

**4-æм текст**

Хъулон-мулон жираф.

Исчи уæ зоны хъулон-мулон жирафы? Мæнæ уарынæй чи тæрсы, уыцы жирафы. Тæрсгæ та кæны йæ цармы хъулæттæн: уарын сæ, мыййаг, куы æрæхса.

Уыцы жирафæн ис хорз æмбал. Мæй.

Иу хатт куы уыди, уæд жираф йæ хорз æмбалы бафарста:

– Райсом уæд та уаргæ кæны, уæд хъуамæ цы кæнон?

– Зонтыкк рахæсс, – бацамыдта йын зондджын мæй.

– Æмæ цæй зонтыкк ис мæнмæ та? – бадис кодта жираф.

– Мæнæ дын зонтыкк! – мигъы бындзыгмæ ацамыдта мæй.

Иннæ бон жираф рацыди тезгъо кæнынмæ уыцы мигъы бындзыгимæ: уый йын уыди зонтыччы бæсты. Фæлæ диссаг – уарын фæтынгдæр.

Уый жираф нæ, фæлæ æндæр исчи куы уыдаид, уæд, æвæццæгæн, ахъуыды кодтаид:

– Ахæм ма дзы диссаджы зонтикк уа, йæ мидæг дæр уаргæ кæны.

Фæлæ хъулон-мулон жираф та бынтон æндæрхуызон загъта:

– Ахæм ма дзы диссаджы уарын уа – мæ зонтыччы иннæрдæм хизы.

(Г. Цыферов)

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Атасындзæг кæнын цæсгомон номивджытæ *æз, ды, уый.*

2. Морфемикон æвзæрст (по составу) ракæнын: *зондджын, фæтынгдæр, æндæрхуызон.*

3. Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæм синонимтæ ссарын: *мигъы бындзыг (мигъы къуыбар), йæ мидæг (йæ хуылфы).*

4. Фыццаг абзац уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

**5-æм текст**

Хæфсæн йæ лæппын – хуры тын.

Цады был царди хъоппæгцæст хæфс. Рауагъта дзы бирæ лæппынтæ. Мад сæ йæхицæй дæр фылдæр уарзта. Рæвдыдта сæ. Хъахъхъæдта сæ. Алкæй дæр сæ зыдта йæхи номæй.

Иу хатт фыдзæрдæ кæсаглас бахъуызыд цъыфдзастмæ. Бахъавыд æмæ лæппынтæн сæ тæккæ дынджырдæры, сæ тæккæ-тæккæ зондджындæры, сæ тæккæ-тæккæ-тæккæ рæсугъддæры ацахста æмæ стахт арвмæ.

Хъоппæгцæст хæфс фырмæстæй ныттыппыр, хорз фæкуыдта. Æхсæв-бонмæ йæ зæрдæ нæ банцад йæ риссынæй.

Райсомæй бæстæ куы райхъал, куы сбон и, уæд хуры зæлдаг тын сæмбæлд хæфсы риуыл. Хуры тын батавта мады рыст зæрдæ. Бауагъта йæм рухс.

– Мæ хъæбул мæм уæларвон дард балцæй æрхæццæ! – фæхъæр кодта хæфс æмæ, йæ риуыл цы хуры тын афынæй, ууыл

йæ дыууæ къухæй фидар ныххæцыд. – Цæй хъарм дæ, цæй адджын дæ, цæй рæсугъд дæ, мæ чысыл хъæбул!

Адæм мæнгæн нæ фæзæгъынц:

– Хæфсæн йæ лæппын – хуры тын.

(Айларты Ч.)

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Синонимтæ ссарын: *хъоппæгцæст гал-хæфс, фыдзæрдæ, кæсаглас, йæ ных сарæзта хурмæ, йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси, къуызыртæ.*

2. Морфемикон æвзæрст ракæнын: *хъоппæгцæст, цъыфдзаст, кæсаглас; уæларвон, зонджындæры, рæсугъддæры, дынджырдæры; ныттыппыр.*

3. Текстæй рафыссын дзырдбæстытæ миногонтимæ.

4. Фыццаг абзац уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

*Дзырдуат:*

Хъоппæгцæст – лупоглазый

Рæвдыдта сæ – ласкал их

Хъахъхъæдта сæ – оберегал их

**6-æм текст**

*Диалог баххæст кæнын. Дзырд «театр» хауæнтæм гæсгæ раст ныффыссын.*

– Бахатыр кæн, хорз лæппу, театр.. цурмæ куыд схæццæ уон, уый ма мын зæгъ.

– Кæцы театр.. цæуыс, нæ мады хай?

– Æмæ нæм исты цалдæр театр.. ис?

– Уæдæ. Нæ горæты ис … театр… Уыдон сты …, …, …, …, …. æмæ ….

– Диссагæй цы кæныс! Æз нæ зыдтон, Дзæуджыхъæуы уал театр.. ис, уый. Тынг æхсызгон мын у.

– Цавæр театр дæ хъæуы?

– Ирон театр.

– Ирон театр.. цурмæ бирæ трамвайтæ цæуы. Мæхи дæр уырдæм цæуын хъæуы. Æз дæ фæхæццæ кæндзынæн.

– Бузныг, лæппу. Дæ ныййарджыты фæндиаг байрæз.

**7-æм текст**

*1). Ирон æвзагмæ ратæлмац кæнын:*

Первое имя будущего проспекта – Нестеровский бульвар. Так он был назван в честь своего первооснователя, коменданта Владикавказской крепости П. П. Нестерова. Вглядываешься в первый снимок проспекта и видишь: деревья, посаженные генералом Нестеровым на бульваре, еще молоденькие, будто кустики. С правой и левой стороны от бульвара на проезжей части тянутся канавы, проведенные из Терека. Из них брали воду для питья и на хозяйственные нужды, пока не появились водовозы с бочками и огромными черпаками. Воду набирали рано утром. Мостики через канавы, вывески лавок и духанов, добротные одноэтажные и двухэтажные строения, крытые черепицей и железом. И на бульваре, и на проезжей части – прохожие, коляски, кареты, горские арбы, запряженные быками.

*2). Диалог рафыссын, Катяйы дзуæппытæ раст кæнгæйæ.*

Инал: Катя, нæ горæты сæйраг проспект куыд хуыйны, уый зоныс?

Катя: Куыннæ ма зонын! Сæрибардзинады проспект!

Инал: Æмæ уæдæ кинотеатр «Октябрь»-ы раз та цавæр фæз ис?

Катя: Уæлахизы фæз.

Инал: Зæгъ-ма, танчы цыртдзæвæн та кæцы фæзы ис?

Катя: Хæлардзинады фæзы.

Инал: Катя! Мауал сдзур, дæ хорзæхæй! Дзæуджыхъæуы цæрыс, афтæмæй нæ горæт нæ зоныс!

**8-æм текст**

Таурæгъ «Хетæджы къох».

Раджы кæддæр Хетæджы къохы бынаты уыди стыр хъæу. Ам цард кадджын лæг, йæ ном – Хетæг. Куырыхон уыд уый. Зыдта, цы уыд, цы ис æмæ цы уыдзæн, уыдон иууылдæр.

Цыдысты азтæ. Зæронд кодта Хетæг дæр. Раст уыцы заман хъæумæ æрбабырстой знæгтæ. Хъæуы адæм ныууагътой сæ къонатæ æмæ лидзын райдыдтой. Фæлæ сæ рох нæу зæронд лæг.

– Хетæг, лидзгæ кæн хъæдмæ, науæд сæфыс! – хъæр æм кæнынц адæм. Хетæг рацыд хæдзарæй æмæ дзуры:

– Мæ тых басасти, нымад сты мæ царды бонтæ. Хетæг хъæдмæ нал фæразы, фæлæ

хъæд – Хетæгмæ!

Æрцыд йæ дзырд. Хъæд ыннæрыд, хъæдæн йæ иу хай сыстад æмæ æртыхсти Хетæгыл. Уыцы хъæд абон дæр лæууы хъæуы бынаты, æмæ йæ адæм хонынц «Хетæджы къох».

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

***Дзырдуат:***

*Хетæджы къох – роща Хетага*
*куырыхон – мудрый*
*уыцы заман – в это время*
*къонатæ – очаги*
*мæ тых басасти – моя сила иссякла*
*ыннæрыд - загремел*
*æртыхсти - обвил*

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Дзытиаты Эммæ,***
АКЗУИ-ты хистæр ахуыргæнæг

## ХЪОМЫЛАДОН КУЫСТЫ НЫСАНИУÆГ КÆСЫНЫ УРОЧЫ

Райдайæн скъола у ахуыры бындур, æвæрæн, къæбиц. Цы хаст æм æрцæуа, уымæй аразгæ уыдзæн скъоладзауы дарддæры ахуыры фæндаг.

Райдайæн ахуырадæй сабитæ хъуамæ райсой иумæйаг зонындзинæдтæ. Ахуырты рæстæг сæм æвзæра зонындзинæдтæ исынмæ тырнындзинад, сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн та бындуртæ. Афтæмæй хъæздыгдæр кæндзæн сæ ныхас, парахатдæр – сæ дунембарынад.

Ахуыргæнæджы фæцарæхсын хъæуы ацы кары сывæллæттæн сæ æрдзæй лæвæрд цымыдисдзинадæй раст спайда кæнынмæ, цæмæй алыварсы дунейы цы алыхуызон фæзындтæ ис, уыдонæн хибарæй аргъ кæнын сахуыр уой, царды активон уой, хи хъуыдытæ сæм æвзæра, базоной ахуырадон диалогтæ аразын æмæ а.д.

Афтæ амоны уырыссаг методикон наукæ дæр: «Обучение детей должно осуществляться с учетом их интересов, чтобы в познавательном положительном процессе больше участвовали положительные эмоции».

Нырыккон райдайæн скъолайы фагыл нымад нал цæуы ахуырдзауы лæвæрд фæрстытæн дзуæппытæ дæттынып фæцалх кæнын, сывæллон хъуамæ арæхса хъæугæ информаци ссарынмæ, раст аргъ ын скæнынмæ.

Райдайæн скъолайы ахуыртæн бындур сæвæрынæн æппæты егъаудæр фæрæзыл нымад у мадæлон æвзаг. Мадæлон æвзаджы фæрцы саби бамбары адæймаг æмæ йæ алыварсы дунейы бастдзинад.

Нæ дарддæры ныхас уыдзæн сывæллæтты эмоционалон культурæ бæрзонддæргæнæг фарстатыл æмæ сын сæ ныхас хъæздыгдæр кæнынæн чи бæздзæн, ахæм мадзæлттыл. Уыцы мадзæлттæй иу у нæ алыварсы æцæгдзинадæн аргъ кæнын.

Зæгъæм, æрдзы, царды ис ахæм фæзынд, куыд ныййарæг мады уарзондзинад йæ хъæбулмæ. Иуæй-иу хатт нæ сабитæ уыцы уарзондзинадæн æмбæлгæ аргъ кæнын нæ фæзонынц. Мадмæ æрмæстдæр æнхъæлмæ фæкæсынц сæхирдæм хорздзинадмæ. Фæлæ мадæн дæр йæ сабийæ лæггад кæй хъæуы, уый нæ фембарынц. Ацы проблемæйыл кусæн ис æвзаджы урокты дæр æмæ кæсыны урокты дæр.

Зындгонд уырыссаг ахуыргæнæг, методист К. Д. Ушинский кæсыны уроктæн кодта стыр аргъ, хуыдта сæ хъомылады куырдадз, аивадон уацмыс та рахуыдта «окно, через которое мы должны показать детям ту или иную сторону народной жизни».

Куыд ис ацы фарстайыл бакусæн? Цæмæй хъуамæ райдайæм? Фыццаджыдæр дзырд «аргъ кæнын»-æй. Цы нысан кæны,

уый бамбарын кæнынæй. Нæ алыварсы фæзындтæй алцæмæндæр аргъ кæнæм «хорз» кæнæ «æвзæр»-æй. Фæлæ «хорз» æмæ «æвзæр»-æн ис бæлвырддæргæнæг дзырдтæ.

Зæгъæм: пайда – æнæпайда
бæззон – æнæбæззон
зивæггæнаг – æнæзивæг
хъæугæ – æнæхъæугæ æмæ а.д.

Йæ куыстмæ сфæлдыстадон цæстæй цы ахуыргæнæг кæсы, уый алы мадзæлттæ дæр ссары йæ хъомылгæнинæгтæн царды æцæгдзинадæн æмбæлгæ «аргъ кæнын» бацамонынæн.

«Хорз» æмæ «æвзæр» раст иртасынып сабиты фæцалх кæнынц ахуыргæнæн чингуытæм хаст уацмыстæ дæр. Зæгъæм, 2-аг къласы кæсыны чиныджы ис темæ «Æгад митæ дæ сæрмæ ма хæсс, рæсугъд хъуыддæгтæм тырн!» Темæимæ баст уацмыстæ сабиты ахуыр кæнынц хорздзинад иртасынып, хъомыл сæм кæнынц фæзминаг миниуджытæ. Афтæ, Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Лæгау» скъоладзауæн фæдзæхсы «æнæзивæг» уæвын, «зондамонæгмæ хъусын», «зæрдæхъæлдзæгæй кусын» – уыдон та сты хорз миниуджытæ.

Уæдæ æмбарынæдтæ «хорз» æмæ «æвзæр»-æн бирæ ис, бæлвырддæр сæ чи кæны, ахæм дзырдтæ-бæрæггæнæнтæ. Уыцы дзырдты нысаниуæг хъуамæ нæ сабитæ хорз зоной æмæ хистæрты фæдзæхстытæ æххæст кæной.

Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой сæ кæрæдзийы архайдтытæн раст аргъ кæнынмæ дæр. Уæлдæр цы темæйы кой скодтам, уыимæ баст уацмыстæ бирæ сты чиныджы. Бæлвырддæр æркæсгæйæ та ахæмтæ, куыд Айларты Ч. «Чи фылдæр уарзы йæ мады», Хъантемыраты К. «Аслæнбег»; Агънаты Æ. «Æгъдау»; Тыджыты Ю. «Æхсарбег», Джиоты К. «Æнæрхъуыды чызг», Дзесты К. «Рынчынфæрсæг» æмæ «Æххуысгæнджытæ», Коцойты А. «Хъæддзау»; Сечъынаты Л. «Трамвайы»; Хуыгаты С. «Бæтæ æмæ Дзодзæ».

Ацы уацмыстæ иууылдæр сты сывæллæтты «хорз» æмæ «æвзæр» миниуджыты тыххæй, ахуыр сæ кæнынц фæзминаг сывæллæтты хуызæн уæвынып, фыдуаг, æнæрхъуыды митæн раст аргъ кæнынып. Ахуыргæнæджы хæс у уацмыс раст равзарын, сывæллоны тексты дунемæ бахонын, уацмысы персонажты архæйдтыты фæдыл хи хъуыдытæ æргом кæнынып фæцалх кæнын, афтæмæй та рæзы сывæллоны коммуникативон культурæ, абоны царды ахсджиаг чи у.

Бæлвырддæр æрдзурдзыстæм, сабиты *мады уарзондзинадæн* раст аргъ кæнынып чи ахуыр кæны, уыцы уацмыстыл. Уыдон та сты: Айларты Ч. «Чи фылдæр уарзы йæ мады», Хъантемыраты К. «Аслæнбег» æмæ Джиоты К. «Æнæрхъуыды чызг».

Уацмыстæ æртæ дæр сты иу темæйыл: саби æмæ мады 'хсæн ахастытæ. Айларты Ч. «Чи фылдæр уарзы йæ мады»-йы æртæ æмбалы Дзокк, Мухтар æмæ Арсен быцæу кæнынц, йæ мады чи фылдæр уарзы, ууыл. Алкæмæ дæр сæ афтæ кæсы, цыма уымæй фылдæр йæ мады ничи уарзы. Æрмæст иуварсæй кæсгæйæ дæр аргъ скæнæн ис уыцы быцæуæн.

Лæпputæй фыццаг Дзокк фæхъæр кодта, мæ мады æз уарзын фылдæр, зæгъгæ. Бауадзæм-ма скъоладзауты сæ хъуыдытæ зæгъын. Кæй зæгъын æй хъæуы, раргом сæ кæндзысты. Дыккагкъласонтæ сæхи кары сывæллæтты митæн аргъ скæнынц æрмæст «хорз» æмæ «æвзæр»-æй. Фæлæ ам ахуыргæнæг хъуамæ бæлвырддæр бамбарын кæна Дзоккы æвзæр кæнæ хорз миниуджытæ.

*Ахуыргæнæг:* Хорз у, Дзокк йæ мады кæй уарзы, уый. Фæлæ уыцы уарзондзинад цæмæй бæрæг у? Æрмæст ын йæ мад алы бон къафеттæ кæй фæдæтты, уымæй?

– Уый раст у, сывæллæттæ? Алчи дæр ма уæ аргъ скæнæд Дзоккы ныхасæн.

Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ.

Ахуыргæнæг фæбæлвырддæр кодта Дзоккы ныхæстæ:

– Мæнмæ гæсгæ, Дзокк йæ дзуаппыл нæ ахъуыды кодта. Къафеттæ æмæ æндæр адджинæгтæ алы мад дæр фæхæссы йæ сывæллонæн. Æрмæст хъæбысты æмæ къафетты тыххæй нæ фæуарзынц мады. Мады уарзын хъæуы æндæр хуызы.

Дарддæр аргъгонд цæуы Мухтары уарзондзинадæн – уый та, йæхи ныхæстæм гæсгæ, йæ мады уарзы, Мæскуымæ йæ кæй акодта, уый тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Дзокк æмæ Мухтар цæмæй сты æмхуызон?

– Сæ дыууæ дæр сæ мадæлты уарзынц, рæвдаугæ сæ кæй кæнынц, уый тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Ацы радзырды ма ис æндæр архайæг дæр – Арсен. Уый æнæ дзургæйæ фæхъуыста йе ’мбæлтты ныхæстæм. Цалынмæ йæ бафарстой, ды дæр уарзыс дæ мады, зæгъгæ, уæдмæ ницы сдзырдта. Диссаджы дзуапп радта ацы лæппу: «Йæ мады чи нæ уарзы, уый амæлæд». Раст бафиппайдта автор дæр, зæронд лæджы дзуапп кæй у, уымæй.

– Цæмæн ахæм дзуапп радта Арсен?

– Афтæ чи фæдзуры? – сывæллæттæ æви стыртæ?

– Уæдæ Арсены дзыхы цæмæн абадти ахæм дзуапп?

– Æвæццæгæн, Арсен коммæгæс æмæ зæрдæргъæвд лæппу у. Уый хистæрты ныхæстæм лæмбынæг фæхъусы æмæ дзы йæ зæрдыл бадары æмбисонды ныхæстæ дæр.

– Уæдæ, кæй уарзондзинад у тыхджындæр – Арсены æви Дзокк æмæ Мухтары? Кæнæм хатдзæгтæ.

– Уæ хъуыдытæ дзурут, мæнæ ахæм ныхæстыл æнцойгæнгæйæ:

«Мæнмæ та афтæ кæсы», «Æз та афтæ хъуыды кæнын», «Æз бафиппайдтон», «Уый хорз ми нæ бакодта», «Уый раст уыди, уымæн æмæ …», «Йæ дзуапп мæ зæрдæмæ фæцыд (кæнæ нæ фæцыд)», «Арсены дзуапп мæ зæрдæмæ уый тыххæй фæцыд, æмæ…», «Æз мæ мады уарзын уый тыххæй, æмæ …».

Ранымад уацмыстæ кæд иу темæйыл сты, уæддæр сæ архайджытæй алкæмæн дæр йæ митæм гæсгæ ис хицæн аргъ скæнæн. Кæронбæттæн куысты хуызы ахуыргæнæджы бон у уацмысты бындурыл иумæйаг урок скæнын, сывæллæтты миниуджытыл æрдзурын, аргъ сын скæнын.

Урок райдайæн ис Хетæгкаты Къостайы уацмыс «Кæмæн цы?»-йæ (1-аг къласы программæйæ). Ацы уацмысы Къоста йæхирдыгонау саргъ кодта алы архайæгæн дæр:

«Дзидзидайæн – мад,
Цырд лæппуйæн – кæф,
Магусайæн – цæф».

Цымæ сабитæ разы сты сæ уарзон фыссæгимæ, раст сæм кæсы йæ хъуыды? Ууыл æрдзурæн ис урочы.

Афтæмæй, уацмыс ахуыр кæнгæйæ, фагыл нымад хъуамæ ма цæуа текст бакæсын, йæ мидис ын хи ныхæстæй дзурын. Сæйрагдæрыл нымайын хъæуы персонажты архæйдтытæн аргъ кæнын, сабиты зæрдæтыл куыд æмбæлынц сæ митæ, цавæр цæстæй сæм кæсынц, уый сбæрæг кæнын. Уыимæ алы скъоладзау дæр фыццаг хъуамæ раргом кæна йæхи цæстæнгас. Ам ахуыргæнæджы арæхстджынæй хъæуы архайын: ма бахъыгдарын, кæронмæ байхъусын сывæллоны дзуапмæ, æрмæст уый фæстæ хи хъуыдытæ раргом кæнын.

*Ахуыргæнæг:* Сабитæ, ныр та мæнмæ байхъусут. Æз та уæдæ афтæ хъуыды кæнын (дзуры йæ хъуыды).

– Цымæ нæ чи у растдæр?

Скъоладзаутæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сразы уыдзысты ахуыргæнæгимæ, фæлæ та кæронбæттæн ныхас зæгъы ахуыргæнæг йæхæдæг:

– Сывæллæттæ, мах не ’ппæт дæр загътам нæ хъуыдытæ. Цал адæймаджы стæм, уал хъуыдыйы нæм ис, уал хуызы аргъ кæнæм алы хъуыддагæн дæр.

Ам ахуыргæнæг æмбарын кæны, царды кæй ис цавæрдæр, фидаргонд чи ‘рцыди, ахæм удварны хæзнатæ, æмæ уыдонæн халæн кæй нæй. Алкæмæ дæр, гæнæн ис, æмæ уа йæхи хъуыды, фæлæ, зæгъæм, мадæн аргъ кæнын, æххуыс ын кæнын – уый æхсæнадæн иумæйаг хъуыддаг у, æмæ йын ивæн нæй. Афтæ Райгуырæн бæстæ дæр. Уый дæр мадимæ баргæ у. Райгуырæн бæстæ дæр у Мад, фæлæ уый у стыр Мад, уымæн дæр ивæн нæй, уæйгæнæн ын нæй, раттæн ын никæмæн ис.

Ацы урокты стыр нысаниуæг ис дзырдуатон-лексикон куыстæн дæр. Скъоладзаутæ базонгæ вæййынц «аргъгæнæн дзырдтæ æмæ дзырдбæстытимæ». Зæгъæм: æнæзивæг,

зондамонæг, зæрдæхъæлдзæг, «Мæнæй фылдæр ничи уарзы йæ мады», «Æз дæуæй, фылдæр уарзын мæ мады», «Мады фæлмæн хъæбыс», адджын, фæзминаг, коммæгæс, æгъдауджын, æмбаргæ, уайдзæфгæнæгау æмæ æнд.

***Гæззаты Татьянæ,***
***Чернышева Наталья,***
Æрхонкæйы 1-æм скъолайы
ахуыргæнджытæ

## *ТЕМÆ: «ХÆДЗАРОН ЦÆРÆГОЙТЫ ДУНЕЙЫ»*
## (Интегративон урок 2 – æм къласы: ирон æвзаг, æрдззонæн)

*Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы ахуырдзаутимæ куысты урок*

**Урочы хæстæ:**

1. Алыхуызон хæслæвæрдты руаджы бацамонын хæдзарон цæрæгойты нæмттæ, раттын зонындзинæдтæ «уæнг»-ы тыххæй, сфæлхат кæнын номдарты нымæцтæ æмæ миногон.

2. Ныхасы рæзтыл бакусын, диалогон ныхас аразын, хъуыдыйæдтæ, цыбыр радзырдтæ аразын цæрæгойты тыххæй.

3. Ахуыр кæнын хæдзарон цæрæгойтæм уарзон цæстæй кæсынил, аудын сыл.

***Цели урока по окружающему миру:***

рассмотреть взаимосвязь «человек и домашнее животное» и её значение для человека;

развивать кругозор и речь детей;

формировать творческое стремление к учебной деятельности;

воспитывать любовь и бережное отношение к животным.

***Урочы æрмæг:*** интерактивон фæйнæг, компьютер, презентаци, музыкæ, сывæллætты конд нывтæ, райуаргæ æрмæг (хæслæвæрдтæ), шариктæ, чингуыты равдыст.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæджы разныхас* урочы хуызы тыххæй; æмбарын кæны, урочы темæ базонæн кæй ис, сывæллæттæм цы шариктæ ис, уыдон раст равæргæйæ *(шариктыл фыст уæнгтыл дихæй –* ***дза, рон, хæ*** *æмæ* ***тæ, рæ, гой, цæ – хæдзарон цæрæгойтæ;*** *2 ахуырдзауы размæ рацæуынц æмæ дзырдтæ раст саразынц (уæнгтæ раст равæрынц), сабитæ хæцынц шариктыл.*

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

1. Ахуыргæнæджы фæстæ хъæрæй дзурын уæнгтæ, дзырдтæ.

*Хъа, хъæ, хъу, гъа, гъо, гъы, къу, къæ, къа, хъуг, къæбыла, хъыбыл, куыдз, сæгъ, уæрыкк.*

2. Цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ, фæйнæгæй дзырдтæ рафыссын:

*…ыбыл, … уг, … æбыла, куы…, сæ…, сæны…, х…ы,…æрæгойтæ.*

3. Дзургæ бафарст:

*1) иу ахуырдзау фæйнæджы раз дзуры, ахуыргæнæг хæццæйæ цы нывтæм амоны, уыцы цæрæгойты нæмттæ;*

*2) дыууæ скъоладзауы фæйнæджы раз: иу дзы мадæл цæрæгойты нæмттæ дзуры, иннæ та – лæппынты нæмттæ. Зæгъæм: хъуг – род, фыс – уæрыкк æмæ а. д.*

4. Дзырдуатон диктант: *скъоладзаутæ фæйнæгмæ цæуынц æмæ фыссынц цæрæгойты нæмттæ (ахуыргæнæг дзуры уырыссагау, фысгæ та кæнынц иронау).*

*Собака, коза, ягнёнок, поросенок, свинья, теленок, жеребёнок.*

*(Ам ма ис раттæн ахæм хæслæвæрд: ныффыссын иронау хъуыдыйад «Маленький поросенок ест картошку»).*

*(дзырдтæ **«поросенок»** æмæ **«картошку»** – йыь бæсты магнитон фæйнæгыл нывтæ бакæнын, афтæмæй (ребусы хуызæн).*

5. Дамгъæтæй дзырдтæ-цæрæгойты нæмттæ саразын.

*Æ, ГЪ, С – СÆГЪ; ДЗ, К, У, Ы – КУЫДЗ; Ы, Г, Д, Æ – ГÆДЫ*

6. Тестытимæ куыст.

* *Нæу хæдзарон цæрæгой:*

*1) куыдз 3) гогыз*

*2) бæх 4) хъуг*

* *Ссар рæдыд:*

*1) сæнык 3) хуы*

*2) хъуг 4) къæбыла*

*(Раст дзуæппытæ ахуыргæнæг интерактивон фæйнæгыл бæрæг кæны).*

7. Къæйттæй куыст: *Алы партæйыл дæр хæслæвæрд: цæрæгойты нæмтты ныхмæ ныффыссын миногон. Зæгъæм: **… бæх – рæсугъд бæх** æмæ а. д.*

*Цалынмæ фыссынц, уæдмæ 2 сывæллоны магнитон фæйнæгыл кæнынц ахæм индивидуалон куыст: раст кæнынц рæдыдтытæ. Цæрæгойты нывтæн сæ ныхмæ сæ нæмттæ раст фыссынц. Зæгъæм, бæхы ныви ныхмæ фыст «куыдз», роды ныви ныхмæ – «хъуг» æмæ а. д. Сбæрæг кæнын куыстытæ.*

8. Грамматикон темæйыл куыст.

Дзырдуатон куыст: ***уæнг, мыр, хъæлæсон, æмхъæлæсон, уарзон, бахъахъхъæнæм, хæлæрттæ.***

*(Ахуыргæнæг, дæнцæгтыл æнцой кæнгæйæ (хæдзарон мæргъты нæмттæ), амоны, цы у уæнг. Æвзæрст цæуынц иууæнгон æмæ бирæуæнгон дзырдтæ.*

Зæгъæм: *карк, уасæг.*

*Фарст:* – Цавæр хæдзарон мæргътæ ма зонут? (Ахуырдзаутæ нымайынц хæдзарон мæргътæ).

9. Æвзаргæ диктант.

*Ахуыргæнæг дзуры дзырдтæ – цæрæгойты нæмттæ, ахуырдзаутæ сæ фыссынц дыууæ цæджындзæй: иууæнгон, бирæуæнгон дзырдтæ.*

*Сæныкк, бæх, сæгъ, хъыбыл, род, байраг.*

10. Улæфты рæстæг (зарæг «Нæхи Дадо»-мæ гæсгæ).

*(Сывæллæттæ зарынц, къухтæ æмæ къæхтæй амонгæйæ).*

11. Дзырдтæй саразын хъуыдыйæдтæ.

* *Къæбыла, махмæ, рæсугъд, ис.*

* *Æз, хæдзарон, уарзын, цæрæгойтæ, тынг.*

*(Сабитæ фыссынц хъуыдыйæдтæ сæ тетрæдты).*

12. Дзырдбыд баххæст кæнын (базон-базонтæ).

*(Æрдзонæны ахуыргæнæг уырыссагау дзуры базон-базонтæ цæрæгойты тыххæй, сабитæ та сын дзуринц сæ нæмттæ иронау æмæ æххæст кæнынц дзырдбыд; цы цæрæгойы ном фыст æрцæуы дзырдбыды, уый ныв разыны интерактивон фæйнæгыл, райхъуысы цæрæгойы уаст дæр. Алы базон-базоны фæстæ дæр сабитæ уырыссагау кæсынц чысыл докладтæ, кæнæ иронау дзуринц æмдзæвгæтæ, цыбыр сочиненитæ).*




ЗАГАДКИ:

1) *Голодна – мычит,*
*Сыта – жуёт,*
*Малым ребяткам*
*Молочка даёт. (Хъуг)*

*2) С бородою, а не старик,*
*С рогами, а не бык.*
*Не конь, а брыкается,*
*Доят, а не корова,*
*С пухом, а не птица. (Сæгъ)*

*3) С хозяином дружит,*
*Дом сторожит,*
*Живёт под крылечком,*
*Хвост колечком. (Куыдз)*

*4) Вместо хвостика – крючок,*
*Вместо носа – пятачок,*
*Пятачок дырявый,*
*А крючок вертлявый. (Хуы)*

*(Дзырдбыды 4 дзырды куы базоной, уæд дзы уæле дæлæмæ рауайдзæн дзырд **«гæды»).***

*5) Я умею чисто мыться,*
*Не водой, а язычком.*
*И порою часто снится*
*Блюдце с тёплым молочком.*
*(Гæды)*

13. Дзырдбыдмæ гæсгæ саразын цыбыр диалогтæ.

*1) хъуг: (цыбыр диалогтæ)*
*Фарст:* Хъугæн цы ис?
*Дзуапп*: Хъугæн ис род.
*Фарст:* Цал къахы ис хъугæн?
*Дзуапп:* Хъугæн ис 4 къахы.
*Фарст:* Ай хъуг у?
*Дзуапп*: О, хъуг у.
*Фарст:* Цал хъусы ис хъугæн?
*Дзуапп*: Хъугæн ис 2 хъусы *æмæ а. д.*

*2) сæгъ (сочинени, доклад, æмдзæвгæ «Дзыкъы – мыкъы»).*

*3) куыдз (доклад, сочинени «Мæ уарзон куыдз»).*

*4) хуы (доклад, сочинение на рус. яз.)*

*5) гæды (доклад, æмдзæвгæ «Гино»).*

*(Дзырдбыд баххæст кæныны фæстæ размæ рацæуынц 3 ахуырдзауы æмæ дзурынц æмдзæвгæтæ: «Мæ сæныкк», «Барбос» – иронау, «Мой котенок» – уырыссагау).*

***III. Урокæн хатдзæгтæ скæнын:***

*(Ахуыргæнджытæ сывæллæттимæ кæнынц хатдзæгтæ)*

1. Бæрæггæнæнтæ комментаритимæ *(ирон æвзагæй æмæ æрдззонынæй).*

2. Хæдзармæ куыст: ныффыссын цæрæгойты нæмттæ, сæ ныхмæ фæбæрæг кæнын, цал уæнгон дзырдтæ сты, уый

3. Ахуыргæнджыты кæронбæттæн ныхас, æрдз хъахъхъæнын кæй хъæуы, уый тыххæй. Ам æвзæрст цæуынц А. Экзепюрийы ныхæстæ: «Мы в ответе за тех, кого приручаем».




***Челдыты Викæ,***
Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæг

## *УРОЧЫ ТЕМÆ:* «МЫР ÆМÆ ДАМГЪÆ Б,б». (Абетæ кæсын-фыссын ахуыр кæныны урок)

**Урочы нысантæ:**

1. Бацамонын мыр [б] -йы растдзурынад.
2. Бацамонын дамгъæтæ Б,б фыссын æмæ кæсын.
3. Фæарфдæр кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ базон-базонты тыххæй.

*Уæлæмхасæн æрмæг урокмæ:* Абеты чиныг, æмдзæвгæ «Бабыз», базон-базонтæ, нывтæ, карточкæтæ ног дзырдтимæ, бæлас.

**Урочы цыд:**

*1. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

*2. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.*

– Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, нæ ныхас цæмæй конд у? (хъуыдыйæдтæй)

– Хъуыдыйæдтæ та цæмæй конд сты? (дзырдтæй)

– Дзырдтæ та дзургæйæ цæмæй арæзт сты? (мыртæй)

– Фысгæйæ та? (дамгъæтæй)

– Мыр цы у? Цы йæ кæнæм? (дзургæ æмæ хъусгæ)

– Дамгъæ та? (уынгæ æмæ фысгæ)

– Мыртæ та цавæртæ вæййынц? (хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ)

– Æмæ æмхъæлæсонтæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц?

*3. Хæдзармæ куыстæй бафæрсын.*

(Æмдзæвгæтæ радзурын)

– Сывæллæттæ, чи нæм æрбацыд уазæгуаты? (бирæгъ)

– Раст. Цы зонут бирæгъы тыххæй? (цæры хъæды, фос давы, у зыд æмæ кæрæф)

– Байхъусут-ма бирæгъы тыххæй æмдзæвгæмæ:

*Сырдты тугдзыхдæр у бирæгъ,*
*Гуыбыныл – хæлæф.*
*Мæргътæ, фос фæцæгъды бирæ –*
*Зыд æмæ кæрæф.*

– Зæгъ-ма нын, бирæгъ, ахæм дæ?

– Æмæ кæсын æмæ фыссын зоныс?

– Фæнды дæ базонын?

– Уæдæ, бирæгъ, сбад, байхъус сывæллæттæм, æмæ ды дæр базонай кæсын æмæ фыссын.

*5. Улæфты минут.*

*6. Ног æрмæгыл куыст.*

– Абон мах базонгæ уыдзыстæм ног мыр æмæ дамгъæимæ.

Байхъусут-ма Уырымты Петяйы æмдзæвгæмæ.

Æмдзæвгæйы уыдзæн ахæм дзырдтæ: *цад – озеро, был – берег.*

*Бабыз цады хъазы,*
*Бапп-бапп,*
*Батилы йæ базыр,*
*Бапп-бапп,*
*Батахт цады сæрты,*
*Бапп-бапп,*
*Бадугъ ласта уæртæ,*
*Бапп-бапп,*
*Былмæ дын фæрасти,*
*Бапп-бапп,*
*Цъиусурæй фæтарсти,*
*Бапп-бапп!*

– Уæ зæрдæмæ фæцыд?

– Æмæ цæй тыххæй у æмдзæвгæ? (бабызы тыххæй)

Интерактивон фæйнæгыл – бабызы ныв.

– Цавæр мыр дзы хъуысы арæхдæр?

– Уæдæ абон базонгæ уыдзыстæм ног мыр æмæ дамгъæ **Б-**имæ

*Интерактивон фæйнæгыл фыст мыхуыргонд æмæ къухфыст дамгъæ* ***Б,б.***

– Мыхуыргонд дамгъæйыл кæм фембæлæм? (чиныджы)

– Къухфыст дамгъæ та цæмæн хъæуы? (тетрады фыссынмæ)

– Тынг хорз. Иууылдæр ма йæ иумæ зæгъæм.

– Цавæр мыр у [Б]? (æмхъæлæсон)

– Цæмæн у æмхъæлæсон?

– Æмæ йæ куыд дзурæм? Æрмæст сыбыртты руаджы æви сыбыртт æмæ хъæлæсы руаджы? (хъæлæс æмæ сыбыртты руаджы)

– Уæдæ ахæм æмхъæлæсон мыр цавæр мыр фæхонæм? (зылангон)

– Ныр та бакæсут фæйнæгмæ, æмæ дзы цы нывтæ уынут, уыдоны нæмттæ дзурут.

Интерактивон фæйнæгыл нывтæ: *бæлас, бабыз, бæх, бел, булкъ, булæмæргъ, бирæгъ, бындз.*

*7. Чиныджы фарсыл бакусын.*

– Ныр та байгом кæнут уæ чингуытæ 58-æм фарсыл.

– Æркæсут-ма нывмæ. Кæй уынут нывы? (лæппуйы)

– Раттæм ын ном Алик. Цы кусы Алик? (ныв кæны)

– Цы сныв кодта? (кæрдо, цæхæра, халон, гæды)

– Æркæсут-ма, раст сæ сахуырста?

– Халон цы хуызæн вæййы? (сау)

– Гæдыйы та цавæр хуызæй хъуыди сахорын? (урсæй)

– Уæд цæхæра та? (сырхæй)

Кæрдо та? (бурæй)

– Тынг хорз.

*8. Текст бакæсын.*

– Байхъусут, æз уын Аличчы тыххæй чиныджы бакæсон. (Ахуыргæнæджы каст, сывæллæтты каст)

*9. Улæфты минут.*

*10. Тетрады куыст.*

– Уæ тетрæдтæ байгом кæнут, æмæ ныффыссæм дамгъæтæ ***Б,б (***иу рæнхъ-Б, иу рæнхъ-б, дзырд – бал)

– Тынг рæсугъд ныффыстат. Ныр уæ тетрæдтæ сæхгæнут æмæ сæ стъолы кæрон æрæвæрут.

– Байхъусæм базон-базонтæм.

Интерактивон фæйнæгыл æвдыст цæуынц базон-базонты дзуæппытæ.

*1. Дзыккутæ йын уыд, фæлæ чызг нæ уыд.*

*Тымбыл уыди, фæлæ айк нæ уыди,*

*Къæдзил ын уыди, фæлæ мыст нæ уыди (булкъ)*

*2. Фосмæ цыргъ йæ дæндаг дары,*

*У зыдгæнаг æмæ даваг (бирæгъ)*

*3. Уазал ын – мæлæт, тæвд ын – дзæнæт.*

*Чъизи ран йæ ис.*

*Тауы бæстыл низ.*

*Къæхтæ, базыртæ, фындз,*

*Сафинаг у ... (бындз)*

*4. Зымæг – урс,*

*Уалдзæг – сау,*

*Сæрд – цъæх,*

*Фæззæг – карст (быдыр)*

*11. Ног æрмæг бафидар кæныныл куыст.*

– Тынг хорз бакуыстат абон, сабитæ.

Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, цавæр мыр æмæ дамгъæ сахуыр кодтам?

– Хорз. Абон мах базыдтам бирæ ног дзырдтæ, фыст сты мæнæ ацы карточкæтыл, æмæ сæ æрцауындзæм нæ бæласыл (сывæллæттæ ауындзынц карточкæтæ бæласыл).

– Ахъазæм. Нывты нæмтты фыццаг дамгъæтæй саразæм ног дзырдтæ.

(Интерактивон фæйнæгыл куыст. Ног дзырдтæ: баз, бал, бæлас).

*12. Хæдзармæ куыст.*

– Чиныджы мыр æмæ дамгъæ Б, б-йы фарс аив кæсын зонын.

– Цæй, бирæгъ, дæ зæрдæмæ фæцыдысты сывæллæттæ? Цы базыдтай? Ногæй та-иу нæм æрбацу.

# ИРОН ӔВЗАГ РАВДАУӔНДӔТТЫ

***Джанайты Ларисӕ,***
АКЗУИ-ы ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы кафедрӕйы хистӕр ахуыргӕнӕг

## РЕКОМЕНДАЦИТӔ РӔВДАУӔНДӔТТЫ РАЗАМОНДЖЫТӔН

- Рӕвдауӕндоны разамонӕг йӕхӕдӕг ирон куы уа, уӕд хъуамӕ иронау аив дзурын ӕмӕ кӕсын зона, арӕхса растфыссынады ӕмӕ орфоэпийы ӕгъдӕуттӕй пайда кӕнынмӕ.
- Рӕвдауӕндоны сӕргълӕууӕг хъуамӕ йӕ хъус дара ирон ӕвзаджы ахуыртӕм, арӕхса ирон ӕвзаг амонӕгӕн йӕ куысты хӕрзхъӕддзинад сбӕрӕг кӕнынмӕ. Йӕ бон уа, хъомылгӕнӕг сывӕллӕттӕн мадӕлон ӕвзаг уарзын кӕнынмӕ цымыдисаг мадзӕлттӕ агуры ӕви нӕ, уый сбӕрӕг кӕнын.
- Кӕд рӕвдауӕндӕтты хъомылгӕнджытӕ сӕхӕдӕг амоной ирон ӕвзаг, уӕд хъуамӕ зоной, ирон ӕвзагӕй сӕ курсон ахуыртӕм рацӕуын кӕй хъӕудзӕн, ӕнӕмӕнг сӕ аттестаци ацӕуын кӕй хъӕуы, уый.
- Ирон ӕвзаг амонӕг ӕмӕ хъомылгӕнӕджы бацархайын хъӕуы ахуыртӕ Педагогон институты кафедрӕ ЮНЕСКО-йы цӕттӕгонд программӕмӕ гӕсгӕ аразыныл; ахуыртӕм уӕлӕмхасӕн ӕрмӕг, цӕстуынгӕ ӕрмӕг, техникон фӕрӕзтӕ ӕмӕ мадзӕлттӕ бацӕттӕ кӕныныл.
- Ирон ӕвзаджы кабинеты кӕнӕ сӕрмагонд арӕзт къуымы хъуамӕ уа ӕххуысгӕнӕг ӕрмӕг, сывӕллӕттӕн фыст чингуытӕ, методикон ӕрмӕг ирон ӕвзагыл.
- Рӕвдауӕндӕтты ирон ӕвзаджы специалисттӕ ӕнӕмӕнг хъуамӕ архайой ирон ӕвзаджы методикон иугонды, зонгӕ йын уой йӕ пъланимӕ.
- Рӕвдауӕндӕтты ирон ӕвзаджы специалисттӕй домын, цӕмӕй радыгай цӕттӕ кӕной гом ахуыртӕ.
- Мадӕлон ӕвзагмӕ куыдфӕндыйы цӕстӕй цы ныййарджытӕ кӕсынц, уыдонимӕ хъомылгӕнӕг (мадӕлон ӕвзаг амонӕг) куыд кусы, уымӕ хъуамӕ йӕ хъус дара. Ахӕм ныййарджытимӕ ис алыхуызон куыстытӕ кӕнын: ахуыртӕм хонын (гом, кӕнӕ ӕрвылбоны ахуыртӕ); рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ арӕхстджын беседӕтӕ аразын; сӕ сывӕллӕттӕ кӕм архайой, ахӕм мадзӕлттӕм сӕ хонын, фӕсахуырты кӕнгӕ мадзӕлттӕ (кружок ирон хабӕрттӕй, ирон ӕвзаг хуыздӕр чи зоны, уыдоны 'хсӕн ерыстӕ) аразын ӕмӕ а.д.
- Фӕлтӕрдджын хъомылгӕнджытӕй домын, цӕмӕй ӕрыгӕттӕн ӕххуыс кӕной.
- Мадӕлон ӕвзагмӕ уӕлдай цымыдисдзинад цы сывӕллӕттӕ 'вдисынц, уыдонимӕ хъӕуы хибар куыст кӕнын.
- Сфӕлдыстадон куыстгӕнӕг хъомылгӕнджыты хорзӕхджын кӕнын, сӕ раппӕлинаг миниуджытӕн сын цӕстуарзон аргъ кӕнын ӕмӕ сӕ ног ӕнтыстдзинӕдтӕм разӕнгард кӕнын.

• Ранымад рекомендацитимæ базонгæ кæнын хъæуы рæвдауæндæтты ирон æвзаджы специалистты, хъомылгæнджыты, цæмæй иудадзыгдæр сæ зæрдыл дарой, уыдонæй аразгæ кæй у мадæлон æвзаджы хъысмæт, йæ фидæн.

***Джанайты Ларисæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг

## ЗЫМÆГ
## *(ДЕКАБРЬ)*

*Хъызт зымæг, тыхст зымæг, –*
*Нæ катай, нæ мæт!*
*Йæ бонтæ – фыдбонтæ,*
*Йæ бахсæв – мæлæт.*
*(Къоста)*

*Декабрь (Цыппурсы мæй)*

Ралæууыд Цыппурсы мæй – фыццаг зымæгон мæй. Уæларвæй хауынц рог хæмпус миты тъыфылтæ æмæ урс гауызау æхгæнынц зæхх.

Бæлæстæ æмæ къудзитæ хъæды лæууынц æнæ сыфтæрæй, бæгънæг къалиутыл мит ныхъхъæбæр, æрмæст ма заз бæлас æмæ нæзы бæлас сты цъæх-цъæхид. Хаттæй-хатт мигъты 'хсæнæй фæзынынц хуры тынтæ.

Декабры бонтæ вæййынц цыбыр, æхсæвтæ та – даргъ. Æхсæвыгон уазалæй дæттæ ныссæлынц. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Зымæгон судзины бынæй дæр галы комытæфы йас уазал цæуы».

Зымæгон изæр.

Тымыгъ тарæй арв æхгæны,
Миттæ здухгæйæ цæуы:
Куы сырдау фыдниуд ныккæны,
Куы сывæллонау кæуы.
Куы нæ зæронд цары сонтау
Хъæмпæй райхъуысы йæ уаст,
Куы æнафоны бæлццонау
Рудзынг бахойы æвваст.
(А. С. Пушкин)

*Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ:*

– Куыд хонынц ирон адæм декабрь?

– Куыд аивынц зымæгон сæ хуыз цадтæ æмæ цæугæдæттæ?

Базон-базонтæ:

а) Æнæ хъайван, æнæ фæйнæгæй
Доныл хидтæ чи аразы? (Зымæг)

æ) Чи у уыцы диссаджы уазæг, æнæхъæн афæдз кæмæ фенхъæлмæ кæсæм, æмæ нæм æмбисæхсæв чи æрбацæуы? (Ног аз)

б) Бон – цыбыр,
Дзоныгъ ныр
Куысты вæййы.
Уый кæд вæййы? (Зымæджы)

в) Арвæй стъалыйæ æрхауы,
Армытъæпæныл дон фесты. (Миты тъыфылтæ)

*Сывæллæттæ ныв кæнынц миты тъыфылтæ.*

Декабры уазал вæййы сырдтæн æмæ мæргътæн дæр. Тæрхъустæ скæнынц урс кæрцытæ, цæмæй сæ бирæгътæ, рувæстæ æмæ цуанæттæ миты ма уыной, уый тыххæй. Фехсынынц урс гæды бæлас æмæ фæрв бæласы цъæрттæ, фембæхсынц дзыхъхъыты æмæ къудзиты бын.

Æрсытæ адджын фынæй фæкæнынц сæ хъоргъыты. Æхсæрсæтджытæ гæппытæ кæнынц къалиутыл, æхсынынц гыркъотæ, се 'ппытæ сын скъахынц. Хъызт бонты та бамбæхсынц сæ хуыггомты, сæ пух къæдзилтæй сæхи бамбæрзынц æмæ афтæмæй фæфынæй кæнынц.

Рувас фæагуры мыстыты хуыггомтæ, фæхъахъхъæны сæ. Мыстыты фæтæрсын кæнынæн барæй митыл фæразгъор-базгъор кæны, сæ хуыггомтæй сæ рабырын кæны.

Бирæгъ та æххормаг æмæ мæстджынæй разил-базил кæны хъæды къуымты, йæхицæн хæринаг амал кæны. Тынг зын у ахæм рæстæг бирæгъæн, уымæн æмæ декабры сырдтæ бамбæхсынц сæ хуыггомты, миты бын бабырынц.

*Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ:*

– Зымæгон цы фæхæрынц тæрхъус æмæ æхсæрсæттæг?

– Цæуыл фæцуан кæны рувас?

– Кæм бамбæхсы æхсæрсæттæг хъызт бонты?

– Арс та цы фæкусы зымæгон?

*Базон-базонтæ:*

а) Йæ хъуын – бур æмæ лæгъз
Йæ кæдзил – даргъ.
Цæры хъæды, хъæуы та
Кæрчытæ нымайы. (Рувас)

æ) Зымæг – урс, сæрд – цъæх.
Никæй тыхсын кæны.
Йæхæдæг алкæмæй дæр тæрсы. (Тæрхъус)

б) Бæласæй бæласмæ гæпп кæны,
фæлæ цъиу нæу.
Бур у, фæлæ рувас нæу. (Æхсæрсæттæг)

Декабры хъæд бахъæлдзæг кæнынц цъиутæ, уазджытæ сыбырæй.

Хин рувас кæцæйдæр
Рахылди æд фæндтæ.
Æхсæрæг фæцыдæр, –
Нал аззад йæ фæд дæр.
Хохæн – дард йæ урс цъупп,
Доны уынæр сысы.
Сау хъæдхойы къупп-къупп
Æрхы арфæй хъуысы.

Нæй сырддонцъиуæй хуыздæр –
Н ’атæхы зымæг дæр.
Уымæн æй уарзынц фылдæр
Лæппутæ ’мæ лæгтæ.

Уазал вæййы зымæгон цъиутæн дæр. Уыдон сæхи хæдзæрттæм хæстæгдæр æрбайсынц, уазæлттæй бамбæхсынц царты бын.

Хъæдхой.

Маргъ нæм зымæджы нæ зары.
Хъæд зымæгон у æмыр.
Хъæдхой дзы йæ тых æвзары –
Хойы бæлас къупп-къупп-къупп.

Нæ тæрсынц зымæгæй халæттæ, сырддонцъиутæ, цъиахтæ, уымæн æмæ сын холлаг фаг ис.

*Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ:*

– Цы фæхæрынц зымæджы хъæдхойтæ, сырддонцъиутæ?

– Куыд æххуыс кæнынц адæм цъиутæн?

*Базон-базонтæ:*

а) Чи у уыцы диссаджы дохтыр, нæ бæлæсты нын чи дзæбæх кæны, æхсæвæй-бонæй йæ къупп-къупп кæмæн хъуысы? (Хъæдхой)

æ) Æнæ фæрæт, æнæ дзæбугæй скæны хæдзар. (Цъиу)

Декабры кæрон куы æрцæуы, уæд сывæллæттæ æмæ сæ ныййарджытæ сæхи фæрæвдз кæнынц Ног азмæ. Заз бæласыл сауындзынц рæсугъд хъазæнтæ, йæ алыварс фæхъазынц, фæзарынц, йæ быны йын лæвæрттæ сæвæрынц.

Ног азы бæрæгбон Уæрæсейы бæрæг кæнынц 300 азы дæргъы, фидаргонд æрцыд паддзах Петр I бардзырдмæ гæсгæ.

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

***Кцойты Маринæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТЫ АХАДЫНДЗИНАД ÆМÆ ЙÆ ХУЫЗТÆ

Адæмы цард цæмæй рæза æмæ хуыздæр кæна, уый тыххæй фæсивæды хъæуы раст хъомыл кæнын.

Скъола ахуыр кæны рæзгæ фæлтæры. Скъола хъомыл кæны æрыгон адæймаджы, цæттæ йæ кæны цардмæ. «В том, чтобы гражданская, патриотическая жизнь началась для человека с малых лет, заключается мастерство воспитания, чтобы у ребенка и подростка болело сердце за то, что он с детства пережил, перечувствовал гражданские горести», – фыста зындгонд педагог В. А Сухомлинский.

Рæзгæ уды раст фæндагыл саразын, уарзондзинад æм сæвзæрын кæнын мадæлон æвзаг æмæ литературæмæ, райгуырæн бæстæмæ – ахæм хæстæ æвæрд ис махыл, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытыл. Сæ сæххæст кæнынæн стыр ахъаз у фæсурокты куыст. Зæрдиагæй архайын хъæуы, цæмæй ахуырдзаутæ фæсурокты куысты фæрцы удыхъæдæй кæной хъæздыг, куыстмæ сæ зæрдæ райа, адæмы 'хсæн фидар кæной хæлардзинад, хъуыдытыл сæ æфтауой литературон геройты хуыздæр миниуджытæ.

Фæсурокты куыст ирон æвзаг æмæ литературæйæ у ахуыры æмæ хъомыладон куысты сæйраг хай. Йæ ахадындзинад фæстаг азты рæзы тынгæй-тынгдæр. Фæсурокты куысты мидис хъуамæ баст уа ирон æвзаг æмæ литературæйы программæимæ.

Ирон æвзаг æмæ литературæйæ фæсурокты куыст кæнæн ис куыд стыр къордимæ (массовая), афтæ скъоладзауты чысыл къордимæ дæр (групповая), æххæстгæнæн æй ис индивидуалон хуызы дæр, ома иу скъоладзауимæ.

Скъоладзауты къордимæ кусгæйæ, æххæстгæнæн ис ахæм куысты хуызтæ: наукон-практикон конференци, тематикон изæр, олимпиадæ, декадæты бонтæ, музейтæм æмæ алыхуызон равдыстытæм цæуын.

Индивидуалон куыст кæнынæн равзарæн ис ахæм хуызтæ: бацæттæ кæнын раныхас (доклад, реферат) фыссæджы, æвзагиртасæджы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй; лæвæрд темæмæ гæсгæ ныффыссын сфæлдыстадон куыст; лæвæрд темæмæ гæсгæ скæнын ныв тæ æ. а. д.

Фæсурокты куыст алывæрсыг у. Уый фæрцы скъоладзау ифтонг кæндзæн алыхуызон зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæй. Стыр ахъаз у скъоладзауы сфæлдыстадон рæзтæн. Ахуыргæнæг скъоладзауы хъуамæ сахуыр кæна периодикон мыхуыримæ, наукон-популярон литературæимæ кусыныл.

Ахуыр æй кæна уæлæмхасæн æрмæг агурыныл, раныхас, кæнæ доклад бацæттæ кæныныл. Раздæр хъуамæ ахуыргæнæг йæхæдæг æххуыс кæна скъоладзауæн хъæугæ æрмæг бацагурынæн, сараза пълан æмæ раныхасы текст, стæй бацамона, куыд растдæр æмæ аивдæр бакæсын хъæуы доклад кæнæ раныхас.

Фæсурокты куысты хуызтæм хауынц: литературон къордтæ, драмон æмæ хъæппæрисадон къордтæ, предметон кружоктæ (ирон æвзаг æмæ литературæйæ), экскурситæ.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы кружочы сæйраг принциптæ сты:

1. Кружочы куыст хъуамæ пайдайаг уа йæ уæнгтæн.

2. Кружочы куыст бæттын хъæуы къласы ахуыртимæ.

Ам ахуыргæнæг, иуæрдыгæй, сбæрæг кæны, ахуырдзаутæ, кружочы кусгæйæ, цы зонындзинæдтæ райсынц, уыдон, иннæрдыгæй та, литературон равдыст куы фæцæттæ кæнынц, уæд æнæмæнг спайда кæнынц, литературæйы урокты цы æрмæг ахуыр кодтой, уымæй.

Литературæйы кружочы ахуырты скъоладзаутæ февдисынц сценкæтæ рацыд уацмыстæй, ахуыр кæнынц аив кæсыныл.

Куысты пълан æмæ программæ литературон кружокæн рагацау бацæттæ кæнынц разамонджытæ æмæ сыл æмбырды æрныхас кæнынц кружочы уæнгтимæ.

Кружочы разамонæг вæййы ирон æвзаг æмæ литературæйы фæлтæрдджын ахуыргæнджытæй иу, кæнæ та фысджытæй, артисттæй, литературон критиктæй исчи.

Кружочы уæнгтæн сæ нымæц хъуамæ æппын къаддæр уа 6-8, 15-20 адæймаджы. Скъолайы разамонæг сбæрæг кæны сæрмагонд бонтæ æмæ сахæттæ литературон кружокты ахуыртæн. Иу ахуырæн лæвæрд цæуы сахат æмæ æрдæг, кæнæ иу сахат.

*Литературон кружочы хуызтæ.*

Литературон кружоктæ вæййынц ахæмтæ:

– ныхасы рæзтыл кусыны кружок;
– аив кæсыны кружок;
– ирон уацмыстæ ахуыр кæныны кружок;
– литературон-сфæлдыстадон кружок;
– драмон къорды кружок.

Ныхасы рæзтыл кусыны кружок арæзт æрцæуы, лæмæгъ зонындзинæдтæ кæмæ ис ирон æвзагæй, ахæм скъоладзаутимæ. Кружочы ахуырты нысан у скъоладзауты иронау дзурын æмæ фыссын сахуыр кæнын. Ныхасы рæзтыл куыстытæй сæйрагдæрыл нымад цæуынц: фæрстытæн дзуæппытæ дæттын, нывæн пълан аразын, хи ныхæстæй тексты мидис радзурын.

Аив кæсыны кружоктæ арæзт æрцæуынц, сæ касты хъæд лæмæгъ кæмæн вæййы, ахæм скъоладзаутæн, стæй æмдзæвгæтæ аив кæсынмæ чи нæ фæарæхсы, ахæмтæн. Ацы ран пайдагонд цæуы иумæйаг кастæй, скъоладзаутæ кæсынц цыбыр уацмыстæ. Уацмысы зындæр хæйттæ ахуыргæнæг кæсы йæхæдæг.

Ацы куысты хуызæн йæ сæйраг нысан у æмдзæвгæтæ æмæ прозаикон текстæ аив кæсын сахуыр кæнын.

Драмон кружочы архайджытæн сæ сæйрагдæр хæс у литературон уацмыстæ сценæйыл æвæрын. Диалогон ныхас парахатæй лæвæрд кæм цæуы, ахæм уацмыс хъуамæ æвзæрст æрцæуа сценæйыл æвæрынæн. Костюмтæ æмæ декорацитæ цæттæ кæнынц къорды уæнгтæ сæхæдæг нывкæныны ахуыргæнæджы разамындмæ гæсгæ.

Драмон къорды архайджытæ хъуамæ арæх цæуой ирон театрмæ, зонгæ кæной ирон литературон уацмыстæй æвæрд спектакльтимæ.

Уæлдæр куыд загътам, афтæ экскурси дæр нымад цæуы фæсурокты хъомыладон куысты иу хуызыл. Уымæ дæр цæттæ кæнын хъæуы бæстон. Рагацау арæзт цæуы экскурсийы пълан, ахъуыды кæнын æмбæлы, сывæллæттæн лæвæрд хæстыл.

Фæсурокты куыстмæ хауынц мадæлон æвзаг æмæ литературæйы къуыритæ, олимпиадæтæ, декадæтæ. Арæзт цæуынц афæдз 2-3 хатты, цæттæ кæнын сæм хъæуы 2-3 мæйы дæргъы. Олимпиадæтæ æмæ декадæтæ стыр æххуыс сты хорз æмæ арф зонындзинæдтæ райсынæн.

Мадæлон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй бирæтæ пайда кæнынц фæсурокты куысты цымыдисаг мадзæлттæй. Се 'хсæн зынгæ бынат ахсынц алыхуызон хъæзтытæ. Хъазты фæрцы скъоладзаутæ уæндондæрæй æргом кæнынц сæ зонындзинæдтæ, разæнгард кæнынц ахуырмæ. Ахуырадон хъæзтыты хуызтæй иу у ерысы хуызы арæзт хъазты хуыз.

Ранымад фæсурокты куысты хуызтæн сæ сæйраг нысан у мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын, литературон æвзагыл аив дзурыныл ахуыр кæнын, бæстондæр базонын ирон адæмы истори æмæ æгъдæуттæ.

***Цæллагкаты Светланæ,***
Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы
ахуыргæнæг

## СЦЕНАРИЙ «*ЛÆГÆН ЙÆ НАМЫС У ЙÆ МÆТ…*»
*(Джыккайты Шамилы юбилейы кадæн)*

(Хъуысынц хъисын фæндыры дæргъвæтин зæлтæ. <u>*Видеоряд*</u>: хæхтæ, æнусон мæсгуыты нывтæ, 18-æм, 19-æм æмæ 20-æм æнусты зындгонд ирон адæмы хуызистытæ. Сценæмæ рацыдысты архайджытæ).

*1-аг архайæг:* Æнусон фæрстытæ… Цымæ, цæмæ æрцæуы а зæхмæ адæймаг? Цавæр стыр нысанæн æй сфæлдыста Хуыцау? Цавæр стыр хæс ын бабар кодта? Йæ дадзинты йын йæ комулæфт цæмæн бауагъта? Йæ хъарм? Йæ зонды рухс? Нæ йын бавгъау кодта æвдадзы хос – Ныфс..?

*2-аг архайæг:* Цæмæн æй фæраст кæны, зындонмæ йæ чи баппары, кæнæ йæ бæрзонд уæлхохы рухсмæ чи сисы, уыцы фæндагыл? Кад æмæ Намысы фæндагыл..?

*3-аг архайæг:* Чи ратдзæн рæстмæ дзуапп ацы фæрстытæн? Чи ныккæсдзæн адæймаджы зæрдæйы арфмæ? О-о, æз зонын ахæм пехуымпары… Уый у … Поэт!

(<u>Видеоряд</u>: Джыккайты Шамилы хуызист. Лирикон музыкæ. Сценæмæ рацыдис Поэт).

<u>*Поэт:*</u>
Æз равзæрдтæн зæххыл, цæмæй
Уынон æдзух фыдбонтæ царды,
Цæмæй тæрхоны раз рæстæй
Цæуон рæстæвзарæгæй арты.
Æз райгуырдтæн зæххыл, цæмæй
Сымахæн карз æцæгтæ дзурон,
Цæмæй уын кард æмæ зынгæй
Уæ удтæй хæйрæджытæ сурон.
Æз сæнтыстæн зæххыл, цæмæй
Лæууон рæстдзинадæн æвдисæн,
Цæмæй мын ног фæлтæр хыгъдæй
Хæссой мæ уарзондзинад дисæн.

*1-аг архайæг:*
Поэт! Æрвон фарн баззад
Хуры цотæн Нартæй,
Тæссаг дын не сты хинтæ æмæ кард.
Уыны дæ цæст æнусты сæрты дард,
Дæ хуыз нæ ивыс уавæрты мæнгардæй.

*2-аг архайæг:*
Дæ сæрыл калдтой цъулбертæ цæхæр,
Уæддæр дæ хъузон не скодтой сæ митæн.

*3-аг архайæг:*
Сындзын арты куы судза лæг, уæддæр
Нæ уæй кæны йæ ном æмæ йæ фидæн.

<u>*Поэт:*</u> Цы риссы афтæ тынг мæнæй,
Мæ цард цæмæн цæуы æнкъардæй?
Нæ вæййы сау лæгæн хъысмæт,
Цагъар нæ фæтæрсы æгадæй.
Лæгæн йæ намыс у йæ мæт,
Лæгæн йæ бæсты хъыг – йæ катай.

*1-аг архайæг:*
Афтæ уыдис, у, æмæ уыдзæн…
Цалынмæ лæууынц урссæр хæхтæ…

*2-аг архайæг:*

Цалынмæ нæхи ирæттæ хонæм…

*3-аг архайæг:*

Цалынмæ нæ зæрдыл дарæм, кæцæй рацыдыстæм, уый.

(Хъуысы трагикон музыкæ. Сценæмæ рацæуынц Саударæг ус ирон дарæсы æмæ аллон хæстон рагон хæстон дарæсы, йе 'уæхсчытыл – даргъ сырх пæлæз, йæ къухы цирхъ).

*Саударæг:*

Уынын дын æз дæ хъизæмар. Дæхи

Хæрыс. Цы гæнæн ис? Фæраз! Фæсмонæй хъуыддаг нæ рæзы.

Сфæнд кодтай хæцын, уæд фидар у æхсон дурау. Цæвынц дæ, уæд кал цæхæр!

Нæ царды хъуына судз,

Йæ рухсмæ адæм ардзысты сæ фæндаг.

(*Видеоряд*: аланты хæстонтæ Дзанайты Азанбег æмæ Гасынты Жоржы нывты).

*Аллон фæтæг Борæхан:*

Зæрдæрухс у! Мæ фæндаг мын дæ зондæй

Ысрухс кодтай. Йæ нысан ын уынын!

Æз фестдзынæн æндон хъæлæс дзæнгæрæг.

Уыдзынæн кард! Ыссудздзынæн мæ уд,

Ысхæцæд уымæй тар æгъдæуттыл арт!

Мæ риссаг ныхас! Райхъал кæн нæ хæхты

Мæрдон фынæйæ! Сагъæс æмæ катай

Æфтау æнæмæт адæмыл.

Фæсур сæ зонды хуыссæг.

Се 'ндзыгæй сæ суæгъд кæн.

Сæ зæрдæты сын тасы уидаг амар,

Сæ хъуыдыйæн нæргæ базыртæ ратт,

Цæмæй ысуыной талынджы сæ амонд,

Ыссарой тохы кад æмæ сæрибар!

(Видеоряд: алы рæстæджы хæстытæ æмæ терроры хуызистытæ, цæф мады хъæбысы сывæллоны хуызист. Трагикон музыкæ).

*Саударæг:*

Фыдгæнджытæ! Рæстаг тæрхон уыдзæн,

Тæрсут – фæсмонæй судздзыстут! –

Лæгмартæ, Нырризут!

Тагъд уæ фæстаг бон уыдзæн.

Мæнгард, хуыснæг, бæстæсафæг, уæйгæнæг,

Æз уæ уынын, кæд талынг у, уæддæр,

Æз уын кæсын уæ сау фæндтæ уæ ныхыл,

Æмæ куы ссудза боны цырагъ, уæд

Уæ сау хинтæ æртыхсдзысты уæ сæртыл…

О Хурзæрин, æнусты фарн æрхæсс!

Æрцæуæд нæм рæстдзинад æмæ амонд!

*1-аг архайæг:*

Рæсугъд æмæ фæрныг бæстæ! Дæ хæхтæ

Хæссынц сæ сæртыл арвы цар бæрзонд.

Дæ цотæн радтай армдых æмæ зонд,

Нæртон хъæзтæн ды рухс æмæ уæрæх дæ.

*Саударæг:*

Мæгуыр æмæ æлгъыст бæстæ!

Дæ кæмттæ – зæххыскъуыдтæ, дæ лæгъз быдыр – кæвдæс.

*Борæхан:*

Цæуынц дæ цот кæйдæр арæнтæн гæс,

Дæхи дуæрттæ æвæгæсæгæй – гæмттæ.

*2-аг архайæг:*

Мæ Ир, уыдтæ æнæном æмæ кадджын…

Ысхæц дæхиуыл, дуджы фарн ыссар!

Дæ уарзт нын раттæд ныфс æмæ æхсар,

Цæмæй нын уа дæ зæххы рыг дæр адджын.

*3-аг архайæг:*

Дæ хурæй судз нæ удты хæрам арты,

Зæрдæйæ уæнт дæ хъæбултæ бæрзонд,

Ысрухс нын кæн уæздан фæндтæй нæ зонд,

Цæмæй нæ хоной дуне-дзыллæ Нартæ.

(Видеоряд: поэты хуызист. Лирикон музыкæ).

*Поэт:*

Поэт дæн æз – Чырыстийау нæ уарын

Зылынæй, растæй алкæуыл мæ уарзт.

Æз тугцъир æмæ залымæн нæ барын,

Зæгъын: æлдарæн никуы уыдзæн барст!

Нæ быхсын æз! Куырысдзаутæн куыд цæгъдон

Фæндырæй? – уым лæджы кадæй цы ис?!

Нæ кæнын æз лæгмартимæ æмдзæхдон,

Нæ кæнын æз къæрныхтимæ цæдис.

(Видеоряд: Ирыстоны тырыса æмæ герб, сабиты хъæлдзæг цæсгæмттæ. Хъуысы Ирыстоны гимн).

Куы стонæм мах хæрамы тых бындзарæй,

Куы уой нæ бар нæ цард æмæ нæ зæхх,

Цæрдзыстæм уæд хъæрмуд æмæ æмбарæй,

Уæд нал уыдзæнис тох æмæ фыдæх.

***Санаты Альбинæ,***
***Дзодзыккаты Идæ,***
Суададжы скъолайы ахуыргæнджытæ

# АЛАГИРЫ РАЙОНЫ СКЪОЛАТЫ ЧЫЗДЖЫТЫ ’ХСÆН ЕРЫСЫ СЦЕНАРИЙ

## *«ИРОН ЧЫЗГ, ДÆ ФАРН БИРÆ УÆД!»*

Иу скъоладзау кæсы Хъайтыхъты Азæмæты æмдзæвгæ «Уалдзыгон къæсæрæй».

Уалдзыгон къæсæрæй
Малусæг ныххудт.
Исын уын мæ сæрæй
Ацы бон мæ худ.
Ут рæвдыд Хуыцауæй,
Цардæфсис, хъæрмуд.
Бурхилтæ ’мæ сауæй
Буды тæф кæнут.
Кæлмæрзæн куыд лæууа
Худæмвæз æдзух.
Иу дæр уæ куыд нæ уа
Авд хъæбулæй цух.
Хъамаджынтæй царды
Макуы фенут маст.
Сæвдулæд уæ царвы
Мартъийæн йæ аст.

*1-аг амонæг:* Æвæдза, зæрдæйæн куыд æхсызгон вæййы, уалдзæг мæнæ и, зæгъгæ, нæм дзывылдар хæрзæггурæггаг куы фæвæййы, уæд.

*2-аг амонæг:* Зæххы цъарыл Хуыцау æппæты рæсугъддæр сылгоймаджы сфæлдыста. Йæ цытджын бæрæгбон 8-æм Мартъи дæр уалдзæджы нæргæ къæсæрыл хуымæтæджы æвæрд не ’рцыд.

*1-аг амонæг:* Ацы кадджын бæрæгбон мах зæрдæбын арфæ кæнæм Ирыстоны сылгоймæгтæн се ’ппæтæн дæр.

*2-аг амонæг:* Уæ нæ хæрзуд, буц хотæ, сымахæн нæ дзæбæхдæр арфæ: чызджы кадджын ном сыгъдæгдæрæй чи бахъахъхъæдта, уый æмбал уæ Хуыцау фæкæнæд.

*1-аг амонæг:* Уыйадыл райдайæм нæ абоны стыр бæрæгбон.

*2-аг амонæг:* Сылгоймагæн, уæлдайдæр ацæргæ нымад усæн, аргъ кæнын бæрзонд æвæрд уыди ирон адæммæ. Дыууæ лæджы-иу куы фæхъаугъа сты, кæрæдзимæ-иу кæрдтæ куы сластой, уæд-иу сын сылгоймаг се ’хсæн йæ кæлмæрзæн æрæппæрста. Цавддуртау-иу сæ мидбынаты аззадысты нæлгоймæгтæ.

Уынаффæ кæнгæйæ, сылгоймагæн йæ дзырд цæуаг уыд. Фыдæлтæй баззад афтæ. Æрымысæм-ма Тлаттаты Чермены Нанайы, Кодзырты Таймуразы Дзыццайы, Æфхæрдты Хæсанæйы Госæмайы.

*1-аг амонæг:* Абон дæр Ирыстон нæу цух кадджын сылгоймæгтæй.

*Зарæг «Ирон чызджытæ».*

*Æвдыст цæуы Туаты Тиминæйы документалон киноныв «Табуйаг сылгоймæгтæ»-й скъуыддзаг.*

*Скъоладзау кæсы Брытъиаты Аслæмбеджы æмдзæвгæ «Ирон сылгоймаг» (скъуыддзаг).*

Ирон сылгоймаг – къухарæхст, уæздан,
Рæсугъд, гуырвидауц, хиуылхæцгæ,
’гъдауджын,
Фæлмæн – зæрдæйæ, хъаруйæ – хъайтар,
Ды дæ уæларвон миниуджытæй хайджын.
Кæцы бæстæйы ис дæуæн æмбал,
Дæ бакастæн, дæ æгъдау æмæ ’фсармæн?
Нæ рагфыдæлты номы аккаг балц
Кæны дæ ном æгас дунейы фарнæн.
Ирон сылгоймаг, арфæ дын кæнын!
Рæсугъд, гуырвидауц, хиуылхæцгæ,
’гъдауджын,
Дунейы фарнæй у æдзухдæр хайджын,
Ирон сылгоймаг! Арфæ дын кæнын!

*1-аг амонæг:* Нæ фыдæлтæ сæ чызджытæн аргъ кодтой куыд фидæны мадæлтæн, æмæ сывæллонæй дæр нымад уыдысты сылгоймæгтыл.

*(Чызджыты кафт)*

*Галуанты Людæйы æмдзæвгæ «Ирон чызджы монолог». (Скъуыддзаг)*

Мæ адæм, уæ разы лæууын æз ныфсджынæй,
Мæ цæсгом, мæ намыс, мæ къухтæ – сыгъдæг,
Уæ хидвæллойæ уын лæвæрттæ нæ домын,
Æз минтæй нæ хъазын, нæ дæн æз хуыснæг.
«Ирон дæн, скифаг, алайнаг сылгоймаг,
Ыстæй амазонкæйы ном дæр хæссын!..»
Æз – зондджын сылгоймаг – Сатана, Ацырухс,
Ацæмæзы уадындз, Батрадзы æхсар.
Æз дæн Анахарсис – йæ туг æмæ йе стæг,
Македонскийы æмкъай – Роксанæйы сих.
Æз скифаг паддзах ус Тамарис дæн, зонут.
Нæртон лæджы арц дæн, йæ фаты цыргъ æрттигъ.
Æз – Невскийы æна, дыккаджы Боренæ,
Рæсугъд Бурдухан дæн, лæджы æмсæр чызг.

*(Архайджыты хипрезентаци: æмдзæвгæйæ иу строфа радзургæйæ, алы ерысгæнæг чызг дæр йæхи бацамоны жюрийы уæнгтæн).*

*2-аг амонæг:* Иннæ чызджыты ’хсæн доны хъазы хуызæн, гуырвидауц, нарæгастæу, рæсугъд… Сызгъæрин талатау рæнхъæй лæууынц æмæ сæ даргъ хъуымбылбыд дзыккутæ зæнгты фадхъултыл нызæвынц. Уæ аивгæнæг даргъ дзыккутæ сты æмæ сæ дарын фæразут.

*(Скъоладзау кæсы Уалыты Лавренты æмдзæвгæ «Зæрдæ уалдзæджы дидинæг рафтауы…» (Скъуыддзаг)*

Зæрдæ уалдзæджы дидинæг рафтауы,
Уый ысвæййы зæлдагау фæлмæн.
Уæ мæ дуне, кæй бон у дæу рафауын:
Уарди-дидинау калыс тæмæн.
Хуры уаз тынау ахъары зæрдæйы
Сау дыууæ цæсты артуадз цæхæр.
Уый дæуыл мæн дæ дзыккутæ ардауынц,
Ронгæй расыгау зилы мæ сæр.

*1-аг амонæг:* Уæздан æмæ хæдзонд ирон чызджытæ кæддæриддæр бæрæг дардтой сæ куыстуарзон æмæ æфсармæй.

*(Скъоладзау кæсы Хъайтыхъты Азæмæты æмдзæвгæ)*

Ирон æгъдау – нæ ирвæзынгæнæг,
Йæ фæрцы сахаддзæн нæ фидæн.
Лæппу дæр нæм æгъдауæй кæны лæг.
Чызгæн дæр уымæй у йæ фидауц.
Æфсарм, уæздандзинад, æгъдау –
Нæ фарнæн рагæйдæр тæразау,
Тымбыл æртæкъахыг фынгау,
Æмæ сæ ’ххæст кæнын фæразæм.

*2-аг амонæг:* Чызджыты-иу ахуыр кодтой æфсæрмы кæныныл, къæмдзæстыг уæвыныл. Худинагæй тынгдæр ницæмæй тарст ирон чызг. Лæппуйы худинаг – хæхбæстыл, чызджы худинаг – комбæстыл.

*1-аг амонæг:* Уымæ гæсгæ-иу алчидæр йæхи хъахъхъæдта дзырдамондæй.

Кæд ирон адæммæ лæппуйы бындар мыггаджы фидæн хонынц, уæд чызг та у нацийы фидæн. Уый у фидæны бындартæ хъомылгæнæг! Колыты Аксо тынг хорз æмбæрста сылгоймаджы ахадындзинад æмæ амыдта: «Æрмæстдæр ахуыргонд сылгоймагæн йæ бон у схъомыл кæнын Ирыстонæн аккаг хъæбултæ».

*1-аг амонæг:* Хъомылад та, кæй зæгъын æй хъæуы, авдæнæй райдайы. Цавæр зарджытæ зарыдысты кæддæрты мадæлтæ авдæнхъæдты уæлхъус?

*Ерыстæ*

1-аг ерыс.

Ацы конкурсы нæ чызджытæ – фидæны мадæлтæ, равдисдзысты, сывæллон авдæны куыд фæбæттынц æмæ йын цавæр а-лол-ла-йы зарджытæ фæкæнынц, уый.

*(Архайджытæн рагацау уыд лæвæрд хæс: а-лол-ла-йы зарæг бацæттæ кæнын, сахуыр кæнын сывæллон (кукла) авдæны бæттын)*

*(Скъоладзау дзуры Дауырæйы æмдзæвгæ «Авдæны зарæг»)*

Авдæн – Хуры хæдзар, Хуры,
Мад хъæбулмæ худгæ дзуры:
Пух къух авдæнæй æрзæбул,
Райхъал у, мæ уарзон хъæбул,
Фехс дæ уæрджытæн сæ баз,
Азгъор, тæрхъустимæ хъаз.
Мæргъты лæппынтимæ дзур,
Дардмæ цъиусуры фæсур.

Зын – йæ райдайæн фæндагæн.
Хæц йæ саджил сытæн сагæн.
Авдæн – Хуры хæдзар, Хуры,
Мад хъæбулмæ худгæ дзуры.

*(Алы ерысы фæстæ дæр жюри кæны йæхи хатдзæгтæ, нымайы æмæ хъусын кæны архайджыты баллтæ)*

*(Дауырæйы æмдзæвгæ «Гъей, чызджытæ!» кæсы иу скъоладзау)*

*1-аг амонæг:* Æртæ азæй фæстæмæ-иу мад, кæнæ нана, кар хынцгæйæ, чызджыты æфтыдтой хæдзары куыстытыл. Сæумæйæ-иу уыдис донхæссæг, изæры – уынг уисойæ мæрзæг, боныгон та – хæринаггæнæг.

2-аг ерыс.

*2-аг амонæг:* Нæ чызджытæ ацы ерысы равдисдзысты, ирон хæринæгтæ кæнынмæ куыд арæхсынц, уый. Ирон хæринæгты конкурс.

Нæ Иры чызджытæ – нæ Мады Майрæмтæ,
Уæ къухты ис абон нæ Иры бæркад!

*(Рагацау сцæттæ кæнын æмæ æрбахæссын ирон хæринаг. Радзурын, куыд æй цæттæ кæнын хъæуы, цы пайда у, уый тыххæй)*

*Зарæг «Къонайы фарн».*

*1-аг амонæг:* Нæ архайджытæн рагацау лæвæрд уыд нывæцæн ныффыссыны хæс. Темæ – «Ирон чызджы идеал». Нывæцæнтæ фыстой чызджытæ сæхæдæг æмæ уыимæ сæ мадæлтæ дæр (хицæнæй). Абарæм дзы иуæй-иу скъуыддзæгтæ.

*(Нывæцæнты ерыс)*

*2-аг амонæг:* Рагон ирон хæдзары куыстытæ уыдысты æнæнымæц, æмæ хистæр кары чызджытæ хуыдтой нымæттæ, æнцонæй архайдтой судзин æмæ хæсгардимæ.

3-аг ерыс.

*1-амонæг:* Сылгоймаджы уæлæдарæс, йæ мидис нæ архайджытæ куыд зонынц, уый та мах базондзыстæм ацы ерысы. Табуафси, уæ арæхстдзинад æмæ уæхæдæг.

*(Хуыйджыты ерыс)*

4 – æм ерыс.

*2-аг амонæг:* Чындздзон чызджытæ-иу лæппутимæ æргомæй фембæлдысты афæдз æрмæст иу хатт – Алардыйы бæрæгбоны, æмæ-иу сæ мондæгтæ суагътой зарын, кафын æмæ симынæй. Аивадон конкурсы чызджытæ равдисдзысты сæ арæхстдзинад дзырддæсныйæ, кафынæй, зарынæй.

*(Кафынæй, зарынæй, æмдзæвгæтæ дзурынæй сæ арæхстдзинад æвдисынц)*

*1-аг амонæг:* Ирон æвзаджы чызджы сурæтимæ баст сты æмбисæндтæ: чызг мыггагæй æвзарынц; чызгджын нæ дары, лæппуджын нæ хæры; æппын нæйæ чызг – хуыздæр; чызджы нымудзæг – æлгъыстаг; чызгджын – тыхджын, курæг – ныхджын; лæппу – хицау æмæ чызг – æфсин хæдзар никуы сараздзысты; æвзæр чызг йæ фыды хæдзары зæронд кæны.

*2-аг амонæг:* Сылгоймаг хæдзары цырагъ у. Уый куыд судзы, афтæ рухс кæны, афтæ тавы бинонты æмæ уазæджы дæр.

Царды цырагъ – сылгоймаг. Мах уый рухсмæ уынæм нæ фæндаг дæр æмæ нæ кæрæдзийы.

*(Хъуысы бæрæгбоны зарæг)*

*2-аг амонæг:* Хуыцау æрбайста худгæ хуры тынтæй цалдæр, æрттиваг мæйы сонт æнкъарддзинад, мæлхъы сæрыстыр уæздандзинад æмæ уарди дидинæджы æмбисонды тæфаг.

*1-аг амонæг:* Цæмæй æгæр æлутон ма фæуа, уый тыххæй ма йæм бафтыдта ноджы уаддымгæйы æнæсæрфат зилдухæнтæ, рувасы хиндзинад, тæрхъусы тæппуддзинад, мигъты цæссыгкалд уарыны агъоммæ, æмæ гæркъæраджы талф-тулф ныхас.

*2-аг амонæг:* Чысыл ахъуыды кодта, æмæ ма йæм бафтыдта хъаймæты бæллæхтæ: арт, зæй, арвæрттывд, æрвнæрд, тымыгъ, тæркkъæвда. Æмæ æппæт уыдæттæй сарæзта сылгоймаджы.

*Кæронбæттæны* ныхасы бар хистæртæй иуæн. Дзуры сылгоймаджы ахадындзинадыл, чызджы æфсармыл.

Ныхасы бар жюрийы уæнгтæн. Жюрийы архайджытæ хъусын кæнынц ерысты бæрæггæнæнтæ, кæнынц хатдзæгтæ.

*(Зæрдылдарæн лæвæрттæ уæлахиздзаутæн, æппæт архайджытæн).*

***Хадаты Фузæ,***
Дзæуджыхъæуы 50-йæм
скъолайы ахуыргæнæг

## ВИКТОРИНÆ: «КУЫД ЗОНЫС КЪОСТАЙЫ?»

1) Къоста райгуырд
а) Нары
æ) Ламардоны
б) Мызуры;

а) Куырттаты комы
æ) Уæлладжыры комы
б) Дыгургомы;

2) Къостайы сæйраг чиныг у ….

3) Къоста фыста…æмæ … æвзæгтыл.

4) Къостайы сфæлдыстад уырыссаг фысджытæй хæстæгдæр у
а) Пушкинмæ
æ) Некрасовмæ
б) Лермонтовмæ

5) Къоста ахуыр кодта
а) Мæскуыйы университеты
æ) Петербурджы Аивæдты академийы
б) Берлины Аивæдты академийы.

6. Рæнхъыты бафыссут Къостайы æмдзæвгæты сæргæндтæ.




7. «Ирон фæндыр» райдайы æмдзæвгæйæ
а) «Сидзæргæс»
æ) «Ныстуан»
б) «Додой».

## ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

1. Лæвæрд æнгом дзырдбæстытæм ссарут сæ нысаниуæгмæ гæсгæ хæстæг æнгом дзырдбæстытæ ирон æвзаджы.

Боже упаси –
Бровью (глазом) не повел –
Волосы становились дыбом –
Всего-навсего –
Дойти до ушей –
Как зеницу ока –
На краю гибели –
Не в духе –

2. Лæвæрд дзырдтæ æнæ контекстæй раст ныффыссæн ис æви нæй?

Лексикæйы сæ цæмæ ахæссæн ис?

Саразут ацы дзырдтимæ дзырдбæстытæ, цухгонд дамгъæтæ бавæрут.

*Бамбæр…та – бамбæр…та, та..д – та..т, хъа…т – хъа…т, фæ…тæ – фæ…тæ, ры…ти – ры…ти.*

3. Рафыссут нысангонд дзырдтæ. Цавæр ныхасы хæйттæ сты?

Хæхты *сæрмæ* æрцауындзæг фæлурс мæй;

Знаг бырсы! Йæ *разы* самайæм гæнах… (Дж.Ш.);

*Æнæ* Фыдыбæстæ цард *нæй.*

*Цæй,* куыст ерысæй фæуæд! (Б. Ч.);

*Марадз,* дæ хойæн аххуыс кæн!

4. Саразут дзырбæстытæ схемæмæ гæсгæ:
а) «миногми + номдар»:
æ) «нымæцон + номдар»:
б) «мивдисæг + номдар»:
в) «мивдисæг + номивæг»:

г) «мивдисæг + фæрсдзырд»:

д) «мивдисæг + нымæцон»:

дж) «мивдисæг + миногми»:

дз) «мивдисæг + фæрссагми»:

е) «мивдисæг + мивдисæджы æбæлвырд формæ»:

ж) «мивдисæджы æбæлвырд формæ + номдар».

5. Сраст кæнут ныхасы рæдыдтытæ.

1).Сæрдыгон каникултæ куы райдыдтой, уæд æгас скъоладзаутæ дæр цин кодтой

2).Фыццаг сæрдыгон бæнтты æз нæхимæ уыдтæн.

3) Нæхимæ куы ’рцыдтæн, уæд иу къуыри уыдтæн нæхимæ.

4) Кæд нæ каникултæ тагъд фесты, уæддæр сæ æз арвыстон тынг зæрдиагæй.

5) Изæрæй та мах ацыдыстæм ме ’мбæлттимæ паркмæ.

6) Бабаимæ цыдтæн кæрдæгмæ рæуæдтæн, цалынмæ ме ’фсымæр горæты улæфыд.

7) Æххуыс кодтон нанайæн, гыццыл цъиутæн хæринаг лæвæрдтон æмæ.

8) Уый куы уыди куысты, уæд-иу æз æфснайдтон.

6. Дзырдтæй саразут хъуыдыйæдтæ. Раст арæзт куы ’рцæуой, уæд бакæсæн уыдзæн Хетæгкаты Къостайы, Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæтæй рæнхъытæ, стæй æмбисæндтæ.

1). Фæсмон фæкæнын, ды, чи, мæрдты дзыназын, ныййарын.

2). «Ацу», рагæй, дæ, цæстæнгас, мын, дзурын.

3). Зымæг, дæ, тымыгътæ, узын, авдæниу, æз, дæ, уад.

4). Фæхæссын, ма, зæгъын, уæддæр, фæстæмæ, æз, иунæг, сæр, æз, Ир, æз, райгуырæн бæстæ.

5). Искуы,æз, дæр, адæм, фарн, куы, скæнын, мæхи, кад, æмæ, сæр.

6). Хох, сæмбæлын, хох, лæг, кæддæриддæр, нæ, лæг.

7). Исчи, афтæ, уарзын, дæхи, дæр, уарзын, куыд.

8). Мæ, уарзон, æз, Кавказ, райгуырæн, зынаргъ, ды, уæвын.

7. Бацамонут дзырдты нысаниуджытæ:

Фыййау –

Хъомгæс –

Уæлыгæс –

Лæскъдзæрæг –

8. Цавæр аивгæнæн-ныв æфтыд мадзæлттæ æмбæлынц скъуыддзаджы? Уæ дзуапп бафидар кæнут дæнцæгтæй.

Цæстмæхъус ныхас
Фыдбылыз хæссы…
Хуыснæггаджы бас
Фу-фуйæ сысы…
Кæмдæр та халон –
Цыма дзы хъалон
Нæ фыййау дардта –
Цыхты къæртт ссардта.
Бæласы цонгыл
Цæргæсау сбадти,
Йæ сæфты стонгыл
Ныр дисæй марди. (Къ.)

9. Бакæсут хъуыдыйæдтæ, фæнысан кæнут уæлæмхæст хæйтты хуызтæ.

*1). Æмæ дæ мадæлон æвзаг куы нæ зонай, уæд дæм цы номæй дзурдзысты?*

Бæрæггæнæны уæлæмхæст хай
Бадзырды (уавæры) уæлæмхæст хай
Ныхмæвæрды уæлæмхæст хай.

*2). Фæлæ йын мад æмæ фыд агуырдтой исты стыр ном, зонд дæр кæм уыдаид, хъæбатырдзинад дæр æмæ кад дæр, ахæм ном.*

Бæрæггæнæны уæлæмхæст хай
Æфсоны уæлæмхæст хай
Афоны фадаты уæлæмхæст хай.

*3). Ном æвзаджы хай у, уымæн æмæ уый дæр дзырд у.*

Архайды хуызы уæлæмхæст хай
Æфсоны уæлæмхæст хай
Бадзырды (уавæры) уæлæмхæст хай.